ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ АХУЫРАД ÆМÆ НАУКÆЙЫ МИНИСТРАД
АХУЫРАДЫ КУСДЖЫТЫ ЗОНЫНДЗИНÆДТÆ УÆЛДÆРГÆНÆН ИНСТИТУТ

*Наукон-методикон журнал*

# РУХСТАУÆГ

**2 (2013)**

**Дзæуджыхъæу 2013**

Наукон-методикон журнал

***РУХСТАУÆГ***

**Журналы редакци:**

***Сæйраг редактор*** – Майрæмыхъуаты Фатимæ

***РЕДКОЛЛЕГИ:***

***Гæззаты Татьянæ, Гугкаты Зæлинæ, Джанайты Ларисæ, Дзытиаты Эммæ, Исахъты Людмилæ, Кцойты Маринæ, Солтанты Джульетæ, Уалыты Татьянæ, Хозиты Эльвирæ, Хъамболты Тамерлан, Цопанты Ритæ.***

Журналы æддаг цъарыл – Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Гæджыты Лянæ*** йæ ахуырдзаутимæ

© СО РИПКРО, 2013
©ИПК «Литера», 2013

Р
У
Х
С
Т
А
У
Æ
Г

2/2013

# Оглавление


## КУСÆМ НОГ АХУЫРАДОН СТАНДАРТМÆ ГÆСГÆ

Майрæмыхъуаты Фатимæ
**КЪОРДТЫ КУЫСТЫ ХИЦÆНДЗИНÆДТÆ ÆМÆ ЙÆ АРАЗЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ**................................8

**ПРОБЛЕМОН УАВÆРТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОЧЫ**.............................................................11

**ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРГÆНÆГ – МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ÆППÆТУÆРÆСЕОН КОНКУРСЫ АРХАЙÆГ**..........13

## КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

**МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНТЫ РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС– 2013** .........................................15

## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

Куыдзойты Анжелæ
**ФУНКЦИОНАЛОН СТИЛЬТЫ ÆВЗАГОН ХИЦÆНДЗИНÆДТЫ ТЫХХÆЙ**........................................17

Асаты Наталья
**ИРОН АЛÆМÆТЫ АРГЪАУЫ БОГАЛ-ХЪАЙТАРЫ ФÆЛГОНЦ**...........................................23

Хъæцмæзты Езетхан
**НЫРЫККОН АФОНЫ МИНОГМИТÆ ÆМÆ ФÆРССАГМИ ИРОН ÆВЗАДЖЫ**...................................30

Асаты Наталья
**ЧИ ДÆ, ПОЭТ? (ХЪОДАЛАТЫ ГЕРСАНЫ РАЙГУЫРДЫ 75 АЗЫ БОНМÆ)**.....................................36

Уалыты Татьянæ
**УРОК-ПОРТРЕТ**
***Урочи темæ:*** *«Хетæгкаты Къоста: йæ цард, йе сфæлдыстад æмæ йæ хъысмæт»*........................................40

Р
У
Х
С
Т
А
У
Æ
Г

2/2013

## СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ


Хозиты Аленæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ**
***Урочи темæ:*** *«Хæрзгæнæг хорз ары» (æмбисонд)*............46

Цæллагкаты Светланæ
**ИРОН ÆВЗАГ ЧИ НÆ ЗОНЫ, УЫЦЫ СКЪОЛАДЗАУТИМÆ КУСЫНЫ УРОК**
***Урочи темæ:*** *«Мæргътæ – æрдзы фидауц»*......................50

Дзебысаты Мзия
**ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ**
***Урочы темæ:*** *«Хæрзгæнæг хорз ары, фыдгæнæг – æфхæрд»*......................................................................................53

Саухалты Валентинæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ**
***Урочы темæ:*** *«Бирæ нын цæрат, нæ буц хистæртæ»*.......57

Æгкацаты Жаннæ
**ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ**.....61

Битарты Лидæ
**ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ**
***Урочы темæ:*** *«Хиппæлой – хи æгад гæнæг»*..........................64

Гаглойты Фатимæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ**
***Урочы темæ:*** *«Цæргæ дæр лæгау, мæлгæ дæр лæгау! Цæрæгойы цард нæ – адæймаджы цард!»*............................67

Æлборты Зæринæ
**ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ**
***Урочы темæ:*** *«Магусайæн – цæф, цырд лæппуйæн – кæф»*..................................................................................72

Хъесаты Фатимæ
**ИРОН АДÆМЫ ТРАДИЦИОН КУЛЬТУРÆЙЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ**
***Урочы темæ:*** *«Адæмон кафты адæмы зæрдæ ис»*..........75

Майрæмыхъуаты Фатимæ
**ТЕКСТЫЛ КУСЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ АБЕТÆ АХУЫР КÆНЫНЫ РÆСТÆГ**..........................................82


## ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ


Хъарданти-Гасанти Ларисæ
**ДИГОРОН КÆСУНИ УРОК 1-АГ КЪЛАСИ**
***Урокки темæ:*** *Æмгъæлæсон мурæ (к), дамугъатæ «К, к»*......88

Р
У
Х
С
Т
А
У
Æ
Г

2/2013


**УЛÆФТЫ МИНУТТÆ**...........................................................90


## АХУЫРГÆНДЖЫТЫ СФÆЛДЫСТАДÆЙ


Дзæгъойты-Тебиаты Жаннæ
**НАРТЫХЪÆУЫ СКЪОЛАЙЫ АХУЫРГÆНДЖЫТÆН**....93


## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ


**ОЛИМПИАДОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ**
**10-æм кълас**....................................................................**95**
**11-æм къλас**....................................................................**96**

Хозиты Эльвирæ
**ТЕКСТТÆ ДИКТАНТТÆ ÆМÆ ИЗЛОЖЕНИТÆ ФЫССЫНÆН**.............................................................99


## ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ


Гæззаты Татьянæ
**ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ** ..........................103

Бибайты Мæдинæ
**АДАПТАЦИГОНД ТЕКСТТÆ** ..........................................108

Солтанты Джульетæ
**ÆМДЗÆВГÆЙЫ ТЕКСТЫ БЫНДУРЫЛ СОЧИНЕНИ ФЫССЫНЫ МЕТОДИКÆ**..................................................109

Гугкаты-Томайты Зæлинæ
**ТЕКСТТÆ ХÆСЛÆВÆРДТИМÆ**..................................112

Джериаты Мæдинæ
**ТЕКСТЫ ИУМÆЙАГ ÆВЗÆРСТ 5-ÆМ КЪЛАСЫ ИРОНЛИТЕРАТУРÆЙЫУРОКТЫ**...............................114

Битарты Светланæ
**ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКМÆ**..........................................................................117

Гæбуты Неля
**ХÆСЛÆВÆРДТÆ ТРАДИЦИОН КУЛЬТУРÆЙЫ УР ОКМÆ**.........................................................................118

**ÆМБИСÆНДТÆÆВЗАДЖЫТЫХХÆЙ**......................119



## НÆ ЗЫНАРГЪ АХУЫРГÆНДЖЫТÆ!

*Нæ республикæйы скъолаты стыр куыст цæуы Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты амындтытæ ахуырты фæлварыныл. Институты хъæппæрисæй стандарты домæнтæм гæсгæ арæзт цæуынц алыхуызон куысты хуызтæ: стандарты тематикæимæ æнгом баст сæрмагонд курсытæ, семинарон ахуыртæ æмæ спецкурстæ.*

*Стандарты домæнтæ баххæст кæныныл архайынц ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ дæр. Ахуыртæ рацаразынæн стандарт цы куысты хуызтæ амоны, уыдонимæ базонгæ уæвгæйæ, ахуыргæнджытæ сæ куыстмæ хæссынц хъæугæ ивддзинæдтæ, урокты æмæ фæсурокты куыст аразынц ног уагыл.*

*Журналы ацы номыры базонгæ уыдзыстут ног ахуырадон стандарты бындурыл арæзт урокты æмæ фæсурокты куысты хуызтимæ. Мах бузныг стæм, нæ институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæимæ æмгуыст чи кæны, уыцы ахуыргæнджытæй. Журналы фæрстыл дæр арæхдæр уыдоны сфæлдыстад мыхуыргонд цæуы. Фæнды нæ, цæмæй сæ нымæц фылдæр кæна. Уый та æвдисæн уыдзæн, сфæлдыстадон цæстæй йæ куыстмæ чи кæсы, уыцы ахуыргæнджыты нымæцæн.*

*Æнхъæлмæ кæсæм ног æрмæджытæм, ахуыргæнæджы арæхстдзинадæн æвдисæн чи у, ахæм куысты хуызтæм.*

*Цæгат Ирыстон-Аланийы Сгуыхт ахуыргæнæг,*
*Ахуырады кусджыты зонындзинæдтæ*
*уæлдæргæнæн институты ректор*
***Исахъты Людмилæ***



# ЗАРÆГ

*Нæ иры иронæй*
*Кæмæ ис æгъдау,*
*Уый хизæд фыдбонæй,*
*Фыдмастæй Хуыцау.*

*Ирыстон йæ цæсты*
*Кæмæн нæу æгад,*
*Ирыстон нæ бæсты*
*Кæмæн у йæ мад,*

*Нæ бæстæ йæ мадау*
*Кæмæн у зынаргъ,*
*Кæмæ кæсы кадау,*
*Ирыстон, дæ уаргъ,*

*Æгъдауæй, æвзагæй*
*Нæм чи у ирон,-*
*Ирыстоны рагæй*
*Нæ халы йæ рон.*

*Нæ Иры иронæй*
*Кæмæ ис æгъдау,*
*Уый хизæд фыдбонæй,*
*Фыдмастæй Хуыцау.*

***Илас Æрнигон***

# КУСÆМ НОГ АХУЫРАДОН СТАНДАРТМÆ ГÆСГÆ

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
*АКЗУИ-ты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг*

## КЪОРДТЫ КУЫСТЫ ХИЦÆНДЗИНÆДТÆ ÆМÆ ЙÆ АРАЗЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ

Ног ахуырадон стандарт фылдæр æргом здахын кæны къордты куыстмæ. Скъоладзауты къорды мидæг кусынил фæцалх кæнын бирæ ахуыргæнджыты къухы нæма æфты. Æмæ уым диссагæй ницы ис, уымæн æмæ республикæйы скъолаты стандартмæ гæсгæ кусын райдыдтой æрæджы. Ног хъуыддаг та, кæй зæгъын æй хъæуы, æнæ къуылымпыдзинæдтæй къухы не 'фты. Стандарты амынд куысты хуызтыл ахуыр нæма сты куыд ахуыргæнджытæ, афтæ скъоладзаутæ дæр.

Къорды мидæг кусынмæ сывæллæтты хъæуы бацæттæ кæнын, семæ æмбæлы аныхас кæнын, радзурын сын, куыд хъуамæ кусой къорды, цавæр хæстæ æвæрд ис къорды уæнгтæй алкæуыл дæр. Ам дæр та хъæуы *мотиваци,* ома иумæ кусынмæ разæнгарддзинад.

Къорды куысты сæйрагдæр принцип у ахæм: иумæйаг куысты фæстиуджытæ сты алкæмæй дæр аразгæ, æмæ уымæ гæсгæ алчи дæр хъуамæ архайа иумæйаг хæс сæххæст кæныныл, ома йе 'вæрæн бахæсса куыст баххæст кæнынмæ. Зæрдылдаринаг ма у иу хъуыддаг: стандарт домы урочы универсалон ахуырадон архæйдтытыл кусын, сæ иу – *регулятивон,* кæцымæ гæсгæ ахуырдзауты фæцалх кæнын хъæуы сæ архæйдтытæн бæлвырд фæтк кæныныл, ома къорды куыд архайдзысты, хæслæвæрд æххæст кæнын цæмæй райдайдзысты, уый бæрæг кæныныл.

Уымæй уæлдай ма къорды куыст домы хи æмæ искæй архайдæн аргъ кæнын зонын. Скъоладзау хъуамæ арæхса, къорды куыд куыста, цы йын бантыст, уымæн аккаг аргъ кæнынмæ, йе 'мбæлтты архайдæн анализ скæнынмæ *(рефлекси).*

Скъоладзауты къордтыл адих кæныны размæ скæнын хъæуы *диагностикæ:* сбæрæг кæнын, чи кæимæ уарзы кусын, раздзоджы ролы архайын кæмæн хуыздæр уайы, уый. Ам хынцын хъæуы сывæллæтты психологион уавæртæ, сæ индивидуалон хицæндзинæдтæ.

Ахуыргæнæг фехъусын кæны, урочы фылдæр къордты кæй кусдзысты, æмæ сыл уый уæлдай хæс кæй æвæры. Алы къорд дæр æххæст кæндзæн йæхи хæслæвæрдтæ.

Цалынмæ сывæллæттæ сæхæдæг хибарæй архайынил фæцалх уой, уæдмæ къордты мидæг хæслæвæрдтæ райуарын бахъæудзæн ахуыргæнæгæн йæхи. Куыдфæстæмæ ацы куыст æххæст кæндзæн къорды уæнгтæй иу.

Къорды архайгæйæ, сывæллæттæ хъуамæ фæцалх уой иумæйаг хæс æмдыхæй æххæст кæнынил. Сæ куыстæн сын разамынд дæтты къорды разамонæг (раздзог). Хæслæвæрд æххæст кæнгæйæ сæ цы архæйдтытæ бакæнын хъæудзæн, уый сбæрæг кæныны фæстæ сæ бон у алы архайд дæр къорды уæнгтæй кæмæндæр бабар кæнын, уый фæстæ байхъусын, куыд æй баххæст кодта, уымæ æмæ йын йæ дзуапп сраст кæнын (кæд хъæуа, уæд). Афтæмæй къорды уæнгтæ байхъусынц, сæ кæрæдзимæ, уымæ; базонгæ вæййынц кæрæдзийы хъуыдытимæ. Уый фæстæ сæ дзуапп баиу кæнынц, бацæттæ йæ кæнынц фехъусын кæнынмæ. Алы къорд дæр йæ дзуаппæн бацæттæ кæны презентаци. Къорды номæй фæдзуры иу адæймаг, йæ дзуапп ын баххæст кæнынц иннæтæ дæр.

Къордты куыстæй пайдагæнæн ис хæдзармæ куыст бæрæг кæнгæйæ, ног æрмæг амонгæйæ, контролон куыстмæ цæттæ кæнгæйæ, практикон куыстытæ æххæст кæнгæйæ. Арæхдæр æй фæкæнынц ерысы кæнæ хъазты хуызы. Зæгъæм, урочы кæрон скæнæн ис хъæзтытæ «Ссар уæлдай дзырд», «Чи фылдæр», «Дзырдæн йæ къай ссар» æмæ æнд.

Къордты куыстæй ирон æвзаджы урокты пайдагæнæн ис кæцыфæнды темæйыл кусгæйæ дæр. Дæнцæгæн æрхæссæм цалдæр куысты хуызы.

Зæгъæм, зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонты растфыссынад ахуыр кæнгæйæ, къордтæн раттæн ис ахæм хæс: рафыссын дзырдтæ, стъæлфыты бæсты, хъæугæ æмхъæлæсонтæ æвæргæйæ.

*Дыр…тæ, са…тæ, ба…тæ, хъæд…æ, мы…æгтæ, хъа…т, сæ…тæ, цырæ…тæ, аирвæ…тысты, знæ…тæ, сивæ…та, уын…тæ, байрæ…т, кæрон…æ, хъы…т, уд…æф, ад…ын.*

Хæслæвæрд æххæст кæнгæйæ, къорды уæнгтæн сæ бон у сæхи ’хсæн сæ архæйдтытæ адих кæнын. Иу скъоладзау рахицæн кæны дзырды уидаг, сбæрæг кæны, орфограммæ цы дзырды хайы ис, уый; иннæ бафыссы хъæугæ дамгъæ; æртыккаг ссары дзырдтæ ацы орфограммæимæ; цыппæрæм (раздзог) баиу кæны дзуæппытæ (архæйдтытæ) æмæ иумæйаг куысты фæстиуджытæ фехъусын кæны.

Ахæм куысты фæстæ ахуыргæнæджы бон у ацы темæйæ скъоладзаутæй алкæмæн дæр индивидуалон хæс раттын дæр, зæгъæм, тестытæ баххæст кæнын.

Хъæлæсонты растфыссынад амонгæйæ, раттæн ис хæс: Текст рафыссын. Стъæлфыты бæсты, кæм æмбæлы, уым æвæрын хъæлæсон кæнæ апостроф. Фæнысан кæнын орфограммæтæ, бамбарын сæ кæнын.

*Ирон адæмы …хсæн искæуыл исты хъæлдзæгдзинад куы …рцæуы, уæд саразынц хъазт. Фæсивæд сылгоймагæй, нæлгоймагæй, …стæй ас адæм æрæмбырд вæййынц, æмæ дзы чи кафгæ фæкæны, чи та …рмæстдæр кæсгæ. Хъазтмæ цы чызг фæцæуы, уый йæхи хорз саразы, цæмæй хъазты искæцы усгур лæппуйы зæрдæмæ фæцæуа, …стæй иннæ адæмы зæрдæмæ дæр, …мæ дзы хъуамæ раппæлой, уыцы хъазты ахæм рæсугъд …мæ зæрдæмæдзæугæ чызг уыди, зæгъгæ. Чызг хъазты куы …рлæууы, уæд алцы …гъдауæй дæр йæхимæ фæкæсы, цæмæй аив уа. Уæлдай ныхас н.. скæндзæн, никæмæ фæхуддзæн.* (Къардж.Б.)

Къорды куыст цæуы афтæ:

1) скъоладзаутæ рафыссынц текст; 2) кæсынц кæрæдзийы куыстытæ, бæрæг кæнынц сæ растдзинад, раст кæнынц кæрæдзийы рæдыдтытæ; 3) иумæ æвзарынц тексты орфограммæты хуызтæ; 4) орфограммæты хуызтæм гæсгæ сæхи цæттæ кæнынц дзуапп дæттынмæ.

Ацы тексты бындурыл раттæн ис æндæр хæс дæр: текстæн орфографион анализ скæнын. Текст бакæсын, орфограммæты

хуызтæ сбæрæг кæнын; орфограммæты хуызтæм гæсгæ текстæй дзырдтæ къордтæй рафыссын (дыууæ скъоладзауы – иу орфограммæ, иннæ дыууæ – иннæ орфограммæ); кæронæй кæнынц иумæйаг хатдзæг тексты орфограммæты тыххæй. Хатдзæг хъуамæ бацæттæ кæна иу скъоладзау (тыхджындæр).

Темæ «Дзырдарæзт»-ыл кусгæйæ, къордтæ æххæст кæнынц хæслæвæрдтæ: дзырд ног дзырдтыл дих кæнынц; дзырдтæй ног дзырдтæ аразынц; дзырдтæ æвзарынц. Хъазты хуызы: дзырд растдæр чи равзара, æмуидагон дзырдтæ йæм фылдæр чи ссара, уый амбылдта.

Лексикæ ахуыр кæнгæйæ та къорды уæнгтæ баххæст кæнынц темæимæ баст дзырдбыд; агурынц «æмбæхст» дзырдтæ; дзырд «зæрдæ»-имæ хъуыды кæнынц æнгом дзырдбæстытæ; хъазты хуызы, цæрæгойты нæмттæ (кæнæ нымæцонтæ, сæрмагонд номдартæ) кæм ис, ахæм æнгом дзырдбæстытæ агурынц.

Æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ амонгæйæ, бабаргæнæн ис ахæм куысты хуыз: фæйнæгыл, æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ уагъд кæм сты, ахæм текст. Алы къорд дæр æй æххæст кæны цавæрдæр æххуысгæнæг ныхасы хайæ. Иутæ дзы бафыссынц бæттæгтæ, иннæтæ – хайыгтæ, æртыккæгтæ – разæвæрдтæ кæнæ фæсæвæрдтæ. Текст куыд аивы, уый тыххæй хатдзæг скæнынц.

Синтаксис ахуыр кæнгæйæ, текст баххæст кæнын хъæуы бавæргæ дзырдтæй кæнæ дзы раст сæвæрын хъæуы æрхæцæн нысæнттæ, кæнæ хъуыдыйадæн хъæуы схемæ саразын, бацамонын хъæуы тексты пунктограммæтæ.

Къордты архайынæн хорз уавæртæ ис ныхасы рæзтыл кусгæйæ. Къордæн бабаргæнæн ис хæслæвæрдтæ:

– тексты иумæйаг æвзæрст;

– тексты темæ сбæрæг кæнын, лæвæрд сæргондтæй йын иу равзарын;

– тексты сæйраг хъуыды сбæрæг кæнын;

– сæйраг хъуыды сочиненийы хуызы райхалын.

Зæгъæм, сæрды темæйыл равзарæн ис скъоладзаутæн сæхи фыст сочиненитæ дæр.

*Сæрды каникулты рæстæг æз ацæуын мæ нанамæ хъæумæ. Уым хъæлдзæгæй арвитын мæ улæфты рæстæг. Хъæумæ хæстæг ис чысыл хъæд. Нанаимæ дзы фæтонæм гагадыргътæ, фæуидзæм зокъотæ. Хъæуы чъылдыммæ кæлы цæугæдон. Лæппутимæ дзы нæхицæн сарæзтам хорз найæн бынат. Чысыл уæлдæр та дзы фæахсæм кæсæгтæ. Изæры та нанайæн аххуыс кæнын фосмæ зилынмæ.*

*Тынг хорз мæм кæсы сæрдыгон хъæуы. Ацы аз дæр та æнæмæнг уырдæм ацæудзынæн.*

Ахæм куысты рæстæг текст хъуамæ æвæрд уа къорды уæнгтæй алкæй раз дæр. Хæстæ къорды архайджыты 'хсæн ис раив-баив кæнæн дæр, цæмæй сæ алчи дæр иумæйаг хъуыддагыл бакуса.

Ахадгæ куыстыл нымад у, ныхасы рæдыдтытæ кæм ис, ахæм сочиненитæ æвзарын. Цалдæр куысты (сочиненийы) равзаргæйæ, раттæн ис фæрстытæ:

1) Сочиненитæй уæ зæрдæмæ тынгдæр кæцы фæцыд?

2) Цавæр рæдыдтытæ скодтой сочиненийы автортæ?

3) Рæдыдтытæ раст кæнгæйæ, иу текст рафыссут.

4) Куыд аивта раст фыст текст?

Ныхасы рæзтыл бакусынæн спайдагæнæн ис нывмæ гæсгæ сочинени-миниатюрæ фыссынæй. Зæгъæм, нывмæ гæсгæ адæймаджы æддаг бакаст æрфыссын; нывмæ гæсгæ дзырдбæстытæ саразын.

Текстыл ахадгæдæрæй бакусынæн къордты куыстæн пайда сты хæслæвæрдтæ:

– авторы текст зæрдыл æрлæууын кæнын (чи йæ хуыздæр бахъуыды кодта, текстмæ хæстæг æй хуыздæр чи ныффысдзæн);

– текст «æрæмбырд кæнын»: 2-3 тексты алыгтæ кæнын, схæццæ кæнын скъуыддзæгтæ; скъоладзаутæ сæ кæсынц, скъуыддзæгтæй аразынц авторы тексттæ;

– æмдзæвгæйы цухгонд дзырдтæ баххæст кæнын;

– фразеологион дзырдбæстытæ баххæст кæнын;

– бæрæггонд дзырдтæ баивын фразеологион дзырдбæстытæй;

– текст баххæст кæнын фразеологизмтæй;

– æрхъуыды кæнын радзырд «Къæбыла фæдзæгъæл», «Дуканийы фембæлдысты», «Маршруткæйы цæугæйæ»;

– диалог баххæст кæнын этикетон дзырдтæй æмæ а.д.

Къорды баххæст кæнынæн раттæн ис хæдзармæ куыст дæр. Иу къордæн раттæн ис хæс: бацæттæ кæнын дзырдбæстытæ миниуæгæвдисæг миногонтимæ, иннæ къордæн та – ахастæвдисæг миногонтимæ. Дыккаг бон сæ кæрæдзийæн диктанты хуызы дзурынц. Ахæм куыст бакæнæн ис æххуысгæнæг ныхасы хæйттæ амонгæйæ дæр.

Хæдзармæ куысты хуызы сын раттæн ис кæрæдзийæн олимпиадон хæслæвæрдтæ бацæттæ кæнын кæнæ кæрæдзийæн дзырдбыд саразыны хæс дæр. Ахæм куыст феххуыс уыдзæн темæ бафидар кæнынæн.

Хистæр кары скъоладзаутимæ кусгæйæ, грамматикон æрмæг бафидар кæнынæн къордтæн раттæн ис хæстæ:

– схемæтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæнын;

– тексты ссарын, схемæйæн дзуапп цы хъуыдыйад дæтты, ахæм;

– тексты пунктограммæтæ сбæрæг кæнын;

– цухгонд æрхæцæн нысæнттæ сæвæрын, бацамонын сæ;

– тексты орфографион анализ скæнын.

Къордты куыстæн хорз фадæттæ ис литературæйы урочы дæр. Зæгъæм, скæнæн ис урок-семинар. Ахæм урочы литературон уацмыс æвзæрст цæуы йæ проблемæтæм гæсгæ.

Къордтæн раттæн ис хæстæ: монолог аив кæсынмæ бацæттæ кæнын; лæвæрд темæйæ критикон æрмæг ссарын; темæимæ баст кинонывæй скъуыддзаг равзарын; цæсгæмттæм гæсгæ хъазт бацæттæ кæнын; тексты æвзаджы хицæндзинæдтæ равзарын; бацагурын уацмысимæ баст историон æрмæг; уацмысмæ иллюстрацитæ бацæттæ кæнын; уацмысы сæйраг хъуыды чи æргом кæны, ахæм æмбисæндтæ кæнæ таурæгътæ ссарын æмæ а.д.

Къордты куыст æнтыстджынæй кæнæн ис фæсурокты рæстæг дæр. Интеллектуалон хъæзтытæ, «Зондабиты ерыстæ», къулын газет цæттæ кæнын, æвзонг журналистты (кæнæ сгарджыты) къорд саразын æмæ æндæр ахæм мадзæлтты фæрцы скъоладзауты разæнгард кæнæн ис къордты куыстмæ.

Ранымад куысты хуызтæ феххуыс уыдзысты скъоладзауты ирон æвзаджы урокты къордты куыстыл бафтауынæн, урочы иумæ архайынил фæцалх кæнынæн.

## ПРОБЛЕМОН УАВÆРТÆ ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОЧЫ

1. Равзарут фыссыны раст вариант.

1) Цæст ыл нæ æххæссы – *цæст ыл не 'ххæссы* – цæст ыл нæ 'æххæссы – цæст ыл не ххæссы.

2) *Не змæлы* – нæ змæлы – не 'змæлы – нæ 'змæлы.

3) *Йæ адæм* – й' адæм – йадæм.

4) *Кусджытæ æмæ зæхкусджытæ* – кусджытæ 'мæ' зæхкусджытæ – кусджытæ 'мæ зæхкусджытæ.

5) *Уыцы агъуыст* – уыц' агъуыст.

6*) Куы ацыди* – к' ацыди – ку' ацыди.

7) *Доны уылæн* – доны улæн.

8) Уылæфт уромын – улæфт уыромын – *улæфт уромын.*

9) *Сойджын уыгæрдæн* – сойджын угæрдæн.

10) Нæ ссыди – *не ссыди* – нæ ыссыди – не 'ссыди.

2. Цухгонд дамгъæтæ æвæргæйæ, рафыссут дзырдтæ.

Цы ис иумæйагæй дзырдтæм? Уæлдай дзырд ссарут.

Ны…амайын, ны…гъорын, ны…афын, ны…айын.

Дзыр…аг, и…ærд, амонæ…аг, фы…уг.

3. Цы ис иумæйагæй дзырдтæм? Уæлдай дзырд ссарут.

Азфыст, фыстытæ, фыссæн, рафыст, фысым.

Дæлдон, донласт, кæсæндон, донджын, дойны.

Ивин, баивæн, ивддзаг, ивылын, ивынад.

4. Проблемон уавæр урочы (къордты куыст)

*Ахуыргæнæг:* Абон, текст мыхуыр кæнгæйæ, фæрæдыдтæн, хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ раст нæ сæвæрдтон.

*Хæслæвæрд къордтæн:*

1) Текст бакæсын. Ссарын дзы вазыгджын хъуыдыйæдтæ, æрхæцæн нысæнтты æвæрд сбæрæг кæнын.

2) Æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрд цы хъуыдыйæдты не сты, уыдон рафыссын тетрадмæ, бацамонын æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

3) Скæнут хатдзæг вазыгджын хъуыдыйады æрхæцæн нысæнттæ æвæрыны æгъдæутты тыххæй.

1-аг къорды хæс.

Съалыты гуппар Авд хойыл ирон адæммæ баззад бирæ таурæгътæ. Сæ иумæ гæсгæ, стъалыты ацы æмбырд кæддæр уыдысты авд хойы. Уыдонæй чи хуыздæр у, уый зæххыл ничи зыдта. Иу хатт куы уыди уæд усгуртæ сфæнд кодтой чызджыты бафæлварын. Се 'ппæтæн дæр радтой æмхуызон куыст æмæ сын загътой: «Йæ куыст уæ раздæр чи фæуа уый уыдзæн уæ хуыздæр».

2-аг къорды хæс.

Чызджытæ бавнæлдтой, кæрдгæ-хуыйгæ кæнынц æмæ æхсæвæрафон уыцы-иу сахат фесты сæ куыст.

Афтæмæй куы не сбæрæг сæ хуыздæр уæд сæ фæрсынц: «Уæдæ цы хуызы ис, хуыздæр уæ чи у уый равзарæн»?

3-аг къорды хæс.

Уыдон загътой: «Иунæг Хуыцау зоны, хуыздæр æмæ нæ æвзæрдæр чи у, уый. Фæлæ авдæй æмсæр кæй стæм уый тыххæй нæ цæрæнуат уæд арвыл. Нæ фæлгонц нын уынæд адæм æмæ нæ рох ма кæнæд. Ноджы Хуыцауы уый бафæндæд цæмæй немæ уой нæ сынтæджытæ».

Хуыцау сын сæ фæндон сæххæст кодта æмæ сын арвыл бынат радта.

# КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ, КОНКУРСТÆ...

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ АХУЫРГÆНÆГ – МАДÆЛОН ÆВЗÆГТЫ АХУЫРГÆНДЖЫТЫ ÆППÆТУÆРÆСЕОН КОНКУРСЫ АРХАЙÆГ

2013 азы Мадæлон æвзæгты ахуыргæнджыты Æппæтуæрæсеон конкурсы ирон æвзаджы ахуыргæнджытæй архайдта Дзæуджыхъæуы 27-æм скъолайы ахуыргæнæг ***Гæджиты Лянæ.*** Лянæ у 2013 азы республикон конкурсы уæлахиздзау, æмæ уымæ гæсгæ æрвыст æрцыд ацы кадджын конкурсмæ.

***Гæджиты Лянæйы*** конкурсон урокæн йæ темæ уыд «Космосон тыгъдад», грамматикон темæ – «Нымæцонтæ ирон æвзаджы». Лянæйы урок арæзт у ног ахуырадон технологитæм гæсгæ, дзуапп дæтты Федералон ахуырадон стандарты домæнтæн.

Тынг цымыдисаг æмæ мидисджын сты Гæджиты Лянæйы цæттæгонд равдыст æмæ хи презентацион æрмæг.

Конкурсы фæархайынц алыхуызон адæмы хæттыты минæвæрттæ, æмæ уыдоны базонгæ кæнын фæхъæуы, цы республикæйæ æрвыст дæ, уыимæ. Гæджиты Лянæ конкурсы архайджыты размæ рахаста алцæмæй æххæст æрмæг, арæхстджынæй равдыста йæ урок, æмæ йын жюрийы уæнгтæ скодтой стыр аргъ – лæвæрд ын æрцыд дыккаг бынат.

Журналы редакци зæрдиаг арфæ кæны Лянæйæн йе ’нтыстджын архайды тыххæй. Уырны нæ, йæ къухы ма бирæ уæлахизтæ кæй бафтдзæн, уый.




РЕСПУБЛИКА СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ - АЛАНИЯ


РЕСПУБЛИКА СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ - АЛАНИЯ

## МЕТОДИКОН ÆВÆРÆНТЫ РЕСПУБЛИКОН КОНКУРС– 2013

Ноябры мæйы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджыты 'хсæн арæзт æрцыд Методикон æвæрæнты республикон конкурс. Конкурсы сæйраг хæс уыд ахуыргæнджыты профессионалон цæттæдзинад раиртасын; ахадгæдæр куысты хуызтæй чи пайда кæны, уыдоны фæлтæрддзинад рапарахат кæнын.

2013 азы Методикон æвæрæнты респуб–ликон конкурсы архайдтой: *Уæлыгæсты Фатимæ* (Дзæуджыхъæуы 5-æм скъола-гимназ), *Хъалаты Маринæ* (Дзæуджыхъæуы 38-æм скъола); *Саухалты Валентинæ* (Дзæуджыхъæуы 3-æм скъола), *Дзебысаты Мзия* (Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназ), *Битарты Рая* (Дзæуджыхъæуы 26-æм скъола), *Тадтаты Заремæ* (Æрхонкæйы 1-æм скъола), *Калоты Ларисæ* (Мæздæджы 1-æм скъола-интернат), *Æмбалты Индирæ* (Мæздæджы 1-æм скъола-интернат).



Конкурсы архайджытæ ахуыргæнджыты базонгæ кодтой, ирон æвзаг æмæ литературæйы программон темæтæ бацамонынæн, ацы предметтæ ахуырдзаутæн бауарзын кæнынæн хорз æххуыс чи у, ахæм ахуырадон-хъомыладон æрмæджытимæ.

Æрмæджытæ фылдæр уыдысты электрон хуызы. Се 'хсæн – авторон ахуырадон программæтæ (Битарты Рая); программон темæтæм гæсгæ цæттæгонд дидактикон æрмæджытæ (Тадтаты Заремæ, Æмбалты Индирæ), хицæн темæтæ бацамонынæн æххуыс чи у, ахæм цæстуынгæ æрмæг (Саухалты Валентинæ), анимацион ахуырадон æрмæджытæ (Уæлыгæсты Фатимæ), видеоæрмæджытæ æмæ грамматикон хъæзтытæ (Дзебысаты Мзия), фæсурокты куысты хуызтæ (Æмбалты Индирæ, Калоты Ларисæ, Битарты Рая), ирон æвзаджы урокты системæ (Хъалаты Маринæ) æмæ æндæр хуызы æрмæджытæ.

Жюрийы уынаффæмæ гæсгæ, 2013 азы Методикон æвæрæнты конкурсы хуыздæрыл нымад æрцыдысты ***Битарты Рая*** æмæ ***Дзебысаты Мзийы*** куыстытæ. Ацы ахуыргæнджытæн сæ дыууæйæн дæр жюрийы уæнгтæ саккаг кодтой фыццаг бынат.



1-аг къæпхæны диплом лæвæрд æрцыд *Хъалаты Маринæйæн* (Дзæуджыхъæуы 38-æм скъола); 2-аг къæпхæны диплом – *Уæлыгæсты Фатимæйæн* (Дзæуджыхъæуы 5-æм скъола-гимназ), 3-аг къæпхæны диплом – *Тадтаты Заремæйæн* (Æрхонкæйы 1-æм скъола).

Номинациты сæхи хуыздæр равдыстой Мæздæджы 1-æм скъола-интернаты ахуыргæнджытæ *Калоты Ларисæ* æмæ *Æмбалты Индирæ* (номинацитæ «Учитель-наставник» æмæ «Сердце отдаю детям»); Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуыргæнæг *Саухалты Валентинæ* (номинаци «Учитель-исследователь»).

2013 азы Методикон æвæрæнты республикон конкурс рауади мидисджын æмæ зæрдæмæдзæугæ. Жюрийы уынаффæмæ гæсгæ, конкурсы æрмæджытæ уагъд æрцæудзысты хицæн дискæй.

Конкурсæн стыр ахадындзинад кæй ис, уымæ гæсгæ йæ архайджытæ бауынаффæ кодтой ацы мадзал фæпарахатдæр кæнын. Фидæн азы йæм хъæуы фылдæр ахуыргæнджыты æрхонын, фæсидын æмбæлы Хуссар Ирыстоны ирон æвзаджы ахуыргæнджытæм дæр, конкурсы тыххæй фехъусын кæнын хъæуы æхсæнадон къордтæн, мадæлон æвзаджы фарстатыл чи кусы, уыдонæн се 'ппæтæн дæр.



## АХУЫРГÆНДТÆ – СКЪОЛАЙÆН

***Куыдзойты Анжелæ,***
*филологон наукæты кандидат,*
*ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы сæргълæууæг*

# ФУНКЦИОНАЛОН СТИЛЬТЫ ÆВЗАГОН ХИЦÆНДЗИНÆДТЫ ТЫХХÆЙ

Литературон æвзаджы сæйрагдæр миниуджытæй иуыл нымад у, функционалон стильтæ дзы кæй ис, уый. Цы у функционалон стиль?

Ныхасæн йæ нысан цы у, цавæр хæстæ æххæст кæнынмæ тырны, уымæ гæсгæ дзурæг æвзары æвзагон мадзæлттæ (дзырдтæ, конструкцитæ); афтæмæй равзæрынц литературон æвзаджы сæрмагонд хихуызтæ – функционалон стильтæ. Ацы термин комкоммæ амоны, литературон æвзаджы хуызтæ цавæр миниуæджы бындурыл хицæн кæнынц, уымæ – сæ рольмæ, сæ функцитæм гæсгæ бæлвырд уавæрты.

Наукон куыстытæ, ахуыргæнæн чингуытæ, докладтæ фыстæуы наукон стилæй; уагæвæрдтæ, бардзырдтæ, суагъæтæ (протоколтæ) – официалон-хъуыддагон стилæй; газеты æмæ журналты уацтæ, радиорауагъды, телеравдысты ныхас у публицистикон; æнæофициалон уавæрты та пайда кæнæм дзургæ ныхасы стилæй.

Афтæмæй функционалон стильтæ, кæнæ ныхасы стильтæ, сты: наукон, публицистикон, официалон-хъуыддагон, дзургæ ныхасы æмæ аивадон. Дзургæ ныхасы стилæй фæстæмæ иннæтæ нымад сты чиныгон стильтыл, ома сæ пайда кæны фысгæ ныхас. Чиныгон стильтæй æппæты карздæр, «фидаргонддæр» у официалон-хъуыддагон стиль.

Ирон æвзаджы литературон формæ (æппæты уæлдæр формæ, æвзаджы фæзминаг хуыз) куы нæма уыдис, уæддæр дзы рахицæнгæнæн уыдис хицæн стильтæ, зæгъæм, дзургæ ныхасы стиль (æрвылбоны ныхас æнæ гуымиры дзырдтæй), адæмон-поэтикон стиль (йæ ирд хуызæгтæ сты ирон фольклоры уацмыстæ – кадджытæ, таурæгътæ æ.æнд.). Фæлæ чиныгон стильты равзæрд, кæй зæгъын æй хъæуы, комкоммæ баст у литературон æвзагимæ, кæд йæ ратæдзæн ирон дзургæ ныхасы, фольклоры ныхасы ис, уæддæр.

Алы функционалон стилæн дæр ис йæхи лексикон, морфологион, синтаксисон хицæндзинæдтæ

**Официалон-хъуыддагон стиль у,** хъуыддаджы сферæйы чи æмбæлы (паддзахад æмæ адæмы ахастытæ, бæстæты, куыстуæтты, организациты ’хсæн ахастытæ), литературон æвзаджы ахæм хуыз.

Официалон-хъуыддагон стилæй фыст вæййынц ахæм документтæ:

дипломатон (нотæ, деклараци, бæстæты ’хсæн бадзырдтæ, конвенци, меморандум, коммюнике æ. æнд.);

закъондæттæг (закъонтæ, указтæ, граждайнаг æмæ уголовон акттæ æ. æнд.);

разамынддæттæг (уагæвæрдтæ, бадзырдтæ, бардзырдтæ, курдиæттæ, характеристикæтæ, суагъæтæ æ. æнд.) .

Æркæсæм дæнцæгмæ.

*Ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы 20.. азы 5-æм сентябры æрбадты*

***1-аг суагъæ***

Æрбадты нæ архайдтой кафедрæйы уæнгтæ:
доц. А-ты Б.,
доц. Б-ты Æ.

***Боны фæтк:***

1.Кафедрæйы дисциплинæты кусæн программæтæ ныффидар кæнын.

2.Студентты наукон æмæ сфæлдыстадон къордты куысты пълантæ ныффидар кæнын.

***Байхъуыстой: 1.*** *Кафедрæйы дисциплинæты кусæн программæтæ ныффидар кæнын.*

***Раныхас кодтой:***

*Кафедрæйы сæргълæууæг проф. Т-ты Х.: ...*

*Хистæр ахуыргæнæг К-ты И.: ...*

***Уынаффæ**:*

1. «Нырыккон ирон æвзаджы практикум»-ы кусæн программæйы тематикæ фæбæлвырддæр кæнын, сахæтты нымæц сраст кæнын.

*2. Кафедрæйы дисциплинæты кусæн программæтæ ныффидар кæнын.*

***Байхъуыстой: 2.*** *Студентты наукон æмæ сфæлдыстадон къордты куысты пълантæ ныффидар кæнын.*

***Раныхас кодтой:***

*Литературон къорды разамонæг Хъ-ты Р.: ....*

*Лингвистикон къорды разамонæг К-ты И.: ...*

***Уынаффæ**:*

1.
2.

Кафедрæйы сæргълæууæг: (къухæвæрд)
Нымæрдар: (къухæвæрд)

**Публицистикæ** у литературæйы сæрмагонд хуыз, йæ хæс – æхсæнадон-политикон царды ахсджиагдæр фæрстытæ æргом кæнын, æхсæнадон хъуыды бæлвырд хуызы аразын.

Ирон публицистикæ фæзындис дыууынæм æнусы фыццаг азты. Йæ ратæдзæныл нымад у фыццаг ирон газет, йæ ном дæр раст афтæ хуынди – «Ирон газет» (1906 аз).

Раст зæгъгæйæ, ирон æвзагыл фыццагдæр ацы газет нæ фæзындис, йæ размæ ма мыхуыры цыдис иу газет, фæлæ уый публицистикæмæ ницы бар дардта. Ныхас цæуы дины газетыл – «Катехизаг таурæгътæ». Ацы газет йæхи æхцайæ, æнæ искæй æххуысæй уагъта, «Ирыстоны апостол» кæй хонынц, уыцы дины кусæг – архимандрит Иосиф (Чепиговский). Йæ уд хъардта ирон адæмы ахуыры фæндагыл сæвæрыныл, скъолаты нымæц фæфылдæр кæнын æмæ сæ ахуыры уавæр фæхуыздæр кæныныл. Уыимæ хорз æмбæрста, мадæлон æвзагыл мыхуыр ахуырады, рухсады хъуыддаджы цы стыр бынат ахсы, уый. 1878 азы уадзын райдыдта газет «Катехизаг таурæгътæ». Стыр зынтæй йын æнтыстис уыцы хъуыддаг: йæхæдæг куыд фыста, афтæмæй газетæн автор дæр уыдис, корректор дæр (уырыссаг мыхуыргæнджытæ ирон æвзаг нæ зыдтой, æмæ-иу Иосифы уыцы иу текст цалдæр хатты дæр бахъуыдис раст кæнын). Æдæппæтæй газетæй рацыдис 52 номыры, алы мæй дæр-иу мыхуыргонд æрцыдис куы дыууæ, куы æртæ, куы та цыппар номыры.

«Ирон газет»-ы фыццаг номыр рацыдис 1906 азы 23 июлы Дзæуджыхъæуы, Шуваловы типографийы. Газеты редакцийы уæнгтæ уыдысты зындгонд ирон фыссæг, поэт, æхсæнадон архайæг Гæдиаты Цомахъ, дохтыр Гæздæнты Дзыбын, Хъаныхъуаты Алмахситт, номдзыд ирон рухстауæг

Ӕмбалты Цоцко, Кочынаты Сабан ӕ.ин.

Кӕд ацы газеты царды фӕндаг даргъ нӕ рауадис – ӕдӕппӕтӕй дзы рацыдис фараст номыры – уӕддӕр йӕ кой уайтагъд айхъуыст, адӕм ыл цин кодтой, ӕхсызгонӕй йӕ кастысты. Газеты ӕрмӕджыты прогрессивон-демократон арӕзт тынг цыдис хуымӕтӕг адӕмы зӕрдӕмӕ дӕр ӕмӕ раззагдӕр интеллигенцийы зӕрдӕмӕ дӕр. Гӕдиаты Цомахъ фыста: «В осетинских селах и аулах все чаще и явственнее раздавалось: «Газету, свою газету!»... Это сознавалось большинством интеллигенции и частью служащих и рабочих-осетин... Поздно вечером в субботу 22 июля набор уже был закончен и сверстан... Перед типографией собралась изрядная группа людей, ожидающих выхода газеты... К полуночи был готов первый номер осетинской газеты. Воскресенье, 23 июля 1906 года — памятная дата для осетинской периодической печати... Недолго просуществовала «Ирон газет», но это первое посеянное зернышко дало прекрасный всход. В осетинской трудовой массе уже крепко засела мысль о воле, глубоко пустило корни стремление к культуре, к свету, к национальному росту».

Газет йе 'ргом здӕхта кусӕг адӕмы цардмӕ, йӕ тыхст ӕмӕ йӕ цинмӕ. Иттӕг разыйӕ фыста, ранӕй-рӕтты кусджыты советтӕ арӕзт кӕй цыдысты, уый тыххӕй. Газеты кусджытӕ рӕгъмӕ хастой ӕхсӕнады царды алыхызон цаутӕ, сидтысты сӕрибармӕ, адӕмты ӕхсӕн хӕлар цардмӕ.

Фӕлӕ газеты революцион ахаст ӕппындӕр нӕ цыдис хицауады зӕрдӕмӕ, ӕмӕ йӕ уайтагъд сӕхгӕдтой. «Ирон газет» та ногӕй мыхуыры цӕуын райдыдта 1917 азы.

1907 азы мартъийы мыхуыры цӕуын райдыдта дыккаг ирон газет – «Ног цард». 75 номыры хицӕн рубрикӕты ныхас цыди иттӕг ахсджиаг фӕрстытыл: хицауады бардзырдтӕ ӕмӕ литературӕ, ӕхсӕнадон-политикон фӕрстытӕ ӕмӕ хроникӕ, театралон аивад ӕмӕ медицинӕ, хъӕууон хӕдзарад ӕмӕ бӕстӕйы цард ӕ.а.д.

Дыууынӕм азты ирон мыхуыры хъуыддаг зынгӕ фӕцырддӕр ис, фӕзындысты ног газеттӕ: «Кермен» (1920 аз), «Рӕстдзинад» (1923 аз), «Хурзӕрин» (1924 аз) ӕ.ӕнд.

Ныртӕккӕ Цӕгат ӕмӕ Хуссар Ирыстоны ирон ӕвзагыл цӕуынц республикон газеттӕ «Рӕстдзинад» ӕмӕ «Хурзӕрин», районты газеттӕ (ирон ӕмӕ уырыссаг ӕвзӕгтыл), журналтӕ Мах дуг», «Фидиуӕг», «Ирӕф», «Ногдзау».

Публицистикӕйы хӕс у, ӕхсӕнадон ахадындзинад кӕмӕн ис, ахӕм хабӕрттӕ хъусын кӕнын, сӕ мидис сын ӕвзарын, фактты ӕмӕ фӕзындтӕн бӕлвырд аргъ кӕнын. Ома у культурон, политикон, ӕхсӕнадон-экономикон ахастыты стиль. Йӕ сӕйраг нысан – адӕмӕн ӕхсӕнадон информаци фехъусын кӕнын ӕмӕ сӕ цавӕрдӕр идейӕтыл, хъуыдытыл фӕцалх кӕнын, бӕлвырд архайдмӕ сӕ сразӕнгард кӕнын.

Иу ныхасӕй, публицистикӕ ӕххӕссы, алы адӕймаг дӕр цы фӕрстытимӕ сӕмбӕлы, ӕппӕт уыдоныл – ӕхсӕнады цард, экономикӕ, экологи, культурӕ ӕ. а. д. Уыимӕ публицистикӕ ӕрмӕст хъусын нӕ кӕны цавӕрдӕр цауты, хабӕртты, уавӕрты тыххӕй, – хъусӕгмӕ (кӕнӕ кӕсӕгмӕ) сӕвзӕрын кӕны ӕрмӕст хъуыдытӕ ӕмӕ тыхджын ӕнкъарӕнтӕ.

Публицистикон ныхас у логикон, фӕлгонцджын, ӕнкъарӕнджын, аргъгӕнӕг, истӕмӕ сидӕг. Пайда кӕны ӕхсӕнадон-политикон лексикӕйӕ, ӕгъдауы, этикӕйы, медицинӕйы, экономикӕйы, культурӕйы, психологийы ӕмбарынӕдтӕ ӕвдисӕг дзырдтӕй.

Публицистикон жанртӕ:

1) очерк, уац, фельетон, репортаж (газетон жанртӕ);

2) аналитикон программӕ, информацион хъусынгӕнинаг, диалог комкоммӕ эфиры (телеуынынады);

3) ӕмбырды раныхас, быцӕу (дебаттӕ), куывд, тӕрхоны раныхас (ораторы жанртӕ);

4) очерк, хъусынгӕнинаг, плакат, лозунг (рекламон).

Публицистикон ӕрмӕг ӕххӕст кӕны дыууӕ функцийы – информацион ӕмӕ экспрессивон. Зӕгъӕм, телеравдыстытӕ, газеты ӕмӕ журналы уацтӕ алывӕрсыгӕй ӕрдзурынц нӕ царды хабӕрттыл: пар-

ламенты хабæрттыл, хицауады экономикон программæтыл, алыхуызон цаутыл, фыдракæндтыл, æрвылбоны царды фæрстытыл æ. а. д. Цы хуызы нын æвдыст цæуынц уыцы цаутæ? Публицистикæ æрмæст сæ кой нæ кæны, фæлæ ма æргомæй æвдисы авторы (журналисты) хъуыды уыцы цауты тыххæй, йæ цæстæнгас, йæ мидуавæр, йе 'нкъарæнтæ. Ацы миниуæг хицæн кæны публицистикæ, зæгъæм, официалон-хъуыддагон информацийæ. Иннæ хицæндзинад та баст у уыимæ, æмæ публицист фыссы, фыццаджыдæр, йæ аудиторийæн цымыдисаг цы у, бæлвырд æхсæнадон къордтæн актуалон цы фæрстытæ сты, уыдоныл.

Публицистикон стилы æвзагон хицæндзинæдтæ.

**Лексикæйы**:

– клишетæ (экологион æдасдзинад, барадон паддзахад, фарст сæвæрын, уынаффæ рахæссын);

– эпитеттæ, метафорæтæ, абарстытæ (дуджы улæфт, рæстæджы домæнтæ);

– бæрзонд лексикæ æмæ хуымæтæг дзырдтæ (сфæлдисын, сфæлындын, хъылма, нынтъухын);

– æрбайсгæ дзырдтæ (мониторинг, спикер, маркетинг, имидж).

**Морфологийы**:

– фыццаг цæсгомы мивдисджытæ (ныхас арæх фæцæуы авторы номæй, ома фыццаг цæсгомæй);

– ивгъуыд цаутæ æвдисгæйæ, нырыккон афоны мивдисджытæй пайда кæнын;

– уæлахизон бæрцы æмæ тыхджындæргонд (интенсивон) формæйы миногонтæ (æппæты хуыздæр, иттæг ахсджиаг, цъæх-цъæхид).

**Синтаксисы**:

– фылдæр æмбæлынц хуымæтæг хъуыдыйæдтæ;

– номхуындон хъуыдыйæдтæ, уæлдайдæр сæргæндты (фæззыгон сагъæстæ; рагон хабæрттæ, фыдæлты таурæгъτæ);

– æнæххæст хъуыдыйæдтæ (зымæгмæ – цæттæ, ногæй та – æнæлыггонд фæрстытæ);

– бавæргæ арæзтытæ (…куыд фехъусын кодтой, афтæмæй, …куыд зæгъы, афтæмæй, …хъуыдымæ гæсгæ).

**Наукон стилæй** фыст цæуынц наукон журналты æмæ æмбырдгæндты уацтæ, монографитæ, диссертацитæ, энциклопедитæ, дзырдуæттæ, ахуырадон литературæ, наукон докладтæ, лекцитæ, конференциты раныхæстæ æ. æнд.

Ацы стилы сæйраг миниуæг у *логикондзинад*, хатдзæгтæ комкоммæ баст сты, тексты цы фактты кой ис, уыдонимæ. Хъуыдыйы райрæзт, йæ цыд æвдисынц фæрсдзырдтæ (*фыццаг, стæй, дарддæр),* бавæргæ дзырдтæ *(фыццаджыдæр, дыккаджы, æппынфæстаг, афтæмæй),* бæттæгтæ *(уымæн æмæ, цæмæй)* æ. æнд.

Æппæт наукон текстτæ дæр арæзт цæуынц иу схемæмæ гæсгæ: йæ бындуры ис тезис – ома бамбарын кæнын, аргументты руаджы ныффидар кæнын кæй хъæуы, ахæм хъуыды. Наукон текст кæддæриддæр фæвæййы хатдзæгæй.

Иннæ миниуæг – *бæлвырддзинад*. Наукон тексты мидис цæмæй бæлвырд уа, уый тыххæй автор дзырдтæй пайда кæны сæ комкоммæ нысаниуæджы. Тексты арæх æмбæлынц терминтæ æмæ æндæр сæрмагонд дзырдтæ, дзырдбæстытæ. Фæлæ ацы стилæн æцæгæлон сты æнкъарæнджын дзырдтæ, нывæфтыд-аивгæнæн мадзæлттæ (метафорæ, метоними, персонификаци æ.æнд.), алыхуызон стилистикон фигурæтæ, диалектизмтæ æ.а.д.

Алы наукон текстæн дæр характерон у *абстрактондзинад*. Уымæ гæсгæ дзы арæх æмбæлынц абстрактон æмбарынæдтæ æвдисæг дзырдтæ (ирон æвзаджы ахæм дзырдтæ фылдæр хатт арæзт цæуынц фæсæфтуантæ *–ад* æмæ *–дзинад*-ы фæрцы: *æмбарынад, бæлвырддзинад, æнкъарынад* æ. æнд.); алыхуызон схемæтæ, графиктæ, таблицæтæ, формулæтæ.

Наукон стилы ис грамматикон хицæндзинæдтæ дæр:

**морфологийы**:

– иууон нымæцæй бирæон нымæцы нысаниуæджы пайда кæнын (*Ирон радзырд æнгом баст у адæмон сфæлдыстадимæ*)

– арæхдæр æмбæлынц æнæххæст хуызы, нырыккон афоны мивдисджытæ (*Мивдисæг æвдисы архайд, дзуапп дæтты фæрстытæн цы ми кæнын? цы кæнын?);*

– миногмитæ, фæрссагмитæ, фæрссагмион здæхтытæй пайда кæнын (*Уæлдæр æвзæрст æрмæгыл æнцой кæнгæйæ, скæнæн ис ахæм хатдзæгтæ*…);

**синтаксисы**:

– хъуыдыйады мидæг дзырдтæн вæййы комкоммæ рæнхъæвæрд;

– тексты арæхдæр æмбæлынц вазыгджын хъуыдыйæдтæ;

– авторты арæх пайда кæнынц бавæргæ æмæ бахæсгæ арæзтытæй (*махмæ гæсгæ, æнæмæнг, растдæр зæгъгæйæ, иуæй, иннæмæй, ...хъуыдымæ гæсгæ*).

**Аивадон** стиль у аив литературæйы стиль. Ацы стилæй фыст текстæ æвдисынц авторы хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ, чиныгкæсæгмæ æвзæрын кæнынц алыхуызон æнкъарæнтæ, йæ цæстытыл ын уайын кæнынц цавæрдæр нывтæ.

Аивадон уацмысты авторты пайда кæнынц æвзаджы æппæт лексикæйы хъæздыгдзинæдтæй, алыхуызон стильты фæрæзтæй, се 'взаг у æнкъарæнджын, фæлгонцджын. Иннæ стильты (публицистикон, наукон, дзургæ ныхасы, официалон-хъуыддагон) аивадон уацмысты æххæст кæнынц алыхуызон хæстæ: иуæй, æмбæлынц цитатæты хуызы тексты мидæг, иннæмæй, бæлвырддæр кæнынц уацмысы архайджыты фæлгонцтæ, дæттынц сын бæлвырд характеристикæтæ, аннæмæй та вæййынц дуджы æвдисæнтæ.

Аивадон уацмыс, публицистикæйæ уæлдай, комкоммæ нæ дзуры адæймаджы, дунейы ахсджиаг фæрстытыл. Уый йе 'ргом аздахы, фыццаг бакастæй хæрз чысыл æмæ хуымæтæг чи зыны, царды ахæм фæзилæнтæм. Фæлæ уыцы «чысыл фæзилæнты» фæстæ фæлæууынц æхсæнады, дунейы, адæймаджы риссагдæр, арфдæр проблемæтæ.

Аив литературæйы тынг бирæ ис æрхъуыдыгонд уавæртæ, персонажтæ, архæйдтытæ æ. а. д. Ацы миниуæгимæ баст у аив литературон уацмысы сæйраг миниуджытæй иу – тыхджын æнкъарæнтæ, нывæфтыддзинад, фæлгонцджын ныхас.

Куыд иннæ функционалон стильтæн, афтæ аивадон стилæн дæр ис йæхи æвзагон миниуджытæ. Фысджытæ, поэттæ, драматургтæ ирон æвзаджы хъæздыгдзинæдтæй уæрæх пайда кæнынц. Уыдон агурынц, сæ хъуыды сын ирддæр, аивдæр, тыхджындæрæй чи равдисдзæнис, ахæм дзырдтæ. Уымæ гæсгæ ацы стилы арæх æмбæлынц синонимтæ, антонимтæ, бирæнысаниуæгон дзырдтæ, æнкъарæнджын дзырдтæ æ. æнд. Терминтæ æмæ æндæр сæрмагонд дзырдтæ ацы стилы æмбæлынц царды иуæй-иу сферæты бæлвырд уавæртæ æмæ фæзындтæ равдисыны тыххæй (зæгъæм, персонажы дæсныйад равдисынæн). Зæгъын хъæуы уый, æмæ, иннæ чиныгон стильтæй уæлдай, аив литературæйы æмбæлынц æрмæст литературон æвзаджы мадзæлттæ нæ, фæлæ ма хуымæтæг ныхасы æмæ дзургæ ныхасы элементтæ дæр. Уыдон нывæфтыддæр, ирддæр кæнынц аивадон ныхас.

**Дзургæ ныхасы стилæн** дæр йæ бындуры кæд литературон æвзаг ис, уæддæр иу-цасдæр иппæрд у иннæ функционалон стильтæй.

Кæд чиныгон стильтæ (наукон, официалон-хъуыддагон, публицистикон, аивадон) æмбæлынц, фыццаджыдæр, официалон уавæрты æмæ фысгæ хуызы, уæд дзургæ ныхасы стилæй та пайда кæнæм æнæофициалон уавæрты: бинонты æхсæн, æмгæрттимæ, æрвылбоны цардыуагон ситуациты, æнæофициалон профессионалон ахастыты æ.а.д.

Дзургæ ныхасы стилæн йæ ном йæ уæлæ ис – чиныгон стильтæй уæлдай, æвзаджы ацы хуызæй пайда кæнæм дзургæйæ. Фæлæ уый афтæ æмбарын нæ хъæуы, æмæ йын фысгæ формæ æппындæр нæй – спайда кæнæн дзы ис, зæгъæм, фыстæджы, адæймаг йæхицæн кæй фыссы, уыцы боныджы æ.а.д.

Иннæ стильтæй фыст текстимæ абаргæйæ, дзургæ стилы текстты уæлдай ирддæр зыны æвзаджы коммуникативон функци, ома адæмы æхсæн æмбастдзинад саразыны функци.

Дзургæ ныхас хонæм литературон æвзаджы дзургæ æдзæттæ формæ. Фæлæ уыцы æдзæттæдзинад алкæд æмхуызон нæ вæййы. Зæгъæм, дыууæ адæймаджы æнæнхъæлæджы куы фембæлой, уæд сæ

ныхас уыдзæнис бынтон æдзæттæ (ома рагацау нæ бацæттæ кодтой сæ дзуринæгтæ). Фæлæ æмбалмæ, хионмæ фыстæг куы фыссæм, уæд фыстæджы текстыл иуцасдæр ахъуыды кæндзыстæм. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы фыстæг æмæ аивадон текст сæ цæттæдзинадмæ гæсгæ кæрæдзийæ тынг дард лæууынц.

Дзургæ ныхасы стилы текстты сæйраг миниуджытыл нымад сты ахæмтæ:

– æнæофициалондзинад;

– ныхасы æдзæттæдзинад;

– æнæвербалон мадзæлттæй пайда кæнын: къухæвдыстытæй, мимикæйæ;

– ситуациимæ æнгом бастдзинад;

– æвзагон мадзæлтты хуымæтæгдзинад.

Дзургæ ныхасы сæйрагдæр у, «куыд дзурын», уый нæ, фæлæ, «цы дзурын», уый. Уымæ гæсгæ ацы стиль иннæтæй хицæн кæны йæхи сæрмагонд æвзагон миниуджытæй дæр.

***Фонетикæйы***: ацы стилы текстты ахсджиаг бынат ахсынц хъæлæсы уаг (интонаци), æрлæудтытæ (паузæтæ), ныхасы темп æмæ йæ ритм, логикон цавд. Аздахут-ма уе 'ргом уæхи ныхасмæ алыхуызон ситуацииты, зæгъæм, урок амонгæйæ, доклад кæсгæйæ, стæй урокты фæстæ æмбæлттимæ ныхас кæнгæйæ. Фыццаг уавæры уæ ныхасы хъæд уыдзæнис бынтон æндæр: алы мыр дæр дзурут æххæстæй, раст; уæ фразæтæ сты æххæст, æмбæлгæ уагыл арæзт; ныхасы темп та у рæстæмбис, цæмæй уæ хъуыды бамбарой æппæт ахуырдзаутæ дæр, уый тыххæй. Бынтон æндæр вæййы уæ ныхас æнæофициалон уавæры: хатгай дзырдтæ кæронмæ загъд не 'рцæуынц, кæнæ та цавæрдæр дзырд цалдæр хатты фæлхатгонд вæййы, ныхасы темп тагъддæр, цырддæр кæй у, уый тыххæй иуæй-иу мыртæ æрбайсæфынц, «аныхъуырут» сæ.

***Морфологийы***:

– цæсгомон номивджытæ *æз, ды, мах, сымах* тынг арæх цухгонд æрцæуынц, уымæн æмæ æмдзурджытæ хорз фæзонынц, ныхас кæуыл цæуы, уый;

– мивдисджытæ иннæ ныхасы хæйттæй арæхдæр æмбæлынц, уыимæ ивгъуыд æмæ суинаг афонты фылдæр æнæ цæсгомон кæрæттæй: æрбацыд, æрбацæудзæн, сбадт, ракаст, бахондзæн;

– сæрмагонд сидæн формæтæ: чызгай, усай, уæртæ лæппу, мæнæ лæг;

– арæх сты хайыгтæ (о, уæдæ, йæд, гъе), бавæргæ арæзтытæ (хæдæгай, æццæй нæ, æгонгæй);

– мивдисæджы фæдзæхстон здæхæны бæсты – бадзырдон здæхæн: бирæ кус – бирæ кусай, хорз цæр – хорз цæрай.

***Синтаксисы*** иттæг арæх сты:

– æнæххæст хъуыдыйæдтæ (Кæдæм? – Нæхимæ.);

– фарстон хъуыдыйæдтæ (Куыд у? Нæма цæуыс?);

– разæнгардгæнæн хъуыдыйæдтæ (Цомма! Тагъддæр!);

– бабæттæвазыгджын æмæ æнæбæттæг вазыгджын хъуыдыйæдтæ (стæмдæр хатт пайда кæнынц домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæй: Кæм уыди, уым æй нывæр. – Уым уыди, æмæ йæ нывæр.– Уым уыди, нывæр æй.)

Æркæсæм дзургæ ныхасы стилы текстмæ.

– Æгас цæуай, Бибо. Цы хур, цы къæвда дæ… Ауылты куы никуы цыдтæ.

– Фæзынд, мæ хур. Ауылты мæ чи ракодта, ахæм хъуыддаг фæзынд.

– Æвæццæгæн та дæ мады хойæн истытæ æххуыс кæнынмæ…

– Уæдæ йын цы бакæнон?

– Йæ фырттæ, мæ хур, хъæу сæ сæрмæ нал хæссынц… Цы арæзтай Екъоимæ?

– Деддæ йæ уæрдоны цалх рахауд, æмæ йын æй бакодтон. (Къæбысты Зауыр)

Диалогæй бæрæг у, дыууæ хорз зонгæйы кæй ныхас кæнынц, уый, ома ныхасы ситуаци официалон нæу, йæ темæ дæр – адæймаджы æрвылбоны цардæй ист. Диалоджы лексикæ иумæйагæй у нейтралон, фæлæ дзы ис хуымæтæг ныхасы дзырдтæ дæр (*арæзтай*, *деддæ*). Текст æнкъарæнджын кæнынц сидæн *мæ хур,* фразеологизм *цы хур, цы къæвда,* фарстон хъуыдыйад – риторикон фарст (*Уæдæ йын цы бакæнон?),* дзурæджы ахаст, аргъгæнæг фразæ (*хъæу сæ сæрмæ нал хæссынц*). Ныхасы уавæры хуымæтæгдзинад ирддæр кæны салам дæттыны хуыз *æгас цæуай* (*æгас цу*-йы бæсты), фарсты формæ

(*цы хур, цы къæвда*). Хъуыдыйæдтæн сæ фылдæр сты хуымæтæг, се 'хсæн ис æнæххæст хъуыдыйæдтæ (*Цы хур, цы къæвда дæ; фæзынд, мæ хур*), æртæ вазыгджын хъуыдыйадæй дыууæ сты бабæтгæвазыгджын, иу – домгæвазыгджын.

***Асаты Наталья,***
*филологон наукæты кандидат,*
*ЦИПУ–йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы доцент*

## ИРОН АЛÆМÆТЫ АРГЪАУЫ БОГАЛ-ХЪАЙТАРЫ ФÆЛГОНЦ

Ирон алæмæты аргъæутты иууыл ахадгæдæр къорд аразынц «æрдзон æгъдауæй чи нæ райгуырд, ахæм хъайтары» сюжетыл конд аргъæуттæ: «Æрдзон æгъдауæй чи нæ райгуырд, ахæм хъайтар», «Арсы фырт», «Гадзайы фырт», «Арсен», «Мæгуыр лæгæн арсы хъыбыл куыд райгуырд», «Æлдар æмæ Хæлын Барæг», «Ох-ох æмæ мæгуыр лæджы фырт», «Мæгуыр лæг æмæ ус» æмæ а.д.

Ранымад аргъæутты сæйраг архайæг у богал-хъайтар. Йæ сæйраг миниуджытæ – диссаджы равзæрд æмæ нæртон тых.

Богал-хъайтары диссаджы равзæрды æрфыстытæ сты алыхуызон. Зæгъæм, «Арсы фырт»-ы аргъауы ис бæлвырд æрфыст: арс кæйдæр чызджы аскъæфта æмæ сын иу азы фæстæ лæппу райгуырд. Фæлæ сывæллон æддаг бакастæй иннæ сывæллæттæй æппындæр ницæмæй хицæн кæны.

Æркæсæм æндæр аргъаумæ – «Мæгуыр лæгæн арсы хъыбыл куыд райгуырди». Аргъаугæнæг хъайтары æддаг бакасты кой нæ кæны, фæлæ, контекстæй куыд рабæрæг вæййы, афтæмæй иннæ адæмæй хицæн кæны. Арсы хъыбыл Калачы паддзахы чызджы курынвæнд куы скодта, уæд йæ мæгуыр фыд катайы бацыд: «Уæ, туг ныууара мæ хæдзарыл, æмæ адæм дæ уындæй лидзгæ куы кæнынц!.. Мæнæ мæ уæлæ хæдон скæнын куы нæ фæразын…». Паддзах фæстагмæ сразы ис йæ чызджы раттыныл, фæлæ йын йемæ арвыста салдæтты æмæ сын бафæдзæхста: «Ацæут сымах, æмæ-иу уатмæ куы ацæуой, уæд сæм хъусут. Кæд дзы йæ зæрдæ ницæмæй рухс кæна, æмæ йæ, мыййаг, тона æмæ æргæвда, уæд цъæхахст кæндзæн чызг, æмæ-иу басæттут дуæрттæ».

Ахæм хуызы æвдыст у хъайтары диссаджы равзæрд адыгъейаг («Батыр, сын медведя») æмæ скæсæйнаг-славяйнаг («Иван Медвежье Ушко») аргъæутты дæр. Хицæндзинад ис уый мидæг, æмæ уæлдæр ранымад адæмты аргъæутты хъайтарæн фылдæр хатт вæййы «арсы хъустæ», «арсы дзæмбытæ», ирон аргъауы та, уæлдæр куыд загътам, афтæмæй ацы элемент нæ разынд.

Фæстæдæр ацы мотив раивы æндæрæй: сывæллоны радавы æмæ йæ хъомыл кæны цавæрдæр сырд, цæрæгой кæнæ та уæйыг. «Мæгуыр лæг æмæ ус»-ы аргъауы хъайтар у, мæгуыр лæг æмæ ус рагæй кæмæ

æнхъæлмæ кастысты, ахæм сывæллон. Ныййарджыты фæндыди скæнын сæ иунæгæн авдæн хорз хъæдæрмæгæй. Ацыдысты хъæдмæ, сывæллоны иу бæласы бын ныууагътой, æмæ сын æй уырдыгæй арс ахаста.

«Хуыгæсы фырт»-ы аргъауы дæр лæг æмæ ус сывæллонимæ хъæдмæ рацыдысты, иу бæласы бын æй ныууагътой, сæхæдæг кæрдæджытæ æмбырд кæнын райдыдтой. Фæстæмæ куы ‘рбаздæхтысты, уæд сывæллоны нал ссардтой: «…Бæрзонд хохы цъуппыл фидары царди уæйыг. Цуан кæнынмæ-иу æрцыди хъæдмæ æмæ иу бон бæласы бын сывæллоны ссардта. Сцин кодта йæ ссарæггагыл æмæ йæ хæдзармæ схаста».

Кæсæм «Арсен»-ы аргъауы: «Лидзы размæ заргæйæ Арсен. Уæд æм къутæрты æхсæнæй рагæпп ласта арс, фæлæбурдта йæм æмæ йæ хъæдмæ ахаста».

Уæлдæр ранымад аргъæутты сырд, цæрæгой кæнæ уæйыг хъайтары давгæ ракæны, фæлæ вæййы афтæ дæр, æмæ суинаг хъайтар йæ хъомылгæнæгмæ бахауы йæ ныййарджыты фæндонæй. Фылдæр хатт уыдон вæййынц мæгуыр адæм: «Стонг аз скодта, адæм хорхъуаг систы, цы хордтаиккой, уый нал уыди. Лæг умæ ус дæр тæрсын байдыдтой хорхъуагæй. Иу бон зæронд лæг дзуры йе ‘фсинмæ:

– Фæндаггаг ракæн: æз цæуын балцы, хонын нæ иунæг бындары, – чи зоны, кæд æй исчи бауромид стонг заманы. Хæцæг ыл куы нæ фæуа, уæд æй ауæй кæндзынæн: кæд йæхæдæг дæр аирвæзид, стæй ма дзы мах дæр кæд исты фос фæкæниккам» («Охох æмæ мæгуыр лæджы фырт»). Мæгуыр лæджы хъæстытæм байхъуыста уæйыг, уæд ын афтæ зæгъы: «Дæ фырты мæм ныууадз иу аз, æз æй алы кæлæныл сахуыр кæндзынæн».

Абхазаг «Къниазы æртæ фырты аргъау»-ы хъайтар у саджы хъан: «Уыцы бæстæйы иу цавæрдæр сылгоймагæн райгуырди фаззæттæ. Дыууæ сывæллоны схæссын йæ бон нæ уыд, æмæ дзы иуы хъæды ныууагъта. Уыцы хъæды та цардысты сагтæ. Иу хъуазæн йæ лæппын амард, æмæ йæ бæсты схаста, хъæды астæу цы æнахъом, æвæгæсæг лæппуйы ссардта, уый.

Адыгъейаг аргъау «Домбайы фырт Асłануко»-йы хъайтар цæры лæгæты, «мады рæвдыд» кæмæй базыдта, уыцы сыл домбаимæ.

Куыд загътам, афтæмæй ирон алæмæты аргъауы суинаг бæгъатыры хъомылгæнæг вæййы уæйыг. Фылдæр хатт уый æнæзæнæг лæг æмæ усæн ратты диссаджы фæткъуы (кæнæ та æртæ фæткъуыйы), æмæ уыдоны руаджы сылгоймагæн райгуыры æртæ фырты. Сывæллæттæй иуы уæйыг домы йæхицæн: «Ууыл ма хъыг кæн, æз дын ратдзынæн фæткъуы, æмæ йæ дæ бинойнаг куы бахæра, уæд дын райгуырдзæн æртæ лæппуйы. Фæлæ мæм ис ахæм домæн: дæ лæппутæй иу хъуамæ раттай мæнæн» («Æлдар æмæ йæ кæстæр фырт»).

«Æлдар æмæ Хæлын Барæджы» аргъауы хъайтар дæр райгуыры диссаджы фæткъуыты руаджы: «…Хæлын Барæг æрбахаста æлдарæн æртæ фæткъуыйы æмæ дзуры:

– Ацы фæткъуытæ дæ хæдзары æфсинæн бахæрын кæн, æмæ дын æртæ лæппуйы райгуырдзæн. Æрмæст мын дзырд ратт, куыд мын уыцы æртæ лæппуйæ иу саккаг кæндзынæ».

Хъайтары равзæрд дисаджы фæткъуыты руаджы зындгонд у æндæр адæмты аргъæуттæн дæр. Зæгъæм, адыгъейаг аргъау «Уæйыджы хъан»-ы уæйыг æнæзæнæг лæг æмæ усæн радта дисаджы фæткъуытæ, фæлæ сывæллæттæй иуы йæхицæн домы: «Ацы цыппар фæткъуыйы дæ бинойнагимæ куы бахæрат, уæд уын уыдзæн цыппар фырты, се ‘ппæты кæстæры мæнæн хъанæн ратдзынæ».

Фылдæр хатт уæйыг кæнæ сырд тынг æнувыдæй хъомыл кæны сывæллоны, уæлдай нæу – давгæ йæ ракæны, æви йæ йæ ныййарджыты разыйæ рахæссы. Цæмæй лæппу нæртон богал суа, уый тыххæй йын уæйыг хæрын кæны буц хæринагтæ: «Уæйыг сырды магъзæй схаста лæппуйы» («Уæйыджы хъан»); «Ном ыл сæвæрдта Асæго æмæ йын хæрын кодта саджы æмæ хъæддагхуыйы стæджы магъз» («Асæго»); «…уæд ын фысы фыд æрбахæссы арс, уæд та йæ саджы фыдæй æфсады» («Арсен»).

Адыгъейаг аргъауы дæр арс тынг хорз зилы йæ хъанмæ: «…оленьим мозгом и костным жиром» («Батыр, сын медведя»).

Рæстæгæй-рæстæгмæ уæйыг фæлвары йæ хъомылгæнинаджы тых: «Иу бон арс ракодта Арсены лæгæтæй æмæ йын йæ тых фæлварыны фæнд скодта. Лæгæты раз цы бæлæстæ уыд, уыдон ын тасын кæнын кодта, фæлæ Арсены къухы ацы хæс нæ бафтыд». Рацыди рæстæг. Уæйыг тынгдæр зилын байдыдта лæппумæ, æмæ уæд: «Арсен бацыди бæлæстæй иумæ, æрбатыхст ыл, æд уидæгтæ йæ сæппæрста æмæ йæ иуварс фехста. Афтæмæй фæд-фæдыл бæлæстæ фæйнæрдæм фæкалдта.

Ацы хъуыддагыл арс зæрдиагæй бацин кодта» («Арсен»).

Ахæм фæлварæн бавзары адыгъейаг аргъауы хъайтар дæр: «К большой чинаре подвел и сказал:

– Потяни, вырви, переверни и посади верхушкой.

Батыр потянул большую чинару, вырвал, перевернул и посадил верхушкой.

– Вот теперь ты мужчина, – сказал медведь» («Батыр, сын медведя»).

Уымæй уæлдай, Кавказы адæмты алæмæты аргъæутты богал-хъайтар йæ фыды (йæ мады кæнæ йе ‘фсымæрты) фесæфты кæнæ амæлæты фæстæ куы райгуыры, уый дæр йæ æнахуырдзинадыл дзурæг у.

Аргъаугæнæг æрдзуры хъайтары райгуырд æмæ йæ сабийы бонтыл. Бахахх кæны, хæрз чысылæй дæр уæйыгон тых æмæ хъаруйы хицау кæй уыд, уыцы миниуæг. Æмгæрттимæ ерысты æдзух уæлахиз кæны, æмæ йын уыдон бауайдзæф кæнынц, йæ фыды (мады кæнæ æфсымæрты) хъысмæт кæй нæ зоны, уый. Лæппу ацы хъуыддаг базоныны тыххæй йæ мадмæ тæвд хæринагæй февзиды. Маст райсыны тыххæй дард балцы рараст вæййы («Мæгуыр зæронд усы иунæг фырт», «Æрæджиау æмæ йæ авд æфсымæры», «Ханы æртæ фырты аргъау», «Расти фæстаг нæ сæфуй»).

Зæгъын хъæуы уый, æмæ ацы æрфыст алæмæты аргъауæн æмæ Нарты кадджытæн иумæйаг у («Æхсар æмæ Æхсæртæг», «Хæмыц æмæ Уырызмæг»).

Нарты кадджытæ æмæ алæмæты аргъæуттæ æнгæс сты ахæм эпизодты: суинаг хъайтары нæртон тых кæм раргом вæййы, уыцы хъæзтыты æрфыст; йæ мадмæ тæвд хæринагæй куыд æвзиды; йæ фыды бæхы куыд бадомы – ома, йæ бæгъатырон миниуджытæ иууыл ирдæй кæм рабæрæг вæййынц, уыцы эпизодты. Хицæндзинад ис уый мидæг, æмæ эпикон хъайтар ссары йæ фыды, йæ маст райсы – æмæ уыйадыл таурæгъ фæвæййы.

Алæмæты аргъауы ацы эпизод æмбæлы, фыды сæфтыл кæм цæуы ныхас, канд уыцы текстты нæ, фæлæ ма хотæ, мады кæнæ æфсымæрты сæфтыл кæм дзырдæуы, уыдоны дæр.

Хицæндзинад ма ис уый мидæг, æмæ, уæлдæр куыд загътам, афтæмæй эпикон хъайтары нысан у йæ фыды ссарын, æмæ маст райсын. Аргъауон хъайтар йæ фыды (мады, æфсымæрты) агурæг куы фæцæуы, уæд дзы, зæгъæн ис, æмæ йæ балцы нысан «ферох вæййы». Ахæм хъайтар бæрæггонд цæуы куыд типикон аргъауон хъайтар, æмæ уымæ гæсгæ ацы эпизод фылдæр хатт контаминацигонд фæцæуы алыхуызон аргъауон сюжеттимæ.

Ирон алæмæты аргъауы богал-хъайтартæ хæрз чысылæй цы æнахуыр тых равдисынц, уый сын иумæйаг æууæл у: «Уалынмæ лæппу йæхи айвæзта æмæ ратыдта авдæны æппæт бæттæнтæ дæр» («Идæдзы фырт»); «Уæд Алымбег быцæу слæууыд къæхтæ æмæ къухтæй авдæныл æмæ йæ фæрстæ цыппарырдæм фæтахтысты» («Алымбеджы фырт Алымбег»).

Ахæм хуызы æвдыст цæуы саби-хъайтары тых адыгъейаг аргъауы дæр: «Лямки колыбели разорвал и, плача, во двор выбежал» («Сказка о Пакаже»).

Дзидзидай хъайтары тыхы æрфыст иумæйаг у алæмæты аргъауæн æмæ Нарты эпосæн: «Лæппу йæхи айвæзта авдæны мидæг, авдæнæн йæ иу фарсы фæйнæг раппæрста, æмæ фæйнæг денджызы сæмбæлдис – денджыз хæрз хуыскъ ацис, йе ‘ннæ фарсы фæйнæг хъæды сæмбæлдис, æмæ хъæд цъæх арт суагъта, йæ нывæрзæны фæйнæг та Сау хохыл сæмбæлдис, æмæ Сау хох фæлæбырдтытæ ис; йæ дæлфæдты

фӕйнӕг та Урс хохыл сӕмбӕлдис, ӕмӕ уый дӕр фӕлӕбырдтытӕ ис» («Ацӕмӕз ӕмӕ Насран-ӕлдар»).

Уымӕй уӕлдай ма суинаг хъайтары тых рабӕрӕг вӕййы йе 'мгӕрттимӕ хъӕзтыты дӕр: «Уайтагъд фӕбӕрӕг, Ӕрӕджиау лӕггаг кӕй уыдзӕн, уый. Дугъы йӕ разӕй ничи кодта, хъӕбысӕй йӕ ничи бырста, дур дарддӕр никӕмӕн хауди, фатӕй йе 'мгар сабитӕй уый хуызӕн рӕстдзӕф нӕ уыди» («Ӕрӕджиау ӕмӕ йӕ авд ӕфсымӕры»).

Хъайтары бӕгъатырон хъӕзтыты ӕрфыстыл ӕмбӕлӕм Нарты кадджыты дӕр: «Хӕмыц ӕмӕ Уырызмӕг фӕйнӕ милмӕ фехстой лӕугӕйӕ 'мӕ нарты лӕппуты амбылдтой… Дыккаг бон райдыдтой уӕхскхӕстӕй хӕцын. Хӕмыц ӕмӕ дзы Уырызмӕджы ничи 'мбылдта…» («Хӕмыц ӕмӕ Уырызмӕг»); «Цӕйут, ныр та нӕ фӕттӕ бавзарӕм! – загътой Нарты фӕсивӕд, бирӕ куы фӕсимдтой, уӕд. Мысан ӕрӕвӕрдтой, ӕхсынтӕ байдыдтой. Нарты фӕсивӕдӕй цӕуылнӕ разындаид рӕстдзӕвинтӕ. Фӕлӕ дзы Сосланы хуызӕн иу дӕр нӕ фесгуыхт фатӕй: уыцы иу ран ӕмбӕлдис йӕ фат алы ӕхстӕн дӕр…

– Ӕххӕст ма бавзарӕм нӕ тых дӕр, – загътой Нарты фӕсивӕд. – Цомут фурды былмӕ!.. Уӕд Сослан, рӕгъауы стырдӕр нӕ уыди, ахӕмы сыкъатыл ныххӕцыд ӕмӕ йӕ фехста фурды сӕрты – уӕныг фурды иннӕ фарс сӕмбӕлд. Басаста Хъазӕн фӕзы Нарты фӕсивӕды Сослан» («Сослан-тыхагур»);

«Батырадзы хъӕзтытӕ сывӕллонӕй»: «Кӕсы (Батырадз) – уынджы Нарты сывӕллӕттӕ кӕнынц сӕ нӕртон хъӕзтытӕ. Нал сӕм фӕлӕууыд Батырадз ӕмӕ семӕ хъазын байдыдта. Уайтагъд уынг цъӕхахст ӕмӕ ӕрдиагӕй байдзаг ис – йӕ цонгыл-иу кӕмӕн фӕхӕцыд сывӕллӕттӕй Батырадз, уымӕн-иу йӕ цонг атыдта, кӕй-иу фесхуыста, уымӕн-иу йӕ зӕнг фӕмур ис. Уынг фӕдис сси иууылдӕр».

Ахӕм хуызы ӕвдыст цӕуынц адыгъейаг аргъауы хъайтары хъӕзтытӕ дӕр: «Потом, соблазнившись, сам вошел в игру. Но за кого бы ни взялся он в игре, одному вывернул руки, другому помял бока» («Чечаноко Чечан»).

Спортивон хъӕзтытӕ ӕмӕ ерыстӕ ахъаззаг бынат ахстой Гомеры заманы эллинты царды. Фӕстӕдӕр фӕзындысты Спартӕйы дӕр. Польшӕйаг ахуыргонд Л. Винничук куыд фыссы, афтӕмӕй: «Спорт уыд ӕрыгон гражданин хъомыл кӕныны формӕ, цӕмӕй уыдаид фидар, ныфсхаст, ӕгъдауылхӕст, уӕззау куыст ӕмӕ зынтӕн фӕразон, йӕ хъуыддӕгтӕн дзуапдӕттӕг, – ахӕм миниуджытӕ йӕ хъуыдысты хӕсты дӕр ӕмӕ сабыр царды дӕр» [1, 386]. Афтӕ уыд Ромы дӕр. Спорт ӕцӕгӕлон нӕ уыд скифтӕ ӕмӕ алантӕн дӕр. Ромаг историк Помпей Трог фыста скифты тыххӕй: «Уыдон сты иттӕг фӕразон куыстыты ӕмӕ хӕсты, бӕрӕг дарынц диссаджы уӕнгты хъаруйӕ» [4, 41]. Афтӕ загъы Аммиан дӕр алантӕй: «Все они, благодаря разнообразным упражнениям, являются хорошими воинами» [3, 35]. Ӕнӕ фӕлтӕрӕнтӕй та хорз хӕстон суӕвӕн нӕй. Уыимӕ ма спортивон хъӕзтытӕ ӕмӕ ерыстыл суинаг хӕстон хъуамӕ фӕцахуыр уыдаид хӕрз гыццылӕй, уымӕн ӕмӕ нӕ фыдӕлтӕ ӕдзух хӕстон ӕмӕ фӕдисон уавӕры уыдысты.

Ирон алӕмӕты аргъауы ӕрыгон хъайтары ӕнахуыр тых ӕмӕ сӕрӕндзинад раргом вӕййынц, йӕхицӕн бӕх куы февзары, уӕд дӕр: «Сифтонг кодта йӕхи Ӕрӕджиау, бӕхыл саргъ сӕвӕрдта ӕмӕ йыл сбадт. Бӕх тӕрхъусау кафын систа Ӕрӕджиауы бын. Уӕд та йӕ куы иуырдӕм аздахы кӕрты, куы – иннӕрдӕм. Бӕх маргъау атӕхы сындз ӕмбонды сӕрты, фӕстӕмӕ дӕр. Куы бамбӕрстой кӕрӕдзийы бӕх ӕмӕ барӕг, уӕд барӕвдз кодта Ӕрӕджиау йӕхи балцмӕ… Сбадт та бӕхыл ӕмӕ йын ахӕм гӕрах ныlласта ехсӕй, ӕмӕ армӕй чъепс, бӕхы агъдӕй та уафсаг фесхъиудта» («Ӕрӕджиау ӕмӕ йӕ авд ӕфсымӕры»); «Уӕд къулбадӕг усы фырт ахӕм цӕлхъытӕ ныккодта йӕ бӕхӕн, ӕмӕ мӕсыг йӕ бынӕй йӕ сӕрмӕ банкъуысти» («Хӕтӕг Барӕг»); «Уыциу сӕррӕттӕй бадт бафӕрӕзта бӕхыл, авд хатты ӕрзылд мӕсыджы алыварс, стӕй арвау нӕргӕ, калмау ӕхситгӕнгӕ афардӕг балцы» («Сарты фырт»).

Ахӕм сӕрӕндзинадӕй хайджын сты Нарты кадджыты бӕгъатыртӕ дӕр: «Лӕппу дуар бакодта; кӕсы, ӕмӕ ма бӕхӕн

йæ дыуუæ хъусы зынынц фаджысæй. Февнæлдта йын йæ къахмæ, афтæмæй бæхы дуармæ радавта, сæнычча давд…

Бæх лæппуйы иу æхст фæкодта уæлармæ – лæппу хæсты нæмыг феста-дис æмæ бæхы дæларм амбæхсти; дыккаг æхст ын фæкодта дæлдзæхмæ – æмæ лæппу саргъæй базы астæу амбæхсти» («Ацæмæз æмæ Насран-æлдар»).

Ахæм хуызы февзары йæхицæн бæх адыгъейаг аргъауы æрыгон хъайтар дæр: «…и зашел в конюшню, перебивая ударом кулака спинные хребты коням иныжей, дошел до последнего коня с краю. Ударил и его кулаком, но не смог перебить его хребет.

– Этот конь – подходящий для меня, – сказал юноша» («Курджимуко Лаурсен»).

Аргъауон хъайтары æнахуыр тых йæ иу фезмæлдæй дæр рабæрæг вæййы: «Лæппу бæхы фæрстæ æрбалхъывта æмæ йæ (бæхы) дзыхæй туг скалд. Уайтагъд бæх лæппуйæн басасти» («Рæстдзинад нæ фесæфдзæн»).

Ахæм æнахуыр тыхы хицау у Нарты кадджыты богал-хъайтар Батырадз дæр: «Уалынмæ, сæ цыды кой кæнгæйæ, лæппу æрбалвæста бæхы фæрстæ йæ уæрджытæй. Бæх ныццудыдта, æмæ туджы къуыбæрттæ скалд йæ хъæлæсæй» («Хæмыцы фырт Батырадз æмæ Деденæджы фырт Арæхдзау»).

Аргъаугæнæг æнæнхъæлæджы нæ бахахх кæны, аргъауон хъайтар йæхицæн аккаг бæх кæй агуры, уый. «Главным боевым товарищем героя, его помощником во всех его подвигах … является богатырский конь. Дружба между богатырем и его конем – одна из самых распространенных тем мирового эпоса. У кочевых и полукочевых народов роль коня как спутника и боевого товарища героя особенно значительна» [2, 67].

Хъайтары æнахуыр тыхы æрфысты æнæмæнг у йæ хæрды гиперболон æрфыст. Уыимæ ма гиперболæ баиу вæййы, хъайтар йæхи куыд налат æмæ къæйныхæй равдисы, стæй хылкъахæн митæ куыд фæкæны, уый æрфыстимæ дæр: «Уалынмæ æхсæвæр дæр сцæттæ. Ацыдысты фараст уæйыджы, скъахтой æнæхъæн быркуы сæн, хæдзармæ йæ æрбахастой æмæ йæ æрæвæрдтой артдзæсты фарсмæ.

Астан сæм дзуры:

– Цы ’рбахастат, уый та циу?

– Уый у сæны быркуы.

– Æмæ йæ фенынмæ æрбахастат? – фестад æм æмæ йæ ахуыпп кодта иу къусау. Йæхæдæг быркуыйы баппæрста къуыммæ» («Хъараман-паддзах»); «…гыццыл Уылынг бацыд уæйгуытæм лæгæтмæ зынггур. Æхсæз уæйыджы бадтысты артæн йæ алыварс. Уæларт та фыхтис æхсæвæр – æнæхъæн саджы дзидзатæ. Уылынджы дæр сбадын кодтой фынгыл семæ хæрынмæ, фæлæ сæм уый сдзырдта:

– Æз – æрдæг лæг – æмæ мæ фаг дæр куы нæу уæ хæринаг. Раттут мын зынг, кæннод уын уе ‘хсæвæр бахæрдзынæн» («Уылынг»); «Бирæ нæ бафæстиат сты: æхсæвæр уайтагъд рафыхт, æмæ хæрынил æрбадтысты. Æрæджиау фæцырд æмæ урæг йæхи фæкодта уæйыджы хæдзары. Фыдтæ хæргæ, стджытæ уæйыгæн æппаргæ, «адон та дзы дæу», зæгъгæ» («Æрæджиау æмæ йæ авд æфсымæры»).

Куыд федтам, афтæмæй ирон алæмæты аргъауы архайджыты сæйраг хæринаг у дзидза. Уый баст у нæ фыдæлты цардыуагимæ. Историйæ куыд зонæм, афтæмæй нæ рагфыдæлтæ цуанæй цардысты. Уыимæ ма: «У нартов часто были недороды, не хватало хлеба… Хлеба ели весьма мало. Главной пищей было мясо» [2, 67].

Иууыл ирдæй богал-хъайтары тых раргом вæййы знæгтимæ хæсты. Фæбæрæг кæнын хъæуы уый, æмæ бирæ хатт аргъаугæнæг ацы хæст бæстонæй равдисы: «Уæйыг йæхи ныццавта Æрæджиауыл. Хъæбысæй-хъæбысмæ фесты. Хæцынтæ систой. Æрбалвасынц кæрæдзийы; куы иу, куы аннæ хæрдмæ сисы йæ хæцæг æмбалы.

Уалынмæ уæйыг Æрæджиауы æрцавта. Æрæджиау йæ уæрджытæм аныхст. Æрæджиау йæхи стоны зæххæй, æмæ уæйыг йæ уæрджытæм аныхсы. Уый фæстæ лæппу асагъд йæ астæумæ. Йæхи стыдта Æрæджиау.

Цас фæхæцыдаиккой, чи зоны, фæлæ фæстагмæ уæйыг стайын байдыдта. Æрæджиау æй иу фæзылдæн афтæ æрцавта, æмæ уæйыг афардæг зæххы

йӕ дӕлӕрмттӕм. Схӕц-схӕц ма бӕргӕ кӕны, фӕлӕ ницыуал, йӕ тых асаст. Уӕд Ӕрӕджиауӕн йӕ фыды кард ферттивы, ӕмӕ уӕйыджы сӕр зӕххыл атылди» («Ӕрӕджиау ӕмӕ йӕ авд ӕфсымӕры»).

Фӕлӕ вӕййы афтӕ дӕр, ӕмӕ нын аргъаугӕнӕг цыбырӕй радзуры, хӕст цӕмӕй фӕци, уый: «Мӕгуыр лӕджы фырт уӕйыджы абырста. Ралыг ын кодта йӕ сӕр, раласта йын йӕ пысултӕ, бабаста сӕ бӕхы фӕсарц. Сласта йӕ ӕмӕ йӕ бабаста скъӕты» («Мӕгуыр лӕджы ӕртӕ лӕппуйы аргъау»).

Ирон алӕмӕты аргъауы богал-хъайтар канд уӕйыгимӕ нӕ фӕныхӕй-ныхмӕ вӕййы, фӕлӕ кӕфхъуындаримӕ дӕр: «Лӕппу дзуры кӕфхъуындармӕ:

– Рацу ӕмӕ дӕ хъалон айс!

– Уым ӕй ӕрӕвӕр, – дзуры кӕфхъуындар.

– Арт дӕ къонайы! Мӕ фӕдыл цӕуы чызг фӕстӕмӕ! – дзуры йӕм Сарты фырт.

Уӕд кӕфхъуындар йӕ сӕр адардта ӕмӕ йын ӕй лӕппу ралыг кодта» («Сарты фырт»); «Кӕфхъуындар хӕрдмӕ стахти. Цъиусур гыццыл цъиутыл йӕхи куыд ӕруадзы, афтӕ Сау Ӕлдары фыртыл йӕхи ӕруагъта.

Лӕппу йӕ фатдонӕй фат фелвӕста ӕмӕ дзы кӕфхъуындары фехста. Фат кӕфхъуындары дзыхы бахауд ӕмӕ дзы иннӕрдӕм ахызт. Зӕххыл ӕрхауд ӕмӕ дзы иннӕрдӕм ахызт. Зӕххыл ӕрхауд кӕфхъуындар. Лӕппу йӕ фыды цирхъ фелвӕста, кӕфхъуындары дзы лыстӕг кӕрдихтӕ скодта ӕмӕ сӕ кӕрӕдзийы сӕрыл самадта» («Авдсӕрон урс уӕйыг ӕмӕ залиаг калмы аргъау»).

Нарты кадджыты хъайтарты бӕгъатырон тых дӕр рабӕрӕг вӕййы знагимӕ хӕсты: «Йӕ зарӕг конд фӕци Уырызмӕг, афтӕ Батырадз хӕдзары смидӕг ис, тарваз ратыдта, ӕмӕ, – дӕ балгъитӕг афтӕ, – уӕйгуыты фыдӕй, фыртӕй ныттӕбӕкк кодта» («Батырадз ӕмӕ сохъхъыр уӕйыг Ӕфсӕрон»); «(Батырадз) ӕрбынӕй кодта Уӕйыджы, йӕ сӕр ын фӕлыг кодта, михыл ӕй бакодта, бӕрзонд ӕй систа ӕмӕ йӕ ӕрбахӕссы Нартмӕ» («Нарты Батырадз ӕмӕ Хъулонзачъе уӕйыг»).

Ахӕм хуызы ӕвдыст цӕуы хъайтары лӕгӕй-лӕгмӕ хӕст знагимӕ ӕндӕр адӕмты аргъӕутты дӕр. Зӕгъӕм, абхазаг аргъауы: «Они с Пычей схватились и стали бороться. Адауы поднял Пычу и всадил в землю по колени. Пыча собрался с силами и всадил адауы по грудь. Адауы выскочил из земли и всадил Пычу до пояса, но Пыча быстро выскочил, всадил адауы по горло и снес ему голову» («Пыча и Куча»); адыгъейаг аргъауы: «Юноша сошел с коня, подошел, и теперь они встали лицом друг к другу. Теперь был черед бляго. Протянув руки и взяв юношу в охапку, бляго вбил его в землю по колени.

Когда пришел черед юноши, он взял бляго и, высоко подняв, решительно вбил его в землю. Загнал бляго по бедра. Бляго разозлился и загнал его по бедра. Юноша убедился, что если не приложит все силы и все свое умение, то игра ничем хорошим не кончится. Настала очередь юноши. Высоко поднял юноша бляго, вбил его в землю по пояс. Бляго схватил юношу в третий раз, вогнал его в землю почти по пояс. Юноша протянул руки, взял бляго и, приложив последние силы, вбил противника до шеи, чтобы он не смог освободиться» («Сказка о пшитле»).

Ирон алӕмӕты аргъауы богал-хъайтарӕн бантысы йе знӕгтыл фӕуӕлахиз уӕвын. Уыимӕ ма вӕййы афтӕ дӕр, ӕмӕ йын уӕйгуытӕ ӕнӕ сыбырттӕй лӕггад кӕнынц: «…ацыдис та лӕппу хуым кӕнынмӕ. Фӕзындысты йӕм уӕйгуытӕ. Лӕппу йӕ галтӕ феуӕгъд кодта, уӕйгуытӕм фӕлӕбурдта ӕмӕ сӕ радыгай изӕрмӕ хуым фӕкодта, уый фӕстӕ сӕ уӕрдоныл сифтыгъта ӕмӕ ӕлдары хӕдзармӕ рараст ис» («Мӕгуыр лӕг ӕмӕ ус»).

Аргъауон хъайтары знаг свӕййы Уыдисны рихи – Уылынг лӕг дӕр: «Уӕд та дын Уылынг дӕр абадти ӕнӕ саргъӕй йӕ бӕхыл ӕмӕ йӕ сурын байдыдта. Лӕппуйы фӕндыди, цӕмӕй удӕгасӕй ма ныууагътаид Уылынг лӕджы ӕмӕ йӕм ӕрурӕдта, йӕ бӕхӕй йӕ ныфс кӕм уыд, уымӕ гӕсгӕ.

Куыддӕриддӕр ӕм ӕрбахӕццӕ Уылынг лӕг, афтӕ йӕ лӕппуйы бӕх нырриуыгъта, ӕмӕ Уылынг лӕг ӕд бӕх лыстӕг

згъæлæнтæ ныцци» («Уыдисны рихи – Уылынг лæг»).

Уылынг лæгимæ тох кæны адыгъейаг аргъауы богал-хъайтар дæр: «Озредж коварный, рассвирепев, вскочил, выдернул одну волосинку из бороды, чтобы связать Батыра. Но Батыр схватил его за бороду, вытащил из шалаша и привязал за бороду к дереву» («Батыр, сын медведя»); абхазаг аргъауы хъайтар дæр: «Бородач хотел, было, связать молодого адауы, но тот схватил бородача, положил себе под мышку и прижал. Потом он согнул дерево, надломил его, всунул бородача в трещину и отпустил дерево. Оно выпрямилось и зажало бородача» («Молодой адауы»).

Ирон алæмæты аргъауы богал-хъайтар сæххæст кæны æртæ (фондз) зынæххæстгæнæн хæсы. «Æрхуы мæсыджы бадæг Бурчызджы» аргъауы хъайтар «алæмæты кæрц» ссарыны тыххæй хъуамæ бакæна ахæм хъуыддæгтæ:

маст суадоны сæрты ахизын;

маст фæткъуытæ бахæрын;

æфсæндзых хъæрццыгъатыл фæуæлахиз уæвын;

тугдзых бирæгъты бафсадын;

æфсæн дуарыл бахизын.

Йæ алыхуызон сгуыхтдзинæдтæ богал-хъайтар сæххæст кæны йæ æнахуыр тыхы руаджы. Фылдæр хатт ын вæййы æххуысгæнæг æмæ зондамонæг – йæ бæх (кæнæ та пыл) («Æрхуы мæсыджы бадæг Бурчызг», «Уыдисны рихи – Уылынг лæг»), фæлæ сæйрагдæр свæййы хъайтарæн йæхи тырнындзинад.

Ирон алæмæты аргъауы хъайтарты æхсæн сæйраг бынат ахсынц богал-хъайтартæ. Типикон æгъдауæй сты скæсæн-славяйнаг аргъауон богæлтты æнгæс. Бæрæггонд цæуынц уыцы иу миниуджытæй: æнахуыр райгуырд, уæйыгон тых.

Богал-хъайтар хайджын вæййы хохаг лæджы æппæт идеалон миниуджытæй. Алы хъуыддаджы дæр æххæст кæны национ этикеты домæнтæ. Уый кад кæны хистæртæн, у уæздан – куы фесгуыхы, уæддæр нæ бæллы номдзыд суæвынмæ, фæлæ, йæ нысан æххæст кæнгæйæ, адарддæр кæны йæ фæндаг. Йæ фæзминаг æуууæлтæй иу у сылгоймагæн аргъ кæнын. Немыцаг гуманист В. Гумбольдт йæ уацмыстæй иуы афтæ фыссы: «Нравственность народа определяется отношением к женщине». Аргъауон хъайтар сылгоймагимæ ахастыты у æфсармджын: кæй фервæзын кодта, уыцы æртæ хойы кæстæр йæ разæй нæ комы уæлзæхмæ (уый зоны, куы схиза, уæд лæппуйы нал суадздзысты уæлзæхмæ). Фæлæ лæппу чызджы разæй схизын йæ сæрмæ нæ бахаста. Лæгæй-лæгмæ хæсты фыццаг æхсты бар ратты йе знагæн (йе знаг дзы хистæр куы вæййы, уæд). Уыимæ, куыд федтам, афтæмæй традицион этикеты домæнтæ æххæст кæнынц куыд ирон, афтæ Кавказы æндæр адæмты аргъæутты богал-хъайтартæ дæр (абхазаг, адыгъейаг), уыимæ ма Нарты кадджыты хъæбатыртæ дæр.

***Литературæ:***

1. Винничук Л. Люди, нравы и обычаи Древней Греции и Рима. – М., 1988.

2. Скитский Б.В. Очерки истории горских народов. – Орджоникидзе, 1972.

3. Хазанов А.М. Золото скифов. – М., 1975.

4. Хрестоматия по истории осетинского народа. – Том 1. – Цхинвал, 1993.

***Хъæцмæзты Езетхан,***
*филологон наукæты кандидат,*
*ЦИПУ–йы ирон æвзаг æмæ*
*литературæйы*
*кафедрæйы доцент*

# НЫРЫККОН АФОНЫ МИНОГМИТÆ ÆМÆ ФÆРССАГМИ ИРОН ÆВЗАДЖЫ

Ирон æвзаджы æппæты къаддæр наукон иртæстытæ ацы темæйыл ис, уымæ гæсгæ у уæлдай актуалондæр. Зынгæ бынат дæр, æвæццæгæн, уый тыххæй ахсы ирон æвзаджы миногми ахуыр кæныны фарста.

Цæмæй миногмиты æмæ фæрссагмиты дзырдарæзт раст æмæ бæлвырд иртæстгонд æрцæуа, уый тыххæй мах бахъæудзæн æркæсын, нырыккон ирон æвзагзонынады ацы дзырдтæм (миногмитæм æмæ фæрссагмитæм) цавæр цæстæнгас ис, уымæ.

Ирон æвзагзонынады ис ахæм цæстæнгас, фæсæфтуантæ *–гæ* æмæ *–гæйæ* нымад хъуамæ куыд цæуой фæрссагмион фæсæфтуантыл, уымæн æмæ, дам, сæ нысаниуæг иу у. Уый тыххæй нæ хæсыл нымайæм лæмбынæгдæр æркæсын ацы хъуыдымæ.

Ацы фарстыл кусгæйæ, сбæлвырд кодтам, фæсæфтуан *–гæ* мивдисæджы нырыккон афоны бындурæй арæзт дзырдты йæ бон кæй у уæвын миногмион æмæ фæрссагмион формæ дæр, уымæн æмæ ма ис (уæлдæр цы хъуыды загътам, уый ныхмæвæрдæн) ирон æвзагзонынады нодджы æндæр хъуыды, ома фæсæфтуан *–гæ* у миногмион – фæрссагмион (абарæм: Шæгрен, 1844; Миллер, 1882; Абаев, 1959 æмæ æнд.).

Ацы ран мах растдæрыл нымайæм, амынд формæтæм хицæнтæй, ома контекстмæ гæсгæ, кæсын, уымæн æмæ æвзаджы амынд фæсæфтуантæй пайдакæнынад куыд æвдисы, уымæ гæсгæ фæсæфтуан – *гæ* вæййы куыд миногми: хъæугæ дзаума (бæрæггæнæн дзырдимæ), афтæ фæрссагми дæр: худгæ дзурын (уæлæмхасæн архайд сæйраг архайды).

Уæлдæр хъуыдымæ гæсгæ, æнæ контекстæй, æвæццæгæн, æмбæлгæ дæр нæ кæны æбæрæг хатдзæгтæ кæнын.

Æмхуызон дзырдтæ хицæн хъуыдыйæдты сæхи æвдисынц алыхуызон, ома дзырдтæн сæ бон у уæвын куыд миногмитæ, афтæ фæрссагмитæ дæр: 1(а) Худгæ хуры тынтæ фæлмæн рæвдауынц зæхх. 1(æ) Мурат худгæ рахызт фæлварæнæй.2(а) Студентæн лæвæрд æрцыд дзургæ куыст. 2(æ) Студент фыста дзургæйæ.

Фыццаг хъуыдыйæдты (а) дзырдтæ худгæ æмæ дзургæ сты миногмитæ (ис сын бæрæггæнинаг дзырдтæ – номдартæ), дыккаг хъуыдыйæдты (æ) та амынд дзырдтæ æххæст кæнынц фæрссагмиты функци (фадатон дзырдтæ).

Æрхаст дæнцæгтæ сты æвдисæн, фæсæфтуан *–гæ* активонæй кæй архайы миногмион – фæрссагмион дзырдты формæтæ аразыны.

Бæлвырд у, фæрссагмион формæтæ – *гæ* æмæ *–гæйæ* сæ нысаниуæгтæм гæсгæ кæрæдзимæ кæй сты æввахс, уымæ гæсгæ арæх формæ *–гæ* æнцонæй нæ бон вæййы баивын формæ *–гæйæ* дæр. Уыимæ ма зæгъæм, арæхдæр кæй пайда кæнæм ныхасы, стæй аив литературæйы дæр фæсæфтуан –гæйæ арæзт фæрссагмитæй:

1. Сбад-иу дæ бæхыл! Уырдыджы æнæцудгæ, Сиргæ тæссæртты, хæрды дын æвæлмæцгæ Бирæ фæуайдзæн (Хет. Къ. 1984, ф.68). 2. Тыргъæй хъуыста Уасилы ныхæстæм æмæ, йæ хъæбулы йæхимæ

нылхъивгæ, куыдта къуырма куыдæй… (Гуыцм. А. 1998, ф.114). 3. Æрмæст-иу уадтымыгъ миты хъæпæнтæ, уылæнтæгæнгæ, хаста æмæ сæ лæгæты дуармæ амадта (Гæд. С. 1979, ф.242). 4. Мæнгæрдтæ фæхордтон лæппутæ нырмæ, Къæрныхтæ фæкодтон, гуыбынил быргæ» (Гæд. С. Уый дæр ам, ф.152).

Уæлдæр цы дæнцæгтæ æрхастам, уыдонæй лæвæрд контекстты нæ бон у спайда кæнын фæрссагмион формæ – *гæйæ* – имæ, фæлæ уæддæр нæ аивдзæн сæ лексикон нысаниуæг, æрмæст сæ архайд (уæлæмхасæн архайд сæйраг архайды) цыма фæуыдзæн чысыл арфдæр, дæргъвæтиндæр йæ семантикон уавæрмæ гæсгæ:

1. …Фæкæсынц æм хардзау, æвирхъау йæ хъыгтæ – гуырысхотæ æмæ дæм уарзгæйæ дзуры… (Ск. 1973, ф. 244). 2. … Кадмæ бæлгæйæ æгадæй мæлæм… (Хет. Къ. 1984, ф.71). 3. Ацу-иу уырдыгæй! Иу усы риуыл та Зилынц хæдзилгæйæ стыр куыройы фыдтæ… (Хет. Къ. 1984, ф. 66).

Ирон æвзаджы тынг арæх пайда кæнæм вазыгджын мивдисæгæй (æххуысгæнæг мивдисæг *«кæнын»* æмæ æндæр мивдисæджы миногмион – фæрссагмион формæ фæсæфтуан *–гæ* – имæ):

худгæ кæнын – смеюсь (от худын – смеяться)

лæугæ кæнын – стою (от лæууын – стоять)

дзургæ кæнын – говорю, разговариваю (от дзурын – говорить)

хуыфгæ кæнын – кашляю (от хуыфын – кашлять)

мæлгæ кæнын – умираю (от мæлын – умирать)

хъазгæ кæнын – играю (от хъазын – играть)

кæугæ кæнын – плачу (от кæуын – плакать) æмæ а.д.

Вазыгджын формæтæ фæсæфтуан *–гæ* – имæ æвдисынц, арæзт цы мивдисджытæй сты, уыдон цы архæйдтытæ, процесстæ амонынц, ахæмтæ:

Худгæ кæнын æз – Я смеюсь. Таймураз кусгæ кæны – Таймураз работает. Мæ мад дзургæ кæны – Мама разговаривает. Сывæллон хуыфгæ кæны – Ребёнок кашляет. Дон цæугæ кæны – Вода течает æмæ а. д.

Вазыгджын формæтæ фæсæфтуан *–гæ* – имæ вæййынц æххæст æмæ æнæххæст хуыз. Зæгъæм: цæугæ кæнын (иду) – цæугæ акодтон (ушел) – цæугæ акæндзынæн (пойду, уйду); фысгæ кæнын (пишу) – фысгæ акодтон (быстро, наскоро написать, пописать) – фысгæ акæндзынæн (попишу); хъазгæ кæнын (играю, шучу) – хъазгæ акодтон (пошутил, поиграл) – хъазгæ акæндзынæн (пошучу, поиграю); дзургæ кæнын (говорю, разговариваю) – дзургæ акодтон (поговорил) – дзургæ акæндзынæн (поговорю); кæугæ кæнын (плачу) – кæугæ акодтон (поплакал) – кæугæ акæндзынæн (поплачу); мæлгæ кæнын (умираю) – мæлгæ акодтон (умер) – мæлгæ акæндзынæн (умру); лæугæ кæнын (стою) – лæугæ акодтон (постоял) – лæугæ акæндзынæн (постою) æмæ æнд. Бафиппайæм, æххæст хуызы цы дæнцæгтæ дæттæм, уыдонæй æвзаджы мидæг арæх кæй нæ пайда кæнæм, уый.

Бæрæг куыд у, афтæмæй ацы вазыгджын формæ *–гæ* – йæн ис æртæ афоны дæр, фæлæ йæ дыккаг формæ та амоны æххæст хуызы формæ. Ам ма гæнæн ис æндæр мивдисæгон разæфтуантæй спайда кæнын. Фæрссагмион фæсæфтуан *–гæ* нæ вæййы баивæн фæсæфтуан *–гæйæ* – йæ, уæлдæр цы вазыгджын формæтæй спайда кодтам, уым. Зæгъæм, нæй афтæ зæгъæн: мæлгæйæ кæнын, мæлгæ кæныны бæсты; цæугæйæ кæнын, цæугæ кæныны бæсты æмæ аф.д. Фæлæ æндæр хъуыддаг у, ацы формæтæ куы бæрæг кæной, архайд цавæр уавæрты цæуы, уый, уæд. Зæгъæм: мæлгæйæ кæнын – делаю, умирая; лæугæйæ кæнын – делаю, стоя; худгæйæ кæнын – делаю, смеясь; цæугæйæ кæнын – делаю, идя; кафгæйæ кæнын – делаю, танцуя æмæ а.д.

Ацы фæзынд ирддæрæй зыны контексты мидæг: 1. Хæдзары куыстытæ æз худгæйæ кæнын – Домашние дела я делаю, смеясь. 2. Мæ дзуринæгтæ лæугæйæ кæнын – То, что следует рассказать, делаю, стоя. 3. Дзаумæттæ иту бадгæйæ кæнын – Вещи глажу сидя æмæ ноджы æнд.

Амынд фыццаг дæнцæгтæ æвдисынц, фæрссагмион формæтæ мæлгæ, цæугæ, лæугæ, бадгæ, худгæ кæй сты вазыгджын

зæгъинаджы номон хай. Уый тыххæй сæ фæпайда кæнæм æххуысгæнæг мивдисæг «кæнын» – имæ.

Æндæр рæтты та арæхдæр вæййынц (контекстмæ гæсгæ) архайды хуызы фадæттæ (хъуыдыйады) æмæ февдисынц уæлæмхасæн архайд сæйраг архайды: дзуры бадгæ, фыссы худгæ, зары кафгæ æмæ æнд.

Фæрссагмион формæтæй ма амынд фæсæфтуанты руаджы пайда кæнæм бындур фæлхат кæнгæйæ: хæргæ-хæрын ферхæцыд (кушая, поперхнулся); цæугæ-цæуын фæкалд (идя, упал); кафгæ-кафын ныххудт (танцуя, рассмеялся); кусгæ-кусын бахъæлдзæг (работая, развеселился) æмæ а.д.

Ацы формæйы нæй спайда кæнæн фæсæфтуан *–гæйæ*-йæ. Нæй зæгъæн бадгæйæ – бадын ( бадгæ – бадын – ы бæсты) æмæ æнд.

Миногмион фæсæфтуан *–гæ–* нæ бон нæ вæййы баивын фæрссагмион фæсæфтуан *–гæйæ* –йæ, бæрæггæнинаг дзырдимæ куы вæййы, уæд:

1. Дæ диссаджы гуыр, дæ худгæ былтæ!… (Хет. Къ. 1984, ф.30). 2. Адæмы царды цы зынгæ цаутæ цыд, уыдон уыдысты историон таурæгъты æрмæг (Дж. Ш. 1989, ф.44). 3. Иу æхсгæ каст ма фæкодтой хурыскæсæнмæ æмæ батагъд кодтой арвы денджызы аныгъуылынмæ (Дзаб. Т. 1986, ф.40).

Фæсæфтуан *–гæ*-йы формæ стæм хатт æрцæуы субстантивацигонд: дымгæ – ветер, цымгæ – каша (жидкая).

Фæсæфтуан *–гæ*-йæ цы дзырдтæ аразæм (бæрæггæнинаг дзырдимæ), уыдонæн ис уæлахизон бæрц дæр (куыд миногонтæн): æмбаргæ (сывæллон) – понятливый, смышленый (ребенок) – æмбаргæдæр – тынг æмбаргæ; аразгæ (ныхас) – искусственная («деланная» речь) – аразгæдæр – тынг аразгæ; сайгæ (цæстæнгас) – обманчивый (букв., «обманывающий» взгляд) – сайгæдæр – тынг сайгæ; рæвдаугæ (хъæлæс) – ласкающий (голос) – рæвдаугæдæр – тынг рæвдаугæ; хъуызгæ (цыд) – подкрадывающаяся (ходьба, походка) – хъуызгæдæр – тынг хъуызгæ; хъавгæ (дзырд) – осторожное (слово) – хъавгæдæр – тынг хъавгæ æмæ а.д.

Ифтындзæг куы фæкæнæм формæ – *гæ* (стæй канд уый нæ), уæд ивд цæуы æрмæстдæр æххуысгæнæг мивдисæг *кæнын* иуон æмæ бирæон нымæцы дæр: бадгæ кæнæм (сидим) – бадгæ кæнын (сижу) – бадгæ кæндзынæ (будешь сидеть); худгæ кæнæм (смеемся) – худгæ кæнут (смеетесь) – худгæ кæндзыстут (будете смеяться).

Фæсæфтуан *–гæ*-йæ арæзт вазыгджын формæтæ ифтындзæг куы фæкæнæм, уæд ам дæр ивы æрмæстдæр æххуысгæнæг мивдисæг: хуысгæ дæн – (я есть лежачий, болеющий), æнæфæразгæ уыд – (он был слабый, болеющий), мæлгæ у – (он есть умирающий) æмæ æнд.

Фæсæфтуан *–гæ*-йæ арæзт миногмион – фæрссагмион формæтæн сæ бон у уæвын бирæон нымæцы дæр, фæлæ сын уæд нал вæййы миногмиты кæнæ фæрссагмиты хуыз, свæййынц субстантивон дзырдтæ:

1. Дзургæтæ æмæ худгæтæ нал кæны – Не разговаривает и не смеется уже. 2. Кæугæтæ нал кæны – Не плачет уже. 3. Лæугæтæ æмæ бадгæтæ нал фæразы – Сидеть и стоять уже не может æмæ а.д.

Амынд æрмæгæй бæрæг у, фæсæфтуан *–гæйæ* кæй у фæрссагмион, фæлæ *–гæ* та – миногмион – фæрссагмион (хатдзæг бæлвырд кæнæм контекстмæ гæсгæ).

Миногмион фæсæфтуан *–аг*-ы тыххæй Абайы-фырт зæгъы: «К причастным образованиям надо отнести также формы с суффиксом *–аг,* означающие постоянное свойство или склонность к какому-либо действию: уайаг– «скакун» от уайын – «скакать»; нуазаг – «пьяница» от нуазын – «пить»; хъазаг – «балагур» от хъазын – «играть, шутить»; тæрсаг – «пугливый» от тæрсын – «бояться» и т. д.» [2:611].

Абайы-фыртмæ гæсгæ, лæвæрд дæнцæгтæ не сты миногмитæ, фæлæ цыма сты субстантивон номдартæ. Фæлæ уæлдæр куыд загътам, афтæмæй хуыздæр æмæ растдæр ацы дæнцæгтæ фæбæрæг кæнынц сæ уæвынад (принадлежность) миногмитæм, миногонтæм, номдартæм контекстмæ гæсгæ. Зæгъæм:

1. Уый уыдис… æфсармджын æмæ

цӕстдараг зонд, йӕхи стыр нӕ кодта, ӕнӕсагъӕсӕй – худӕджы дзӕкъул. (Ӕмб. Ц. 1991, ф.231). 2. Хиуарзаг хорз лӕг балӕууыд, чындзӕхсӕв цы хӕдзары уыди, уый дуармӕ. (Ӕмб. Ц. 1991, ф.36). 3. Тынг зараг лӕппу, – йӕ дзыхы раст цыма уадындзтӕ уыд, уыйау, йӕ зӕлланг хъӕлӕсӕй кӕмттӕ зӕлыдысты. (Бедж. Ч., Хъуыл. С. 1995, ф.252).

Ирон ӕвзагзонынады фӕсӕфтуантӕ *–аг* ӕмӕ *–ӕг*-ы тыххӕй ис ахӕм хъуыдытӕ: «В осетинском языке имеются две формы причастия настоящего времени, которые образуются путем прибавления суффиксов *–аг* и *–ӕг* к основе настоящего времени соответствующего глагола. Например: от глагола зарын – «петь» причастие настоящего времени: а) зараг: зараг лӕппу – «хорошо поющий мальчик», зараг цъиу – «певчая птица»; б) зарӕг – «поющий», «певец»: – Зараг лӕджы ма хъыгдар – «Поющему мужчине не мешай». От глагола хӕрын – «есть», «кушать» причастия настоящего времени: а) хӕраг: хӕраг адӕймаг – «много кушающий, прожорливый человек», б) хӕрӕг – «едящий», «едок»: хӕрӕг адӕймаг – «кушающий человек» [5:268-269]. Ӕмӕ ма дарддӕр: «Причастие настоящего времени на *–аг* выражает постоянное свойство или склонность лица к какому-либо действию. Например:

1. Таймураз уайаг бӕхыл фӕцӕуы ам уӕлӕмӕ – «Таймураз на (букв.: «на быстро скачущем коне») скакуне поехал (по улице) вверх».2. Хъазаг лӕджы адӕм бирӕ уарзынц – «Человека, умеющего шутить, люди очень любят» («Балагура люди очень любят»).3. Кӕд тӕрсаг дӕ, уӕд хъӕдмӕ ма цу – «Если ты боязливый, то в лес не ходи».4. Мӕ хо писмо фыссаг у – «Сестра моя часто (букв.: «часто пишущая есть») пишет письма» [5:269].

Багаты Никъала та ацы фӕсӕфтуантӕ хоны, куыд зонӕм, афтӕмӕй, мивдисӕджы номон формӕтӕ: «От всех глаголов и переходных, и непереходных, простых и сложных, образуются отглагольные имена (существительные и прилагательные), называемые нами именными формами глагола.

Именные формы глагола образуются при помощи суффиксов: *–ӕг:* фыссӕг – «пишущий», «писатель», агурӕг – «ищущий», «искатель» и др.; *–аг:* кусаг фыссӕг – «пишущий», «писатель», агурӕг – «ищущий», «искатель» и др.; *–аг*: кусаг – «работящий», дзураг – «разговорчивый», хӕраг – «прожорливый», уайаг – «скакун», сайаг – «обманчивый», хъӕргӕнаг – «крикливый», тыхгӕнаг – «насилующий», фынӕйгӕнаг – «сонливый» [5:350].

Махмӕ та растдӕр кӕсы ацы формӕтӕ нымайын нырыккон афоны миногмитыл. Ӕрмӕст зӕгъӕм, кӕй сын ис исты функцитӕм тырнындзинад, ома «свойство постоянства, склонности предмета к чему – нибудь». Зӕгъӕм: 1. Цӕваг галӕн йӕ сыкъа сӕттаг у (ӕмб.). 2. Раттаджы къух райсаг у (ӕмб.). 3. Ӕнӕхъӕнӕй дӕр уыдтӕн рисгӕ, судзаг сынчъы хуызӕн, ӕмӕ кӕд судзаг сынкъ исты зонын ӕмӕ исты хъуыды кӕнынхъом у, уӕд ӕз дӕр истытӕ хъуыды кӕнын уыцы тухиты (Гуыцм. А. 1993, ф.61). 4. Рухс хурау, дызӕрдыг фӕндтӕ уарзаг удтӕм нӕй (Хадж. Т. 1995, ф.28).

Ис ма ахӕм хъуыды дӕр: «В предложении причастие на *–аг* выступает: 1. В функции подлежащего, например: Лӕппуйӕ рӕдиаг нӕ вӕййы ӕвзӕр! – «Юношей ошибающийся не бывает плохим» (Хет. Къ. 1984, ф.51). 2.В функции именной части сказуемого, например:1.Йӕ сыгъдӕг цӕстытӕ ӕнцад каст кодтой, йӕ ныхас уыдис фӕлмӕн ӕмӕ зӕрдӕмӕ арф хъараг, ныфс дӕттаг ӕмӕ рӕвдауаг – «Ее чистые глаза смотрели спокойно, разговор ее был мягкий и западающий глубоко в сердце, обнадеживающий и успокаивающий»(Мамс. Д.). 2.Баймӕтон – сабыр, хӕларзӕрдӕ ӕмӕ искӕйы зыныл сагъӕстӕгӕнаг – «Баймaтон – тихий, сердечный и горюющий из-за горя другого человек» (Мамс. Д.). 3.Йӕ фыды фӕндиаг кӕм вӕййы фырт дӕр – «Чей сын ожиданья отца оправдал?» (Хет. Къ.). 4 Цӕуаг сӕм никуы уыдис Джамбот – «Джамбот редко к ним ходил» (букв.: «был не часто ходящий») (Мамс. Д. Хъӕбатырты кадӕг)» [5:269].

Ӕмӕ ма дарддӕр: «В функции определения. Например: Ӕмӕ та мӕнӕ йӕ тарзӕрдӕ фыд ӕфхӕрдта цингӕнаг мады – «И вот

опять жестокосердый отец укорял любящую мать» (Мамс. Д.)» [5:269].

Фæсæфтуан *–аг* ма вæййы уæлдæр амынд хъуыдыйады уæнгтæй уæлдай æххæстгæнæнты æмæ фадатон дзырдты ролы дæр. Зæгъæм, æххæстгæнæны ролы:

1. Зивæггæнаджы гуыл хомæй зайы (æмб.). 2. Кусагыл йæ цард зыны (æмб.).

Фæсæфтуантæ *–аг* æмæ *–æг*-æй арæзт формæтæ ирон æвзаджы аразынц «миногмион миногонтæ» (отпричастные прилагательные). Уый тыххæй сæ хонынц, æвæццæгæн, миногонтæ иуæй-иу ахуыргæндтæ (æркæсæм: А.Шæгрен, В.Миллер, Абайты В., Багаты Н.). фæлæ ацы цæстæнгас дæр абон бынтон растыл банымайæн нæй. Транспозицийы (ивынады) домæнтæм куы æркæсæм, уæд бæлвырдæй зыны, миногмитæ дæр, контексты архайгæйæ, парахатæй кæй рахизынц æндæр ныхасы хæйттæм.

Æркæсæм-ма Гæбæраты Никъалайы хъуыдымæ: «Прилагательные, имеющие в своем словообразовании суффикс *–аг,* обозначают: действие, к которому расположена основа мотивирующего глагола: сайаг – «обманывающий», «обманчивый», кæуаг – «любитель плакать», «плаксивый», хæраг – «обжорливый», «любитель поесть», хъастгæнаг – «любитель жаловаться» [4:130].

Дарддæр йæ хъуыды ноджы фидар кæны афтæ: «Мотивирующей частью бывает только основа глагола несовершенного вида: сай-ын – сай-аг («обманывающий», «обманчивый»), лидз-ын – лидз-аг («тот, кто любит бегать»), худ-ын – худ-аг («смешливый», «смешной»), сомы кæн-ын – сомы кæн-аг (тот, кто любит клясться») [4:130].

Цымыдисаг у Абайты Васойы хъуыды дæр: «Суффикс *–аг* дает прилагательные: сæйраг – «главный», кусаг – «работящий», раззаг – «передний», фæстаг – «задний», уæллаг – «верхний», дæллаг – «нижний» [2:675].

Куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй ацы дæнцæгтæй æрмæстдæр иунæг дзырд («кусаг») у нæ бон схонын миногми, уымæн æмæ иннæ дæнцæгтæй уæлдай æвдисы архайдмæ, процессмæ тырныдзинад, ома «признак постоянства».

Медойты Боболкамæ дæр ис йæхи хъуыды: «Нырыккон афоны миногмитæ арæзт цæуынц, нырыккон афоны мивдисæджы бындурмæ фæсæфтуантæ *–аг* æмæ *–æг* бафтаугæйæ. Фæсæфтуан *–аг* –ы руаджы сæвзæргæ нырыккон афоны миногмитæ фæнысан кæнынц, цахæмфæнды архайдмæ дæр кæй ис архайæг цæсгомы æдзухон миниуæг кæнæ æмхицдзинад: уайаг бæх (æдзух уайгæ чи кæны, ахæм бæхы миниуæг), дзураг чызг (бирæ дзурын æмхиц кæмæ у, ахæм чызг)» [6:201-202]. Æмæ ма: «Фæсæфтуан *–аг*-ы руаджы сырæзгæ миногмитæ арæх вæййынц æмæ феххæст кæнынц миниуæгæвдисæг миногонты функцитæ. Миниуæгæвдисæг миногонтау сын вæййы бæрцбарæнтæ: бындурон, барæн æмæ уæлахизон: дзураг сывæллон, дзурагдæр сывæллон, тынг дзураг сывæллон æмæ æнд.» [6:203-204].

Формæ *–æг*-æй нырыккон афоны цы миногмитæ арæзт цæуынц, уыдоны тыххæй ма:

«В роли имен существительных выступают причастия на *–æг* и имеют значение действующего лица: марæг – «убийца», уарæг – «тот, кто делит», хуыйæг – «портной», «портниха», дзурæг – «оратор», зарæг – «песня», и «поющий», кусæг – «рабочий», æлхæнæг – «покупатель», ныййарæг – «родитель», цæуæг – «путник», кæсæг – «зритель» и т. д.» [5:270].

Абайы-фырт зæгъы, зæгъгæ: «Причастие на *–æг* в современном осетинском языке имеет обычно активное значение» [2:610]. Æмæ дарддæр: «Снабженные превербами причастия на *–æг* получают значение прошедшего времени: фыссæг – «пишущий», ныф-фыссæг – «написавший», хæссæг – «несущий», ахæссæг – «унесший», мæлæг – «умирающий», амæлæг – «умерший» [2:610].

Æмæ ма: «В ряде случаев формы причастия настоящего времени получили значение имени действия: зарæг – «песня» от зарын – «петь», ризæг – «лихорадка» от ризын – «дрожать», хуыфæг «кашель» от хуыфын – «кашлять», æхснырсæг – «насморк» от æхснырсын – «чихать» [2:610].

Фæсæфтуан *–æг*-æй арæзт миногмитæ

нырыккон афоны ирон ӕвзаджы кӕд ӕвдисынц предметы миниуӕг йӕ архайдмӕ гӕсгӕ, уӕд ма ацы фӕзынд хауы фӕсӕфтуан –гӕ-йӕ арӕзт миногмитӕм дӕр: дзурӕг лӕг – «говорящий человек», кусӕг лӕг – «работящий человек», кусгӕ бон – «рабочий день», фауӕг ныхас – «осуждающая речь», хӕцӕг адӕм – «воюющий народ», кӕуӕг айнӕг – «плачущая скала», фысгӕ куыст – «письменная работа», дзургӕ ныхас – «устная речь», аразгӕ цыд – «деланная походка», худгӕ былтӕ – «смеющиеся губы», кӕугӕ сывӕллон – «плачущий ребенок» ӕмӕ а.д.

Фӕсӕфтуан *–гӕ*-йӕ арӕзт миногмитӕ баст вӕййынц арӕхдӕр ӕнӕуд предметтимӕ, стӕмдӕр хатт та – удджынтимӕ.

Фӕсӕфтуан *–ӕг*-ы руаджы арӕзт миногмитӕ ӕвдисынц архайӕджы нырыккон афоны. Зӕгъӕм:

1. Кард дӕр ын нӕ бакоммӕ кастис, уый дӕр ӕфсон скодта: «Уыцы уисы къуыдыр иттӕг тӕригъӕдджын у, йӕ цӕрӕнбонты раст мӕгуыр кусӕг фосы фӕнадта, ӕмӕ ӕз ууыл ӕлгъ кӕнын ӕмӕ уый буармӕ нӕ фӕцагайдзынӕн» (Дж. Ш. 1989, ф.96).

Фӕсӕфтуан *–ӕг*-ӕй арӕзт миногмитӕ ма ӕвдисынц архайды ном, уавӕр:

1. Худӕг уалдзӕг ӕй нӕ уадзы, Худӕг уалдзӕг ӕм кӕсы (Гӕд. С. 1979, ф..38).

Лӕвӕрд дӕнцӕгты миногми *худӕг* ӕвдисы предметы миниуӕг йӕ архайдмӕ гӕсгӕ: худӕг (уалдзӕг) – смеющаяся, смешливая (весна), фӕлӕ ма ацы дзырдӕн йӕ бон у архайӕджы уӕвынад ӕвдисын (постоянство признака), зӕгъӕм: худӕг (сывӕллон) – смешной (ребенок) ӕмӕ ӕнд.

Мивдисджытӕй худын, хуыфын, ӕхснырсын ӕмӕ ма иу-цалдӕрӕй фӕсӕфтуан *–ӕг*-ы руаджы арӕзт цӕуынц миногмитӕ – субстантивтӕ.

Зӕгъӕм: худӕг – смех, хуыфӕг – кашель, ӕхснырсӕг – насморк, чихание ӕмӕ а. д.

Хъуыдыйӕдты мидӕг ахӕм арӕзтытӕ вӕййынц субстантивон номдарты ролы:

1. Батрадз ӕхснырсӕгӕй фӕрынчы.

2. Сывӕллон ма хуыфӕгӕй тыххӕй фервӕзт.

Бафиппайын ма хъӕуы уый, ӕмӕ амынд фӕсӕфтуан *–ӕг* ӕрмӕст уӕлдӕр ӕрхаст дӕнцӕгты нӕу «архайӕг», фӕлӕ ма мӕнӕ ахӕм дзырдты дӕр: худӕг – худгӕ чи кӕны, хуыфӕг – хуыфгӕ чи кӕны, ӕхснырсӕг – ӕхснырсгӕ чи кӕны ӕмӕ ӕнд.

Ацы дӕнцӕгтӕ ирддӕр сты хъуыдыйӕдты. Зӕгъӕм:

1. Уыцы худӕг (смеющийся) уӕ чи у? 2. Уыцы хуыфӕгӕн (кашляющему) ма йӕ былтӕ бакъуыр 3. Ӕхснырсӕг (чихающий) нырмӕ кӕм бадти? ӕмӕ ӕнд.

Фӕсӕфтуан *–ӕг*-ы руаджы ирон ӕвзаджы арӕзт цӕуынц миногмитӕ ӕппӕт мивдисджытӕй (цӕугӕ ӕмӕ ӕдзӕугӕ) дӕр. Зӕгъӕм: хуыфын – хуыфӕг – «кашляющий»; ӕхснырсын – ӕхснырсӕг – «чихающий»; дымын – дымӕг – «курящий»; ӕппӕлын – ӕппӕлӕг – «хвалящий»; хъавын – хъавӕг – «нацеливающийся»; бадын – бадӕг – «сидящий»; хъазын – хъазӕг – «играющий»; кӕсын – кӕсӕг – «читающий», «смотрящий»; фыссын – фыссӕг – «пишущий»; ӕлвынын – ӕлвынӕг – «стригущий»; къахын – къахӕг – «копающий» ӕмӕ а.д.

Лӕвӕрд фӕсӕфтуанӕй цы дзырдтӕ рӕзы ирон ӕвзаджы (хуымӕтӕг ӕмӕ вазыгджын), уыдон вӕййынц хъуыдыйады алыхуызон уӕнгтӕ дӕр, фӕлӕ сыл ацы цыбыр куысты нӕй фадат лӕмбынӕг ӕрдзурынӕн. Уый дӕр у ӕндӕр, хицӕнӕй ӕвзаринаг проблемӕ.

***Литературӕ:***

1. Абаев В.И. Грамматический очерк осетинского языка. Орджоникидзе, Ир, 1965, 168 ф.

2. Абаев В.И. Осетинско-русский словарь // Очерк грамматики осетинского языка. Орджоникидзе. Ир, 1970, 720 ф.

3. Багаев Н.К. Современный осетинский язык. Ч. 1. Орджоникидзе, 1965, 468 ф

4. Гӕбӕраты Н. Я. Ирон ӕвзаджы грамматикӕ. Цхинвал, 1989

5. Грамматика осетинского языка / Под ред. Г.С.Ахвледиани. Т.1. Орджоникидзе, 1963, 368 ф

6. Медойты Боболка. Нырыккон ирон ӕвзаг. Морфологи. Цхинвал, 2003, 288 ф.

7. Шегрен А.Ф. Осетинская грамматика. Санкт-Петербург, 1844, 857 ф.

***Асаты Наталья,***
*ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы доцент*
***Цхуырбаты Наталья,***
*ЦИПУ-йы ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы магистрант*

# ЧИ ДÆ, ПОЭТ?

*(Хъодалаты Герсаны райгуырды 75 азы бонмæ)*

Ирон поэзимæ 60-æм азты цы æвзыгъд фæсивæд æрбацыд, уыдоны æхсæн сæрмагонд бынат ис Хъодалаты Герсаны поэтикон хъæлæсæн. Хъодалаты Герсан – поэт, публицист, Республикæ Хуссар Ирыстоны Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат, Кады нысаны орденхæссæг, Республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг, журнал «Фидиуæг»-ы сæйраг редактор – йæ царды нысаныл нымайы йæ уарзон адæмы сæрибарыл, амондыл тох кæнын.

Поэт йе 'ппæт уацмысты у хиуылхæцгæ æмæ арæхстджын, арф лирикон таурæгъ кæны нæ дуджы ахсджиаг хъуыддæгтыл. Тынгдæр та йæ æндавы абоны адæймаджы миддуне, тырны йын йæ мидхъуыдытæ, мидсагъæстæ рафæлгъауынмæ, æвдисы йын йæ цардбæллон хъуыдытæ. Герсаны сфæлдыстады бынат ссардтой нæ рæстæджы риссагдæр фæрстытæ. Афтæмæй, нæ хъуыдымæ гæсгæ, йе сфæлдыстадмæ фаг хъусдард нæй.

«Хъодалаты Герсаны чиныг райсын, бакæсын æй æмæ та йæ фæстæмæ сæвæрын. Райсын, бакæсын æй æмæ та йæ фæстæмæ сæвæрын!..» Ацы цæстуарзон ныхæстæ Абайты Васо загъта 1989 азы октябры æмбисы.

Диссаг у иу хабар: поэты лæгæй-лæгмæ куы зонай, уæд дæ дæ зæрдæ тынгдæр скъæфдзæн йе сфæлдыстадмæ. Ам та иннæрдæм рауад хъуыддаг. Абайты Васо поэтимæ зонгæ нæ уыд, фæлæ йе 'мдзæвгæтæ уый бæрц эмоциджын уыдысты, æмæ йæм сæ базыртыл бахастой поэты зæрдæйы уаг, уды рис, хъæлдзæг равг æмæ сæ касти, æмæ йын йæхи мидæг табу кодта.

Æниу йе 'мрæстæг, йе 'мдугон фысджытæ дæр æнæ рахатгæ нæ фесты, XX-æм æнусы 60-æм азты цы раззагон фæсивæд æрбацыд ирон аив дзырды дыргъдонмæ, уыдонæй Хъодалаты Герсан сæ курдиатджындæртæй иу кæй уыд.

Уый фæбæрæг, 1964 азы йе 'мдзæвгæты чысыл æмбырдгонд «Бæлццон» куы фæзынд, уæд. Æхсызгонæй йыл сæмбæлдысты поэзи уарзджытæ, йе 'мсис хæлæрттæ. Уыдонæй поэт Хостыхъоты Зинæйы циндзинад алкæмæй дæр фæразæй: «Бафæлдæхтон чиныджы фæстаг сыф, æмæ æхсызгондзинад, сæууон уддзæфау, баулæфыд зæрдæмæ. Цыма мæ къухы чысыл чиныг нæ, фæлæ малусæг ис, уалдзæджы фæдисон! Афтæ чи зæгъа – цыма æгæр æппæлд у, уый уал бакæсæд йе 'мдзæвгæ «Ныстуан»:

*Мæ иубæстон адæм, æндонæхсыст адæм,*
*Зæрдæйæ зæрдæмæ сымахимæ дзурын:*
*Кæмæн у йæ зарæг нуазæны кадæн,*
*Къæмдзæстыг кæстæрау æз уыдонæй курын:*

*Хъысмæтæн йæ къухы кæм нæ бафты алцы,*
*Куы расхъиуа ме стъалы арвы кæронæй, –*
*Зæгъут-иу мæ номæй:*
*«Цыртæнхъæл нæ уыдис æвæджиаг балцы,*

*Фæцардис иронæй!»*

Кæнæ æмдзæвгæ «Бæлццоны сагъæс»-æй цалдæр рæнхъы:

*Хох, дæ бæлццонмæ рухс цæстæй ракæс,*
*Фарн, мæ разæй цырагъдаргæ цу…*

*Цæй-ма ратт мын фæндаггаг, мæ бæстæ,*
*Æз нæ агурын балцæн кæрон.*
*Мæн дунейы фарн хурыл ныббаста, –*
*Хъуамæ хъазгæ ‘мæ худгæ цæрон!..*

Æрдз Герсанæн балæвар кодта рæсугъд курдиат. Йе ’мдзæвгæты æвзаг у хуымæтæг, фæлæ поэтикон, нывджын. Æнæнхъæлæджы барæнтæ, эпитеттæ, метафорæтæ зæрдæйы ссудзын кæнынц цины арт» [11: 64].

Поэт Дзуццаты Хадзы-Мурат дæр чиныджы иувæрсты нæ ахызт, бацин кодта поэты фыццаг чиныгыл: «Герсан – Бæлццон – йæ райгуырæн Ирыстонæй исы «фæндаггæгтæ» – лæджыхъæд, уарзт, фыдæлты хорз æгъдау, аивадон хæзнатæ. Исы сæ, æхсиды сæ йæ зæрдæйы куырдадзы æмæ афтæмæй аразы йæхи поэтикон дуне.

Уым ис мады фæлмас зæрдæ, сабион бонтыл рухс, æнкъард сагъæс, ис дзы хурмæ – рæстаг, æнæлаз цардмæ тырнынад, Ирыстон æмæ дунейы мæт, рæдау лæгуарзондзинад.

Реалистон уынынад æмæ зæрдæбын лиризм – уый у Герсаны поэзийы хуыздæр миниуæг. Канд йе ‘мдзæвгæты нæ, фæлæ йæ поэмæты дæр ныхас цæуы поэтæн йæхиуыл æмæ йæ дугыл. Герсанæн идейон-композицион æххæстдзинад дæтты поэты зæрдæ, поэты индивидуалон цæсгом» [8: 301].

Фæстæдæр, 1981 азы, Дзугаты Георги газет «Советон Ирыстон»-ы ныммыхуыр кодта Хъодалаты Герсаны ног чиныг «Табуафси»-йыл рецензи. Рецензийы автор цæстуарзонæй зæгъы: «Герсанæн коммæгæс сты бирæ поэтикон формæтæ æмæ авналæнтæ, зоны зæрдæйыл æхсызгонæй ныдзæвæг фæлгонцтæ æмæ абарстытæ агурын. Хъодалайы фырты поэтикон дæсныйады иууыл хуыздæр хæрзиуджытæн сæ иу у, мæнмæ гæсгæ, йе ‘взаджы хæрзвидыц, хуымæтæгдзинад. Йæ ‘мдзæвгæтæ йæ зæрдæйы арфæй гуырынц, æнæлаз, сатæг æхсæртæ сæ хъуызджынтæй куыд сыгъдæг, лæгъзæй фелвасынц, афтæ. Йе ‘мдзæвгæтæй иуæйиутæ сты зырнæйзылды хуызæн æнæарх, æнæдыркъуым.

Поэт цыфæнды вазыгджын сюжеттæ, хъуыдытæ дæр нывæнды ирд, æнцонхъусæн хъæлæсы уагæй, æгæрыстæмæй, философон сагъæстæ цы æмдзæвгæйы ис, уыдон дæр сты хуымæтæг, æнæфæкъуыхцыйæ фыст.

Герсан арæхстджын у, сæр æй куы бахъæуы, уæд цæхгæр цæстуынон контрасттæ аразынмæ. Уый фæрцы бæлвырд ирддæрæй равдисы йæ сагъæс, аивдæрæй бафты йæ къухы йæ зæгъинаг:

*Уагъылыйы хæрздæф дидинтæ*
*Мæн сæхимæ хонынц.*
*Уагъылыйы сæртæг къалиутæ*
*Мæн гæдыйау тонынц.*

Поэт цымыдисæй тырны дзырдтæ аразынмæ, æмбаст кæнынмæ, уыдонæн цыбырдæр формæ раттынмæ. Афтæ мæм кæсы, цыма йын сæ бирæ фылдæр хайы уыцы аразгæ дзырдтæ рауайынц хæрзвидыц, райсæн кæмæн ис, ахæмтæ. Æрхæссæм дзы цалдæр: *тæрквæдис, нымæтгъуыст, ныфсæмхиц сæгъвист* æмæ æндæртæ.

Лæгæй-лæгмæ Хъодалаты Герсаны æмдзæвгæтæ мæнмæ кæсынц, нæ абоны поэтикон уацмысты раззагдæрты æмрæнхъ кæй æрæвæрæм, ахæмтæ, сæ хуымæтæг адæймагдзинадæй, сæ зырнæйзылд ахастæй.

Ацы поэт у, нæ поэзи фидæны ныфс кæмæй æвæры, ахæм» [7: 3].

Нафи дæр фæсте кæм фæлæууыдаид, уымæй дæр абоны бон æфсымæрты бынаты сты кæрæдзийæн. Йæ уацтæй иуы Нафи фыссы: «Герсаны поэзийы мæнæн иуыл уарзондæр уый у, æмæ дзы ис уæздан хуымæтæгдзинад йе ‘нкъарæнты дæр, йæ хъуыдыты дæр, стæй йæ аив нывæсты дæр. Йæ фæлдисæг фантази у дæрддзæст, æппæтуынаг, фæлæ нын нæ разы цы ныв

авæры, уый кæддæриддæр вæййы ирд, бæлвырд, конкретон. Стæй ма ноджы – зонгæ, ома поэт чысылæй фæстæмæ цы уыдта æмæ бавзæрста, уыцы конкретикæйæ конд. Ныв йæ композицион нывæстæй та вæййы æлвæст æмæ бæлвырд мидвæткыл амад. Уыцы мидвæтк, æцæг, æддæмæ нæ фæзыны, зæрдæйы цæстæй йæм куы нæ бакæсай, уæд æй нæ фендзынæ» [6: 72].

Бестауты Гиуæрги дæр æнæфæхатгæ нæ фæцис æвзонг лæппуйы курдиат, лæмбынæг æм дардта йæ хъус йæ даргъ сфæлдыстадон фæндагыл æмæ йæ кой бирæ хæттыты ракодта: «Йе ’мкарæн поэттимæ абаргæйæ, Хъодалаты Герсан цæттæдæрæй æрбакъахдзæф кодта поэзимæ. Сæрысуанг фæбæрæг авторы арæхст æмдзæвгæйы техникæмæ, йæ поэтикон фæлгонцтæ фылдæр хатт уыдысты хæдбындур; зыдта адæмон цардæгас æвзаджы бирæ сусæг фæзилæнтæ, уарзта фæлгонцвæлыст идиомон фразæтæ агурын, æмæ уымæй дæр бæрæг уыд, аивадон дзырды ад банкъарынмæ æмхиц кæй у, суанг йе ’рдзыскондæй.

Бонæй-бонмæ рæзт æвзонг авторы курдиат, уæрæх кодтой йæ поэтикон авналæнтæ, æмæ 1964 азы йæ фыццаг чиныг «Бæлццон» куы фæзынд, уæд дызæрдыггаг нал уыд, ирон поэзи йæхицæн ныфс кæмæй бавæра, ахæм оригиналон автор нæм кæй фæзынд, уый. «Бæлццон»-ы Герсан йæхи равдыста ирон хъæууон æрдз æмæ царды нывтæ уæлмонц романтикон ахорæнтæй æвдисынмæ дæсны æмæ арæхстджынæй. Æрыгон лæппуйы бæллицæмхиц зæрдæ йæхи расæрфбасæрф кодта арвы милтыл, йæ фыстытæ, сæйраджыдæр, уыдысты уалдзыгон бонау райдзаст æмæ рухсдзыд, чи зоны, хатт сабийау æгæр рæууæнк дæр, фæлæ цардхъом, ныфсджын; реалонæй æвдыстой æвзонг цардцыбæл лæппуйы зæрдæйы уаг» [1: 202].

Цалдæр азы фæстæ Бестауты Гиуæрги скодта ахæм хатдзæг: «Хъодалаты Герсаны æз зонын æцæг поэтæй: афтæ мæм кæсы, цыма ирон поэзийы Герсан куы нæ кусид, уæд уаид бирæ мæгуырдæр. Герсан нæ поэтты раззагдæртæй кæй у, уый мæм дызæрдыггаг нæ кæсы» [1: 203].

Нæ уарзон поэт Джыккайты Шамилы цæстæй дæр нæ аирвæзт Хъодалаты Герсаны хъазуатон фæллой. Йе ‘мдугон уæвгæйæ (литературæмæ иу рæстæджы æрбацыдысты, сæ фыццаг чингуытæ дæр иу аз (1964 азы) рацыдысты, йæ хъус лæмбынæг дардта йе сфæлдыстадмæ Цæгатæй Хуссармæ. Æмæ цæстуарзонæй йæ хъуыды загъта: «Ирон литературæйы фæстаг 50 азы æнтыстджынæй чи кусы, уыдоны фыццаг рæнхъыты цæуы Хъодалаты Герсан. Йæ курдиат у хъомысджын, йæхæдæг у æцæг гражданин, патриот, ирон Лæг. Герсаны сфæлдыстад у мидисджын, аив, нывæфтыд, – зæрдæмæ хъары арф, удæн у æхцон, зондæн – æхсызгон. Йæ алы уацмыс дæр дзаг у Ирыстоны сагъæстæй, йæ бындур у адæмон гуманизм, адæмон удварн, æмæ вæййы актуалон, ныркккон, ахъаззаг. Герсаны поэзийæн ис аккаг бынат ирон литературæйы хæзнадоны, ис ын идейон æмæ эстетикон ахадындзинад, ис ын национ нысаниуæг» [5: 17].

Булкъаты Михал Ирыстонæй дард г.Самтредиайы цард, фæлæ Ирыстонимæ зæрдæйы уидагæй баст уыд, йе сфæлдыстад рæзгæ дæр Ирыстоны кодта. Уымæ гæсгæ йæ хъус дардта ирон литературæйы рæзтмæ, фысджытæй алкæй сфæлдыстадмæ, уыдонимæ Хъодалаты Герсаны сфæлдыстадмæ дæр. «… Мæ фырт Игорæн ма раппæлыдтæн, Хъодалаты Герсанæн, цы æнхъæл уыдтæн, уымæй бирæ арфдæр поэт разындис, зæгъын. Мæ зæрдæ мын тынг барухс кодта, аив дзырдимæ йын цы ахастытæ ис, уый.

Æнæуый та диссаджы адæм стут, ацы поэттæ! Уæхицæн аргъ кæнын нæ зонут, даргъдæр æмæ бæрзонддæр цы раны стут, уый нæ фиппайут. Дæ чиныг «Лæгдзырагъ»-æй кæцыфæнды æмдзæвгæ сис æмæ йæ кæцыфæнды æвзагмæ раив, куыд æмбæлы, афтæ, нæ дæ фæхудинаг кæндзæн, дæ бæрзонд бынат дын равдисдзæн, куыд æмбæлы, афтæ!»

Йæ лæвар чиныгыл та ныффыста: «Герсанæн, ирон дзырдæн йæ хуылфæй æддæмæ кæй кæсы, уый тыххæй» [3: 65].

1999 азы Хозиты Барис газет «Вся ре-

клама Осетии»-йы фыста: «Герсан Кодалаев – своеобразное явление в осетинской поэзии последней четверти XX века. Этот трудолюбивый и одаренный стихотворец никогда не стремится к «шумной» славе. Ему всегда были чужды симптомы идейно-эстетической разобщенности и групповщины. В его помыслах и стремлениях преобладало трезвое, творческое отношение к традициям национальной классической литературы. Зато у него было яркое политическое видение, глубокое лирическое мышление и счастливое воображение души, то есть, те «детали», без которых не может существовать настоящая поэзия. В чем же заключается тайна прозорливости и одухотворенности поэта?

Герсан Кодалаев приоритетное внимание уделяет размышляющей и сопереживающей способности читательского сознания. Поэт стремится к выяснению пока еще неопределенных резервов нашего внутреннего мира. Путь поэтического познания у стихотворца проходит через самые чувствительные нервы и несомненные истины, на которые нет пока единственного и бесспорного ответа ни у автора, ни у исследователей, ни у читателей» [10: 3].

Герсанӕн йе сфӕлдыстадон куыст абон дӕр йӕ тӕмӕны ис. Фӕстаг дыууӕ азы ма йӕ бирӕ чингуыты (ӕдӕппӕт 16) нымӕцмӕ бафтыд: 2010–2012 азты йӕ уацмыстӕ рацыдысты ӕртӕ томӕй. Фыссӕгӕн та уымӕй ӕхсызгондӕр цы хъуамӕ уа йе сфӕлдыстадон куысты?

*Литературӕ:*


1. *Бестауты Гиуӕрги.* Зӕрдӕйӕ-зӕрдӕмӕ: уацмысты ӕмбырдгонд. – 3-аг том. –Дзӕуджыхъӕу: Ир, 2004. –250 ф.

2. *Битарты Зоя*. Индивидуалон-авторон дзырдарӕзт Хъодалаты Герсаны поэзийы // Фидиуӕг. –№1 – 2013.

3. *Булкъаты Михал.* Намысы худ // Фидиуӕг. – №5. –2008.

4. *Гаглойты Владимир*. Мӕсыг // Фидиуӕг. –№9. – 1974.

5. *Джыккайты Шамил*. Къостайы номыл Паддзахадон премийы къамисмӕ.– Дзӕуджыхъӕу, 2009.

6. *Джусойты Нафи*. Лӕгдзырагъ // Советон Ирыстон. – №27. –1978.

7. *Дзугаты Георги.* Табуафси // Советон Ирыстон. –№40. – 1981.

8. *Дзуццаты Хадзы-Мурат.* Арвистон. –Цхинвал: Ирыстон, 1988.– 302 ф.

9. *Козаты Хазби.* Уацтӕ. – Цхинвал: Ирыстон, 1979. –3 ф.

10. *Хозиты Барис.* Зӕрдӕйӕ-зӕрдӕмӕ сымахимӕ дзурын //Фидиуӕг. – №1. – 1999.

11. *Хостыхъоты Зинӕ.* Бӕлццон // Фидиуӕг. – №2.– 1965.

# СЕМИНАРТÆ ÆМÆ ГОМ УРОКТÆ

***Уалыты Татьянæ,***
*филологон наукæты кандидат,*
*ЦИПУ-йы доцент*

## УРОК-ПОРТРЕТ

***Урочы темæ:*** *«Хетæгкаты Къоста: йæ цард, йе сфæлдыстад æмæ йæ хъысмæт»*

***Урочы нысантæ:***

1. Æрдзурын Хетæгкаты Къостайы удыхъæды хицæндзинæдтыл, йæ трагикон хъысмæтыл.
2. Рæзын кæнын фыссæджы цард æмæ сфæлдыстад æмбастæй иртасыны, йæ царды хабæрттæм лæмбынæг кæсыны арæхстдзинæдтæ.
3. Сæвзæрын кæнын цымыдисдзинад Хетæгкаты Къостайы цард æмæ сфæлдыстадмæ, хибарæй йæ ахуыр кæнынмæ.

***Урочы эпиграф:***

«Æз цы кæнын, уый æргомæй: мæ алы дзырды бын æвæрын мæ къух; знæгтимæ хæцын лæгæй-лæгмæ, чифæнды куы уа, уæддæр».

Хетæгкаты Къоста

*Хæслæвæрд скъоладзаутæн:* Цы мæ бафтыдта дисы Хетæгкаты Къостайы цард æмæ сфæлдыстады, йæ хъысмæты? (Бацæттæ кæнын раныхæстæ).

*Скъоладзаутæ урочы архайынц къордты:* биографтæ, литературæ иртасджытæ, публицисттæ, музыкæ иртасджытæ, нывгæнджытæ, скульпtортæ, артисттæ, Къостайы æмбæлттæ, æмдугонтæ, таурæгъгæнджытæ.

**Урочы цыд:**
(цыбыргондæй)

***1. Къостайы райгуырд æмæ сабийы бонтæ.***

*Биографтæ* (1-аг къорд):

Цæттæ кæнынц презентаци æмæ раныхæстæ темæйæ: «*Къостайы райгуырд, йæ райгуырæн хъæу Нар».*

2-аг къорд цæттæ кæнынц презентаци æмæ раныхæстæ темæйæ: «*Къостайы ныййарджытæ».*

Ам спайда кæнæн ис ахæм æрмæгæй дæр:

1) «Мæ фыды æз канд уарзгæ нæ кодтон, фæлæ мæм зæды хуызæн касти. Ахæм сыгъдæгзæрдæ æмæ хæдæфсарм адæймагыл æз æндæр никуыуал æмæ никæм фембæлдтæн». (Къоста)

2) «Хъызмыдæйыл та ныхас дæр нæй. Нæ мæ уарзта æппындæр, йæ чызгæн

мæнæй уæлдай хъулон митæ кодта. Гыццыл ма куы уыдтæн, уæд-иу æз алыгъдтæн нæ хæстæджытæм. Мæ фыды ус кæй уыд, уый тыххæй йæм схуыстæй никуы сдзырдтон». (Къоста)

3) «Алкæмæн дæр йæ разы вæййы иу тынг хицон адæймаг… æппынæдзух куы нæ уа, уæд та рæстæгмæ. Æмæ уыдонæн, зæрдæмæ хæстæг хицонтæн, адæймаг снывонд кæны йæ царды бонтæй цасдæр рæстæг, адæймаг зоны, иунæг кæй нæу, кæй йын ис, йæ циндзинадыл ын цин чи кæны, йæ хъыгдзинадыл хъыг… Ахæм хæстæгдæр адæймæгтæ вæййынц кæнæ фыд, кæнæ мад, кæнæ æфсымæр, хо, ус… Фæлæ мæнæн та?» (Къоста)

4) «Нæй, ничи мæ уарздзæн дæ хуызæн,
Мæ уарзон, мæ ныййарæг мад.
Дæ фырты куы ницыуал уырны,
Ыстыхсын æй кодта йæ цард.

Ды куы уаис – куыд бирæ мæ уарзис,
Æмбарис дæ фырты зæрдæ.
Тыхмийæ, фыдæй йæ, цæргæсау,
Ды хъахъхъæнис царды, бæргæ.
(Къоста)

– *Æртыккаг къорд* цæттæ кæны презентаци æмæ раныхæстæ: «*Къостайы сабийы бонтæ*».

Ам спайда кæнæн ис ахæм чингуыты æрмæгæй:

Дзаттиаты Тотырбег, «Хæххон стъалы»;

Хетæгкаты Нафирæт, Хæблиаты Сафар, «Къостайы кадæг»;

Дзаттиаты Тотырбег, «Кем ты будешь, лаппу?»

Артисттæ æвдисынц сценкæ ранымад æрмæгмæ гæсгæ, кæнæ та цæттæ кæнынц конкурс: «Чи хуыздæр зоны Къостайы сывæллæттæн фыст æмдзæвгæтæ?»

***2. Къостайы ахуыры рæстæг.***

– *Биографтæ* цæттæ кæнынц *презентаци æмæ раныхæстæ: «Къостайы ахуыры рæстæг».*

– *Тымбыл стъол* (архайынц дзы Къостайы хæстæджытæ, зонгæтæ, ахуыргæнджытæ, æмбæлттæ).

Спайда кæнæн ис ахæм æрмæгæй дæр:

1) *Йе ’мбал Шанаты Ибрагим:* «Къоста æгас гимназы дæр нымад уыдис æппæты хуыздæр нывгæнæгыл… Ахуыр нæ кодта ныв кæнын æмæ æмдзæвгæтæ фыссыныл, хъазыдис спектаклыты, ахуырдзауты иронæй – уырыссагæй зарын кодта иронау».

2) *Хетæгкаты Андухъапар:* «Æз бирæ уарзтон Къостайы, фæлæ-иу æм тызмæг уыдтæн йæ зивæг æмæ æнæмæтгæнаджы тыххæй, стæй ма йæ сывæллоны миты тыххæй…».

3) *Василий Смирнов:* «Растет на моих глазах не только художник и поэт, но и философ», «… истина пробивает себе путь и через огонь, и через темницы, пока не достигнет той высоты, которая ей принадлежит по праву…». «Эх, удалось бы мне помочь ему поступить в академию! В Петербурге он бы раскрыл свои крылья и парил бы, как могучий орел над снежными вершинами Кавказа!» (Дзаттиаты Тотырбег, «Кем ты будешь, лаппу?»)

*4) Йæ хорз зонгæ Яков Борисов:* «Поздравляю будущего Леонардо! Художник, актер, поэт… Словом, будущий Леонардо… Рад, очень рад за тебя!» (Дзаттиаты Тотырбег, «Кем ты будешь, лаппу?»)

*5) Павел Петрович Чистяков:* «Хетагуров – одаренный юноша! Уже два года он у меня занимается и, должен сказать по чести, – превосходный молодой человек. Талантлив, весьма талантлив! Вы же сами, господа, на последнем экзамене по живописи выставили ему «17». А «17» – оценка, которая редко кому ставится. Юноша талантлив, у него большое будущее…» (Дзаттиаты Тотырбег, «Кем ты будешь, лаппу?»)

***3. Къоста куыд адæймаг.***

– *Нывгæнджытæ* цæттæ кæнынц презентаци: «Къостайы портреттæ». *(Райдайын æмбæлы Тугъанты Махарбеджы конд портретæй)*

Саразын Къостайы фæлгонц (дзургæйæ).

– *Фæлгонцаразджытæ.* Пайда кæнынц æрмæгæй:

1) *Тугъанты Махарбег.* «Къоста фылдæр хатт дардта морæ, кæнæ та цъæх цухъхъа сау куырæтимæ. Йæ диссаджы

сатæг сау сæрыхъуынтæ фæсте зындысты йæ сау худы бынæй. Уый асæй уыди рæстæмбис адæймаг, нарæгастæу æмæ фæтæн уæхскджын, гуырджын, йæ къахайст дæр уыди рог, уæгъдибар. Стыр сау цæстытæ æдзухдæр зынгау æрттывтой… йæ хъæлæсы уаг уыди зæрдæмæдзæугæ, арф æмæ фæлмæн…».

2) *Нина Смирнова.* «Пришел Коста, и в доме оживление, смех. Он смеялся раскатисто, говорил громко и весело. Одет был в серую черкеску с черным бешметом и белым башлыком, на голове – черная каракулевая шапка. По-русски он говорил хорошо, без акцента, но всегда носил национальную одежду».

3) *Тугъанты Махарбег.* «Иуахæмы Шанаты Ибрагимы бинонтæм уыди хъæлдзæгдзинады изæр. Уырдæм æрæмбырд сты бирæ уазджытæ. Уыдис дзы æфсæддонтæ дæр. Уыдонимæ – ирæттæ, гуырдзиæгтæ, уырыссæгтæ æмæ æндæр адæмыхæттытæ. Ноджы ма ардæм æрцыдис бирæ хæрзарæзт сылгоймæгтæ æмæ æрыгон фæсивæд.

Æппæт уазджыты каст дæр уыдис Къостамæ: уый фынджы уæлхъус экспромтæй дзырдта æмдзæвгæтæ. Уайтагъд-иу ахъуыды кодта частушкætæ æмæ-иу сæ «О, Тула, Тула – я! Тула – родина моя»-йы мотивыл дзырдта. Йæ цыргъ æмæ хъазæн ныхæстæй хъæлдзæг кодта адæмы се ’ппæты дæр. Хъæлдзæгдзинады изæрмæ чи ’рцыди, уыдонмæ Къостайы кой йеддæмæ ныхас нæ уыди. Æвæццæгæн, фæсæмбисæхсæвтæ уыдаид, афтæ айхъуысти музыкæйы цагъд. Хъазт байгом. Къоста дирижер алæууыд. «Мазуркæ» кафгæйæ, Къоста рахызти се ’ппæты разæй. Йæ рог фæзылдтытæ æмæ арæхст кафтæй йæхимæ æркæсын кодта æппæт уазджыты дæр. «Мазуркæйы» фæстæ Къоста рахызти «вальсмæ» æмæ æндæр ныгуылæневропæйаг кæфтытæм. Уыцы кæфтыты æхсæнмææхсæнты-иу Къоста æрцæгъдын кодта тымбыл кафты цагъд. Рог-иу айста йæ къабæзтæ чызджы фæдыл. Гъе, ахæм уыдис Къоста хъæлдзæгдзинады рæстæджы, цалынмæ ахст нæма æрцыди, уæдмæ».

*4) В.А. Смирнов.* «1891 аз. Октябрь. Цыдис мыл уæд 8 азы. Къоста сабиты тынг бирæ уарзта, æмæ уыдон дæр, йæ зæрдæ йын зонгæйæ, йæ алыварс ратæх-батæх кодтой æппынæдзух.

Иу райсом мæ мадмæ бацыдтæн:

– Æри мын иу сом.

– Цы дзы кæныс? – бафарста мæ мæ мад.

– Дядя Къостайæн йæ гуырæнбон у, æмæ йын исты балхæнын хъæуы.

Мæ мад мемæ сразы ис, радта мын æхца. Мæнæй амондджындæр уыцы минут ничи уыдис, цингæнгæйæ рауадтæн нæ хæдзарæй. Фæлæ, цы балхæнон, уымæн ницы зыдтон.

Дуканитыл зилгæйæ, хъуыды кодтон Къостайыл. Мæ цæстытыл ауади сыгъдæг рæсугъд дзаумæтты, æвзист рон æмæ хъамаимæ. Хорз нымæт худимæ… Ахæм «хохагæн» хъуамæ йæ цырыхъхъытæ цæхæртæ калой! Дуканийы æвиппайды мæ цæст æрхæцыд тымбыл стыр къоппы дзабырсæрфæн ваксæйыл. Цыдæр рæсугъд гæххæтт ыл ныхæст. Бирæ нал ракæ-бакæ кодтон, фæлæ балхæдтон уыцы къопп. Æмæ та ногæй мæ цæстытыл ауадис, Къостайы цырыхъхъытæ куыд æрттивдзысты, уый...

Нæ амондæн, Къоста хæдзары разынди. Кæй йæ æрхъуыды кодтам, уый цинæй ма нын цы акодтаид, уый нал зыдта. Нæ лæвæрттæ йæм куы равдыстам, уæд зæрдиагæй худын райдыдта…»

*5)Тхостаты Саукуыдз.* «… С каким увлечением он говорил!.. «Во мне все возмущается, я не знаю, что делается со мною, когда я слышу, вижу или читаю, как унижают горцев, сравнивают, толкуют о них, как о дикарях, неспособных людях… Я равно страдаю от страданий ингуша ли, ирона, дагестанца или кабардинца».

*Таурæгъгæнджытæ* дзурынц таурæгътæ:

«Хуымæтæджы лæг»,

«Мæнæй тыхстдæр у»,

«Фæстаг фондз сомы»,

«Сауджыны сугтæ» æмæ а. д.

**4. Къостайы сфæлдыстад.**

– *Литературæ иртасджытæ* цæттæ кæнынц *наукон конференци* Къостайы

сфæлдыстадмæ гæсгæ. Темæтæ рагацау лæвæрд цæуынц скъоладзаутæн.

– *Артисттæ* цæттæ кæнынц сценкæ: *«Къоста æмæ Байаты Гаппойы быцæу ныхас»*.

Ам спайда кæнæн ис ахæм æрмæгæй:

1) «Цалынмæ хуыссыдтæн, уæдмæ бынтон биноныг куыст бакодтон мæ ирон æмдзæвгæтæ, æмæ сæ иуæй-иуты, хи æппæлынмæ мын æй ма бамбар, диссаджы хорз сты. Æппынфæстаг сæ рауадзын хъæуы». (Къоста)

2) «Æз мæ дзырдтæй базар никуы кодтон, иунæг рæнхъæн дæр æхца никуы райстон… Æз фыссын уый, кæцы мæ бон нал вæййы уромын мæ бирæ фæрисгæ зæрдæйы».

3) «Марг мын фестын кодтай, æз уыцы чиныджы рацыдмæ цы æхсызгондзинадмæ æнхъæлмæ кастæн, уый. Мæнæн ныртæккæ дæр исты мадзал куы уаид, уæд æй æрæмбырд кæнин æмæ йæ басудзин…»

4) «Гаппо на мое «грязное» письмо написал мне очень трогательный ответ и этим сразу искупил свою вину – покаяние полное, хотя и смягченное разными посторонними причинами и обстоятельствами».

5) «Гаппо честный осетин и добрый человек, … да и вообще пока лучше многих…». (Гаппо æнæдзургæйæ лæууыд)

– *Артисттæ* кæсынц Къостайы æмдзæвгæтæ (*конкурс «Аив дзырды дæсны»*, ам райдайæн ис Мерденты Юрийы аив кастæй).

***5. Къостайы публицистикæ.***

– *Публицисттæ* фыссæджы публицистикæмæ гæсгæ цæттæ кæнынц проекттæ.

– Къостайы *раныхас – тæрхон* йæ уацтæм гæсгæ:

«Неурядицы Северного Кавказа»,

«Горские штрафные суммы»,

«Развитие школ в Осетии».

***6. Къоста-нывгæнæг.***

– *Нывгæнджытæ* цæттæ кæнынц *равдыст-вернисаж* Къостайы нывтæм гæсгæ.

Спайда кæнæн ис ахæм æрмæгæй:

1) «Иуæй-иу хатт афтæ бирæ фæнывтæ кæнын, æмæ мæ къух уæлæмæ сисын нал вæййы мæ бон». (Къоста)

2) 1877 азы дыууадæсаздзыд Къоста архайдта Мæскуыйы нывты равдысты.

3) «Нывты равдыстытæн дзы ныккæнæн нæй… Залты рацу-бацу кæнын, цалынмæ мын лæггадгæнджытæ равдыст сæхгæныны агъоммæ ме 'фцæгготыл нæ ныххæцынц æмæ мæ асинтыл гипнозгондау нæ фæдæлæмæ кæнынц, уæдмæ» (Къоста).

4) «Къостайы нывтæм кæсгæйæ, адæймаг æххæстæй банкъары, уыдон хуымæтæг адæмы цард кæй æвдисынц, уый». (Дзантиаты Анатолий)

***7. Къоста æмæ музыкæ.***

– *Музыкæ иртасджытæ* цæттæ кæнынц *Музыкалон сахат: «Къоста æмæ музыкæ»* (сценаримæ гæсгæ).

Спайда кæнæн ис ахæм æрмæгæй дæр:

1) Къостайæн йæ уарзон зарæг уыди «*Сосейы зарæг*».

«Джетæгъæз æмæ Саламджерийæн акæн «Сосейы зарæг»:

Ой, Сосе! Хæрисæй, дам, цæвæджы хъæр нал хъуысы,

Ой, Сосе! Фæдисæй, дам, дæ лæджы хъæр нал хъуысы», – фыста Къоста Цæлыккаты Юлианнæмæ.

2) «У нас каждую субботу собиралась учащаяся молодежь. Коста посещал эти вечеринки и читал на них свои произведения и любимых своих поэтов и писателей. Очень любил пение. Екатерина Акимовна Бабич аккомпанировала, молодежь пела. Коста участвовал в дуэтах и хоровых пениях. Его любимыми романсами были «Глядя на луч пурпурного заката», «До гроба вы клялись любить поэта» и др. Коста руководил у нас организацией спектаклей и их постановкой». (Культурæ æмæ аивады кусæг Р. Адамова. Стъарапол)

3) 1893-æм азы Стъараполы сарæзтой Чайковскийы номыл мысæн изæр. Концерты сæйраг архайæг æмæ нывгæнæг уыди Къоста. Композиторы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй дæр йæхæдæг радзырдта. Уый фæстæ дæр номдзыд адæймæгты тыххæй поэты разамындæй

арæзтой изæртæ. (Четиты Рутен)

4) Къоста тынг бирæ уарзта ирон адæмон зарджытæ, зыдта сæ, зарыди сæ. Зындгонд гуырдзиаг композитор Д. Арахъишвили 1902 азы сæмбæлд Къостаимæ æмæ дзы ныффыста авд зарæджы.

***8. Къоста æмæ йæ уарзон сылгоймæгтæ.***

– *Литературæ иртасджытæ æмæ артисттæ* цæттæ кæнынц «Къоста æмæ йæ уарзон сылгоймæгты фембæлд» (презентациимæ).

Спайда кæнæн ис Къостайы фыстæджытæй ист скъуыддзæгтæй:

1) «Сылгоймаг у царды æмбал, хæлар, æххуысгæнæг куысты мидæг».

2) «Уарзондзинад хъуамæ уа сыгъдæг, æнæхин».

3) «Мемæ йæ хъысмæт сбæттæн ис æрмæстдæр ахæм адæймагæн, мæ хъуыдытыл, мæ архайдыл кæронмæ разы чи уа, æмæ, уæлдайдæр та, хивæнд Къостайы риуы цы æнæкæрон бирæ уарзондзинад ис, уымæн йæ иу фондзыссæдзæймаг хай уæддæр кæмæ уа».

4) «Мæ бæллæх бынтон æндæр хуызы бæллæх у… Æхсæнады мидæг æз ахæм бынаты дæн, æмæ мæ хъысмæт æндæр адæймаджы хъысмæтимæ сбæттын – уый æрра ми у…»

*Къоста æмæ Анна Попова.*

– *Артисттæ* кæсынц Къостайы А. Поповайæн фыст æмдзæвгæтæ: «Да, я уж стар», «Многоточия», «Высокий барский дом», «Да, встретились напрасно мы с тобой» æмæ а. д.

– *Нывгæнджытæ* дзурынц Къостайы конд А. Поповайы портрет æмæ ныв «Хъыггæнаг зæд»-ы тыххæй.

А. Поповайы фыстæджытæй:

а) «Цæрæнбонты бæллыдтæн удыхъæдæй сыгъдæг æмæ хъæздыг, зондæй та фидар чи у, йæ дунембарынадæй æмæ мын йæ зонындзинæдтæй мæ уд чи фæхъæздыгдæр кодтаид, уæззау рæстæг та мын æцæг æмбал чи уыдаид, ахæм адæймагыл фембæлынмæ. Æмæ мæ мæнæ хъысмæт фембæлын кодта Къостаимæ. Уый разынд, кæмæ тырныдтон, ахæм удгоймаг… Фæлæ нæ фембæлд амондджын нæ уыд».

б) «… Я не отрицаю: поэт увлекался, возможно, что и влюблялся, даже питал и жгучую страсть. Ведь это совсем не то, что любовь. Любовь вечная, любовь истинная, святая… Именно такой любовью умел любить Коста. И это пало на мою долю…»

в) «В знак нашей любви я ни с кем не связала свою судьбу и осталась с одинокой и скорбной душой».

*Къоста æмæ Цæлыккаты Аннæ.*

– *Артисттæ* кæсынц Аннæйæн фыст Къостайы æмдзæвгæтæ: «Предчувствие», «Да, я люблю тебя», «Опять к тебе, любимая подруга», Не верь, что я забыл родные наши горы», «Я отживаю век, ты жить лишь начинаешь», «Тяжело», «Прощай», «Я не пророк».

– *Нывгæнджытæ* дзурынц Къостайы конд Аннæйы портреты тыххæй.

Къостайы фыстæджытæй:

а) «Тæхуды, ныр дæумæ цæсты кæронæй уæддæр бакæс. Цы зæрдæ дæм дарын, уый тыххæй, æвæццæгæн, дызæрдыг нæ кæныс. Бæлвырд дзуапп мын радтай, зæгъгæ, дæуæй уый домын мæ бон нæу, фæлæ уæддæр мæхицæн ныфс æвæрын, ахъуыды кæн. Дæ портрет дын мæ мады къамы фарсмæ сауыгътон».

б) «Чысыл фæстæдæр базыдтон, чындз кæй дæ, уый. Уый тыххæй ныффыстон æнкъард æмдзæвгæтæ».

в) «Ахъаззаг рынчын фæдæн, сынтæгæй стын мæ бон нæма уыд, афтæ мын фехъусын кодтой, æрыгон афицер Дз. хорзау кæй нал у, уый. Тынг зын мын уыди уыцы хабар. Мæн фæндыд дæуæн де стыр зыны сахат дæ уæлхъус балæууын. Æз уæд нæ фæфæстиат уыдаин мæхи тæссаг цард дæр дæуæн иу дзæбæх ныхас зæгъыны сæраппонд раттыныл. Фæлæ мæ ныфс нæ бахастон».

г) «О фæлæ æз уарзгæ кæнын, уарзгæ, цыппор мин æфсымæрæй дæр тыхджындæр куы уарзын. Æз уарзгæ кæнын, æмæ мæ уымæ гæсгæ фæнды, цæмæй уыцы уарзон адæймаг æппынæдзух мемæ уа, алы сахат, алы минут дæр йæ уындæй мæхи рæвдауон,

йæ фæлмæн улæфтæй мæхи æфсадон, мæ царды алы уысм дæр ын æнæвгъауæй дæттон».

д) «Цæй æмæ, мæ зынаргъ, алыг кæнæм уыцы хъуыддаг! Ард дын хæрын, дæ хъуыдытæ мын æргомæй куы зæгъай, уæд цыфæнды зын бауромæн куы уой, уæддæр дæ бузныгæй уæлдай хъаст нæ ракæндзынæн…»

Аннæ: «Мæн ма сæрибарæй ацæрын фæнды, æз нырма гимназ æрæджы каст фæдæн» (ныры онг æдзæмæй лæууыд).

*Артисттæ* цæттæ кæнынц сценкæ: «Къоста æмæ Аннæйы фæстаг фембæлд». (Дзаттиаты Тотырбеджы уацмыстæм гæсгæ)

***9. «Дæ мæсыг амайын фæдæ».***

Спайда кæнæн ис ахæм æрмæгæй:

*1) Скульптортæ* цæттæ кæнынц фæсаууонмæ экскурси: «Къостайы цыртдзæвæнтæ». (Райдайын æмбæлы Тауаситы Сослæнбеджы конд цыртдзæвæнæй, Ирон театры раз, æвæрд æрцыд 1955 азы).

Сослæнбег «Къостайыл» куы куыста, уæд æм Мæскуыйы æрмадзмæ арæх цыди В. Смирнов… Иуахæмы йæм нал фæлæууыди æмæ йын бауайдзæф кодта:

– Уыдæттæ ма ныууадз, фæлæ зæгъ, Къостайæ уæйыг цæмæн аразыс? Къоста мæнæ ахæм куы уыди: гуыбыргомау, нарæг риуджын!

– Зонын æй, мæ хæлар, фæлæ йæ æз кæнын фидæны фæлтæртæн, æмæ гуыры кондæй дæр хъуамæ хъаруджын зына, – дзуапп ын радта Сослæнбег.

2) *Зарæггæнджытæ* цæттæ кæнынц цыбыр сценари: «Сæдæгай азты иу хатт райгуыры». (Райдайын, Тменыхъæуккæгтæ 1900 азы Къостайыл цы зарæг скодтой, уымæй).

3) *Таурæгъгæнæг* дзуры таурæгъ «Æз дæр Къоста дæн».

4) *Кæронбæттæн ныхас.*

*Абайты Васо:* «Æз нæма бафсæстæн Къостайы «Ирон фæндыр»-æй, Къостайы æмдзæвгæты зæлланггæнæг æмæ уыимæ зæрдæагайгæ, хуымæтæг æмæ арф хъуыдыджын рæнхъытæ кæсынæй, Къостайæ æппæлынæй, Къостайæ сæрыстыр уæвынæй. Азтæ куыд фылдæр цæуынц, афтæ Къоста мæ цæсты кæны кадджынæй-кадджындæр, тыхджынæй-тыхджындæр. Æмæ та ногæй бахæлæг кæнын, мæхæдæг дæр йæ туджы ’ртахæй иу кæмæн дæн, уыцы ирон адæммæ, ахæм æрдхæрæйнаг хъæбул кæмæн райгуырди… Уаих фæуай хъысмæт, мæ азтæй иу ссæдз куы айстаид æмæ сæ Къостайы цæрæнбонтæм куы бафтыдтаид».

*Байхъусын скъоладзауты дзуæппытæм, лæвæрд хæстæм гæсгæ.*

***Хозиты Аленæ,***
*Дзæуджыхъæуы физикон-математикон интернаты ахуыргæнæг*

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Хæрзгæнæг хорз ары» (æмбисонд)*

***Грамматикон темæ:*** «Комкоммæ ныхас»

***Урочы нысантæ:***

1.Бацамонын, цы у комкоммæ ныхас.

2. Дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзтыл бакусын.

3. Сабитæм гуырын кæнын кæрæдзийæн æххуыс кæнынмæ тырнындзинад.

***Æххуысгæнæн фæрæзтæ:*** проектор, мультимедион презентаци.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Ахуыргæнæг:* Абон урочы цæуыл дзурдзыстæм, уый зæгъдзыстут, текст куы бакæсат æмæ йын йæ хæстæ куы сæххæст кæнат, уæд.

Текст:

Уызынæн йæ хæдзар уарыны дон аласта. Хоргалм ын фæтæригъæд кодта æмæ йæ рæстæгмæ цæрынмæ æрбауа…та. Бонтæ цыдысты, уызын хоргалмы хæдзарæй цæуынвæнд нал кодта. Хоргалмы лæппынтæ сæхицæн бынат нал ардтой – уызыны судзинтæ сæ хъыгдардтой æппынæдзух.

Уæд хоргалм за…та уызынæн: «Æз дæ ардæм рæстæгмæ æрбакодтон. Ныр дæ судзинтæй мæ лæппынты бон нал у, æмæ дæ курын, ардыгæй ацу». «Кæд искæмæй исты риссы, уæд ацæуæд. Мæнæн ам дæр æвзæр нæу»,– дзуапп радта уызын.

*Ахуыргæнæг:* Текст уæ зæрдæмæ фæцыд? Цæмæй?

– Раст бакодта уызын?

– Уæдæ куыд хъуамæ бакодтаид?

– Цавæр фауинаг миниуджытæй хайджын у уызын?

(æбузн, æнæрхъуыды, æдзæсгом, хиуарзон)

*2. Хæс:* Бакæсын æмбисæндтæ, сæ хъуыды сын бацамонын. Тексты сæйраг хъуыды цы æмбисонд æргом кæны, уый сбæрæг кæнын:

1) «Хорздзинад нæ рох кæны»;

2) «Хорздзинад бæсты нæ цæуы».

*Дзуапп:* «Хорздзинад бæсты нæ цæуы».

*3. Ахуыргæнæг:* Æмæ царды æдзухдæр афтæ вæййы, цымæ?

*Дзуапп:* Афтæ нæ вæййы. Мах зонæм, бирæ æндæр уацмыстæ, хорздзинад бæсты кæмæн ацыд, ахæмты тыххæй.

(Дзурынц Л.Н. Толстойы радзырдтæй скъуыддзæгтæ: «Домбай æмæ мыст», «Пыл æмæ мæлдзыг». Кæнынц хатдзæг: «Хорздзинад нæ рох кæны»).

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ абон цæуыл дзурдзыстæм?

*Дзуапп:* Мах дзурдзыстæм, хæрзгæнæг хорз кæй ары, ууыл. Адæймаг царды хъуамæ хорз хъуыддæгтæ кæна, цæмæй йын йæхицæн дæр исчи æххуыс кæна, уый тыххæй.

***II. Урочы темæйыл куыст.***

1. Тексты бындурыл фæлтæрæнтæ баххæст кæнын:

1) Цухгонд дамгъæтæ цы дзырдты ис, уыдон рафыссын; орфограммæтæ бацамонын;

2) Рафыссын вазыгджын дзырдтæ. Бацамонын сын сæ арæзт.

(хоргалм, цæуынвæнд, хъыгдардтой, æппынæдзух)

*2. Грамматикон темæмæ рахизын.*

*Ахуыргæнæг:* Цал персонажы ис тексты?

– Бакæсут сын сæ ныхас (цæсгæмттæм гæсгæ)

– Цæмæй хицæн кæнынц ацы хъуыдыйæдтæ иннæтæй?

(Комкоммæ ныхас дзы ис)

– Комкоммæ ныхас кæм æвæрд ис хъуыдыйады? Авторы дзырдтæ та?

– Куыд хицæн кæнын хъæуы комкоммæ ныхас авторы дзырдтæй?

3. Презентаци «Комкоммæ ныхас».

Презентацийы æрмæг равзарыны фæстæ скæнын хатдзæг:

– Цы у комкоммæ ныхас?

– Цы сты авторы дзырдтæ?

4. Къордты куыст.

*1-аг хæс:*

Карточкæтимæ куыст. Авторы дзырдтæ бахахх кæнут кæрдæгхуыз кърандасæй, комкоммæ ныхас та – сырх кърандасæй.

«О, о,– бирæгъ загъта,-
Ма рох кæн дæ дзырд»,-
Арсы уым фæуагъта,-
Мехъ кæмдæр фæцыд… (Къоста)

*2-аг хæс:* схемæтæм гæсгæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ комкоммæ ныхасимæ.

«К,-а, – к».
«К!» – а.
А: «К!»

*3-аг хæс:*

– Схемæтæй кæцымæ гæсгæ арæзт у 1-аг хъуыдыйад?

– 2-аг хъуыдыйад та?

*5. Сфæлдыстадон хæслæвæрд.*

Хъуыдыйæдтæ комкоммæ ныхасæй баххæст кæнын (дзургæйæ).

1) Ахуыргæнæг бафарста, хæдзармæ куыст чи сæххæст кодта, уымæй.

2) Фаризæт йæ сыхæгтæн фехъусын кодта, горæты къæвда кæй уары, уый.

3) Аслан йе ’мбæлттæн аппæлыд, йæ фыд ын компьютер кæй æлхæны, уый.

(Куыст цæуы ерысы хуызы)

*6. Улæфты рæстæг.* Хъазт: фæйнæгмæ рацыдысты скъоладзаутæ, сæ къухты – карточкæтæ хъуыдыйæдтимæ. Иутæм – авторы дзырдтæ, иннæтæм – комкоммæ ныхас. Хъуамæ афтæ ралæууой, цæмæй сæ рауайа хъуыдыйад.

7. Текстыл куыст.

1)Байхъусын дыккаг текстмæ æмæ зæгъын, цæмæй хицæн кæны фыццаг текстæй.

Цардис тынг хæларзæрдæ уызын. Никæмæн ницы æвгъау кодта. Уыдис тынг рæдау. Суанг ма йæ кæрцы судзинтæ дæр байуæрста хъæды цæрæгойтæн: кæй йæ кæрц æмпъузынæн хъуыд, кæй та – зымæгмæ дыр…тæй хæл…æ кæнынмæ.

Уалынмæ ралæууыд зымæг. Тынг уазал уыдис уызынæн æнæ йæ кæрц. Ихæн æмæ æххормагæй марди. Фæлæ йыл ахæм рæстæг бирæ нæ ахаста. Иу бон ын йæ дуар чидæр æрбахоста. «Уызын, хæдзары дæ? Ай дын мæ лæвар», – æрбадзырдта йæм дуарæй æхсæрсæттæг. Дуары раз февзæрд йæ судзин зокъоты халимæ.

Афтæ йын иннæ сырдтæ дæр йæ судзинтæ хуынтимæ хæссын райдыдтой. Чи йын фæткъуытæ хаста, чи – гагадыр…тæ, чи та – уырыдзытæ. Уызын йæ хъарм кæрцы йæхи æрбатыхта. Йæ зымæг алцæмæй æххæстæй арвыста.

2) Фæрстытæн дзуапп раттын:

– Ацы текст цæмæй хицæн кæны фыццаг текстæй?

– Цавæр фæзминаг миниуджытæй хайджын у уызын?

(рæдау, адæмуарзон, зæрдæхæлар)

–Цæмæй бæрæг у?

*3) Æмбисæндтыл куыст.*

Зæгъын, æмбисæндтæй кæцы æргом кæны тексты сæйраг хъуыды:

«Адæм кæрæдзи фæрцы цæрынц»,
«Раттаджы къух райсаг у»,
«Хорздзинад бæсты нæ цæуы».

*4) Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнын.*

5) Дзырдтæм синонимтæ ссарын: *ихæн, бирæ нæ ахаста, хуынтæ.*

6) Дзырдтæм антонимтæ ссарын: *хæларзæрдæ, рæдау, ницы æвгъау кæнын.*

7) Рафыссын дзырдтæ, цухгонд дамгъæтæ æвæргæйæ. Орфограммæтæ бацамонын.

8) Бакæсын хъуыдыйад комкоммæ ныхасимæ. Кæцы схемæйæн дзуапп дæтты?

«К,– а, –к».
«К!» – а.
А: «К!»

*8. Ахуыргæнæг:* Хæларзæрдæ уызын хъæды сырдтæй кæмæн раттаид йæ судзинтæ? (Арсæн, æхсæрсæттæгæн, рувасæн æмæ æнд.)

*Хæс:* Текстмæ гæсгæ æрхъуыды кæнын хъуыдыйæдтæ комкоммæ ныхасимæ. Зæгъæм, арс уызынæй куры иу судзин, кæнæ йын йæ судзин фæстæмæ æрбахæссы.

– Куыд аивта текст, комкоммæ ныхас дзы куы фæзынд, уæд?

(Комкоммæ ныхасы фæрцы текст фæаивдæр, фæзæрдæмæдзæугæдæр)

9. Диалог цæсгæмттæм гæсгæ бакæсын, хатдзæг скæнын.

*1)* – Инал, авæр-ма мæм дæ къæрандас.

– Дæхион цæуылнæ æрбахастай? – бахъуыр-хъуыр кодта Инал. – Мæ къæрандас мæхи хъæуы.

– Инал! Аххуыс-ма мын кæн мæ чингуытæ æфснайынмæ.

– Дæхи чингуытæ сты, æмæ сæ дæхæдæг бафснай.

*Ахуыргæнæг:* Иналы йе ’мбæлттæ уарзынц?

*Ахуыргæнæг:* Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнут. (Æвзæрæй цæрын тынг зын у)

2) –Агуындæ, авæр-ма мæм дæ телефон. Мæхион хæдзары баззад, æмæ мæм мæ мады зæрдæ ’хсайдзæн.

-Табуафси, ды мæ къласаг дæ, æмæ кæрæдзийæн куы нæ æххуыс кæнæм, уæд уый хорз нæу.

«Агуындæ, ды тынг хорз æмбал дæ. Фæсурокты æз демæ баззайдзынæн æмæ дын къласы æфснайынмæ аххуыс кæндзынæн»,– бацин кодта Зæлинæ.

*Ахуыргæнæг:* Ацы текст цæмæй хицæн кæны раззагæй?

– Сымах та куыд феххуыс кæнут кæрæдзийæн?

– Æмæ сымах æхсæн Иналы хуызæн скъоладзаутæ нæй?

– Агуындæйы хуызæн та?

– Уæ къласы чи кæмæн цы ратты? Кæй хонут рæдау?

– Цавæр адæймагæн æнцондæр у цæрын?

10. Тестытæ баххæст кæнын.

1) Комкоммæ ныхас у:

а) Искæй ныхас ивдæй загъд куы æрцæуы, уый

æ) Искæй ныхас æнæ аивгæйæ загъд куы æрцæуы, уый

б) Искæй ныхæстæм æндæр дзырдтæ æфтыд куы æрцæуынц, уый

*2) Иу лæппу быдта тæскъ. Уæд æй йæ фыд фæрсы: «Лæппу, уыцы тæскъ цæмæн бийыс, тæскъхъуаг куы нæ стæм?»*

Хъуыдыйад арæзт у ахæм схемæмæ гæсгæ:

а) А: «К?»
æ) «К»,– а.
б) А: «К».

3) Дарддæр ахæццæ кæнут æмбисонд: «Хæрзгæнæг …»

а) хорз нæ ары
æ) хорз ары
б) алы хатт нæ ары

4) Комкоммæ ныхас фæлæууы хъуыдыйадæн

а) æрмæст йæ райдайæны
æ) йæ астæу, йæ кæроны, йæ райдайæны
б) æрмæст йæ кæроны

5) Æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрд сты хъуыдыйады

а) Хæдзармæ лæвæрд уын цы уыд – «афарста ахуыргæнæг».

æ) «Хæдзармæ лæвæрд уын цы уыд?», афарста ахуыргæнæг.

б) «Хæдзармæ лæвæрд уын цы уыд?» – афарста ахуыргæнæг.

***VI. Урочы хатдзæгтæ***

*1. Фæрстытæн дзуапп раттын:*

– Цы у комкоммæ ныхас?

– Цы хонæм авторы дзырдтæ?

– Куыд хицæн кæнын хъæуы комкоммæ ныхас авторы дзырдтæй?

– Комкоммæ ныхас хъуыдыйады кæм æвæрд вæййы?

*2. Хъуыдыйæдтæ баххæст кæнын.*

Урочы æз фехъуыстон …

Æз базыдтон …

Урочы мæм цымыдисаг фæкаст …

Урочы мæм зын фæкаст …

Урочы мæ зæрдæмæ фæцыд …

***IV. Хæдзармæ куыст.*** Темæ «Хæрзгæнæг хорз ары»-мæ гæсгæ æрхъуыды кæнын чысыл таурæгъон текст комкоммæ ныхасимæ.

***Цæллагкаты Светланæ,***
*Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг*

# ИРОН ÆВЗАГ ЧИ НÆ ЗОНЫ, УЫЦЫ СКЪОЛАДЗАУТИМÆ КУСЫНЫ УРОК

***Урочы темæ:*** *«Мæргътæ – æрдзы фидауц»*

(Диалогон æмæ монологон ныхасы рæзтыл куыст)

*Грамматикон æрмæг:* фæсæвæрдты раст æвæрд дзырдбæстыты æмæ хъуыдыйæдты (фæлхат).

*Урочы нысантæ:*

1. Бацамонын диалогон æмæ монологон ныхасы хицæндзинæдтæ.
2. Бакусын ныхасы рæзтыл.
3. Гуырын кæнын уарзондзинад ирон æвзагмæ, ирон æвзаг ахуыр кæнынмæ тырнындзинад.

*Урочы фæлгонц:* текст; интерактивон фæйнæг; цæстуынгæ æрмæг (слайдтæ); классикон музыкæ.

*Куысты хуызтæ:* лексикон æмæ грамматикон фæлтæрæнтæ; кæсын; хъæзтытæ; диалогон ныхасыл куыст; интерактивон фæйнæгыл куыст.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*1. Мотивацион уавæр.* Хъуысы классикон музыкæ (Вивальди «Афæдзы афонтæ. Уалдзæг»). Ахуыргæнæджы эмоционалон разныхас уалдзæджы тыххæй.

*2. Хъазт «Хорз æмæ æвзæр синоптиктæ».* Ахуырдзаутæй иу барæй боныхъæд раст нæ дзуры, иннæ йæ раст кæны.

3. Ахуыргæнæг сывæллæтты ныхæстæ бæтты урочы темæимæ, ахуырдзауты размæ æвæры урочы нысантæ. (1слайд)

*4. Интерактивон фæйнæгыл куыст. Ассоциацитæ.*

Фæйнæгыл æвдыст цæуынц, скъоладзаутæ хорз кæй зонынц, уыцы мæргъты нывтæ. Ахуырдзаутæ дзурынц, уыцы маргъимæ цы ассоциацитæ баст сты, уыдон. (Зæгъæм: *кæсаглас* – хæры кæсæгтæ; доны был; даргъ къæхтæ; даргъ къубал æмæ а. д.).

(2-16-æм слайдтæ)

5. *Хъазт «Фыдуаг цъиу».* Нывгонд бæласыл, куы иу ран, куы иннæ ран абады цъиу (магнитыл конд). Скъоладзаутæ, фæсæвæрдтæй пайда кæнгæйæ, дзурынц, цъиу цы ран абады, уый.

Хъæзты размæ сфæлхат кæнын хъæуы фæсæвæрдты растфыссынад дзырдтимæ (*раз, цур, фарсмæ, фæстæ, размæ, сæр, бын, æхсæн)*; цавæр хауæнты æвæрд цæуынц, семæ цы номдартæ баст сты, уыдон.

6. *Текстыл куыст.*

Сауцъиуты ног хæдзар

Аланæн йæ дада æмæ йæ нана цæрынц хъæуы. Сæ кæрты астæу рагæй зайы стыр кæрдо бæлас. Фарон уыцы бæласыл лæппу цъиутæн æрцауыгъта гыццыл хъæдын хæдзар. Уалдзæджы дзы æрцардысты сауцъиутæ. Ацы аз дæр та мæргътæ сæ зæронд бынатмæ æртахтысты.

Иу райсом Алан разгъордта кæртмæ. Сауцъиутæ удаистæй хъæр кодтой: фыдуаг сырддонцъиутæ сын сæ хæдзар байстой. Лæппу йæ фыдæн лæгъстæ кæнын райдыдта: «Баба, цæй, æмæ цъиутæн ног хæдзар саразæм». Фыд сразы ис.

Алан райста дзæбуг, зæгæлтæ æмæ фæйнæджытæ. Сихормæ фыд æмæ фырт сæ куыст фесты.

Дыккаг бон лæппу касти, сауцъиутæ сæ ног хæдзары сæр куыд цъыбар-цъыбур

кæнынц, уымæ æмæ цин кодта.

(Текст бакæсыны размæ скæнын хъæуы фонетикон зарядкæ, бакусын, тексты цы кавказаг мыртæ æмбæлы, уыдоныл)

Текст бакæсын æмæ зæгъын, тексты пълан раст арæзт у æви нæ. Пълан сраст кæнын. (21 слайд)

1) Лæппу цин кодта.

2) Сырддонцъиутæ байстой сауцъиуты хæдзар.

3) Алан æмæ йæ фыд мæргътæн сарæзтой ног хæдзар.

4) Уалдзæджы дзы æрцардысты сауцъиутæ.

5) Алан зæронд кæрдо бæласыл цъиутæн æрцауыгъта хæдзар.

6) Сауцъиутæ сæ ног хæдзары сæр цъыбар-цъыбур кодтой.

Растгонд пълан:

1) Алан зæронд кæрдо бæласыл цъиутæн æрцауыгъта хæдзар.

2) Уалдзæджы дзы æрцардысты сауцъиутæ.

3) Сырддонцъиутæ байстой сауцъиуты хæдзар.

4) Алан æмæ йæ фыд мæргътæн сарæзтой ног хæдзар.

5) Сауцъиутæ сæ ног хæдзары сæр цъыбар-цъыбур кодтой.

6) Лæппу цин кодта.

*7.Улæфты рæстæг.*

Хъазæн ахаудис йæ сис,
(къухтæ хæрдмæ)
Систа уæд нæ хъаз фæдис,
(къухтæ тилынц)
Ма хъæр кæн, æгъгъæд у, цæй,
(сæр æмæ гуыр иуварсырдæм)
Гино нын кæны фынæй.
(сæр къухтыл æруадзын)

*8. Ныхмæ гæсгæ куыст.*

Баххæст кæнын фарстон хъуыдыйæдтæ, ныффыссын сæ æмæ сын дзуæппытæ бацæттæ кæнын. ( 22-æм слайд)

Чи …?
Цы кусынц …?
Цæмæй …?
Кæмæн …?
Цал …?
Цæмæн …?

*9. Аудировани.* Хæслæвæрд: байхъусын аргъаумæ, фæрстытæн дзуæппытæ раттын. Аргъауæн сæргонд æрхъуыды кæнын. (23-æм слайд)

Аргъау

Иу лæджы хæдзары цардысты тути æмæ булæмæргъ. Тути уыди уардихуыз, йæ базыртæ æмæ йæ къæдзил та уыдысты æрвхуыз.

Маргъ йæхицæй æппæлыди:

– Мæнæй рæсугъддæр æмæ зонд-джындæр нæй зæххыл. Æз зонын дзурын.

Бинонтæй цыдæр ныхас фехъуыста æмæ йæ бон-изæрмæ дзырдта:

– Æххормаг дæн. Æххормаг дæн. Тынг æххормаг дæн.

Тути арæх худтис булæмæргъыл:

– Ды та цы маргъ дæ?! Дзурын нæ зоныс. Фыдуынд.

Фæлæ иу бон булæмæргъ ныззарыди. Хæдзары хицау, булæмæргъы рæсугъд зард фехъусгæйæ, фæхъæр кодта:

– Атæх, булæмæргъ, æмæ дæ диссаджы зарджытæ адæмæн зар!

Стæй бацыди цъиумæ æмæ йæ рудзынгæй æддæмæ ауагъта.

Тути та ма абон дæр дзуры:

– Æххормаг дæн. Æххормаг дæн. Тынг æххормаг дæн.

Фæрстытæ:

1) Цæмæн ауагъта лæг булæмæргъы?

2) Кæцы цъиу фæцыдис тынгдæр уæ зæрдæмæ? Цæмæн?

8. *Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын.*

Брытъиаты Аслæнбеджы æмдзæвгæ зæрдывæрдæй радзурын.

Зæрватыкк

Уалдзæджы мæ рудзынгмæ
Сау зæрватыкк бафты.
Зары, зары хъæлдзæгæй,
Ахстон та дзы уафы.
Телыхъæды телтыл та
Улæфы фæлладæй,

Раст цыма уыйнотæ у, –
Афтæ сыл æрбады.

Уыдонæй мын адджындæр
Мæргътæй нæй нæ зæххыл.
Раст цыма мæхæдæг дæр
Семæ арвмæ стæхын.

9. *Диалогон ныхасыл куыст. Диалог баххæст кæнын хи репликæтæй.*

(24-æм слайд )

– Цæмæ хъусыс?

– Дзывылдары зардмæ.

– Æмæ дзывылдар дæр зарын зоны?

– О, тынг рæсугъд зард ын ис. Уалдзæг уымæй фидауы.

– ________________ ?

– ________________ .

– ________________ ?

– ________________ ?

– ________________ .

10. *Хъазт «Цавæр цъиу у?».*

Чыргъæды – алыхуызон цъиуты нывтæ. Иу сывæллон равзары цъиуы ныв, иннæтæ та фæрстыты руаджы хъуамæ базоной, цавæр цъиу у, уый. Цъиуы ном чи базоны, уый йын йæ ныв «бæласыл» æрцауындзы.

*Хуызæг:* Гыццыл цъиу у æви стыр? Йæ къæдзил даргъ у æви цыбыр? Кæртæй хоры гагатæ фæдавы? Æмæ а.д.

11. *Хъомыладон беседæ.* Ахуыргæнæг фæрсы сывæллæтты сæ уарзон цъиуты тыххæй. Скъоладзаутæ радыгай дзурынц.

Дарддæр ахуыргæнæг дзуры, мæргътæн æрдзы цы ахадындзинад ис, уый тыххæй. Скъоладзаутæ ахуыргæнæджы æххуысæй кæнынц хатдзæг, мæргътæ хъахъхъæнын кæй хъæуы æмæ сын зымæджы æххуыс кæй хъæуы, уый тыххæй. ( 25-æм слайд)

12. Урочы *кæронбæттæн (рефлекси).*

Ахуырдзаутæ дзурынц, ногæй цы базыдтой, уый тыххæй.

***III. Хæдзармæ куыст:*** текст хи ныхæстæй дзурынмæ бацæттæ кæнын.

***Дзебысаты Мзия,***
*Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг*

# ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:** «Хæрзгæнæг хорз ары, фыдгæнæг – æфхæрд» (æмб.)*

*(Нигеры «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау»-мæ гæсгæ)*

*Урочы нысантæ:*

1. Равзарын уацмысы сæйраг хъуыды.

2.Ахуыр кæнын хи хатдзæгтæ кæнын, хи хъуыдытæ дзурынил; бакусын скъоладзауты хъуыдыкæнынады райрæзтыл.

3. Скъоладзауты ахуыр кæнын адæймаджы хорз миниуджытæн аргъ кæнынил. Рæзын кæнын уарзондзинад цæрæгойтæм, сырдтæм æмæ мæргътæм.

*Урочы эпиграф:*

«Зæрватыкк – æнæхъыг,
Æнæмаст цæрæг!»

Къоста

*Нырыккон технологитæ урочы:* проблемон ахуырад, къордты куыст, информацион технологитæ.

*Универсалон ахуырадон архæйдтытæ урочы:* миддуне хъæздыг кæнын, логикон хъуыдыкæнынад рæзын кæнын, коммуникативон арæхстдзинæдтыл бакусын.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*Ахуыргæнæг:*

Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Æхсызгон мын у уæ уынд. Уæдæ сымах дæр кæрæдзийæн зæгъут: «Мæнæн æхсызгон у дæ уынд».

(Хъуысы цъиуты цъыбар-цъыбур æмæ зарын)

*Ахуыргæнæг:* Уæ цæстытыл цы ауад? (алыхуызон мæргътæ)

– Мæргъты тыххæй цы зонут, цы пайда хæссынц адæймагæн? (хæрынц зианхæссæг сасчыты, хилджыты)

– Цавæр цъиуты нæмттæ зонут? (дзурынц цъиуты нæмттæ)

(Хъуысы зæрватыччы зарын)

– Цавæр цъиу кæны ахæм зæрдæмæдзæугæ зард?

***II. Мотивацион уавæр.***

*Ахуыргæнæг* (скъоладзаутæн нывы хæйттæ райуаргæйæ): Зæрватыкк нæ урокмæ цы бар дары, уый бамбардзыстут, ацы нив куы сæмбырд кæнат, уæд.

(Нывы – Нигеры уацмыс «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау»-æй иу цауы нив)



– Раст хъуыды кæнут. Абон нæ ныхас уыдзæн Нигеры уацмыс «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау»-ыл. Урочы темæ та у ахæм: «Хæрзгæнæг хорз ары, фыдгæнæг – æфхæрд». Куыд æмбарут ацы æмбисонд?

(Дзуæппытæм байхъусын)

*Ахуыргæнæг:* Цымæ, цæуыл дзурдзыстæм, цы хъуамæ базонæм æмæ бамбарæм урочы?

*Дзуæппытæ:*

– Дзурдзыстæм зæрватыччы тыххæй.

– Дзурдзыстæм хорз æмæ æвзæр адæймæгты тыххæй.

*Ахуыргæнæг:* Раст, равзардзыстæм аргъауæн йæ сæйраг хъуыды. Дзурдзыстæм адæймаджы хорз æмæ æвзæр миниуджыты тыххæй. Зæрватыччы тыххæй.

– Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм аргъауы сюжет.

(Хъæддзау лæг цæф зæрватыччы сдзæбæх кодта. Зæрватыкк уыцы хорздзинад нæ ферох кодта æмæ йын балæвар кодта насы апп. Нас куы сцæттæ, уæд йедзаг уыд сызгъæринæй. Зæрватыкк мæгуыр лæджы хæрзтæ хорздзинадæй бафыста.

Мæгуыр лæгмæ бахæлæг кодта йæ сыхаг Гæдо. Зæрватыккæн йæ базыр асаста. Фæзылд æм, маргъ сдзæбæх, Гæдо æнхъæлмæ каст сызгъæринмæ, фæлæ Гæдойы насы разынд залиаг калм æмæ йæ бахордта. Афтæ зæрватыкк йæ маст райста).

– Цъиуты мыггæгтæ тынг бирæ сты, фæлæ, цымæ Нигер йæ уацмысæн зæрватыкк цæмæн райста? *( Къуылымпы – проблемон уавæр)*

***III. Ног æрмæгыл куыст.***

*1. Къуылымпы (цæлхдур) аиуварс кæныныл куыст.*

– Уыцы фарстæн дзуапп ратдзыстут уæхæдæг, кæрæдзимæ байхъусут.

2. *Проектон куыст «Зæрватыччыты хуызтæ».*

Зæрватыкк – гыццыл тагъдтæхæг цъиу сырддонцъиуы мыггагæй, ис ын даргъ цыргъ базыртæ.

Зæрватыччыты хуызтæ сты бирæ – хæццæ кæнынц 79 онг. Уыдонæй Уæрæсейы цæры 7 хуызы. Ирыстоны арæхдæр æмбæлынц горæтаг æмæ хъæууон зæрватыччытæ. Горæтаг зæрватыкк ахстон аразы хæдзары къулыл æддæрдыгæй, хъæууон та – мидæгæй, арæхдæр сарайы бын. Ахстæттæ аразынц цъыф æмæ хъæмпыхæлттæй.





*3. Раныхæстæ æмæ æмбисæндтыл куыст (скъоладзаутæ сæ бацæттæ кодтой рагацау)*

Зæрватыкк – адæмæн уарзон.

Зæрватыкк адæммæ хæстæг цæры.

Зæрватыкк – Хуыцауы уарзон маргъ.

Зæрватыччы ахстон чи фехала, уый къухтыл бызычъитæ разайдзæн.

Зæрватыкк ахстон амондджын хæдзары аразы.

Адæм, дам, хæдзар амайын зæрватыкмæ гæсгæ базыдтой.

Зæрватыкк чи амара, уый бакуырм æмæ бакъуырма уыдзæн.

Италийы зæрватыччы хонынц "Хуыцауы цъиу".

Тугдзых мæргътæ дæр не ’вналынц зæрватыкмæ.

Венгрийы та сæ рудзгуытæ дарынц гомæй, цæмæй сæм зæрватыкк батæха.

*1-аг скъоладзауы раныхас:*

1932 азы эстойнаг хъæуы зæрватыччытæ иу хæдзары сарæзтой 27 ахстоны. Тынг амондджын бинонтæ цард уыцы хæдзары. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг хъæу басыгъд, баззади ма дзы æрмæст уыцы хæдзар. 1962 азæй фæстæмæ зæрватыкк у эстойнæгты национ цъиу.

*2-аг скъоладзауы раныхас:*

Хуыцау адæмы æмæ цæрæгойты куы сфæлдыста, уæд сæ алкæмæн дæр баца-

мыдта, чи цы хæринагæй цæрдзæн, уый. Æрмæст калммæ æнæрвæссонæй ракаст æмæ йын загъта, цæмæй бындзы бафæрса. Бындз, цæрæгойтæй кæй туг адджындæр у, уый сбæрæг кæныны тыххæй бæстæтыл æрзылд. Фæстæмæ здæхгæйæ амбæлд зæрватыккыл æмæ йын раппæлыд, ноггуырд сывæллоны тугæй адджындæр а дунейыл кæй никæй туг у, æмæ уый кæй уыдзæн калмы минасаг. Зæрватыкк æй сурынтæ систа. Куыддæр бындз калммæ æрбахæццæ æмæ йæ зæгъинаг зæгъынмæ йæ дзых фæхæлиу кодта, афтæ йын зæрватыкк йе 'взаг стыдта. Калм ма йæм фæлæбурдта æмæ йын йæ къæдзилæй дзыхыдзаг ратыдта.

*3-аг скъоладзауы раныхас:*

Украинаг легендæ. Цардысты ус æмæ лæг. Иу бон лæг йæ къух алыг кодта. Ус йæ алыварс рауай-бауай кæны, ныфсытæ йын æвæры. Лæг ын йæ роцъомæ бавнæлдта æмæ йæм дзуры: «Ды мæ зæрватыкк дæ». Æрбахъæбыс æй кодта, æмæ сæ дыууæ дæр зæрватыччытæ фестадысты. Уæдæй фæстæмæ зæрватыккæн йæ хъуыр у сырх.

*4-æм скъоладзауы раныхас:*

Раджы заманы тæтæр æрцахстой иу æрыгон чызджы, акодтой йæ сæхимæ æмæ йын тыххæй исын кодтой сæ дин. Уæд чызг скуывта Хуыцаумæ, цæмæй йæ фестын кæна зæрватыкк. Атахт йæ райгуырæн бæстæм æмæ йæ фыды хæдзары рудзынджы сæрмæ сарæзта ахстон. Уæдæй фæстæмæ адæм зæрватыччы хонынц сæ хæрæфырт.

*Ахуыргæнæг.*

Зæрватыччы хæрзтæ цыбыр, фæлæ рæстдзæвин ныхæстæй нымайы генион Къоста. Эпиграфæн дæр райстон Къостайы æмдзæвгæйы рæнхъ. Æрхæссын-ма мæ фæнды Джыккайты Шамилы ныхæстæ: «Ирон адæмæн зæрватыкк у зæды æмсæр æмæ табуйаг маргъ. Уый у Хуыцауы минæвар, уалдзæджы фидиуæг. Нартæн у уацхæссæг æмæ хъæргæнæг».

*Хатдзæгтæ:*

– Зæрватыкк у зондджын, Хуыцауы уарзон, адæмуарзон, æнæхъыг æмæ æнæмаст маргъ.

*4. Аулæфт.*

*5. Къордты куыст.*

*Ахуыргæнæг:* Бакæсæм аргъауы райдайæн.

– Цавæр рæстæг дзы æвдыст цæуы?

– Цы хуызы æвдисы фæззæджы æрцыд автор? (æрбырсы)

– Цы æрцыд иу зæрватыккыл? Цæуылнæ атахт хъарм бæстæм?

– Зæрватыччы уавæр кæцы рæнхъыты æвдыст цæуы?

– Куыд дары йæхи зæрватыкк хъæддзау лæджы хæдзары?

– Куыд бафыста мæгуыр лæджы хорздзинад?

– Дыккаг зæрватыккыл та цы æрцыд?

– Куыд дары зæрватыкк йæхи Гæдойы хæдзары?

– Цавæр лæвар æрхаста Гæдойæн?

– Куыд хъуыды кæнут, уацмысы цы зæрватыччыты кой цæуы, уыдон горæтаг сты æви хъæууон?

*Ахуыргæнæг:* Хатдзæгтæ скæнæм:

| ***Фыццаг зæрватыкк*** | | ***Дыккаг зæрватыкк*** | |
|---|---|---|---|
| 1. | Йæ базыр ын ныссаста иу фыдуаг лæппу. | 1. | Йæ базыр ын асаста хъомыл адæймаг – фыдзæрдæ Гæдо. |
| 2. | Сдзæбæх ис æмæ хъæлдзæгæй йæхицæн хъазын райдыдта. | 2. | Бадзæбæх йæ базыр, фæлæ уæддæр бадт æнкъардæй, æфхæрдхуызæй. |
| 3. | Хъарм бæстæй куы æртахт, уæд йæ ахстоны къæсæрыл хъæлдзæг цъыбар-цъыбур кодта. | 3. | Фæстæмæ куы æртахт, уæд «абадт йæ ахстоны æмæ уасы…» |
| 4. | Зæрватыкк мæгуыр лæджы хæрзтæ хорздзинадæй бафыста. | 4. | Зæрватыкк Гæдойæ йæ маст райста. |

– Зæрватыччытæ сæхи афтæ алыхуызон цæмæн дарынц?

– Æркæсæм-ма мæгуыр лæг æмæ хъæддзауы фæлгонцтæм.

– Цавæр адæймаг у хъæддзау?

(сыгъдæгзæрдæ, æнæхин, цæстуарзон, æргомзæрдæ, рæсугъд у йæ миддуне, рæсугъд сты йæ бæллицтæ)

– Гæдомæ та цавæр миниуджытæ уыд?

(Уый уыд фыдзæрдæ, зыд, хæлæггæнаг æмæ хинæйдзаг адæймаг)

Фæйнæгыл равдисын:

| *Хъæддзауы фæлгонц* | *Гæдойы фæлгонц* |
|---|---|
| Тæригъæдгæнаг, хæларзæрдæ адæймаг. | У саузæрдæ, хæлæггæнаг адæймаг. |
| У æнæхин æмæ æргомзæрдæ, æнувыдæй зилы зæрватыкмæ. | Фыдгæнæг, тæригъæд нæ зоны. |
| Зæрдиагæй цин кæны йæ зæрватыччы æртахтыл. | Хины рæвдыд кæны зæрватыччы. |
| Хъæддзау лæг у адæмуарзон. | Зыд æмæ кæрæф лæг. |

– Кæмæ мæсты кæнут тынгдæр, фыдуаг лæппумæ æви Гæдомæ?

– Ахъуыды кæнут, куыд ахуыр кодта скъолайы, фыццаг зæрватыччы цы лæппу ныццавта, уый?

– Зæрватыччы тыххæй ахæм бирæ хабæрттæ куы зыдтаид, уæд æй ныццавтаид?

– Сымахмæ гæсгæ, Гæдойы хуызæн лæгтæ абон ис нæ астæу?

– Цымæ автор мæгуыр лæгæн ном цæуылнæ радта?

– Уæ цæстытæ бацъынд кæнут. Ахъуыды кæнут, уæ хиуæттæй, зонгæтæй уæм хъæддзау лæджы хуызæн чи фæкаст?

*Хатдзæг:* Хæрзгæнæг хорз ары, фыдгæнæг – æфхæрд

*Аулæфт.* Равдисын исты архайд аргъауæй (скъоладзаутæ размæ цæуынц æмæ аргъауы эпизодтæ хи змæлдæй амонынц).

***IV. Æрмæг бафидар кæнынил куыст.***

– Уацмыс аргъауыл нымад цæмæн у? (аргъауы элементтæ дзы ис, ранымайын сæ).

– Ацы аргъау нын чи дзуры? (Нигер)

– Цавæр адæймаг уæм фæкаст автор?

*Ахуыргæнæг*

«Цытджын Къостайы фæстæ ирон адæммæ Нигерæй стырдæр поэт нæ уыд, уымæй хуыздæр ничи зыдта ирон литературæ æмæ адæмон сфæлдыстад», – фыста Нигеры тыххæй профессор Б. В. Скитский.

«Цыма ныртæккæ дæр ныхас кæны мемæ сыгъдæгзæрдæ, цæстуарзон, æнæхин, æфсæрмдзæстыг æмæ уæздан ирон разагъды лæг, курдиатджын фыссæг, адæймаджы ном æмæ кадæн стыр аргъ чи кодта; æппæлой, дывзагон, дыдзæсгом, хахуыр æмæ былдауæг адæймæгтæ æнæуынон кæмæн уыдысты, уыцы Иван» – Дзесты Куыдзæг, 1976 аз.

*Ахуыргæнæг:* Цæуыл нæ ахуыр кæны аргъау? (Ахуыр кæны цардыл, цæмæй зонæм, цы сты хорз æмæ æвзæр)

– Цавæр литературон аргъæуттимæ ма базонгæ стут?

– Уæ зæрдыл æрлæууын кæнут корейаг аргъау «Зæрватыкк». Ацы аргъауæн Нигеры аргъауимæ иумæйагæй цы ис?

– Цæмæн хъуыдысты адæмы аргъæуттæ?

– Куыд хъуыды кæнут, абон ма нæ хъæуы аргъау?

***V. Рефлекси (æрмæг куыд бамбæрстой, уый сбæрæг кæнын)***

– Нæ урочы нысан цавæр уыди?

– Сæххæст æй кодтам?

Дзуапп дæтгæйæ, пайда кæнут ацы хъыдыйæдтæй:

– *Урок мæ зæрдæмæ фæцыд, уымæн æмæ ... .*

– *Аргъау нæ ахуыр кæны ..., ..., ... .*

– *Царды мидæг тырнын хъæуы ... .*

– *Æцæг адæймаг хъуамæ уа (ма уа)... .*

***VI. Хæдзармæ куыст.***

Ныффыссын чысыл радзырд ахæм темæйыл: «Хорз хъуыддаг мæ царды».

***Кæронбæттæн.***

*Ахуыргæнæг.* Урочы кæрон мæ фæнды радзурын таурæгъ.

Иу горæты цард зонджын ахуыргæнæг. Уыдис ын бирæ ахуыргæнинæгтæ. Сæ иу арæх хъуыды кодта, цымæ ахæм фарст ис, æмæ йын ахуыргæнæг дзуапп ма зона. Рацыд цæхæрадонмæ, æрцахста рæсугъд гæлæбу æмæ йæ йæ дыууæ армы астæу бамбæхста. Хъуыды кæны: «Ахуыргæнæг куы зæгъа, гæлæбу мард у, уæд æй ауадздзынæн, æмæ фæрæдидзæн. Куы зæгъа, удæгас у, уæд æй балхъивдзынæн, æмæ гæлæбу амæлдзæн». Лæппу бацыд ахуыргæнæгмæ æмæ йæ фæрсы: «Зæгъ-ма, цавæр гæлæбу ис мæ къухы: удæгас æви мард». Ахуыргæнæг ын æнæ ракæсгæйæ дзуапп радта: «Алцыдæр дæ къухты ис».

Сывæллæттæ, бахъуыды кæнут, цард алцыдæр уæ къухты ис, сымахæй аразгæ у цард, æмæ мæ уырны, рæсугъд цардараздзжытæ кæй уыдзыстут.

***Саухалты Валентинæ,***
*Дзæуджыхъæуы 3-æм скъолайы ахуыргæнæг*

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *"Бирæ нын цæрат, нæ буц хистæртæ" (зарæгæй)*

***Грамматикон темæ:*** *Ирон ныхасы стильтæ*

***Урочы нысантæ***: 1. Базонгæ кæнын ирон ныхасы стильтимæ.

2. Бакусын ныхасы æмæ логикон хъуыдыкæнынады райрæзтыл.

3. Хъомыл кæнын хистæрæн кад кæнынмæ , хистæрты коммæ кæсынмæ тырнындзинад.

### Урочы цыд:

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

1*) Проблемон уавæр.* Скъоладзауты 5 къордыл адих кæнын. Алы къордæн дæр хицæн текст раттын.

*Хæс:* Бакæсын текст. Ныхас дзы цæуыл цæуы, уый сбæрæг кæнын. Зæгъын, кæд æмæ дзы цавæр уавæрты фæпайда кæнынц, уый.

*1-аг текст:*

– Мæ къона, суай-ма нæ хуымтæм, абæрæг сæ кæн. Цы уавæры сты, цымæ?

– Ма тыхс, нана, ныртæккæ сæм суайдзынæн.

– Уæ мæ зæрдæ, цас æххуыс мын дæ, уый куы зонис.

*2-аг текст:*

Хистæр æмæ кæстæр

Хистæрæн кæстæр куы дæтта æгъдау,
Кæстæрмæ ничи æрхæсдзæн уæд фау.
Хистæрæн кæстæр куы райса йæ уаргъ,
Кæстæрæн алкæм уыдзæни уæд аргъ.

Хистæрæн кæстæр куы радта бынат,
Кæстæр уыдзæни уæд хорзыл нымад.
Кæстæр куы фæрса йæ хистæры зондæй,
Кæстæр уæд никуы фæрæдидзæн сонтæй.

Дзасохты М.

*3-аг текст:*

Ирон бинонты кæрæдзиуыл фидар баста æфсарм. Йæ нысан уыд бинонты иудзинад бахъахъхъæнын. Ирон æфсарм бинонты ахастдзинæдтæ арæзта тугхæстæгыл нæ, фæлæ нæлгоймаг æмæ сылгоймаг, хистæр æмæ кæстæры фæдыл. Алы нæлгоймаг æмæ сылгоймаг дæр йæ592 кармæ гæсгæ бинонты 'хсæн ахста бæлвырд бынат, æххæст кодта бæлвырд хæстæ, йæхи дардта бæлвырд фæткыл.

*4-æм текст:*

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы
Ветеранты цæдисы сæрдар
Къаболаты Солтанмæ
Беслæныхъæуы Ленины уынджы
13-æм хæдзары цæрæг
Абайты Зæлинæйы

курдиат.

Зынаргъ Къаболы-фырт! Нæ дада, Абайты Федыр, у фæллойы ветеран. Бирæ азты фæкуыста Беслæны милицæйы хайады. Йæ хорз куысты тыххæй хорзæхгонд æрцыд кады гæххæттытæй æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй. Ныр пенсийы рацыд æмæ фылдæр вæййы хæдзары. Азтæ йыл фæбæрæг сты, æмæ арæх рынчынтæ кæны. Фæнды нæ, цæмæй йæхи бадзæбæх кæна, йæ фæллад суадза.

Курæм дæ, æмæ нын нæ дадайы санаторий «Осетия»-мæ арвитынæн баххуыс кæн.

15.04.2013.
Абайты З.

*5-æм текст:*

Алцы зонын дæр хорз у!

Хъороты Егор (ирон) фæцардис 157 азы. Архайдта цалдæр хæсты. Куыста уырыссаг инæлар Ермоловмæ.

Томас Парр (англисаг) фæцардис 152 азы. Дыккаг хатт ракуырдта ус 120-аздзыдæй, æмæ йын райгуырдис фырт. Уый та фæцардис 123 азы. Томас Парры рæстæг кæрæдзи раивтой 10 къаролы.

Фома Корней (англисаг) аргъуаны чингуытæм гæсгæ фæцардис 207 азы.

Янош Ровен (венгриаг) амардис 172-аздзыдæй, йæ ус та – 164-аздзыдæй. Иумæ фæцардысты 147 азы.

*Дзуæппытæ:*

1-аг къорд: 1-аг текст у диалог. Ныхас кæнынц Зæронд ус æмæ йæ хъæбулы хъæбул. Зæронд ус куры, цæмæй сывæллон хуымтæ абæрæг кæна. Куыд дзурынц, уымæй бæрæг у, сæ кæрæдзи бирæ кæй уарзынц, сывæллон йæ нанайæн аргъ кæй кæны, йæ коммæ кæй кæсы, уый. Ахæм ныхас фехъусæн ис хуымætæг уавæрты.

2-аг къорд: Мах бакастыстæм æмдзæвгæ. Уый у аив литературон уацмыс. Ныхас дзы цæуы хистæр æмæ кæстæры ахастдзинæдтыл. Æмдзæвгæ нæ ахуыр кæны хистæрæн лæггад кæнынæл, хистæрмæ хъусынæл.

3-аг къорд: Цы текст бакастыстæм, уый нæ зонгæ кæны нæ фыдæлты цардимæ. Текстмæ гæсгæ базыдтам, ирон бинонты 'хсæн цы ахастдзинæдтæ уыд, уыдон. Бинонтæй алкæмæн дæр уыд йæхи хæстæ, хистæр æмæ кæстæр сæ бынат зыдтой, бинонты кæрæдзиуыл баста æфсарм. Ахæм текст бакæсæн ис газеты кæнæ ирон æгъдæутты чиныджы. Ацы хъуыддæгтæ мах хъæуынц абон дæр.

4-æм къорд: Цы текст бакастыстæм, уый у курдиат. Ныффыста йæ Абайты Зæлинæ. Бæрæг у, йæ фыды фыдыл кæй тыхсы, стыр аргъ ын кæй кæны. Зæлинæ тæригъæд кæны йæ дадайæн æмæ йæ фæнды, цæмæй йын паддзахад баххуыс кæна йæ фæллад суадзынæн, йæхи бадзæбæх кæнынæн. Хъуамæ алы æрыгон адæймаг дæр афтæ тыхса йæ хистæрыл.

Ахæм гæххæтт – курдиат – фæфыссынц хицауадмæ, исты куы фæкурынц, уæд. Уый у документ, арæзт у бæлвырд уагмæ (шаблонмæ) гæсгæ.

5-æм къорд: Ацы текстæй мах базыдтам, дунейы кæй ис, бирæ чи фæцард, ахæм адæймæгтæ. Ам ис бæлвырд информаци, чи цас фæцард, уый тыххæй. Адæймагæн

йæ бон бирæ цæрын кæй у, ууыл дзуры ацы текст.

Текст хуыйны «Алцы зонын дæр хорз у!», зæгъгæ, æмæ у статистикон документ.

*Ахуыргæнæг:* Тексттæм цы ис иумæйагæй, хицæн та цæмæй кæнынц?

*Дзуапп:* Æппæт тексттæ дæр дзурынц хистæр æмæ кæстæры ахастдзинæдты тыххæй, сидынц хистæрæн аргъ кæнынмæ.

Хицæн кæнынц, цы уавæрты сæ спайдагæнæн ис, уымæй.

***II. Ног æрмæгыл куыст***

1. 9-æм къласы ахуыргæнæн чиныджы бакæсын стильты тыххæй лæвæрд æрмæг, хатдзæгтæ скæнын.

*2. Иумæйаг хатдзæг:* 1-аг текст арæзт у хуымæтæг ныхасы стилы домæнтæм гæсгæ; 2-аг текст у аив литературон уацмыс; 3-аг текст у публицистон стилы фыст; 4-æм текст у официалон-хъуыддаджы стилы документ; 5-æм – дзуапп дæтты наукон стилы æгъдæуттæн.

3. Бацамонын æмбисæндты нысаниуæг:

1) Хистæрмæ цы кæстæр нæ хъусы, уый йæхицæн фыдбылыз кæны.

2) Дæ рæдыд дын чи бацамона, уымæй бузныг у.

*4. Текст бакæсын, равзарын æй.*

Æхсаргард æрттивы Дзанджы къухы.

– Слас дæ кард, афицер, кæд дæм лæджы туг ис, уæд!

Æмæ та мæстæлгъæд лæджы кады сидт фæци афицерты худæджы бын. Худынц уыдон, фæлæ æфсæддонтæй бирæ, дисмæ кæсæгау, кæсынц зæрондмæ, сæ цæстытæ дзы нал исынц…

Хистæр афицер худынæй куы бафсæст, уæд дзуры:

– О, зæронд хæррæгъ! Æз дыл мæ куыдз срæйын дæр нæ бауадздзынæн, уый дæр дын æгæр кад уаид, фæлæ дæ зæронд стджытæ алас, цалынмæ дæхæдæг дæр нæ бавзалы дæ, уæдмæ.

– Дзуапп ратт мæ сидтæн, кæд хæппуд нæ дæ, уæд!

– Зæронд æррайæ зæронд куыдз хуыздæр у, æз мæ кард дæ хуызæттæм нæ ласын, зæронд хæрæг.

– Гъе, уæздан афицер, хуы дзурын куы зонид, уæддæр ахæм ныхас зæгъын йæ цæсгом нæ бахъæцид.

Нæй! Ницы та цæуы ам дæр дæ фæндонæй, Дзанг. Ныртæккæ цы загътай афицерæн, ды дæхæдæг ахæм æфхæрд никæмæн ныббарис, фæлæ уæздан кæй схуыдтай, уый та цы бакодта? Сисгæрон бадæн дурыл бады æмæ дыл уырдыгæй æрбату кодта. Гъе уый дын йæ дзуапп.

(Дзесты Куыдзæг)

*Беседæ тексты бындурыл:*

1) Цавæр уацмысæй ист у скъуыддзаг?

2) Чи сты ныхасгæнджытæ? Кæм ныхас кæнынц, цавæр уавæрты?

3) Ныхасгæнджытæ куыд дзурынц кæрæдзимæ? Кæмæ сæ ис уæздандзинад?

4) Уæ зæрдæмæ кæй ныхас нæ фæцыди? Цæуылнæ?

5) Кæцы рæнхъытæ сты уæлдай гуымиры хуызы загъд?

6) Чи фæдзуры афтæ хистæрмæ? Куыд фæхонынц ахæм адæймаджы?

7) Цавæр хатдзæг скæнæн ис ацы текстмæ гæсгæ?

(Адæймаг цы ран ис, кæимæ дзуры, ууыл хъуамæ хъуыды кæна. Иумæйагæй та ахæм дæрзæг, гуымиры ныхас æргом кæны адæймаджы удыхъæд, йæ миддуне)

*5. Хæс:* Дзырдтæм æмæ дзырдбæстытæм ссарын стилистикон синонимтæ:

Кæд дæм лæджы туг ис, уæд – кæд дæм лæгдзинад ис,

сæ цæстытæ дзы нал исынц – æдзынæг æм кæсынц,

худынæй куы бафсæст – бирæ фæхудт,

зæронд хæррæгъ – зæронд адæймаг,

цалынмæ дæхæдæг дæр нæ бавзалы дæ– нæ басыгъдтæ,

дæ зæронд стджытæ алас– ацу ардыгæй,

хæппуд – тæппуд,

йæ цæсгом нæ бахъæцид – нæ бауæндид,

æфхæрд никæмæн ныббарис – дæ маст райсис.

*6. Ахуыргæнæг:* Хæдзары уæ хистæр кæмæ ис? Куыд ын фæлæггад кæнут, куыд æм фæдзурут, йæ ныхас ын куыд феххæст кæнут, уый тыххæй радзурут.

Иу скъоладзау дзуры йæ нанайы тыххæй: йæ ном куыд у, цал азы йыл цæуы, бинонтæ йын куыд лæггад кæнынц. Æвдисы, йæ нанайы тыххæй цы презентаци бацæттæ кодта, уый.

*Ахуыргæнæг:* Цавæр стилы арæзт у уе 'мбалы раныхас та? Цæмæй бæрæг у?

*7. Хæс*: Кæцы стилы æвæрд сты нысангонд дзырдбæстытæ? Цæмæй бæрæг у?

*Бын бауай*, æмæ уый *куы акъæмс кæнæм,* уæд уый фæстæ та ма цы кæндзыстæм? (Коцойты А.)

Тамако сдымдта, æхсызгонæй *пъæртт кæны.* (Сечъынаты Л.)

Чызг тынгдæр *ныббогъ-богъ ласта.* Йæ цæссыгтæ *гæр-гæр кодтой* йæ рустыл. (Цомартаты И.)

Давæггаг куы *æмпъухай,* уæд афтæ вæййы. (Сечъынаты Л.)

Дзæбæхæй дзы цы ссардта, уыдон *рассывта.* (Цомартаты И.)

Дзæуджыхъæумæ *асхуыста.* (Коцойты А.)

– Аив литературон стилы сæ сæвæрут. Куыд аивдзæн хъуыдыйад?

*Ахуыргæнæг:* Ахъуыды кæнут, цæмæн сæ спайда кодтой фысджытæ сæ уацмысты? Цы æххуыс сты ацы дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæ?

*Дзуæппытæ:*

1) Текст кæнынц эмоционалондæр.

2) Æвдисынц персонажы миддуне, цавæр адæймаг у, йæхи куыд дары, уый.

3) Æргом кæнынц авторы ахаст персонажмæ.

*8. Хæс:* Бакæсут текст. Цавæр у йæ стилистикон ахуырст?

Раджы кæддæр Хетæджы къохы бынаты уыди стыр хъæу. Ам цард кадджын куырыхон лæг, йæ ном – Хетæг. Йæ фæрцы хъæу цард фæрныгæй, разы уыд йæ амондæй.

Иу заман хъæумæ æрбабырстой знæгтæ. Хъæуы адæм ныууагътой сæ къонатæ æмæ лидзын райдыдтой. Фæлæ сæ рох нæу сæ хæрзгæнæг зæронд лæг.

– Хетæг, лидзгæ кæн хъæдмæ, науæд сæфыс! – хъæр æм кæнынц адæм. Хетæг рацыд хæдзарæй æмæ дзуры:

– Мæ тых басасти, нымад сты мæ царды бонтæ. Хетæг хъæдмæ нал фæразы, фæлæ хъæд – Хетæгмæ!

Æрцыд йæ дзырд. Хъæд ныннæрыд, йæ иу хай сыстад æмæ æртыхсти Хетæгыл. Уыцы хъæд ныр абон дæр лæууы уыцы бынаты, æмæ йæ адæм хонынц «Хетæджы къох».

*Тексты ссарын:*

1) аив литературон стилы æууæлтæ;

2) хуымæтæг ныхасы æууæлтæ.

*9. Сфæлдыстадон хæс:*

1. Текстмæ гæсгæ официалон стилы ныффыссын курдиат ирон адæммæ Хетæджы къох бахъахъхъæныны тыххæй.

2. Ныффыссын газетмæ уацхъуыд, Хетæджы къохы бæрæгбон куыд ацæуы, уый тыххæй.

3. Интернеты ссарын æрмæг, Хетæджы къох æрдзон цыртдзæвæн кæй у, уый тыххæй.

*(Фысгæйæ пайда кæнынц ахуыргæнæджы цæттæгонд æнцойгæнæн æрмæджытæй, интернетæй)*

***III. Урочы хатдзæгтæ:***

– Цы базыдтат ногæй урочы?

– Цы æххуыс уын сты, абон цы зонындзинæдтæ райстат, уыдон?

– Цæмæн хъæуы стилистикæйы фарстатæм хъус дарын?

Ахуыргæнæг:

Хистæр æмæ кæстæры ахастыты тыххæй æппæты хуыздæр ныхæстæ ныффыста Плиты Грис йæ трагеди «Чермен»-ы. Бакæсут сæ.

1) Фыдæй фыртмæ ирон дзыллæтæм баззад

Цыт æмæ намыс хистæрæн. Цы ис
Рæсугъддæр уыцы хорз æгъдауæй! Хистæр
Ныхас кæны – йæ разæй ма дзур ды,
Куы зæгъа цу ма – баххæст æй кæн уайтагъд,
Фæндагыл ис – йæ разæй макуы хиз,
Йæ разæй ма сбад бандоныл, йæ куыстæй
Куы раздæха – йæ дзабыртæ йын ралас.
Йæ къæхтæ йын хъæрмуст донæй æрæхс,
Фæрс-иу æй зондæй, кæн æххæст йæ фæдзæхст,
Æмæ уыдзæн уæ дыууæйæн дæр кад. (П.Г.)

2) Мыггаджы уа, хъæубæсты, йе – хæдзары, –
Æгъдауджын хистæр цалынмæ дзы уа,
Йæ кæстæрты 'хсæн цалынмæ йын кад уа,
Уæдмæ сæ хъуыддаг арæзт у, сæ цард
Цæудзæн нывыл… Нæ фыдгулты мыггагæн
Æгад фæуа сæ буц хистæр!.. (П.Г.)

*Ахуыргæнæг:* Уæхицæн цы райсдзыстут ацы хъуыдытæй, цы дзы хъæуы зæрдыл бадарын?

***IV. Хæдзармæ куыст.***

Хæсты ветеранты тыххæй ныффыссын алы стильты (куыст æххæст кæнынц къордты).

***Æгкацаты Жаннæ,***
*Хæтæлдоны скъолайы ахуыргæнæг*

## ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:***

*«Хъæбатыр, æндонриу,*
*Цæхæрцæст æфсæддон!*
*Дæ кадæй у кадджын*
*Нæ Райгуырæн зæхх…»*

(Баситы Мысосты радзырд «Инæлар Плиты Иссæ»-мæ гæсгæ)

*Урочы нысантæ:*

1. Уацмысы бындурыл скъоладзауты базонгæ кæнын Плиты Иссæйы цардвæндагимæ, йæ хæстон сгуыхтытимæ.
2. Æххæст æмæ мидисджын дзуæппытыл фæлтæрын, аив дзурыныл ахуыр кæнын.
3. Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад гуырын кæнын.

***Урочы æххуысгæнæн æрмæг:***

Техникон фæрæзтæ: компьютер, интерактивон фæйнæг.

*Урочы эпиграф:*

«Æмбал Плийы-фырт у арæхстджын æмæ йæхицæй домаг инæлар. Цыфæнды тохы мидæг дæр йæхи равдисы дæсны æмæ ныфсджын æфсадхонæй».

С.М. Буденный

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

***II. Рацыд æрмæгыл куыст.***

*1. Хæдзармæ куыст сбæрæг кæнын* (Темыраты Дауыты пьесæ «Тæрхон»).

*Беседæ:*

– Кæд æмæ кæм цæуы пьесæйы архайд?
– Архайджыты ма нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм.
Чи уыдысты Алæг æмæ Æхсар?
– Кæмæн рахастой тæрхон æмæ цæмæн?
– Куыд уæм кæсы, раст бакодтой лæппутæ? Ницæмæй фæрæдыдысты?

– Сымах та цы æрхъуыды кодтаиккат?

– Æцæгæйдæр Алæджы ’фсымæр уæйгæнæг уыд?

– Пьесæйы уæ зæрдæмæ тынгдæр цавæр бынæттæ фæцыдысты?

(Бакæсын скъуыддзаг пьесæйæ)

– Цавæр хорз миниуджытæй хайджын уыдысты Алæг æмæ Æхсар?

*2. Ахуыргæнæг:* Раст хъуыды кæнут, хъæбатыр лæппутæ уыдысты. Нæ фыдæлтæ-иу мæнгæн нæ дзырдтой, къодах йæ фыццаг цæфæй бæрæг вæййы, зæгъгæ.

***III. Ног æрмæгыл куыст***

*1. Бакæсын эпиграф.*

Маршал Буденный стыр аргъ кæмæн скодта, уыцы «таурæгъон инæлар» Плиты Иссæ дæр уæ карæнæй тынг цæхæрцæст лæппу уыд. Уымæн æвдисæн йæ цардвæндаг.

*2. Проектон куыст.* Скъоладзауты къорд (2-3 ахуырдзауы) дзуринц Плиты Иссæйы царды хабæртты тыххæй, пайда кæнынц хи цæттæгонд презентацион æрмæгæй.

Нæ фидæны хъæбатыр райгуырд 1903 азы Джеоргуыбайы 25-æм бон Бæтæхъойыхъæуы мæгуыр зæхкусæг хæдзары. Иссæ уыд цоты хистæр æмæ раджы бавзæрста царды уæз. Куыстытæ иууылдæр кастысты уымæ, фæлæ зивæг нæ зыдта. Лæппу тынг бирæ уарзта бæхтæ. Бæхыл абадынæй хуыздæр æм ницы каст. 12 азы йыл куы сæххæст, уæд ыл æрцыд ахæм хабар.

Йæ хæстæджыты лæгимæ ацыд суг ласынмæ. Фæстæмæ здæхгæйæ сæ размæ фесты фыдгæнджытæ, хъавыдысты сын сæ бæхтæ байсын. Бæхты хицау Иссæйæн фæтарст æмæ йын афтæ бакодта, уæд та сын нæ бæхтæ раттæм, зæгъгæ. Лæппу не сразы, цæхгæр дзуапп ын радта: «Ды фæндагыл суггæ акал, æз та бæхтæ феуæгъд кæндзынæн, абаддзынæн дзы иуыл æмæ сæ хъæумæ атæрдзынæн».

Афтæ Иссæйы фæрцы фыдгæнджытæн сæ къухы ницы бафтыд. Уый уыд йæ фыццаг уæлахиз царды, æмæ дарддæр дæр амæй ай диссагдæр сгуыхтдзинæдтæ æвдыста.

1922 азы Иссæ комиссар Николаевы æххуыссæй бацыд, Дзæуджыхъæуы цы сæрмагонд Æфсады къорд уыд, уырдæм. Йæхи тынг сæрæнæй кæй равдыста, уымæ гæсгæ йæ арвыстой ахуыр кæнынмæ Ленинграды бæхджын училищемæ. Иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ йæ каст фæцис. Дарддæр йæ ахуыр ахæццæ кодта Æфсæддон академийы, æмæ нысангонд æрцыд Киевы бæхджын дивизийы оперативон къорды хицауæй. Куы-иу æй кæдæм снысан кодтой, куы – кæдæм, æмæ алы ран дæр йæхи æвдыста дæсны æфсадхонæй.

Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Плийы-фырт цалдæр бонмæ сарæзта Кубаны 50-йæм бæхджын дивизи, æмæ тохы бацыдысты немыцаг фашисттимæ. Иссæйы хæстонты руаджы знаг Мæскуымæ уагъд не ’рцыд.

Хорзы кой дардмæ хъуысы. Йæ сæрæндзинадыл дис кодтой суанг фашисттæ дæр, уымæн æмæ-иу сыл хæсты быдыры хинæй рацыд. Нæ хъæбатыр æмзæххон фыццаг командæ кодта дивизийæн, уый фæстæ – корпусæн æмæ алы ран дæр йæхи æвдыста фæзминаг командирæй. Уымæн ын радтой инæлар-лейтенанты цин дæр, стæй тынг бирæ хæрзиуджытæ.

Ахицæн Фыдыбæстæйы Стыр хæст. Советон адæм цин кодтой Уæлахизыл, фæлæ не сгуыхт инæлар æрвыст æрцыд Дард Хурыскæсæнмæ – Монголимæ. Чысыл æфсæдты къордимæ æнæнхъæлæджы бабырста япойнæгты горæт-фидар Жэхэмæ. Знæгтæ цавддуртау фесты. Иссæ бадомдта гарнизоны хицауæй, цæмæй сæ гæрзтæ æрæвæрой. Япойнæгтæ сæхи уацары радтой. Горæт æнæ иу гæрахæй ист æрцыд, Монголы республикæйы Хъæбатыры ном дæр ын уымæн радтой.

*3. Чиныгимæ куыст.*

1) *Ахуыргæнæг:* Баситы Михал дæр йæ радзырды ацы хабæртты кой кæны, æрымысгæ дзы ницы ис.

Текст бакæсыны размæ бакусын зынæмбарæн дзырдтыл:

*къæсхуыртæарæзт, зæрдæргъæвд, хъысмæт, Долнор, Калган, Жэхэ, Маньчжураг.*

2) Бакæсын текст.

3) Радзырды анализ беседæйы бындурыл:

– Куыд тырныдта Иссæ æфсæддон суæвынмæ æмæ куыд сæххæст йæ бæллиц?

– Йæхицæн-иу куыд дзырдта?

– Штабы хицауы цæмæй асайдта Иссæ?

– Кæй æххуыссæй йæ райстой æфсадмæ?

– Японы зæххыл цавæр хъæбатырдзинад равдыста Плийы-фырт?

– Сымахмæ гæсгæ, Плиты Иссæйæ ахæм хорз лæг цæмæн рауад?

*4) Ахуыргæнæджы ныхас.*

Иссæйæн стыр кад кæнынц канд Ирыстоны нæ, фæлæ æгас Кавказы, Уæрæсейы, Монголы республикæйы, фæсарæнты æндæр горæтты. Йæ ном хæссынц горæтты уынгтæ. Иссæйыл канд ирон адæм не скодтой хъæбатыры зарæг, фæлæ ма суанг Доны æмæ Кубаны цæрджытæ дæр. Систой йыл аивадон æмæ документалон кинонывтæ.

Иу чысыл скъуыддзагмæ мах дæр бакæсæм (документалон кинонывмæ бакæсын).

Плиты Иссæйыл нæ ирон адæм скодтой хъæбатыры зарæг, инæлар ма æгас куы уыд, уæд (хъуысы «Плиты Иссæйы зарæг»).

***IV. Урочы хатдзæгтæ.***

*1) Беседæ:*

– Цы базыдтат Плиты Иссæйы тыххæй ногæй?

– Сымах бахъахъхъæниккат нæ Райгуырæн бæстæ?

– Æз уыл мæ зæрдæ дарын, нæ Ирыстоны кад бæрзонд кæй хæсдзыстут, уый мæ уырны. Æрмæст хæсты нæ, фæлæ нæ сабыр царды дæр.

Плиты Иссæйы ном та уæ рох ма уæд.

***V. Хæдзармæ куыст:***

1) Радзырд аив кæсын æмæ хи ныхæстæй дзурынмæ бацæттæ кæнын.

2) Ныффыссын чысыл нывæцæн-тæрхон «Хъæбатырты ном хъахъхъæнын хъæуы».

***Битарты Лидæ,***
*Дзæуджыхъæуы 4-æм скъола-гим-назы ахуыргæнæг*

# ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Хиппæлой – хи æгадгæнæг» (æмбисонд)*

(Барахъты Гинойы радзырд «Зæлимхан»-мæ гæсгæ)

***Урочы эпиграф:***
«Мы в ответе за тех, кого приручили».
Антуан де Сент-Экзюпери

Урочы нысантæ:
1. Равзарын радзырды мидис.
2. Скъоладзауты фæцалх кæнын хи хъуыдытæ æргом кæныныл.
3. Цæрæгойтæм уарзондзинад гуырын кæнын.

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг.***

*Ахуыргæнæг:* Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Иумæ бацархайæм, цæмæй нæ урокæй зæрдæрухсæй ацæуæм, ууыл. Уæхи æрцæттæ кæнут урокмæ. (Фæйнæгыл – текстæй ист скъуыддзаг)

*Ахуыргæнæг:* Фæйнæгмæ ракæсут. Бакæсæм ацы скъуыддзаг. Цавæр уацмысæй ист у? Цæуыл дзуры?

«Цы? Зæлимханæй зæгъыс? – дзырдта балцы кæнæ куыстмæ фæцæйцæугæйæ Бимбол. – Фынддæс æмæ дыууиссæдз путы цинк? Дзырд дæр ыл нæй! Рогæн сæ аласдзæн! Стырдæр уæрдон хъæдæй никæцы дыууæ галы раласдзысты… Гъо. Зæлимхан! Дзыхъхъы ныххаугæйæ, фæстæмæ нæ кæсы. Амардзæн йæхи, уæддæр йæ уæрдон сласдзæн...»

*Дзуапп:* Ацы скъуыддзаг ист у Барахъты Гинойы радзырд «Зæлимхан»-æй. Ныхас дзы цæуы бæхы тыххæй.

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ куыд хъуыды кæнут, цы кусдзыстæм урочы?

*Дзуапп:* Æвзардзыстæм Барахъты Гинойы радзырд «Зæлимхан». Дзурдзыстæм бæхы тыххæй, адæймаджы миниуджыты тыххæй.

*Ахуыргæнæг:* Раст хъуыды кæнут. Нæ урочы темæ у: «Хиппæлой – хи æгадгæнæг». Куыд æмбарут ацы æмбисонды хъуыды? (Скъоладзауты дзуæппытæм байхъусын)

***II. Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын.***

*1. Беседæ тексты бындурыл.*

*Ахуыргæнæг:* Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм, Барахъты Гинойы радзырд «Зæлимхан»-ы мидис.

(Раджы, паддзахы куы нæма раппæрстой, уæд цардис иу лæг Бимбол. Уыдис хæдзардзин, сæрæн, хъæлдзæг адæймаг.

Бимболмæ уыдис тынг хорз бæх Зæлимхан. Алы хатт ыл-иу уæззæуттæ ласта æмæ дзы æппæлыд, мæ бæх тыхджын у, зæгъгæ. Иу хатт бæхы уæрдон сугтæй байдзаг кодта æмæ дзы йе ’мбæлттæн æппæлгæ æрцæйцыд. Бæх уыцы стыр уаргъ на афæрæзтæ æмæ амард).

*Ахуыргæнæг:* Цавæр æнкъарæнтæ уæм сæвзæрын кодта уацмыс?

*Дзуапп:* Æнкъард æнкъарæнтæ. Тæригъæд кæнæм бæхæн.

*Ахуыргæнæг:* Уырыссаг литературæйæ цавæр уацмыс æрлæууыд уæ зæрдыл?

*Дзуапп:* К.Д. Ушинский «Слепая лошадь».

*2. Проектон куыстмæ байхъусын.*

*Ахуыргæнæг:* Хæдзармæ уын хæсгонд уыд, бæхы тыххæй æрмæг æрæмбырд кæнын. Цы базыдтат ногæй?

(Проектон куыст баххæст кодтой æртæ скъоладзауы, се 'мбæлттæн дзурынц, бæхы тыххæй сæ къухы цы æрмæг бафтыд, уый, пайда кæнынц нывтæй)

*3. Ахуыргæнæг:* Уæдæ ма уын æз дæр уæ дзуапп баххæст кæндзынæн. Радзурдзынæн уын бæхфæлдисыны æгъдауы тыххæй.

(Фæйнæгыл – Тугъанты Махарбеджы ныв «Бæх фæлдисын»)

Нæ фыдæлтæм уыд ахæм æгъдау: нæлгоймаг-иу куы амард, уæд ын фæлдыстой йæ уæлæдарæс, йæ хæцæнгæрзтæ, стæй йæ бæх дæр. Хорз бæх-иу ын куы нæ уыд, уæд-иу ын æй бацагуырдтой. Фæлдыст бæхæн-иу йæ хъус ныуугард кодтой, стæй йæ буц дардтой. Тыхкуыст ыл нал кодтой. Фæлæ диссаг уый уыд, æмæ-иу уыцы бæх æдзæллагхуыз кæй ссис.

Бæх фæлдисыны æгъдау ирон адæммæ æрхæццæ сæ рагфыдæлтæй – скифтæй. Уыдоны хъуыдымæ гæсгæ, адæймаг мæрдтыбæсты цæргæ кæны, æмæ йæ уым дæр хъæуы бæх, хæцæнгарз стæй хæдзары мигæнæнтæ.

*4. Уацмысы тексты æвзæрст.*

*Ахуыргæнæг:* Цы радзырд бакастыстут, уый у текст. Цавæр у йæ хуызмæ гæсгæ (таурæгъон, æрфыстон æви тæрхон)?

(Таурæгъон текст)

– Цæмæй бæрæг у?

(У радзырд, цаутæ дзы кæрæдзи ивынц)

– Ссарут тексты таурæгъон тексты элементтæ.

(Тексты цаутæ кæрæдзи ивынц, ис дзы цауты ивд æвдисæг мивдисджытæ, дзырдтæ *куы – уæд;* текстæн ис райдайæн хай, цауты райхæлд æвдисæг хай, кульминацион хай, кæронбæттæн хай).

– Ссарут таурæгъон тексты хæйттæ æмæ сæ бакæсут.

1) Бацæуæн хай.

Уый раздæр уыд, паддзахы дæр куы нæма раппæрстой, уæд. Хæдзардзин адæймагыл нымад уыдис Бимбол æгас сыхы æхсæн.

2) Архайды райхæлд.

Фæссихор куы фæци, уæд рараст сты хъæдæй æртæ суджы уæрдоны. Разæй цыди Зæлимхан, тынг уæззау ласгæйæ. Уæрдоны сæрхъæдтæй ма Бимбол уæлæмæ суагъта даргъ лæдзджытæ. Байдзаг кодта утæппæт бынат ставдцонг сугæй, æмæ хъазуат, тухæнгæнгæ ласы йæ уæрдон Зæлимхан.

3) Кульминацион хай.

Фæхъæбатыр кодта йæхи Зæлимхан, фæлæ къах скъуырдта дурыл æмæ зæххыл йæ тъæпп фæцыдис. Йæ хæд уæлвæд ма фæцыдис ноджы иу æнахуыр къæрцц. Уый Зæлимханæн йæ зæнг былыл цæхгæрмæ рæтæнагъды бын фæцис, æрысхуыста йæ уæззау уæрдон, æмæ цæхгæр саст фæкодта агъд. Дурмæ йæ куыд æрæлхъывта уæрдон, афтæ саст агъдæн ноджы йе стджытæ æрцъæл сты. Хуылфы дæр цыдæр феуæгъд. Ныхъхъæрзыдта бæх…

4) Кæронбæттæн хай.

Йæ алыварс лæууыдысты æмбæлттæ, кастысты Зæлимханмæ. Стæй уыдон дæр сæ цæссыгтæ сæрфын байдыдтой.

*Ахуыргæнæг:* Уацмысы бæх кæй аххосæй амарди?

(Йæ хицауы аххосæй)

*Ахуыргæнæг:* Цавæр адæймаг уыди Бимбол?

(Æгъатыр, хиппæлой, искæй фæрцы йæхицæн кад кæнын уарзта)

*Ахуыргæнæг:* Тексты ис æрфысты элементтæ. Ссарут сæ, уæ тетрæдтæм сæ рафыссут.

(Бимболы æрфыст, Зæлимханы æрфыст)

Бимбол: хæдзардзин, сæрæн æмæ хъæлдзæг, кафаг æмæ зараг.

Хатдзæг:

| Фæзминаг миниуджытæ | Фауинаг миниуджытæ |
|---|---|
| куыстуарзаг | хиппæлой |
| хæдзардзин | æгъатыр |
| сæрæн | хиуарзон |
| кафаг | искæй фæрцы йæхицæн кад кæны |
| зараг | |
| æмгаруарзон | |

Зæлимхан: домбай бæх, бæрзонд мæсыг, фæтæнсин бæх, ставд къабæзтæ йын, йæ риу дæр фæтæн, сæфтæг – фидар…

*Ахуыргæнæг:* Цæмæн бары автор

Зæлимханы мæсыгимæ?

– Цавæр бынат ахста мæсыг ирон адæмы царды?

(Иу скъоладзау дзуры мæсыджы тыххæй)

*Ахуыргæнæг:* Цæмæн радта автор бæхæн ахæм ном?

(Скъоладзау дзуры ном «Зæлимхан»-ы тыххæй. Адæймаджы номы хуызæн у. Ирон адæммæ нæлгоймæгты æмæ сылгоймæгты нæмттæ «хан»-имæ бирæ ис. Автор бæхы адæймагыл бары. Æмæ йын æмбæлгæ дæр кæны, уымæн æмæ у æмбаргæ цæрæгой. Ам та ма Зæлимхан адæймаджы хуызæн кусы, тухæнтæ кæны)

*Ахуыргæнæг:* Рафыссут текстæй Зæлимханы архæйдтытæ æвдисæг мивдисджытæ семæ баст дзырдтимæ.

(Уыцы мивдисджытæ сты: *разæй цыди, тухæнгæнгæ ласы йæ уæрдон, ныхъхъæрзыдта, æмбары, фæстæмæ ракасти, йæхи фæхъæбатыр кодта, лæгъстæгæнæгау æм ракæсы, æруадзы йæ сæр, йæ сæр не схъил кодта, не змæлы, нæ улæфы, амардис*)

(Дзырдбæстытæ фæйнæгыл фыст цæуынц асинты хуызы. Бынæй – дзырд «амардис»)

Разæй цыди
Тухæнгæнгæ ласта йæ уæрдон
Ныхъхъæрзыдта
Йæхи фæхъæбатыр кодта
Лæгъстæгæнæгау ракасти
Йæ сæр не схъил кодта
Не змæлы
Нæ улæфы
Амардис




*Ахуыргæнæг:* Цавæр нысаниуæг ис ацы дзырдты къордæн?

*Дзуапп:* Ирдæй æвдисынц, бæхы уавæр æвзæрæй-æвзæрдæр кæй кæны, уый.

*Ахуыргæнæг:* Цавæр нысаниуæг ис мивдисджытæн ацы тексты?

(Æрмæст мивдисджыты фæрцы дæр базонæн ис тексты хъуыды)

*5. Аулæфт:* Бакæсын Хъантемыраты цирчы бæхы кафтмæ (кинонывæ); бæхимæ акафын.

*6. Хæслæвæрдтæ текстмæ (къордты куыст).*

1) Аивгæнæн мадзæлтты æвзæрст.

*Ахуыргæнæг:* Радзырды бæх хайджын у адæймаджы миниуджытæй. Ахæм мадзал куыд хуыйны?

(Олицетворени)

– Фæйнæгыл цы текст æвзæрстам, уый цæмæй хицæн кæны йæ арæзтæй?

*Дзуапп:* Ис дзы комкоммæ ныхас (кæсынц æй).

– Цы у комкоммæ ныхас? Цы сты авторы дзырдтæ?

2) Схемæтæм гæсгæ куыст. Тексты ссарын ацы схемæтæм гæсгæ арæзт хъуыдыйæдтæ:

«К, – а –К».

« К!» – а.

А: «К!»

3) Хъуыдыйады арæзт схемæйы равдисын.

*«Тæригъæд у, стыр тæригъæд, уыцы фос», – дзырдта иу æмбал иннæмæн.*

4) Зæгъын, цæмæй хицæн кæны хъуыдыйад:

– Гъей, Зæлимхан! Уый куыд у, уый?

(Хъуыдыйад даргъгонд у сидæнæй)

5) Ссарын тексты хъуыдыйæдтæ абарстытимæ.

Скæнын хатдзæг: Цы у абарст? Цæмæн хъæуы ацы аивадон фæрæз?

(Абарстытæ текст кæнынц аивдæр, хъæздыгдæр. Персонажты æвдисынц алывæрсыгдæрæй, ирддæрæй)

6) Тексты ис хъæрон хъуыдыйæдтæ. Ссарын сæ. Скæнын хатдзæг, автор сæ цæмæн пайда кæны, уый тыххæй.

(Æвдисынц алыхуызон æнкъарæнтæ)

7) Тексты ссарын хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ.

8) Текстæй рафыссын вазыгджын дзырдтæ, дзырды хæйттæм гæсгæ сæ равзарын.

***III. Урочы хатдзæгтæ.***

1. Беседæ.

1) Цæмæн æмæ кæй аххосæй амард Зæлимхан?

2) Куыд аргъ кæнут сымах та фосæн, цæрæгойтæн?

3) Уæхимæ уæм цавæр цæрæгойтæ цæры?

4) Куыд сæм зилут?

*Ахуыргæнæг:* Бакæсæм Антуан де Сент-Экзюперийы ныхæстæ (эпиграф). Цæуыл дзурынц? Куыд баст сты Барахъты Гинойы радзырды сæйраг хъуыдыимæ?

– Куыд уæм кæсы, ацы фæдзæхст адæм иууылдæр æххæст кæнынц?

2. Баххæст кæнын хъуыдыйæдтæ:

Урок мæ зæрдæмæ фæцыд, уымæн æмæ …

Урок мæм цымыдисаг уымæй фæкаст, æмæ …

Æз урочы сахуыр дæн …

Æз ахъуыды кодтон …

***IV. Хæдзармæ куыст.***

Ныффыссын цыбыр нывæцæнтаурæгъон текст: «Куыд зилын хъæуы хæдзарон цæрæгойтæм».

***Гаглойты Фатимæ,***
*Майрæмададжы скъолайы ахуыргæнæг*

## ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Цæргæ дæр лæгау, мæлгæ дæр лæгау! Цæрæгойы цард нæ – адæймаджы цард!» (Джусойты Нафи)*

***Грамматикон темæ:*** *Домгæвазыгджын хъуыдыйад.*

***Урочы нысантæ:***

1. Домгæвазыгджын хъуыдыйады тыххæй рацыд æрмæг бафидар кæнын.
2. Бакусын ныхасы рæзтыл, ахуыр кæнын хи хъуыдытæ æргом кæнынмæ.
3. Гуырын кæнын фæразон уæвыны, бахъуаджы рæстæг хиуыл хæцыны æнкъарæнтæ.

*Урочы эпиграф:*

«Цард у адæймагæн лæвæрд стыр хæзна. Царды æдзухдæр разыны, адæймаджы ферра уæвынæй æмæ мæлæтæй чи фервæзын кæны, ахæм цавæрдæр тых».

Л. Бетховен

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг***

1. *Ахуыргæнæг:* Абон нæ урочы цæуыл дзурдзыстæм, уый базонынæн нын фехxуыс уыдзысты Бестауты Гиуæргийы ныхæстæ. Бакæсæм сæ.

Царды тыхджын тымыгъты алчи нæ фæразы. Æрмæстдæр æрдзæй фидар удыхъæд чи рахæссы, уый дзы рацæуы уæлахизæй.

*Ахуыргæнæг:* Куыд бамбæрстат ацы хъуыды?

(Цард у зын, æмæ цæмæй адæймаг ма фæтаса, уый тыххæй хъуамæ уа фæразон, удыхъæдæй тыхджын).

*Ахуыргæнæг:* Уæдæ абон дзурæм цардыл. Æмæ нæ урочы темæ дæр у ахæм: «Цæргæ дæр лæгау, мæлгæ дæр лæгау! Цæрæгойы цард нæ – адæймаджы цард!» (Джусойты Нафи)

*Ахуыргæнæг:* Цал хъуыдыйадæй арæзт у Бестауты Гиуæргийы раныхас? Хъуыдыйæдтæн ссарут сæ грамматикон бындуртæ.

– Цавæр сты хъуыдыйæдтæ сæ арæзтмæ гæсгæ? (1-аг – хуымæтæг, 2-аг – домгæвазыгджын)

– Цæмæй хицæн кæнынц хъуыдыйæдтæ?

– Цæмæй бæрæг у, 2-аг хъуыдыйад домгæвазыгджын у, уый?

***II. Рацыд æрмæг бафидар кæнынил куыст.***

1. *Ахуыргæнæг:* Цы базыдтат домгæвазыгджын хъуыдыйады тыххæй?

– Урочы нысантæ цавæр сты?

3-аг слайд

- Зæрдыл æрлæууын кæнын домгæвазыгджын хъуыдыйады æууæлтæ.
- Домгæвазыгджын хъуыдыйады уæлæмхæст хæйттæ сфæлхат кæнын.
- Домгæвазыгджын хъуыдыйады синтаксисон æвзæрстыл бакусын.
- Сбæрæг кæнын домгæвазыгджын хъуыдыйады нысаниуæг ныхасы мидæг.

2. Къордты куыст.

1-аг къорды хæс:

Фæрстытæм гæсгæ домгæвазыгджын хъуыдыйадæн характеристикæ раттын:

1) Цæмæй хицæн кæны вазыгджын хъуыдыйад хуымæтæг хъуыдыйадæй?

2) Цæмæй хицæн кæны домгæвазыгджын хъуыдыйад бабæтгæвазыгджын хъуыдыйадæй?

3) Домгæвазыгджын хъуыдыйадæн цавæр уæлæмхæст хæйттæ ис?

Рацыд æрмæгмæ гæсгæ домгæвазыгджын хъуыдыйады тыххæй æнцойгæнæн схемæ бацæттæ кæнын.

*2-аг къорды хæс:*

1) Домгæвазыгджын хъуыдыйад синтаксисон æвзæрст ракæнын. Сбæрæг кæнын йæ уæлæмхæст хайы хуыз. Хъуыдыйадæн схемæ скæнын.

Æрмæстдæр æрдзæй фидар удыхъæд чи рахæссы, уый фæуæлахиз вæййы царды зындзинæдтыл.

2) Домгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты бастдзинады мадзæлтты тыххæй радзурын.

*3. Дзуæппытæм байхъусыны фæстæ хъуыдыйад фæйнæгыл равзарын, хатдзæг скæнын.*

*Ахуыргæнæг:* Цы зонын хъæуы домгæвазыгджын хъуыдыйады тыххæй? Скæнут хатдзæг.

– Цæмæн нæ хъæуынц уыцы зониндзинæдтæ?

*Цæмæй арæхсæм:*

1) Тексты домгæвазыгджын хъуыдыйад ссарынмæ.

2) Домгæвазыгджын хъуыдыйады хæйтты ’хсæн æрхæцæн нысæнттæ раст æвæрынмæ.

3) Уæлæмхæст хайы хуызæй раст пайда кæнынмæ.

4) Домгæвазыгджын хъуыдыйадæн схемæ аразынмæ.

5) Хи хъуыдытæ домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæй æргом кæнынмæ.

4. Сбæрæг кæнын домгæвазыгджын хъуыдыйады хуыз.

Цард у адæймагæн лæвæрд стыр хæзна. Царды æдзухдæр разыны, адæймаджы ферра уæвынæй æмæ мæлæтæй чи фервæзын кæны, ахæм цавæрдæр тых.

Л. Бетховен

*Ахуыргæнæг:*

– Цы зонут ацы рæнхъыты авторы

тыххæй?

– Куыд æмбарут ацы ныхæсты хъуыды?

5. Дзырдуатон куыст:

– Цы нысан кæны дзырд «хæзна»?

*Хæзна:*

1) Тынг зынаргъ дзаума.

2) Культурон хæзнатæ. «Ацы ныв у стыр хæзна» (ахæсгæ ныс.)

*Ахуыргæнæг:* Æз дæр абон хæзна ссардтон. Уый у дзырд-термин. Цавæр, уый уæхæдæг базонут: Сæ иумæйаг хъуыды æмæ алыхуызон грамматикон мадзæлттæй кæрæдзиуыл æнгом баст хъуыдыйæдты къорд аразы … (текст)

6. Текстыл куыст. (Текст бакæсын хъæуы Л. Бетховены музыкæйы фоныл)

Фыццаг дунеон хæсты размæ газетты фæзынд æвирхъау хабар: денджызы аныгъуылд егъау нау «Титаник». Науы размæ æнæнхъæлæджы цы стыр ихы къæртт фæци, уый йын йæ бын фæхуынкъ кодта.

Адæмæн бæлæгътæ нæ фаг кодта. Науы бæлццæттæй фервæзæн уыд æрмæст сывæллæттæн æмæ сылгоймæгтæн.

Иннæтæ стыр катайы бацыдысты. Сæ сæр сæ кой сси. Алчи йæ уд фервæзыныл архайдта.

Æвиппайды бæлццæтты хъустыл ауадысты музыкæйы зæлтæ. Уый хъуыст уæллаг палубæйæ. Изæрыгæтты-иу адæмæн концерттæ чи лæвæрдта, уыцы музыканттæ сæ инструменттимæ рацыдысты палубæмæ, æрбадтысты æмæ райдыдтой цæгъдын. Цагътой Л.Бетховены «Æртыккаг симфони». Хъайтарон композиторы хъайтарон музыкæ.

«Титаник» сабыргай доны бынмæ цыд. Бæрæг уыд, ацы дунейæ йæ цæуын кæй нæ фæнды. Науы ма цы бæлццæттæ баззад, уыдон палубæйыл æдзæмæй лæууыдысты. Музыкæйы зæлтæ сæ сæ уæлныхты систой. Сæ тарст фæцыдæр, ферох сæ рыст, æрсабыр сты. Музыкæйы зæлтæ тынгæйтынгдæр хъуысыдысты, уæлахиз кодтой фурды уылæнтыл, адæмы катайыл. Уæдмæ нау æд бæлццæттæ æмæ æд музыканттæ доны бын фæци. ... Аныгъуылд.

Цымæ, цавæр удсыгъдæггæнæн мадзал у музыкæ? Цавæр кæлæнгæнæг тых ис, адæмæн ахæм æвирхъау уавæры лæджы цæсгом фæчъизи кæнын чи нæ бауагъта, уыцы аивадæн?

*Ахуыргæнæг:* Адон сты науы оркестрантты къамтæ. (12-æм слайд)




*Хæслæвæрдтæ текстмæ:*

1) Цы базыдтат ногæй текстмæ гæсгæ?

2) Тексты сæйраг хъуыды цавæр у? (Музыкæйæн ис стыр тых)

3) Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнут (Зæгъæм, «Музыкæйы æгæрон тых»)

4) Цавæр у текст йæ хуызмæ гæсгæ? (Таурæгъон). Цæмæн?

5) Текстæй рафыссут домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ, сæ хуызтæ сын сбæрæг кæнут.

6) Тексты хуымæтæг хъуыдыйæдтæй домгæвазыгджын хъуыдыйад саразут. Пайда кæнут бæттæгæй *кæй-уымæ гæсгæ.*

(Адæмæн бæлæгътæ кæй нæ фаг кодта, уымæ гæсгæ науы бæлццæттæй фервæзæн уыд æрмæст сывæллæттæн æмæ сылгоймæгтæн)

7. Проектон куыст. (1 скъоладзау)

Диссаг уый у, æмæ уыцы рæстæг «Титаник»-ы цы 2 228 бæлццоны уыд, уыдоны ’хсæн ирон дæр кæй разынд. Уый уыд хъæдгæройнаг 17-аздзыд лæппу *Кучиты Мырзахъан.* (Къам æвдисы, 15-æм слайд)

Лæппу Америкæмæ фæцæйцыд куыстагур, фæлæ иннæ бæлццæттимæ бахауд

стыр фыдбылызы. Амондджын ирвæзт акодта – æнæнхъæлæджы йæм æрхаудта ирвæзынгæнæн жилет. Æмæ кæд уыцы фыдбылызæй фервæзт, уæддæр æвыдæй нæ баззад. Уазал доны æгæр бирæ кæй фæци, уымæ гæсгæ йæ къæхтæ басыдысты æмæ æдзух рыстысты.

Тынг æвзæр рауад йæ хъысмæт Кучийыфыртæн. Куыд сбæрæг кодтам, афтæмæй 30-æм азты репресситы рæстæг Сыбырмæ хаст æрцыд æмæ уым амард. Фæлæ йын баззад хорз кæстæртæ, хъуыды йæ кæнынц. Сæйрагдæр та уый у, æмæ сæ зæрдыл дарынц сæ фыды фæстаг ныхæстæ: «Царды бирæ зындзинæдтæ ис, æмæ, уыдоны сæрты хизгæйæ, уæ цæсгом макуы фæчъизи кæнут».

Диссаг ма мæм уый фæкаст, æмæ Кучийы-фырты байзæддæгтæ зындгонд киноныв «Титаник»-мæ кæронмæ никуы бакастысты. «Титаник» доны куыд ныгъуылы, уый æвдисын куы райдайынц, уæд телевизор ахуыссын кæнынц, уымæн æмæ сæм афтæ фæкæсы, цыма, доны цы бæлццæттæ ис, уыдонæй иу сæ фыд у.

*8. Къордты куыст.*

*Хæслæвæрд:*

1) Æмбисæндтæ баххæст кæнын, сæ хъуыды сын бацамонын.

2) Æмбисæндтæ цавæр вазыгджын хъуыдыйæдтæ сты, уый зæгъын.

3) Сбæрæг кæнын уæлæмхæст хъуыдыйæдты хуызтæ.

*1-аг къордæн:*

1) Чи цы у, … .

2) Дæхи базонын дæ куы фæнда, … .

3) Гæнæн цæмæн нæй, …. .

*2-аг къордæн:*

4) Лæг тасы куы бахауы, … .

5) Æрцæуынæй фæтæрс; куы ’рцæуа, ….

6) Ныфсджын æмæ хъаруджын уый у, …

(…уæд адæмы бафæрс, … уый адæм зонынц, … зæххыл ахæм хъуыддаг нæй, … æмæ йæхи уромын чи фæразы, … уæд æхсарджындæр кæны, … уæд фидар лæууы).

*Дзуапп:*

1) Чи цы у, уый адæм зонынц.

2) Дæхи базонын дæ куы фæнда, уæд адæмы бафæрс.

3) Гæнæн цæмæн нæй, зæххыл ахæм хъуыддаг нæй.

4) Лæг тасы куы бахауы, уæд æхсарджындæр кæны.

5) Æрцæуынæй фæтæрс; куы ’рцæуа, уæд фидар лæуу.

6) Ныфсджын æмæ хъаруджын уый у, æмæ йæхи уромын чи фæразы.

*9. Ахуыргæнæг:* Цы æмбисæндтæ равзæрстат, уыдонæй тексты хъуыды кæцытæ æргом кæнынц?

1) Лæг тасы куы бахауы, уæд æхсарджындæр кæны.

2) Æрцæуынæй фæтæрс; куы ’рцæуа, уæд фидар лæуу.

*Хæс:* Хъуыдыйæдтæ равзарын, схемæтæ сын скæнын.

*10. Хæс:* Æмдзæвгæ аив бакæсын. Бацамонын ын йæ хъуыды. Ссарын дзы вазыгджын хъуыдыйæдтæ. Сæ хуызтæ сын сбæрæг кæнын.

Цыбыр у цард –
ыскаст æмæ ныккаст!
Цыбыр у цард,
Фæлæ йæ бонтæй ма бар –
Уый бонтæй баргæ нæу,
фæлæ фæллойæ.
Дæхи йæ цырынмæ,
йæ арфмæ бахъар,
Æмæ дæ фæззæджы уыдзынæ
хызт фæсмонæй.

(Нигер)

*Ахуыргæнæг:* Цавæр у домгæвазыгджын хъуыдыйады нысаниуæг тексты?

Дзуæппытæ:

1) Домгæвазыгджын хъуыдыйад æвдисы вазыгджын хъуыдытæ.

2) Домгæвазыгджын хъуыдыйад æвдисы алыхуызон хуымæтæг хъуыдыты ахастдзинæдтæ, сæ бастдзинад.

3) Домгæвазыгджын хъуыдыйад текст кæны мидисджындæр.

4) Домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ æххуыс сты хъуыдытæ арфдæрæй æвдисынæн.

11. Къордты куыст.

1) Бакæсын зындгонд адæймæгты хъуыдытæ царды тыххæй. Зæрдæмæдзæугæдæр дзы чи у, уый хъуыды бацамонын.

2) Ссарын домгæвазыгджын хъуыдыйад. Йæ хуыз ын сбæрæг кæнын. Цухгонд æрхæцæн нысæнттæ сæвæрын.

*1-аг къордæн:*

А) Цард цард дæр уымæн хуыйны æмæ алыхуызон у. Кæм нæ фыдуаг тымыгъты акæны, кæм гуыргъахъ фæндæгтыл, кæм нæ æвæд тæссæртты асайы, кæм та дидинæгæй фæлыст уыгæрдæнты. (Цæгæраты Максим)

Æ) Царды мæсыг амад у æгъдау, уаг æмæ æфсармы фидар дуртæй. Уыдонæй иу куы феуæгъд вæййы уæд дæ балгъитæг дæр афтæ – мæсыг ныххæррæтт ласта. (Хозиты Макар)

2-аг къордæн:

А) Цыфæнды зын уавæрты дæр-иу куы бахауд ирон адæймаг уæддæр сыл уæлахиз кодта йæ хъæбатыр зæрдæ æмæ фидардзинадæй. Йæ сæр никуы 'ркъул кодта зындзинæдты раз, никуы сæ фæтарст. (Гæбулты Мелитон)

Æ) Адæймаг нæ фæзоны, сомбон æм цы фенхъæлмæ кæсы, уый. Тæссаг хъуыддаджы тæнзæрдæ адæймæгтæ фæтагъд кæнынц. Æппæт дæр аразын хъæуы зонд æмæ арæхстæй. (Биазырты Димитр).

***Урочы хатдзæгтæ:***

- Урочы ногæй цы базыдтат?
- Цавæр куысты хуызтæ фæцыдысты тынгдæр уæ зæрдæмæ?
- Цы уæм фæкаст зын?
- Цавæр хъуыдытæ уæм фæзынд урочы?

***III. Хæдзармæ куыст.***

Равзарын иу хæс:

– æрмæст домгæвазыгджын хъуыдыйæдтæ кæм уа, ахæм радзырд æрхъуыды кæнын;

– домгæвазыгджын хъуыдыйады тыххæй аргъау æрхъуыды кæнын;

– домгæвазыгджын хъуыдыйады тыххæй дзырдбыд саразын.

***Ӕлборты Зæринæ,***
*Дзæуджыхъæуы 45-æм скъола-гимназы ахуыргæнæг*

# ИРОН ÆВЗАДЖЫ УРОК 5-ÆМ КЪЛАСЫ

**Урочы темæ:** «Магусайæн – цæф, цырд лæппуйæн – кæф» (Къоста)

**Грамматикон темæ:** «Сидæн»

*Урочы хуыз:* ног æрмæгыл кусыны урок

*Урочы нысантæ:*

1. Бацамонын сидæны æмбарынад, æрхæцæн нысæнтты æвæрд сидæнимæ.
2. Бакусын ныхасы рæзтыл.
3. Скъоладзауты зæрдæты гуырын кæнын адæймаджы хуыздæр миниуджытæм тырнындзинад.

*Урочы эпиграф:*

*«Зивæггæнаджы мад мæгуыр у»* (æмбисонд)

**Урочы цыд:**

***I. Бацæттæгæнæн рæстæг (мотивацион уавæр).***

1. *Ахуыргæнæг:* Нæ урок райдайæм кинонывы скъуыддзагæй. Бакæсут-ма йæм лæмбынæг.

(Видеоролик: нана чысыл лæппуимæ ныхас кæны, йæ фæрстытæн ын дзуапп дæтты)

*Ахуыргæнæг:* Чи уыдысты ныхасгæнджытæ?

– Сывæллон цавæр номæй бадзырдта йæ нанамæ? (Нана)

– Нана та йæм куыд бадзырдта? (Мæ гыццыл хур)

– Уæ зæрдæмæ фæцыд, куыд ныхас кодтой, уый?

*Дзуæппытæ:* Сæ ныхас у тынг аив æмæ фæлмæн. Кæрæдзи бирæ кæй уарзынц, уый бæрæг у, куыд дзурынц, уымæй.

– Ныхас кæнгæйæ, пайда кæнынц рæвдауæн дзырдтæй.

*Ахуыргæнæг:* Цæмæн сæ бахъуыд дзургæйæ кæрæдзийы нæмттæ зæгъын?

*Дзуæппытæ:* Цæмæй кæрæдзимæ ракæсой, кæрæдзийы ныхасмæ байхъусой.

– Дзургæ кæмæ кæнынц, уый ракæса, чи йæм дзуры, уымæ.

*2.Ахуыргæнæг:* Мæнæ ацы æмдзæвгæйы та чи ныхас кæны?

О цъиусур,
Ма мæм дзур!
О рувас,
Ма мæм уас! –
Хуысгæ ма кæнын.
О цæргæс,
Ма мæм кæс!
О тæрхъус,
Ма мæм хъус! –
Кæрдзыныл кæуын!.. (Къоста)

*Дзуæппытæ:* Зивæггæнаг лæппу ныхас кæны сырдтимæ, дзуры сæм, ма мæ хъыгдарут, зæгъгæ.



*Ахуыргæнæг:*

– Цæмæй бæрæг у, лæппу зивæггæнаг у, уый? *(Дзуæппытæм байхъусын)*

– Нæ урочы темæ дæр ахæм у «Магусайæн – цæф, цырд лæппуйæн – кæф». Кæй æмдзæвгæйæ ист у ацы рæнхъ? Куыд хуыйны æмдзæвгæ? (Хетæгкаты Къоста, «Фыдуаг»)

– Куыд уæм кæсы, фыссæг йе 'мдзæвгæ цæмæн схуыдта «Фыдуаг»? *(Дзуæппытæм байхъусын)*

– Ссарут тексты, лæппу кæмæ дзуры, уыдоны нæмттæ æвдисæг дзырдтæ (цъиусур, цæргæс, рувас, тæрхъус)

– Уыцы дзырдтæ хуыйнынц … сидæнтæ, уымæн æмæ сæ фæрцы лæппу сиды, ома дзуры сырдтæм.

– Нана æмæ гыццыл лæппуйы ныхасы та сидæнтæ кæцы дзырдтæ сты? (Нана, мæ гыццыл хур)

*3. Ахуыргæнæг:* Сбæлвырд кæнæм нæ урочы нысантæ:

– Базонын, цы у сидæн.

– Бамбарын кæнын æрхæцæн нысæнтты æвæрд сидæнимæ.

– Сидæнтæ нæ ныхасгæнгæйæ цæмæн хъæуынц, уый сбæрæг кæнын (сæ нысаниуæг нæ ныхасы).

*Ахуыргæнæг:* Цæмæ арæхсдзыстæм ацы зонындзинæдты фæрцы?

– Тексты сидæнтæ ссарынмæ.

– Сидæнтæ æрхæцæн нысæнттæй раст хицæн кæнынмæ.

– Сидæнтæй хи ныхасы пайда кæнынмæ.

***II. Ног æрмæгыл куыст.***

*1. Ахуыргæнæг:* Æркæсæм-ма, нæ ахуыргæнæн чингуыты сидæны тыххæй цы фыст ис, уымæ (§18).

2. Чиныджы 130-æм фæлтæрæн баххæст кæнын *(дзургæйæ).*

*3. Ахуыргæнæг:* Ногæй бакæсæм Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ.

– Сæ загъды нысанмæ гæсгæ цавæр сты æмдзæвгæйы хъуыдыйæдтæ?

– Ссарут тексты сидæнтæ æмæ сæ рафыссут уæ тетрæдтæм.

– Цы ис æмхуызонæй æмдзæвгæйы рæнхъытæм?

(Ис сын æмхуызон райдайæн. Уый у анафорæ (грекъаг дзырд) амоны рæнхъыты райдайæны дзырд кæнæ дзырдты къорд фæлхат кæнын)

*4. Къордты куыст:*

*1-аг хæс.*

1-аг къордæн: дзырд «фыдуаг»-мæ синонимтæ ссарын;

2-аг къордæн: дзырд «фыдуаг»-мæ антонимтæ ссарын.

| *синонимтæ:* | *антонимтæ* |
|---|---|
| магуса | цырд |
| æгоммæгæс | коммæгæс |
| фæныкгуыз | кусаг |
| æнæсæрæн | сæрæн |

*Ахуыргæнæг:* бакæсут хъуыдыйæдтæ. Цы сæм ис иумæйагæй, хицæн та цæмæй кæнынц?

1) Хъæдхой бæласы зæнг хойы.

2) Хъæдхой, хъæдхой, хъæдхойæг, фæцæуы дæм нæ хонæг.

(2-аг хъуыдыйады ис сидæн – хъæдхой)

*Ахуыргæнæг:* Ныр та гыццыл аулæфæм. Ерыс-хъазт «Чи тагъддæр». Тагъддзуринаг рæвдздæр æмæ растдæр чи зæгъдзæн.

*Дзедзро-дзедзро – дзедзыкка,*

*Сфыц-ма, дзыцца, еуу – дзыкка*

*Ахуыргæнæг:* Нæ тагъддзуринаджы сидæн ссарут *(дзыцца).* Кæмæ фæдзурынц ахæм номæй?

*2-аг хæс.* Хъуыдыйæдтæ сидæнтæй баххæст кæнын. Пайда кæнын тексты бын лæвæрд дзырдтæй.

Зæронд ус Тетейы æрбахъæбыс кодта:

– … , ныр бамбæрстон, сыстын дæ цæуылнæ фæндыдис, уый. Ма тыхс, …, ахæм фынтæ ма бирæ хæттыты фендзынæ.

Тете йæ бынатæй фæгæпп кодта.

– Цы хорз фын уыди! …, ды-иу мæ цуры хуысдзынæ, æмæ-иу иумæ уындзыстæм ахæм фынтæ.

– Хорз, хорз, …, – загъта зæронд ус.

(мæ дуне, нана, мæ къона, мæ гыццыл хъæбул)

*Ахуыргæнæг:* Цавæр дзырдтæй баххæст кодтам текст? (Уæздан дзырдтæй)

– Цæмæн хъæуынц ахæм дзырдтæ?

*3-аг хæс.* Хъуыдыйæдты ссарын сидæнтæ. Æрхæцæн нысæнттæ раст æвæргæйæ сæ рафыссын. Цавæр уацмыстæй ист сты, уый зæгъын.

1-аг къордæн:

1) Хорз мæ хур кæд дæ нæ фæнды, –

Цу, Дæ фæндаг раст...

2) Дæ райсом хорз уа дада – дзуры йæм Сарты фырт.

2-аг къордæн:

1) Хæрæг мæ кæртмæ æвастæй æрбацыдтæ!

2) Куыйтæ мæ сырх гал давынмæ мæм æрцыдыстут?

*Ахуыргæнæг:* Цæмæй хицæн кæнынц уæ хъуыдыйæдтæ? Хатдзæг скæнут.

(Фыццаг дыууæ хъуыдыйады пайдагонд цæуы сидæнтæй – рæвдауæн дзырдтæй «мæ хур», «дада»; иннæ дыууæ хъуыдыйады сидæнтæ та сты гуымиры дзырдтæ «хæрæг», «куыйтæ»)

*Фарст:* Цæмæн сæ спайда кодта автор?

(Цæмæй равдиса персонажты ахаст кæрæдзимæ)

Хатдзæг: Сидæны фæрцы мах базонæм адæймаджы зæрдæйы ахаст йæ дзурæг æмбалмæ.

*Ахуыргæнæг:* Нæ фыдæлтæ стыр аргъ кодтой адæймаджы номæн. Дæнцæгæн уын æрхæсдзынæн Ситохаты Саламджерийы æмдзæвгæ «Ном».

Ахæм æгъдау уыд кæддæр ирæттæм:  
Ноггуырдыл-иу никуы ’вæрдтой ном.  
Хистæртæ дзырдтой сæ сывæллæттæм:  
«Чызг, цы фæдæ?!» «Лæппу, мемæ цом».

Стæй йыл-иу куы рацыд иу-дæс азы,  
Радтой-иу ын ном æрмæст гъе уæд.  
Номæн афтæ стыр аргъ кодтой раджы.  
Уый хъахъхъæнын уыд лæгæн йæ мæт.  
Уыцы ’гъдауæн раджы асаст й’ асин.  
Саби райсы авдæнмæ ныр ном.  
Фæлæ афтæ мачи зæгъæд, мачи:  
«Ном хæссын ныртæккæ у æнцон».

*Ахуыргæнæг:* Цæуыл нæ ахыр кæны æмдзæвгæ? *(Адæймаг йæ номæн хъуамæ аргъ кæнын зона, йæ ном фæчъизийæ хъахъхъæна).*

*4-æм хæс.* Схемæтæм гæсгæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæнын.

1-аг къордæн:

1) С!... .  2) …, с, … .

2-аг къордæн:

1) С,… .  2) …, с?

*Хъазт «Ратт фарст».* Нывтæм гæсгæ, æрхъуыды кæнын фарстон хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ.







***III. Урочы хатдзæгтæ (Рефлекси).***

1. Урочы темæйы быдурыл арæзт беседæ.

2. Скъоладзаутæ сæ хъуыдытæ æргом кæнынц.

*Урочы мæ зæрдæмæ фæцыд ...*

*Æз урочы базыдтон ...*

*Урокæй мæхицæн райстон…*

*Урок мæм фæкаст…*

***IV. Хæдзармæ куыст:***

Дæ хуыздæр æмбалмæ фыстæг ныффысс. Спайда кæн дзырдтæ-сидæнтæй: *мæ хæлар, мæ уарзон æмбал, ме 'рдхорд, мæ дзæбæх æмбал.*

***Хъесаты Фатимæ,***
*Дзæуджыхъæуы 43-æм скъолайы ахуыргæнæг*

## ИРОН АДÆМЫ ТРАДИЦИОН КУЛЬТУРÆЙЫ УРОК 9-ÆМ КЪЛАСЫ

***Урочы темæ:*** *«Адæмон кафты адæмы зæрдæ ис».*
**(Жан-Жорж Новерр)**

***Урочы нысантæ:***

1. Скъоладзауты базонгæ кæнын ирон кæфтытимæ, сæ хицæндзинæдтимæ.

2. Ирыстоны истори, культурæ, нæ рагфыдæлты цардыуаг хуыздæр базонынмæ тырнындзинад æмæ цымыдисдзинад рæзын кæнын.

3. Сывæллæтты зæрдæты гуырын кæнын уарзондзинад адæмон сфæлдыстад, национ аивад æмæ культурæмæ.

*Урочы пайдагонд цæуы:* скъоладзауты цæттæгонд мультимедион презентацитæй, кафджыты къордты хуызистытæй, Тугъанты Махарбеджы нывтæй.

***Урочы эпиграф:***

Нæ ирон гуыппкафт, фесæфæн дын ма уа!
Дæумæ кæсынæй не 'фсæды мæ цæст.
Дæ зæлгæ фæндыр хурæй уæд æфсæст,
Йæ фарн æдзухдæр дунейыл куыд тауа.

Урочы пайдагонд цæуы ахæм дзырдтæй:

*Зилахар* – Нарты хъазæн, тыхæвзарæн фæзбыдыр. Нартæ фат æмæ æрдынæй,

кардӕй ӕмӕ цирхъӕй, бӕхтыл дугътӕ уадзынӕй, кафын ӕмӕ зарынӕй сӕ кӕрӕдзийы кӕм ӕвзӕрстой, цуаны кӕдӕм цыдысты, ахӕм бынат. Хъазӕн фӕз – афтӕ дӕр ма йӕ хуыдтой.

*Цоппай* – раджы-иу арв искӕй куы ӕрцавта, уӕд ӕрвдзӕф адӕймагыл кӕугӕ нӕ кодтой. Фӕлӕ-иу, кӕрӕдзийы фӕстӕ ӕрлӕугӕйӕ, заргӕ ӕмӕ кафгӕ зылдысты йӕ алыварс. Уацилламӕ-иу куывтой. Уыцы ӕгъдау хуындис «Цоппай».

*Уацилла* – Елиа (дыг.) – хоры ӕмӕ ӕрвнӕрды бардуаг. Уациллайы кувӕндӕттӕ сты Цӕгат ӕма Хуссар Ирыстоны дӕр. Сӕ сӕйрагдӕр у Тыбау Уацилла. Дӕргъӕвсгомы, Тыбауы хохы сӕр. Уациллайы бӕрӕгбон вӕййы сӕрды хурхӕтӕны мӕйы. Дзуары лӕгтӕ Уациллайӕ фӕкурынц бӕркад, хорӕрцыд ӕмӕ хорз фадат йӕ бафснайынӕн.

*Уацамонгӕ* – Ацамонгӕ, Амонгӕ. Нартамонгӕ – диссаджы къус нарты эпосы. Уацамонгӕйы дарынц Алӕгаты хӕдзары. Уацамонгӕмӕ ис нарты хъӕбатырты лӕджыхъӕд рабӕрӕг кӕныны тых. Стыр сгуыхтдзинӕдтӕ равдисӕг нарты хъӕбатыртӕй-иу йӕ лӕгдзинады тыххӕй куывды бон раст чи радзырдтаид, уымӕн-иу йӕ былтӕм ӕмбисонды Уацамонгӕ йӕхӕдӕг йӕхи систа.

*Алӕмӕт* – дзуринаг диссаг. Ӕрцӕуы аргъӕутты, таурӕгъты, кадджыты.

**Урочы цыд:**

***I. Бацӕттӕгӕнӕн рӕстӕг.***

Урок райдыдта адӕмон кӕфтыты ансамбль «Алан»-ы хуызистытӕй. Ӕвдыст цыдысты музыкӕйы фоныл.

***II. Урочы темӕйыл куыст.***

*1. Ахуыргӕнӕджы разныхас*: Кафт у рагон аивад. Афтӕ рагон, ӕмӕ кӕд фӕзынд, уыцы рӕстӕг бӕлвырдӕй зӕгъӕн дӕр нӕй. Ӕвӕццӕгӕн, музыкӕ ӕмӕ кафт дунейыл иумӕ фӕзындысты. Мингай азты размӕ дӕр-иу рагон адӕм лӕгӕтты къултыл арӕзтой кафаг адӕймӕгты сурӕттӕ. *(3-аг слайд Нывтӕ (бердзенты историйӕ, хохы фӕхстыл)*

Нӕ рагфыдӕлты уырнында, музыкӕ ӕмӕ кафтмӕ знагӕй бахизыны ӕмӕ рынчыны низӕй сдзӕбӕх кӕныны тых кӕй ис, уый. Уымӕ гӕсгӕ, дины бӕрӕгбӕтты рӕстӕг кафыдысты сӕрмагонд кӕфтытӕ

Кӕфтыты ӕвдыст ӕрцыд куысты цин, тохы тызмӕгад ӕмӕ хъӕбатырдзинад, сгуыхты рӕсугъддзинад, нӕрӕмон цин ӕмӕ хъӕлдзӕг бахудт, уӕздандзинад, ӕхсидгӕ зӕрдӕйы уаг ӕмӕ алыхуызон ӕвзаг, арф фӕлгонцтӕ ӕмӕ сюжеттӕ, эмоционалон ахорӕнтӕ кӕнынц аив ӕмӕ зӕрдӕисгӕ ирон адӕмон кӕфтыты.

Кафты бындур у аив, пластикон змӕлд, алы кафты дӕр ис йӕхирдыгон здӕхтытӕ, хицӕндзинад. Кафты руаджы ис бирӕ цыдӕртӕ равдисӕн. Ӕппӕт адӕмтӕм дӕр кафт арӕх вӕййы цардӕй ист цау ӕвдисӕг ныв.

*Фарст:* Не 'ппӕт дӕр ӕй зонӕм кафынӕн музыкӕ кӕй хъӕуы, уый. Цӕй зӕлтӕм кафыдысты адӕм раджы заман?

*Дзуапп:* Гуымсӕг инструменттӕ ӕмӕ зарӕджы зӕлтӕм.

*Фарст:* Нӕ фыдӕлтӕ та цавӕр инструментты зӕлтӕм кафыдысты?

*Дзуапп:* Ирон адӕмы фыдӕлтӕ кафыдысты хъисын фӕндыры кӕнӕ уадындзы цагъдмӕ, зарӕджы хъырнынмӕ. *(4-ӕм слайд. Ныв «Музыканттӕ»)*

*Ахуыргӕнӕг:* Зындгонд уырыссаг фыссӕг Н.В. Гоголь кафты тыххӕй фыста: «У одного народа танец бешеный, у другого – спокойный; у одного напряженный, тяжелый, у другого –легкий, воздушный. И в каждом из них неповторимый темп, ритм, характер движений. А национальный костюм, в котором исполняется танец, – также дополняет его характер».

Ирыстоны, зарӕг ӕмӕ музыкалон-поэтикон аивадау, адӕмон кӕфтытӕ баст сты сӕ цардыуаг ӕмӕ ӕгъдӕуттимӕ ӕмӕ сты ирон адӕмон культурӕйы ахсджиагдӕр хай. Нӕ фыдӕлтӕ бахъахъхъӕдтой ӕмӕ нӕм ӕнусты сӕрты ӕрхӕццӕ кодтой кафты аивад.

Ирон кафты равзæрды уидæгтæ сты тынг рагон. Ирæттæм кафт рагæй дæр уыд æппæт бæрæгбæтты æнæмæнг æххæстгæнинаг архайд. Хæрзконд, цæрдæг лæппутæ цухъхъаты, гуырвидауц чызджытæ разкъæртты – афтæмæй фæкæнынц ирон кафт.

Нæртон симд
Гуыппырсартæ симынц…
Фæндыры зæлтæ
Æврæгъты онг сисынц
Нæртоны зæрдæ… (Астемыраты Изет)

Нæ рагфыдæлты царды кафтæн цы нысаниуæг уыд, ууыл дзурæг у нæ адæмы героикон эпос «Нарты кадджытæ». Нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм кадæг «Нарты симд»-æй скъуыддзаг.

«Зилахары – быдыры хъазæн лæгъзы, уыцы гуыпп æмбырд сты Нарты фæсивæд. Симд самадтой уыдон хъазæн лæгъзы. Симгæ та афтæ кодтой, æмæ хæхтæ згъæлдысты, сау хъæды бæлæстæ фæзтытæ кодтой, зæхх сæ быны лæпп-лæпп кодта».

*Фæрстытæн дзуапп раттын:*

– Цæй фæдыл самадтой симд Нарты гуыппырсартæ?

– Кæм ис Зилахары быдыр?

– Цавæр кæфтытæ ма кафыдысты æмæ кафынц ирон адæм?

(«Чызджыты кафт», «Хонгæ», «Зилгæ», Цоппай», «Чепена», «Хъаматимæ кафт», «Хъæбатырты кафт»)

– Ирон кæфтытæ уыдысты дыууæ хуызы: дзыллон (массовые) кæфтытæ æмæ къæйтты (парные) кæфтытæ.

Схемæйы хуызы равдисæм ирон кæфтытыты хуызтæ. *(5-æм слайд)*

*Дзыллон кæфтытæ:* «Симд», «Цоппай», «Чепена», «Чызджыты кафт», «Хъæбатырты кафт».

*Къæйттæй кæфтытæ:* «Хонгæ кафт», «Зилгæ кафт».

Дзыллон кæфтытæн рагзаманты ритуалон характер кæй уыд, уымæн æвдисæн у кафт «Цоппай».

*Фарст:* Цавæр кафт у «Цоппай»? Кæдиу æй кафыдысты адæм?

*Скъоладзау:* «Цоппай» у ирон кæфтытæн сæ рагондæрыл нымад. Ацы кафты равзæрд баст у æрдзон фæзындтæ, æрвнæрд æмæ арвæрттывд адæймаджы стыр тас куы уагътой, уыцы замантимæ. Лæджы-иу арв куы ныццавта, уæд-иу ыл кæуын не 'мбæлди.

Æрвнæрды бардуаг Уациллайы номыл уыдис бæрæг фæтк – цоппай, ома-иу æрвдзæф лæджы алыварс заргæйæ зылдысты адæм.

Цоппай ма ноджыдæр хуыдтой хус рæстæг сыхаг хъæутыл кафгæ æмæ заргæйæ зилыны æгъдау. (*6-æм слайд. Тугъанты М. ныв «Цоппай»)*

Цоппай-цоппай, æрвдзæвды цоппай,
Цоппай-цоппай, бæркады цоппай,
Цоппай-цоппай, Хуыцауы тыххæй.
Цоппай-цоппай, дзуары тыххæй.

Нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгтæ сæ бæрæгбоны урс уæлæдарæсы (раст ма зæронд лæгтæ дæр) тæрккъæвдайы рæстæг цыдысты, æрвдзæф кæм фæмард, уыцы бынатмæ, заргæйæ æмæ алыхуызон музыкалон инструменттыл цæгъдгæйæ. Стыр зылд-иу скодтой æмæ къæйттæй æртæ зылды æркодтой зианы алыварс. Уый фæстæиу мард кæм уыд, уырдæм æрбакодтой дыууæ æнæифтыгъд галы. Уайтагъд-иу сæ уæрдоны сифтыгътой, æрвдзæфы-иу ыл æрывæрдтой æмæ галты ауагътой тыгъд быдыры. Сæхæдæг-иу сæ фæстæ араст сты заргæйæ æмæ кафгæйæ. Галтæ-иу кæм æрлæууыдысты, уым æй баныгæдтой. Хæстæг-иу дзы бæлас куы уыди, уæд-иу æй схуыдтой Уациллайы бæлас. Алы аз дæриу æрвдзæфы мæлæн бон йæ хæстæджытæ бæласы бын кусарт акодтой, Уацилламæиу скуывтой.

*Ахуыргæнæг:* Алы адæмыхатмæ дæр ис йæхи кæфтытæ, фæлæ йын уыдоны 'хсæн æппæтæй уарзондæр вæййы, æрдзон уавæртæм гæсгæ йæ культурæ, (удварны æууæлтæ), цардыуаг, æгъдау æмæ истори ирддæрæй кæм разынынц, ахæм.

Ирон кæфтытæн сæ тæккæ рагондæр æмæ зындгонддæр у къайон-дзыллон кафт «Симд».

*Фарст:* Раджы заман Ирыстоны «Симд» кафыдысты дыууæ хуызы: иу дзы хуынди «Нæртон симд», иннæ та – «Тымбыл

симд». Зæгъут ма, цæмæй хицæн кодтой сæ кæрæдзийæ?

*Скъоладзау:* Нарт цы «Симд» кафыдысты, уый хуыдтой «Нæртон симд». Зындгонд нывгæнæг, этнограф, Нарты кадджытæ иртасæг Тугъанты Махарбеджы ныхæстæм гæсгæ йæ кафыдысты Ногбоны æхсæв æрыгон, тыхджын нæлгоймæгтæ «дыууæ уæладзыгæй», иутæ лæууыдысты иннæты уæхсчытыл æмæ афтæмæй симдтой. Хуыдтой ма йæ «Æддæгуæлæ кафт» дæр. Кафджытæ сабыргай зылдысты арты алыварс куы рахиз, куы галиуæрдæм. Уыцы кафт уыд, цалдæр хъæуы цæрджытæиу цы бæрæгбонмæ æрæмбырд сты, уый кæронбæттæн кафт. *(7-æм слайд Харебаты А. ныв «Нæртон симд»)*

*Скъоладзау:* Таурæгъмæ гæсгæ, незаманты нæ хæхты бынаты уыди тыгъд быдыр. Уым-иу æрæмбырд сты хъæбатыр нæртон адæм сæ зонд, тых æмæ арæхстдзинад бавзарынмæ. Ерысты фæстæ-иу сбадтысты фынгтыл æмæ-иу таурæгътæй сæхи ирхæфстой.

Иухатт симды куы бацыдысты, уæд сæм æнæнхъæлæджы æрбалæбурдта знаг. Фæлæ нарты гуыппырсартæ сæ кафын нæ ныууагътой. «Симд æрдæгыл аскъуыныны бæсты – мæлæт хуыздæр»,– загътой уыдон æмхуызонæй æмæ кафгæ-кафын фидар къæдзæхтæ фестадысты. Знаг йæ ных ныссаста уыцы къæдзæхтыл. Афтæ, таурæгъмæ гæсгæ, фæзындысты нæ хæхтæ.

(8-æм слайд. Видеоклип ансамбль «Алан»)

*Фарст:* Абон та арæхдæр цавæр симд кафынц?

(9-æм слайд. Харебаты Д. ныв «Тымбыл симд»)

*Дзуапп:* Абон арæхдæр кафынц «Тымбыл симд». Кафты бацæуынц сылгоймæгтæ дæр, нæлгоймæгтæ дæр. Кафджыты нымæц хъуамæ уа къайон, уымæн æмæ чызджытæ æмæ лæппутæ фæкафынц къæйттæй. Симд фæкафынц сабыргай, кæрæдзи къухтыл хæцгæйæ. Тымбыл лæуд æркæнынц æмæ куы рахизырдæм, куы галиуæрдæм кафынц заргæйæ.

Куыдфæстæмæ кафты темп фæтагъддæр вæййы.

*(10-æм слайд. Зарæгæй ист рæнхъытæ)*

Æрсимут-ма тымбыл симдæй!
О-рæй-дæ, о-рæй-дæ!
Тымбыл симдæй, æнгом симдæй!
О-ри-о-ри, о-ри-о-рæй-дæ!
Уæнгтæй рæуæг, къæхтæй сабыр,
О-рæй-дæ, о-рæй-дæ!
Тымбыл симдæй, къæрцц-къæрцц симдæй,
О-ри-о-ри, о-ри-о-рæй-дæ!

(11-æм слайд. Ансамбль «Алан» «Симд» кафгæйæ)

*Фарст:* Нæ адæмы миниуджытæй цавæртæ рабæрæг вæййынц «Симд»-ы?

*Дзуапп:* «Симд» æвдисы нæ адæмы хуыздæр миниуджытæ: дзыллæйы иудзинад æмæ кæрæдзийы æмбарынад.

*Фарст:* Аивадон литературæйы цавæр уацмысты ис «Симд»-ы æрфыст? Чи сты сæ авторæ? Æрхæссут дæнцæгтæ.

*Дзуæппытæ:*

Хетæгкаты Къостайы поэмæ «Хетæг»-ы:

Дунейы чызджытæ симды лæууыдысты,-
Ай дзы хæрзарæзтдæр, ай дзы рæсугъддæр!
Гъе уæддæр дзыллæтæ иууылдæр кастысты
Зæронд Солтаны чызджытæм æдзухдæр…

Нигеры поэмæ «Бадилон симд»-ы:

Цæуы къæрццæмдзæгъд:
У хъæзт йæ тынгыл.
Лæууынц æмгуыппæй
Чызгæй, лæппуйæ…

*Скъоладзау:* «Симд» у тынг рагон кафт. Ирон адæм сæхи зонынхъом куы фесты, уæдæй нырмæ йæ кафынц. Раст ма Туркаг хæсты рæстæг XIX æнусы 70-æм азты дæр æфсады фенæн уыд, ирон хæстон фæсивæд «Æддæгуæлæ симд» куыд кафыдысты, уый.

Ацы рагон дзыллон кафт нырон дæр ма дисы ’фтауы адæмты. Байхъусут-ма, цы зæгъынц симды тыххæй алы адæмыхæттыты минæвæрттæ. (*12-æм слайд)*

«Что я видел! Гениальный танец. Танец Божеств! Достаточно одного этого танца, чтобы понять создавший его народ. У них

самая богатая хореографическая культура во всем мире». (*Серж Лифарь)*

«Да здравствует «Симд» – танец, который выражает рыцарство, чистоту чувств, мужество и благородство. Да здравствует такой народ, да здравствует такое искусство!» (*Д. Алексидзе)*

*(13-æм слайд. Ансамбль «Алан» видеоклип «Симд»)*

Фарст: Цавæр дзыллон кæфтытæ ма кодтой ирон адæм?

*(14-æм слайд. Харебаты А. нывы «Чепена»)*

Уой,уой, чепена,
Галиу къахæй чепена,
Уой,уой, чепена!
Чепена дæр чи нæ ’ркæна,
Уой, уой, чепена!

*Скъоладзау:* «Чепена» у рагон хъæлдзæг кафт. Уый фæкафынц æрмæстдæр нæлгоймæгтæ, хъæлдзæг, бирæ хъазæн ныхæстæ цы зарæджы ис, уый заргæйæ. Кафт фæамоны цыргъзонд, зарынмæ дæсны адæймаг. Кафтмæ хæссæн ис алыхуызон худæджы здæхтытæ. Зæгъæм, кафджытæ æвиппайды фæпырх вæййынц, уазджытæй искæмæн исты хъазæн митæ акæнынц, стæй та фæстæмæ амбырд вæййынц.

*(15-æм слайд. Видеоклип кафт «Чепена»)*

Дзыллон кæфтытæм ма хауы «Чызджыты кафт» дæр. Фæкафынц æй 8 кæнæ фылдæр чызджы. Уый у хъæлдзæг музыкалон сценкæ. Кафты уыдон æвдисынц дисаджы пластикæ æмæ арæхстдзинад.

*(16-17-æм слайдтæ. Ансамбль «Алан»-ы къам, видеоклип «Чызджыты кафт»)*

*Фарст:* Дзыллон кæфтытæй уæлдай ма мах дзырдтам «Къæйттæй кæфтыты» тыххæй дæр. Цавæр кæфтытæ хауынц ацы къордмæ та?

*Дзуапп:* «Зилгæ кафт» арæзт у æртæ хайæ æмæ домы кафджытæй стыр арæхстдзинад. Фыццаг хай: чызг æмæ лæппу кафынц уæзданæй, сабыргай хиуылхæцгæйæ. Дыккаг хай у лæппуйы кафт. Уый фæкафы тынг тагъд. Чызг уыцы рæстæг фæлæууы æнцад æмæ уæздан æмдзæгъд фæкæны. Æртыккаг хайы та чызг æмæ лæппу фæкафынц иумæ рæстæмбис темпæй.

*(18-æм слайд. Къамы ансамбль «Маленький джигит»)*

*Скъоладзау:* Къæйттæй кæфтытæм хауы адæмы уарзондæр кафт «Хонгæ» дæр.

Фæкафынц æй чызг æмæ лæппу. Ленкгæнæгау змæлгæйæ, сæ къахфындзтыл лæугæйæ, чызг æмæ лæппу фæкафынц кæрæдзийы комкоммæ. Чызг дæр æмæ лæппу дæр кæнынц уæздан хиуылхæцгæ кафт.

*(19-æм слайд. Ансамбль «Алан», «Хонгæ кафт»)*

«Хонгæ» у уарзондзинады кадæг. Рагзаманты лæппуйæн йæ бон æргомæй зæгъæн нæ уыдис йæ уарзондзинады æнкъарæнтæ чызгæн. Æмæ-иу сын кæрæдзийы зæрдæйы уаг бамбарынæн хорз æххуыс фæци кафт. Лæппу йæ къахфындзтыл дæрдтыл æрзилы, кафгæ-сиргæ бацæуы чызгмæ æмæ йын йæ сæрæй æркувы, цыма йын афтæ зæгъынмæ фæхъавы: «Цом мемæ, æз дын алæмæттаг дунейы рæсугъддзинад фенын кæнон». Чызг йæ цæнгтæ фæйнæрдæм айвазы маргъы базыртау æмæ, раст денджызы хъазау, йæ къахфындзтыл ленк кæнгæ рацæуы.

Хонгæ – сыгъдæгдæр æфсармы ныхас…
Æргомдæр æфсæрмыйы сусæг…
Уæд иу ызмæлд цас зæгъы, цас! –
Зæрдæ та – цæстæнгасæй хъусæг.

Фидараты Руслан

(20-æм слайд. Видеоклип «Хонгæ»)

*Ахуыргæнæг:* Къæйттæй кæфтытæ сты «Хъæматимæ кафт» æмæ «Хъæбатырты кафт» дæр. Цы зонут ацы кæфтыты тыххæй та? Куыд сæ кафыдысты ирон адæм?

(21-æм слайд. «Хъæматимæ кафт»)

*Дзуапп:* «Хъæматимæ кафт» кафгæ у кæм сабыр, кæм тагъд темпæй. Фæкафынц æй дыууæ лæппуйы. Хъæматæ вæййынц сæ къухты, сæ фæсрæтты тъыст, сæ цухъхъаты æмбæхст, сæ дæндæгты æхсæн æлхъывд. Кафгæ-кафын хъаматæ бæрæг фæткыл æрцæуынц зæххы сагъд. Лæппутæ æрзылдтытæ кæнынц хъæматы æхсæнты, нæ сыл бандзæвынц, афтæмæй.

*(22-æм слайд. Видеоклип«Хъаматимæ кафт»)*

*(23-æм слайд. Харебаты А. ныв «Хъæбатырты кафт»)*

*Скъоладзау:* Раджы заман-иу ирон адæмы арæх бахъуыд сæ сабыр куыст ныууадзын, цæмæй сæхи знæгтæй бахъахъхъæной, уый тыххæй. Уыцы хæстон цаутæ-иу уый фæстæ æвдыстой таурæгъты, зарджыты æмæ кæфтыты. Кафты æвдыст цыди хæстонты хъару, цæрдæгдзинад, стæй, хæцæнгарзæй куыд арæхсынц, уый. Хæстонты тызмæг цæсгæмттæ æвдисынц тых æмæ æхсар. Раст сыл цыма уæззау уарт æмæ кард уæз дæр нæ кæнынц, афтæ зыны. Лæппутæ-хæстонтæ тымбыл зилынц, тохы ныв æвдисгæйæ. Уый у «Хъæбатырты кафт».

*(24-25-æм слайдтæ. Къам ансамбль «Алан», видеоклип «Хъæбатырты кафт»)*

*Скъоладзау:* Зындгонд куыд у, афтæмæй ирон адæмæн сæ иунæг бæрæгбон дæр æнæ кафтæй нæ цыди. Сæ диссаджы фæндыры зæлтæ æмæ къах-къухтыл кафт æнкъуысын кодтой зæхх æмæ хæхтæ, куыд дзурынц, афтæмæй ма-иу зæдтæ æмæ дауджытæ дæр æдæрсгæйæ нæ кастысты Нарты гуыппырсарты кæфтытæм. Æркæсæм Тугъанты Махарбеджы конд ныв «Нарты куывд»-мæ.

*(26-æм слайд. Тугъанты М. ныв «Нарты куывд»)*

*Фæрстытæ:*

– Кæй базыдтат уæ уарзон хъайтартæй ацы нывы?

– Цавæр музыкалон инструменттæ уынут нывы?

(Хъисын фæндыр, уадындз, дыууадæстæнон фæндыр)

– «Райгас» кæнут ацы ныв тексты ныхæстæй.

*Скъоладзаутæ кæсынц:* «Байдыдта кафын Сослан дæр. Уый дæр фыццаг зæххыл æркафыд. Дисы бацыдысты æгас Нарт, афтæ хорз скафыд. Стæй уыцы кафгæйæ схызтис фынгмæ. Иууыл диссаг та фынгыл уыдис йæ кафт: фынджы былтыл-иу цъилау ныззылдис, афтæмæй иунæг къæбæр, иунæг къус дæр нæ фезмæлын кодта йæ бынатæй; стæй йæм уыйæппæт адæм сæ кæрдты фындзтæ хæрдмæ арæзтæй бадардтой, æмæ уыдоныл кафын байдыдта, растиу сыл куыройы цалхау æрзылдис.

Алæгатæ рахастой Нарты цыппæрхъусыг Уацамонгæ, ронгæй йæ тæккæ дзагæй, æмæ загътой:

– Уацамонгæ йæ сæрыл чи сæвæра, æмæ афтæмæй чи скафа, æнæ акалгæйæ, хуыздæр кафæг уый уыдзæнис.

Сæвæрдта йæ Сослан йæ сæрыл æмæ байдыдта кафын. Нодж‌ы диссаджы кафт та ныр скодта Сослан, – Уацамонгæйæ иунæг æртах дæр нæ акалд».

*Фарст:* Цымæ цавæр хъуыды бавæрдта нывгæнæг йæ нывы?

*Дзуапп:* Махарбег йæхæдæг куыд фыссы, афтæмæй йæ ныв саразта Нарты кадæг «Сослан Бедухайы куыд æрхаста», стæй царды цы ерыс-кафтæн уыди æвдисæн, уыдонмæ гæсгæ.

*Ахуыргæнæг:* Бæстондæр ма раргом кæнæм ацы хабар.

*Скъоладзау:* «Мæ ныв «Нарты куывд»-ы, – фыссы Махарбег, – æз райстон кадæг «Сослан Бедухайы куыд ракуырдта»-йæ ахæм скъуыддзаг, Нарты гуыппырсартæ Сослан æмæ Челæхсæртæг ерыс кæнынц фыццаг фынгыл, стæй бæгæныйы стыр кæхцы былтыл кафынæй. Æз мæхæдæг иу хатт уыдтæн æвдисæн ахæм ерыс-кафтæн. Иу йæ сæрыл сæвæрдта бæгæныйы дзаг кæхц, афтæмæй кафыд, иннæ сгæпп кодта фынгмæ, æвгтæ йæ сæрыл, афтæмæй.

Уыцы аив, рæсугъд, сæрæн, арæхстджын фæсиваеды кафтмæ кæсгæйæ йæ æз сфæнд кодтон бахæссын мæ ныв «Нарты куывд»-мæ, уымæн æмæ мын мæ цæстытыл ирдæй ауайын кодта Нарты куывды æрфыст».

*Ахуыргæнæг:* Цавæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ уæм сæвзæрын кодта ацы ныв нæ рагфыдæлты тыххæй?

*Скъоладзау:* Нывы æвдыст æрцыд ахæм диссаджы кафт, йæ аивдзинадæй йæхимæ чи ’лвасы. Нывы Сослан иунæгæй нæ кафы, фæстаг пъланы мах уынæм нæртон дыууæуæладзыгон симд. Ирдæй дзы æвдыст цæуынц ирон адæмы истори, сæ царды уаг, сæ культурæ.

***III. Хатдзæгтæ.***

*Ахуыргæнæг:* Куыд уынут, афтæмæй нæ

урок цы ныхæстæй райдыдтам, уыдонæй йын нæ бон у кæронбæттæн скæнын дæр: ирон адæмæн сæ кæфтытæ баст сты сæ царды уаг æмæ æгъдæуттимæ æмæ сты сæ культурæйы ахсджиагдæр хай.

«Адæмон кафты адæмы зæрдæ ис». Ацы хъуыды арф ныххызт сæ зæрдæтæм нæ фæсивæды минæвæрттæн: æрыгон чызджытæн æмæ лæппутæн.

(27-29-æм слайдтæ. Къамтæ æмæ кæфтытæ)

*Ахуыргæнæг:* Цавæр бынат ахсы кафты аивад уæхи царды та? Цæмæн хъæуы ныыккон царды кафыны дæсныйад?

*Дзуæппытæ:* Ирон кафтмæ кæсгæйæ, зæрдæйы ссудзынц цины цырæгътæ, зæрдæ ныррухс вæййы. Уый æнæдзургæйæ иу фæлтæрæй иннæмæ дæтты фыдæлты фарны фæдзæхстытæ.

***Фиппаинаг:*** Урочы цы æрмæгæй пайдагонд цæуы, уый равзарæн ис цалдæр проектон куысты хуызы.

# ИРОН ÆВЗАГ РАЙДАЙÆН СКЪОЛАЙЫ

***Майрæмыхъуаты Фатимæ,***
*педагогон наукæты кандидат,*
*ЦИПУ-йы доцент*

## ТЕКСТЫЛ КУСЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ АБЕТÆ АХУЫР КÆНЫНЫ РÆСТÆГ

Мадæлон æвзаг æмæ литературæйы уроктæн сæ сæйрагдæр хæстæй иу у скъоладзауты ныхасы рæзтыл куыст. Практикæ куыд æвдисы, афтæмæй ныхасы рæзтыл куыст абетæ ахуыр кæныны рæстæг иуыл раст арæзт не 'рцæуы, уроктæ не 'ххæст кæнынц сæ размæ æвæрд коммуникативон нысантæ. Уымæ гæсгæ суанг 4-æм къласы ахуырдзауты ныхасы дæр бафиппайæн ис бирæ хъæндзинæдтæ.

Иумæйаг методикæйы скъоладзауты ныхасы рæзтыл куыст фæрæвдздæр кæнынæн амонынц текстæй пайда кæнын.

Ацы фарстамæ райдайæн скъолайы фаг хъусдард кæй нæ цæуы, уымæй бацамонæн ис ахуырдзауты ныхасы лæмæгъдзинад. Кæцыфæнды грамматикон æрмæгыл кусгæйæ дæр ахуыргæнæг хъуамæ сывæллæтты 'ргом здаха тексты, ома ныхасы мидæг ын цы ахадындзинад ис, уымæ. Æрмæст уæд банкъардзæн ахуырдзау æвзаг æмæ ныхасы иудзинад, сæ бастдзинад.

Тексты амады сусæгдзинæдтæ хъуамæ æвзаджы урокты иртæстгонд цæуой бæлвырд системæмæ гæсгæ. Урокæйурокмæ дзурын хъæуы хъуыдыйæдты бастдзинады мадзæлттыл тексты мидæг, тексты хæйтты дихдзинадыл, текст аивгæнæн мадзæлттыл, сæ функционалон нысаниуæгыл.

Текстыл куыст райдайæн скъолайы хъуамæ арæзт цæуа бæлвырд системæмæ гæсгæ: пайда кæнын хъæуы, куыд цæттæ тексты бындурыл æххæстгæнинаг аналитикон фæлтæрæнтæй, афтæ, хи текст аразынил чи 'фтауы, ахæмтæй дæр.

Скъоладзауты тексты арæзтимæ зонгæ кæнын хъæуы суанг абетæ ахуыр кæныны рæстæг, цæмæй, сæ мадæлон æвзаджы тыххæй фыццаг зонындзинæдтæ исгæйæ, фæфиппайой йæ арæзты 'гъдæуттæ æмæ фæцалх уой сæ хъуыдытæ раст æмæ аивæй æргом кæныныл.

Тексты теорийы фæрстытæ хаст æрцыдысты ирон æвзаг æмæ литературæйы программæтæм, афтæмæй та сыл бæстон бакусынæн фаг мадзæлттæ арæзт нæма 'рцыд.

Ирон æвзаг ахуыргæнæн чингуыты æххæст хъуыды æвдисæг синтаксисон

иуæгыл нымад у хъуыдыйад. Фæлæ фæстаг азты иумæйаг æвзагзонынады цы стыр ивддзинæдтæ æрцыд, уыдонмæ гæсгæ хицæн хъуыдыйад æххæст хъуыды не 'вдисы. Хъуыдыйадæн æххæст хъуыды æвдисæн ис æрмæст контексты мидæг, ома йæ алыварс хъуыдыйæдтимæ æмбастæй. Хъуыды æххæстæй раргом кæнынæн хицæн хъуыдыйад фаг нæу, спайда кæнын фæхъæуы, сæ мидис æмæ структурон æгъдауæй кæрæдзиуыл æнгом баст хъуыдыйæдты къордæй. Ахæм хъуыдыйæдты къорд æвзагзонынады хонынц *вазыгджын синтаксисон æнæхъæн.* Ахæм структурон-семантикон къордтæ сæвзæрынц алы 'взагæн дæр йæхи æгъдæуттæм гæсгæ.

Вазыгджын синтаксисон æнæхъæнтæй арæзт цæуы монологон ныхас (текст). Хицæн хъуыдыйæдтимæ абаргæйæ, вазыгджын синтаксисон æнæхъæн аразæг хъуыдыйæдты къорд æвдисы хъуыдыйы райрæзт, йæ райхæлд. Хъуыдыйæдтæ баст æрцæуынц сæ иумæйаг темæйæ, кæцы тексты темæйæн у йæ аразæг микротемæ.

Алы вазыгджын синтаксисон æнæхъæнæн дæр ис чысыл радзырды структурæ: ис ын йæхи райдайæн, ома бацæуæн хай; архайды, ома хъуыдыйы райхæлд æвдыст кæм цæуы, ахæм сæйраг хай æмæ хъуыдыты балхынцъ – кæронбæттæн хай. Райдайæн арæзт вæййы иу кæнæ цалдæр хъуыдыйадæй æмæ фæамоны вазыгджын синтаксисон æнæхъæны темæ, йæ мидис æмæ грамматикон арæзтимæ баст сты, йæ фæстæ цы хъуыдыйæдтæ ис, уыдоны мидис æмæ грамматикон сконд. Астæуккаг (сæйраг) хай фергом кæны вазыгджын синтаксисон æнæхъæны темæ. кæроны та темæ æлхынцъгонд æрцæуы. Зæгъæм:

*Мæлдзыг ссардта хоры нæмыг. Хоры нæмыг уыд уæззау. Мæлдзыг æй нæ фæрæзта фезмæлын кæнын. Уый фæдзырдта йе 'мбæлттæм. Уыдон иумæ æнцонæй баластой хоры нæмыг мæлдзыджы губакмæ.*

Ацы къаннæг текст аразæг хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл баст сты тематикон æмæ синтаксисон æгъдауæй, кæсгæйæ та ма интонацийæ дæр. Хъуыдыйæдтæ иугæнæг микротемæ у *«Мæлдзыг æмæ хоры нæмыг»*. Тексты фыццаг хъуыды-йад у бацæуæн, хъуыдыйы райдайæн, иннæ хъуыдыйæдтæ та йын дарддæр хæццæ кæнынц йæ темæ. Вазыгджын синтаксисон æнæхъæны фыццаг хъуыдыйад ног микротемæйы райдайæн кæй у, уымæ гæсгæ йæ хъуыдымæ гæсгæ æмæ синтаксисон æгъдауæй у æххæст. Фыццаг хъуыдыйад амоны хъуыдыйы темæ (микротемæ), дыккаг æмæ æртыккаг хъуыдыйæдтæ фыццаджы хъуыды кæнынц æххæстдæр, фидардæр; цыппæрæм хъуыдыйад та æвдисы хъуыдыйы балхынцъ – йæ кæрон. Фæстаг хъуыдыйад канд хъуыдымæ гæсгæ æххæст нæу, фæлæ ма синтаксисон æгъдауæй дæр. Ахæм у вазыгджын синтаксисон æнæхъæны арæзт, алы хайæн дæр дзы ис йæхи бæлвырд бынат, йæхи сæрмагонд нысаниуæг.

Фиппаинæгтæ:

а) хатгай вазыгджын синтаксисон æнæхъæн аразæг хæйттæй иу цухгонд æрцæуы. Арæхдæр уый вæййы фæстаг, кæронбæттæн хай;

æ) текст вазыгджын синтаксисон æнæхъæнтыл дих кæнгæйæ, зæрдылдаринаг у, текст аразæг хъуыдыйæдтæ се 'ппæт вазыгджын синтаксисон æнæхъæны хæйттæ кæй нæ вæййынц. Зæгъæм, авторæн йæхи хъуыдытæ, цы зæгъы, уый тыххæй æмæ æндæр ахæмтæ.

Цы вазыгджын синтаксисон æнæхъæн равзæрстам, уым хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл баст цæуынц структурон-синтаксисон æмæ интонацион æгъдауæй.

Вазыгджын синтаксисон æнæхъæны арæзтмæ лæмбынæгдæр æркæсгæйæ, бафиппайæн ис, хъуыдыйæдтæ дзы кæрæдзиуыл канд ранымад фæрæзтæй баст кæй нæ цæуынц, фæлæ ма алыхуызон лексикон-грамматикон мадзæлттæй, бæлвырддæр та – лексикон, морфологион, синтаксисон æмæ стилистикон мадзæлттæй.

Лексикон бастдзинады мадзæлттæ сты ахæмтæ:

а) цæсгомон номивджытæ (*уый, йæ, уыдон, сæ, мах, нæ* æмæ æнд.);

æ) амонæн номивджытæ (*уый, уыцы, ай, адон, адонæн* æмæ æнд.);

б)номивæгон фæрсдзырдтæ (*уый фæстæ, стæй, уæд, уым, афтæмæй*, æмæ æнд.)

в) фæлхатонтæ;

г) синонимтæ æмæ антонимтæ æмæ а.д.

Морфологион бастдзинады мадзæлттæй пайдагонд цæуы зæгъинаг-мивдисджыты формæты æмхуызондзинадæй, фæрссагмитæй, фæрсдзырдтæй æмæ æндæртæй.

Синтаксисон бастдзинады фæрæзтыл нымад сты дзырдты æмхуызон рæнхъæвæрд æмæ хъуыдыйæдты структурон арæзты иудзинад. Уымæй уæлдай ма синтаксисон бастдзинад æххæстгонд цæуы бабæтгæ æмæ домгæ бастдзинæдты бæттæгтæй, бавæргæ дзырдтæй æмæ дзырдбæстытæй æмæ æнд.

Вазыгджын синтаксисон æнæхъæнтæ сæ аразæг хъуыдыйæдты бастдзинадмæ гæсгæ вæййынц: вазыгджын синтаксисон æнæхъæн *цæгон бастдзинадимæ* æмæ вазыгджын синтаксисон æнæхъæн *параллелон бастдзинадимæ*.

Цæгон бастдзинад нымад у æнгомдæрыл, хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл баст æрцæуынц канд грамматикон мадзæлдттæй нæ, фæлæ логикон æгъдауæй дæр. Ахæм бастдзинады хъуыдыйæдтæй алкæмæн дæр вæййы йæхи равгон бынат, иу хъуыдыйад дарддæр фæхæццæ кæны иннæйы хъуыды. Цæгон бастдзинад арæхдæр арæзт æрцæуы номивджытæ, фæрсдзырдтæ, фæлхатонтæ æмæ синонимты фæрцы. Зæгъæм:

*Алинæйæн ис æфсымæр. Ууыл цæуы æртæ азы. Йæ ном хуыйны Аслан. Лæппуйæн ис сау къæбæлдзыг сæры хъуынтæ æмæ цъæх цæстытæ.*

Ацы вазыгджын синтаксисон æнæхъæны хъуыдыйæдтæ иууылдæр баст сты цæгон бастдзинадæй: фыццаг æмæ дыккаг хъуыдыйæдтæ баст цæуынц цæгон-номивæгон (æфсымæр – ууыл) бастдзинадæй; æртыккаг æмæ цыппæрæм хъуыдыйæдтæ – цæгон-синонимон бастдзинадæй (Аслан – лæппу).

Параллелон вазыгджын синтаксисон æнæхъæн аразæг хъуыдыйæдтæ сæ кæрæдзиуыл баст æрцæуынц сæ иумæйаг темæ æмæ структурон арæзтæй, æмхуызон дзырдты рæнхъæвæрд æмæ зæгъинаг-мивдисджыты формæты иудзинадæй. Зæгъæм:

*Уыдис зымæг. Æруарыдис бирæ мит. Дæттæ ныссалдысты. Сывæллæттæ былдысты къахдзоныгътыл.*

Фыццаг хъуыдыйад у текстмæ бацæуæн (æнцойгæнæн) хъуыдыйад, архайд кæм æмæ кæд цæуы, уый æвдисæг. Тексты хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл баст сты параллелон бастдзинадæй, æмхуызон сты сæ зæгъинаг-мивдисджыты формæтæ (ивгъуыд афон, æргомон здæхæн) æмхуызон у хъуыдыйæдты структурон арæзт (хуымæтæг дывæрсыг хъуыдыйæдтæ). Текстмæ лæмбынæгдæр æркæсгæйæ, бафиппайæн ис, цæгон бастдзинадимæ абаргæйæ, ам аивæн кæй ис хъуыдыйæдты бынæттæ, æрмæст фыццаг хъуыдыйад – текстмæ бацæуæн – хъуамæ баззайа йæхи бынаты. Афтæмæй, хъуыдыйæдты бынæттæ баивгæйæ, нæ фехæлдзæн тексты амад, йæ хъуыды.

Вазыгджын синтаксисон æнæхъæны хъуыдыйæдтæ арæх баст æрцæуынц дыууæ хуызы бастдзинадæй дæр, ома цæгон æмæ параллелон бастдзинæдтæй.

*Иу гыццыл лæппу ацыд хъæдмæ æмæ фæстæмæ фæндаг нал ардта. Баизæр. Талынг кæнын райдыдта. Уæд лæппу бæласмæ сбырыд æмæ дард кæмдæр ауыдта рухс.*

Ацы вазыгджын синтаксисон æнæхъæн цы цыппар хъуыдыйадæй арæзт у, уыдонæй æртæ баст сты параллелон бастдзинадæй, фæстаг хъуыдыйад та йæ размæ æвæрд хъуыдыйадимæ баст æрцыд цæгон бастдзинадæй (фæрсдзырд *уæд).*

Райдайæн скъолайы мадæлон æвзаг ахуыр кæныны методикæ куыд амоны, афтæмæй суанг фыццагкъласонтæн дæр практикон æгъдауæй бацамонæн ис тексты теорийы фарстатæ (тексты арæзт, темæ, сæйраг хъуыды, хъуыдыйæдты бастдзинад тексты). Абетæ ахуыр кæныны рæстæг сывæллæттæн раттæн ис хæслæвæрд: æртæ хицæн сюжетон нывмæ гæсгæ хъуыдыйæдтæ æрхъуыды кæнын. Зæгъын, цал хъуыдыйады сарæзтат, цæуыл дзурынц хъуыдыйæдтæ:

*Арс хъæды ссардта мыд.*

*Тимурæн йæ фыд балхæдта велосипед.*

*Нæ цæхæрадоны зайы къомси бæлас.*

Скъоладзауты дзуæппытæ:

– Мах сарæзтам æртæ хъуыдыйады.

– Фыццаг хъуыдыйады ныхас цæуы арсыл. Уый ссардта мыд.

– Дыккаг хъуыдыйады ныхас цæуы Тимуры фыдыл.

– Æртыккаг хъуыдыйады ныхас цæуы къомси бæласыл.

Фарст: Хъуыдыйæдтæ радзырд аразынц?

Дзуапп: Нæ.

Фарст: Цæуылнæ?

Дзуапп: Алыхуызæттæ сты.

Ахуыргæнæг: Раст зæгъут, алы хъуыдыйад дæр дзуры хицæн предметыл. Радзырды та алы хъуыдыйад дæр фæдзуры уыцы иу предмет кæнæ фæзындыл. Æрбакæсут-ма иннæ нывмæ. Цы уынут нывы? (Куыдз йæ къæбылатимæ). Цавæр ном ыл сæвæрдзыстæм? (Хъусой). Саразæм-ма хъуыдыйæдтæ нывмæ гæсгæ:

*Хъусойæн ис къæбылатæ. Уыдон сæ цæстытæй нæма кæсынц. Сæ мады фæдыл рабыр-бабыр фæкæнынц.*

Фарст: Цал хъуыдыйады сарæзтам мах?

Дзуапп: Æртæ хъуыдыйады.

Фарст: Цæуыл дзуры фыццаг хъуыдыйад? Дыккаг? Æртыккаг?

Зæгъут, цы ис иумæйагæй хъуыдыйæдтæм.

Скъоладзауты дзуæппытæ:

– Алы хъуыдыйад дæр дзуры къæбылаты тыххæй.

– Алы хъуыдыйад дæр у Хъусой æмæ йæ къæбылатыл арæзт.

Фарст: Нæ æртæ хъуыдыйады радзырд схонæн ис?

Дзуапп: О. Уыдон иууылдæр дзурынц Хъусой æмæ йæ къæбылатыл.

Афтæ, абарстæй пайда кæнгæйæ, фыццагкъласонтæн бацамонæн ис радзырды (тексты) æмбарынад.

Текст аразæг хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл æнгом баст кæй сты, алкæмæн дæр сæ йæхи бынат кæй ис, уыцы æмбарынад бацамонынæн та спайда кæнæн ис дидактикон хъазтæй.

Ахуыргæнæг: Сывæллæттæ, абон скъоламæ цæугæйæ, æз иу бæласыл ауыдтон цалдæр æнахуыр сыфы. Райстон сæ. Цымæ, нын цы зæгъынмæ хъавы бæлас. Бакæсæм-ма, цы фыст ис алы сыфыл дæр, уый.

Скъоладзаутæ кæсынц сыфтыл фыст хъуыдыйæдтæ:

*Уыдоны бынаты адджын дыргътæ æрзайдзæн.*

*Нæ къалиутыл къуыбæрттæ фæзынд.*

*Сывæллæттæ, уалдзæг ралæууыд!*

*Ма нын сæ асæттут.*

Фарст: Цæмæй нын бæлæстæ цы зæгъынмæ хъавынц, уый бамбарæм, уый тыххæй цы бакæнын хъæуы?

Дзуапп: Хъуыдыйæдтæ хъæуы раст равæрын

Ахуыргæнæг: Кæцы хъуыдыйадæй райдайдзыстæм?

Дзуапп: *Сывæллæттæ, уалдзæг ралæууыд!*

Ахуыргæнæг: Иннæ хъуыдыйад кæцы у?

Дзуапп: *Нæ къалиутыл къуыбæрттæ фæзынд.*

Ахыргæнæг: Дарддæр та?

Дзуапп: *Ма нын сæ асæттут.*

Ахуыргæнæг: Фæстаг хъуыдыйад та кæцы у?

Дзуапп: *Уыдоны бынаты адджын дыргътæ æрзайдзæн.*

Ахуыргæнæг: Бакæсæм ныр бæлæсты курдиат æнæхъæнæй.

*Сывæллæттæ, уалдзæг ралæууыд! Нæ къалиутыл къуыбæрттæ фæзынд. Ма нын сæ асæттут. Уыдоны бынаты адджын дыргътæ æрзайдзæн.*

Ахуыргæнæг: Цы хъуыдыйæдты къорд бакастыстæм, уый радзырд схонæн ис? Цæмæн?

Дзуапп: Мах бакастыстæм радзырд, уымæн æмæ хъуыдыйæдтæ иууылдæр сты бæлæсты тыххæй, æвдисынц сæ курдиат.

Ахуыргæнæг: Цæмæн равæрдтам хъуыдыйæдтæ ахæм фæткыл?

Дзуапп: Цæмæй радзырды мидис (хъуыды) бамбарæн уа, уый тыххæй.

Ахуыргæнæг: Радзырды алы хъуыдыйадæн дæр ис йæхи бынат. Алчи дæр дзы хъуамæ æвæрд уа, кæм ын æмбæлы, уым. Æрмæст афтæмæй аразынц радзырд, ома текст.

Æркæсæм-ма ногæй хъуыдыйæдтæм. Цымæ æрмæст хъуыдымæ гæсгæ баст сты кæрæдзиуыл? Бакæсæм хъуыдыйæдтæ радыгай. Фыццаг хъуыдыйад у сидæнимæ, бæрæг кæны, бæлæстæ сывæллæттæм кæй дзурынц, уый. Уый у радзырды райдайæн. Лæмбынæг кæсæм иннæ хъуыдыйæдтæм, кæцы дзырдтæ сæ бæттынц кæрæдзиуыл, уымæ. Чи сæ фæхъуыды кодта? (Бахахх кæнын дзырдтæ *къуыбæрттæ, сæ, уыдоны*).

Скъоладзаутæ сабыргай æрцыдысты хатдзæгмæ: хъуыдыйæдтæ кæрæдзийы фæдыл канд хъуыдымæ гæсгæ æвæрд не сты, фæлæ ма баст цæуынц дзырдты фæрцы дæр. Дзырд *къуыбæрттæ* иннæ хъуыдыйæдты ивд æрцыд дзырдтæй *сæ* æмæ *уыдон.*

Ахæм анализы фæстæ сывæллæттæ æнцонæй сæххæст кодтой хæслæвæрдтæ:

1. Хъуыдыйæдтæ афтæ равæрын, цæмæй сæ радзырд (текст) рауайа.

*1). Цæстытæ йын скодтой æвзалыйæ. Сывæллæттæ сарæзтой митын лæг. Тынг рæсугъд рауад митын лæг. Фындзы бæсты та йын ныссагътой уырыдзы.*

*2). Дзидза та æвæрд уыд къæппæджы. Рувас хъæды фæцæйцыд. Рувас дзидзамæ фæлæбурдта æмæ къæппæджы бахауд. Æвиппайды йæ былтыл дзидзайы тæф ауад.*

*3). Сæныччытæ райдыдтой сыкъайæ хæцын. Хид уыд тынг нарæг. Дыууæ сæнычча хидыл фембæлдысты.*

*4). Арс йæ хуыгомæй ралæсти. Хуры рухсмæ йæ цæстытæ фæрыстысты. Уалдзæг. Ныхъхъæр кодта: «Оф! Оф! Оф!»*

2. Радзырдты (тексты) хъуыдыйæдтæ кæрæдзиуыл бæттæг дзырдтæ сбæрæг кæнын.

*1) Иу хатт Хазби цæхæрадоны ауыдта иу* ***халоны. Уымæн*** *йæ базыр уыдис саст.* ***Цъиу*** *тæхын нæ фæрæзта, æмæ йæ* ***лæппу*** *рацахста.* ***Хазби*** *маргъы бакодта кълеткæйы.*

*2)* ***Абайты Батраз*** *у ме'мбал.* ***Уый*** *ахуыр кæны тынг хорз.* ***Батраз*** *хорз арæхсы ныв****тæ кæнынмæ.*** *Алы бон дæр скъоламæ æрхæссы исты ног* ***ныв.***

*3) Нинæйæн фæрынчын йæ* ***мад. Усы*** *аластой рынчындонмæ.* ***Чызг*** *хæдзары баззади иунæгæй.*

*4) Гæдыйæн фæзынд* ***лæппынтæ.*** *Вася æмæ* ***сыл*** *Катя тынг бацин кодтой. Сывæллæттæ* ***семæ*** *хъазыдысты.*

Тексты æмбарынад раттынæн стыр æххуыс сты графикон диктанттæ.

Диктанты текст кæсы ахуыргæнæг. Уый фæстæ ногæй кæсы фыццаг дыууæ хъуыдыйады. Сывæллæттæ сын аразынц схемæтæ. Схемæйы алы дзырд дæр нысан кæнынц хицæн хаххæй, бæрæг кæнынц хъуыдыйады райдайæн æмæ кæрон.

1. Дада куыста дыргъдоны. Белæй къахта бæлæсты бынтæ. Тынг бафæллад. Йæ фырты фырт æм дзуры:

– Дада, æз куы сыстыр уон, уæд дæ бæсты кусдзынæн.

Дада йæ мидбылты бахудт.

2. О цъиусур!
Ма мæм дзур!
О рувас,
Ма мæм уас! –
Хуысгæ ма кæнын.

3. Ныссабыр фæззыгон хъæд. Хъуысы сыфтæрты сыбар-сыбур. Зокъотæ бæлæсты бынтæй сæ сæртæ сдардтой. Рæсугъд у фæззыгон хъæд!

4. Схемæтæм гæсгæ саразын цалдæр хъуыдыйады.

*(Скъола, хъæд, цæрæгойтæ æмæ фæззæджы тыххæй.)*

|_________ _________ .

|_________ _________ _________ ?
|_________ _________ _________ _________ .
|_________ _________ _________ _________ !

5. Схемæтæм гæсгæ саразын радзырд «Нæ бинонтæ».

|____ _____.

|________ ________ ________ ________ .
|_________ _________ ________ .
|_________ ________ _________ ________ .
|________ ________ ________ ________
______ .
|________ ________ ________ ________
_______ .
|_______ _______ _______ !

6. Схемæтæм гæсгæ саразын радзырд «Фæззæг».

|_______.

|________ ________ .
|________ _________ ________ _______.
|________ ________ ________ ________ .
|________, ________ ________ _______.
|________ ________ _______ ________ !

7. Схемæтæм гæсгæ саразын радзырд «Нæ гæды» («Нæ куыдз», «Нæ тути-цъиу»).
|
_____ ______.
|_______ _______ ________ .

|_______ ________ _______ ______ .
|_______ _______ _______ ______ .
|_______, ______ ______ ______ _____.
|______ ______ ______ ______ !

Ранымад куысты хуызтæ æвæрынц фидар бындур монологон ныхасы рæзтæн, тексты æмбарынад практикон хуызы бацамонынæн.

***Литературæ:***

1.Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæтæ I-XI кълæстæн. Дзæуджыхъæу: «Ир» – 2005.

2. Климанова Л.Ф., Желтовская Л.Я., Купалова А.Ю. О новом коммуникативно ориентированном курсе родного языка. – Начальная школа. – 1994, №7.

3. Кочеткова А.В. Комплексные методы развития речи младших школьников. – Начальная школа, 2002, №9.

4. Леонтьев А.А. Исследование детской речи. – Основы теории речевой деятельности: Наука. – 1974.

5. Швайко Г.С. Игры и упражнения для развития речи. – М., 2011.

***Хъарданти-Гасанти Ларисæ,***
*Чиколай 3-аг астæуккаг скъолай ахургæнæг*

# ДИГОРОН КÆСУНИ УРОК 1-АГ КЪЛАСИ

***Урокки темæ:*** *Æмгъæлæсон мурæ (к), дамугъатæ «К, к»*

***Урокки нисæнттæ:***

1) байамонун æмгъæлæсон мурæ(к) æма дамугъатæ «К,к»;

2) сабийтæмæ аййев, рæсугъддзийнади менеугутæ æвзурун кæнун кустмæ, аллибони цардмæ;

3) кæсуни фæлтæрдбæл косун; дзурдарæхст унбæл ахур кæнун, байамонун нæуæг дзурдтæ: *ком, кадæ, кирсæ, куройнæ, кæрæ, курес.*

***Урокки ефтонгадæ:*** компьютер, предметон хузтæ, луггонд дамугъатæ, фæйнæг-экран, мел.

**Урокки цуд:**

***I. Хæдзарæмæ куст исбæрæг кæнун.***

1. Бакæсун текст «Горæттæ».

2. Мурæ «г»-йи менеугутæбæл æрдзорун: г– æмгъæлæсон, зæллангон.

3. Рафæлхатун зонгæ дамугъатæ:

а, о, у, и, е; й, л, м, н, р, д, г, в, з, п, р, с, т, х.

***II. Нæуæг æрмæгбæл куст.***

1. Æмгъæлæсонти менеугутæ зæрдæбæл æрлæуун кæнун. (Ивæзгæ нæ кæнунцæ; æнцæ зæллангонтæ, æзæллангонтæ.)

(Сувæллæнттæ кæсунцæ дамугъати лентъæй)

*Ахургæнæг:* Аци урокки бабæй базонгæ уодзинан нæуæг мурæ æма дамугъай хæццæ. Æрбакæсетæ хузтæмæ æма зæгъетæ циуавæр мурæй райдайунцæ хузæвдесæг дзурдтæ еугурæй дæр?

*(Бавдесун предметон хузтæ: картоф, кæрдæг, кæрдту, кард, кæрдæн)*

Еугурæй дæр идайунцæ «к» – йæй.

2. Аци предметтæ дууæ къуари фæккæнæн: картоф, кæрдæн, кард, кæрдæг, кæрдту (зайæгойтæ, косæн дзаумæттæ).

*(Сувæллæнттæ кæнунцæ хатдзæг, дзорунцæ урокки темæ)*

Нæуæг дамугъай хæццæ базонгæ ун.

*3. Ахургæнæг:* Базонайтæ, ка нæмæ æрбахаста нæуæг дамугъа? (карк)

(1-аг слайд)

Иуæнгон-мурон анализ ин искæнун.

Сувæллæнттæ «к»-йи менеугутæ бæрæг кæнунцæ, æвдесунцæ æй дамугъати къассæбæл.

Гъазт: «Ка фулдæр!»

Сабийтæ гъуди кæнунцæ дзурдтæ «к»-йи хæццæ:

кизгуттæ – дзурди райдайæни,
биццеутæ – дзурди астæуи.
кæрдæн – кокойнæ
картоф – айкæ
кæрцæ – сæкæр
Кермен – Аскер

4. Компьютербæл бакосун.

(2-аг слайд)

Бавдесун дамугъатæ «К, к».

Сувæллæнттæ кæсунцæ еугæйттæй, уæдта еумæ гъæрæй экранбæл финст иуæнгтæ:

ка ко ку кæ ки ке
ак ок ук æк ик ек

Сувæллæнттæ рæхисæй кæсунцæ цæгиндзити дзурдтæ.

5. Дзурдуатон куст. (дзоргæ куст)

Ком – гъæлæс, хонхи бацæуæн.

Кауæ – (плетень) – естæй бид горен.

Кæрæ – (куча) – картофи кæрæ, дорти кæрæ.

Кирсæ – (иней) – халас (æрдзон фæззинд).

Курес – (сноп)– карст æфсерти баст.

Куройнæ – (мельница) – мæнæуæ, нартихуар инсæн машинæ.

6. Гъазт: «Базонæ, ци финст ес хузти буни?»

*(Сувæллæнттæ экранæй кæсунцæ гъудиæдтæ)*

(3-аг слайд)

7. Физминуткæ.

Куройнæ – куройнæ,
Устур гъæргуройнæ!
Æрзелæ цæлхитæ,
Баинсæ нæмгутæ.
Цъеутæ лæхурд бахуæрдзæнцæ,
Ма нин тагъддæр райрæздзæнцæ.

8. Киунугæбæл куст.

Ахургæнæги каст цæгиндзити дзурдтæ.

Дзурд «кадæ» –н æ медес балæдæрун кæнун.

Кадæ – хуарз гъуддæгти бæрæггæнæн.

(Кади гæгъæди, кади нисан – бавдесун)

Нæ Иристони кадгин лæгтæбæл æрдзорун: Хетæгкати Къоста, Малити Геуæрги, Плити Иссæ, Махъоти Алихан.

*(Испайда кæнун методикон амунддзийнæдти лæвæрд æрмæгæй)*

(4-аг слайд)

Текст «Куройнæ».

Сувæллæнтти каст:

а) рæхисæй – цæгиндзити дзурдтæ;

б) рæхисæй – текст;

в) еумæ – гъæрæй.

Базонæ дзурд схемæмæ гæсгæ киунуги цæгиндзити дзурдтæй
пайда кæнгæй. (44 ф.)

«Кæсæг, косæг, кæрдæг»-и растфинсуйнадæ æма сæ медесбæл бакосун.

***III. Федаргæнæн фæлтæрæнтæ.***

1. Гъазт: « Иссерæ дзурди схемæ!» (куй, кæсалгæ, тикис, айкæ)



2.Сувæллæнттæ аразунцæ дзурдтæ лухгонд дамугъатæй фæйнæгбæл:

кинæ кирæ

(сæ хузтæ син бавдесун)

3. Гъазт: «Бакæсæ дзурдтæ рæхисæй!»




Гъазт: «Иссерæ нæуæг дзурд дзурди хурфи!»

Кæрдæг, кадæ, хуасæ, æртæх

*(Бавдесун гæгъæдибæл финст дзурдтæ)*

5. Бакæсæ ребуси дзурд.

К 8 ? (каст)

6.Дугæйттæй куст.

Кизгуттæ аразунцæ игон иуæнгтæ,

Биццеутæ – æхгæд иуæнгтæ.

***IV. Уроккæн кæронбæттæн искæнун.***

– Ци базудтайтæ аци урокки?

– Циуавæр менеугутæ ес дамугъа «к»–йæн?

– Ка нæмæ æрбахаста дамугъатæ «К, к» урокмæ? *(карк)*

***V. Хæдзарæмæ куст исбæрæг кæнун.***

Сувæллæнтти кустæн аргъ искæнун.

## УЛÆФТЫ МИНУТТÆ

***
Минкъий тала ирæзуй,
Æхе хæрдмæ ивазуй.
Думгæ ´й фæлмæн бателуй,
Хори рохсмæ ´й разелуй.

***
Къохтæ хæрдмæ исесетæ,
Уæхе дзæбæх ивазетæ.
Рауолæфетæ арфдæр,
Исуодзинан федардæр.

***
Фунæй кæнуй æрдози,
Толдзи буни узун.
Дув-дув кæнун æ гъоси,
Дидинбиндзæ тингун.

***
Мах фæдздзурдтан, мах фæффинстан,
Бафæлладан, бафæлладан.
Уолæфунцæ не ´нгулдзитæ,
Къохтæй ракæнæн къæрцщитæ.

***
Тæрхъос кæнуй гæпп-гæпп-гæпп,
Бæх ба уайуй – сæпп-сæпп-сæпп.
Сабий къохтæй – къæрцц-къæрцц-
къæрцц,
Æ къæхтæй ба – тъупп-тъупп-тъупп.

***
Думгæ зелуй,
Думгæ телуй.
Æртасун кæнуй бæласæ.
Ду дæр де уæнгтæ райвазæ.
Уой фæсте бабæй æрбадæ,
Уæдта дæ фæллад исуадзæ.

***
Тæрхъос бадуй,
Æ гъостæ телуй.
Исехæн æй, ма истуй,
Цæрдæг гæппитæ кæнуй.

***
Къохтæ хæрдмæ исесæн,
Фæрсæрдæмæ сæ зелæн.
Цæун, ледзун дæр зонæн,
Цæрдæг гæпп-гæпп фæккæнæн.

***
Ой, ой, Чепена
Размæ кафгæ Чепена.
Ой, ой, Чепена,
Фæстæмæ дæр Чепена.
Ой, ой, Чепена,
Рахес къахæй Чепена.
Ой, ой, Чепена,
Галеу къахæй Чепена.
Ой, ой, Чепена,
Кафгæ, заргæ Чепена.

***
Ызмæлунцæ бæлæстæ,
Думгæмæ дзæбæх.
Хаунцæ сæ сифтæ,
Зæнхæмæ цæрдæг.

***
Толик тонуй сурх фæткъутæ,
Уой фæсте ба бор кæрдтутæ.
Бунмæ асинæй хезуй,
Асиккути сæ цурхуй.

***
Еууæ, дууæ, æртæ,
Райвазетæ цæнгтæ.
Æзмæлун кæнетæ
Бауæри иуæнгтæ.
Æнгулдзитæ – тасун,
Уæ сæрмæ ба – телун.
Райдаетæ финсун,
Рауотæ æнæ рун.

***
Мах финстан, мах финстан,
Бафæлладан, бафæлладан.
Еууæ, дууæ, æртæ,
Бателетæ сæртæ.

***
Алан цудæй, цудæй, цудæй,
Гъæди лискъæф раирдта.
Гага æ зæрдæмæ фæццудæй,
Минкъий тæскъи ´й ниввардта.

Биццеу уедзуй, уедзуй, уедзуй,
Еууæ, дууæ, æртæ…
Игъæлдзæгæй е фæлледзуй
Берæ ´нцæ гагатæ.

***
Тæрхъос къотæри буни бадуй,
Æ гъостæ хъæбæр телуй.
Цурдгомау фæлледзуй,
Ма гæппитæ кæнуй.

***
Еу, дууæ, еу, дууæ, –
Къохтæ, къæхтæ æмист кæнгæй,
Мæнæ атæ фæццæуæн,
Цурд ледзун дæр хуарз зонæн.
Еу, дууæ, еу, дууæ, –
Нæуæгæй бабæй финсæн.

***
Райгон кæнæн нæ къæразæ –
Кæдзос уæлдæфæн фæндаг.
Æнæнездæр уодзинан,
Лæмбунæгдæр кæсдзинан.

***
Кæнунцæ нæ къохтæ,
Тъæпп-тъæпп ма æрдзæф.
Кæнунцæ нæ къæхтæ –
Æмдзæф ма ледзгæ.

***
Еу – фæттæхуй гоцгæнагæ цъеу.
Дууæ – исесетæ уæ къохтæ.
Æртæ – кæндзинан нуртæккæ зеу:
Дзæхæрай уедзæн мах картофтæ,
Бæласæй тонæн бор фæткъутæ,
Нур ба карки цъеутæ рауедзæн.
Уесойнæй нæ тургъæ расæрфæн,
Уæдта уолæфунмæ æрбадæн.

***
Раходæн, рагъазæн,
Не ´уæнгтæ райвазæн.
Нæ астæутæ æрзелæн,
Нæ сæртæ ба бателæн.
Къæхтæй кæнæн тъуппитæ,
Нæ къохтæй ба – къæрццитæ.
Нуртæккæ ба сабургай
Исбаддзинан кезугай.

***
Гъæдæй робас æргъузтæй,
Æрлæудтæй ´ма æсмотуй.
Кæркдойнæмæ нирраст æй,
Куй Мелайæй фæттарстæй.

***
Мудибиндзæ дувдувгæнгæй
Деденæгбæл æрбадтæй.
Уой фæсте ба игъæлдзæгæй,
Муди хæццæ æздахтæй.

***
Уæ тæрхъостæ, тæрхъостæ,
Хъæбæр тумбул уæ ростæ.
Сумах айтæ тæрсагæ,
Уомæ гæсгæ – ледзагæ,
Фехсинетæ цурд талатæ,
Хъæбæр ба – къæбускатæ.
Æнæ хæдзарæй цæретæ,
Æхсæвеуат агоретæ.

***
Мæ къозо хæрдмæ гæлдзун,
Уой фæсте ба ´й ахæссун.
Зæнхæбæл цурд æмбæлуй,
Цæрдæг гæппитæ кæнуй.

***
Поли æ пъолци æхснуй,
Рагъæнбæл æй ауиндзуй.
Уой фæсте ба пъастуйæй,
Пъолтæ ниссæрфта къумтæй.

***
Робас – гъузагæ,
Тархъос – тæрсагæ,
Берæгъ – ледзагæ,
Узун – лæсагæ.

***
Рагуалдзæг бæлæстæн,
Нихсастан сæ цæнгтæ.
Уорс къирæй зæнгитæн
Искодтан цъиндатæ.
Уой фæсте бæлæстæй,
Æртондзиан рæзæ.
Бæркадгун тиллæгæй
Кæндзинан мийнасæ.

***

Æнæрæдуд финст кæнæн,
Нæ къохтæ хæрдмæ есæн.
Цæун, ледзун дæр зонæн,
Игъæлдзæгæй мах кафæн.

***

Мулдзуг – косагæ,
Хъæрццигъа – сорагæ,
Цъеу – тæхагæ,
Скъоладзау – игъосагæ.

***

Кафунцæ къотæртæ,
Думгæмæ дзæбæх.
Тæхунцæ и цъеутæ,
Бæрзæндти цæрдæг.

***

Ходгæ хор нин бонæй – бонмæ,
Нæ хъаурæбæл æфтауй.
Мæнæ нур ба рагъазæн
Не уæнгтæ дæр райвазæн.

# АХУЫРГÆНДЖЫТЫ СФÆЛДЫСТАДÆЙ



**Дзæгъойты-Тебиаты Жаннæ,**
*Дзæуджыхъæуы 38-æм скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг, РЦИ-Аланийы культурæйы Сгуыхт кусæг.*

## НАРТЫХЪÆУЫ СКЪОЛАЙЫ АХУЫРГÆНДЖЫТÆН

О Ахуыргæнæг, кадджын у дæ ном!
Ды дæ æдзух сæрмагонд кады аккаг.
Дæ фæрцы свæййы адæймаджы ном
Рæсугъд дзырдтæ, нæртон зарæджы аккаг
Æрвылазау та абон дæр, ныр дæр
Уæ ахуырдзауты рухс фидæнмæ хонут,
Сымах сын раст ныййарджытæй хуыздæр
Сæ хорздзинæдтæ, се 'взæртæ фæзонут.
Фæхудут сæм уæ мидбылты фæлмæн,
Æвзæр митæ, рæдийын сæ нæ уадзут.
Уæхинымæр æдзух фæкæнут мæт,
Фæдзурут сын: «Уæ кæрæдзийы уарзут!..»
Уæ цæргæбонты макуы фенут маст.
Уæ цæстæнгасæй цъититæ куыд тайой,
Гъе, ахæм арфæ уе 'ппæты дæр уæд.
Уæ куыстæй та уæ зæрдæтæ куыд райой!

### Уæлахизы бонмæ

Уæлахизы бонæй дзæвгар рæстæг рацыд,
Уæддæр æй æрвылаз фæкæнæм бæрæг.
Нæ рох кæнынц абон дæр уыцы фыдазтæ.
Ныр бирæты ингæнтыл зайы кæрдæг.
Фыдбоны хæст бирæты 'нæхай фæкодта
Рæсугъд цардæй, уарзтæй, сæрдыгон хурæй.
Уæд бирæ мадæлтæ сæ дзыкку ныттыдтой,
Уæд царæфтыд фесты хъæбулты мæрдæй.
О, цавæр æгъатыр уыд уыцы фыдызнаг!
Уый не 'взæрста саби, сылгоймаг, зæронд.
Фыдызнаг! Кæм-иу уай, кæн-иу уым фыдвæндаг!
Мах дардзыстæм кады тырыса бæрзонд!
О, Дунесфæлдисæг! Дæуæй курæм абон,
Куыд никуыуал фехъусæм хæстæн йæ кой!
Куыд-иу худа мидбылты уарзонмæ уарзон,
Куыд-иу уой æдзухдæр нæ быдыртæ сой!

### Ирон фæндыр. Ирон æвзаг

Чысылæй нырмæ адджын сты мæ удæн
Фыдæлты хæзна – фæндыры зæлтæ.
О, уыцы зæлтæн макуы уæд фæцудæн!
Рæвдауæнт-иу ирон лæджы зæрдæ!

Куы-иу æрсимдтой Нарты гуыппырсартæ
Фæндыры рухс, алæмæты зæлтæм,
Ныннæрыд-иу сæ фезмæлдæй уæд арв дæр,
Æрцыд-иу кафын гас хъæды сырдтæм.

Нæ цæсты хъуамæ кадджын уа æвзаг дæр.
Ирон æвзаг – нæ мадæлон æвзаг.
Нæ фыдæлтау æй ма фесафæм мах дæр,
Фæзминаг куыд уой не 'гъдау æмæ уаг!

Ирон æвзаг, ирон фæндырæн хъуамæ
Æдзух кæнæм ныййарæг мадау аргъ.
Нæхæдæг сæ куынæ хъахъхъæнæм царды,
Æндæр адæм нын нал кæндзысты аргъ.

**Мæ мадæн**

Мæ дзæбæх мад! Дæ цард æнцон нæ уыд,
Ды сидзæргæсæй мах тыххæй фæбадтæ.
Дæ сау дзыкку дæр мах мæтæй ысурс,
Æрæвæрдтой дыл се стыр уаргъ дæ азтæ.

Æхсæвæй– бонæй мах хорзæн куыстай,
Цæмæй нæ фидæн ма уыдаид талынг.
«Æрмæстдæр размæ!» – арæх– иу дзырдтай.
Дæ фæдзæхст дын æххæст кæндзыстæм
царды!
Нæй бафидæн ныййарæг мады хæс!
Дæу хуызæн нæй, мæ дзæбæх мад, дунейы!
Дæ кæстæртæй дæ сæр бæрзæндты хæсс!
Мах барæм дæу ыстъалытæ 'мæ мæйыл.

Дæ конд къæбæр адджын вæййы мыдау.
Хæсдзыстæм дæ нæ уæлныхты æдзухдæр.
Йæ хорзæхтæй дын хай кæнæд Хуыцау!
Æнæниз æмæ 'нæмаст у æнусмæ!

Мæнæуы хуымтæ рог дымгæ фæйлауы,
Зæрин хур нæм йæ зынг цæстæй кæсы.
Мæ цæстытыл та ног дæ фæлгонц уайы,
Мæ зæрдæйæн æхцондзинад хæссы.

* * *

О, Дунескæнæг! Ахæм хорз мын ракæн,
Мæ уарзон мæм куыд фæзына æргом!
Дæ хæрзтæй мын дзадджын лæвæрттæ
ракæн!
Хæсдзынæн дын мæ зæрдæйы дæ ном.

О, курын дæ æнæниздзинад, амонд,
Цæмæй мæ зæрдæ ма кæна æнкъард!
Мæ алыварс цы хорз адæм ис абон,
Гъе уыдон фæндиаг алкæд уæд мæ цард!

# ФÆСУРОКТЫ КУЫСТ

## ОЛИМПИАДОН ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

### 10-æм кълас

1. Дзырдты раст сæвæр цавды нысан.

Уызын, уыгæрдæр, уыгæс, уылæн, уырнын, уырдыг, уырдыгмæ.

2. Орфоэпи ахуыр кæны

а) дзырдты растфыссынад

æ) дзырдты хæйттæ

б) дзырдты растдзурынад

в) дзырдты лексикон нысаниуæг

3. Цы нысан кæнынц дзырдтæ *уыдисн* æмæ *уылынг*?

4. Кæд фæзæгъынц афтæ?

«Сæ мыды къæм бахауд».

5. Уырдыгыстæг хонынц,

а) фынгмæ хæрд, нозт чи бацæттæ кæны, уый

æ) фынджы уæлхъус кæстæриуæг чи фæкæны, уый

б) фынг чи бафснайы, уый

в) фынгмæ хæринæгтæ чи скæны, уый

6. Аффикстæ сты

а) уидаг, разæфтуан, фæсæфтуан

æ) разæфтуан, фæсæфтуан, кæрон

б) уидаг, фæсæфтуан, кæрон

в) фæсæфтуан æмæ кæрон

7. Дзырдтæн ныффысс æмуидагон дзырдтæ (3-4 онг), дзырдты уидæгтæ фæнысан кæн:

1) фыссын –

2) зарын –

3) дарын –

8. Сæйрат цæмæй загъд æрцыд, уый бафысс.

а) Асхойын – æнцон, барæвдауын – зын. (Æмб.)

æ) Хуыцау, мах – де уазæг! (Н.к.)

б) Алчи зыдгæнæджы бирæгъ фæхоны. (Къ.)

в) Хæрзгæнæг хорз никуы ссардта. (Æмб.)

9. Цæмæй хицæн кæнынц хъуыдыйæдты нысангонд дзырдтæ?

1) Бæрзонд *ирд арв;* Арв *ирд, бæрзонд;*

2) *Амондджын* бон; Бон – *амондджын.*

10. Текст бакæс. Хæслæвæрдтæ баххæст кæн.

Æрфæны фæд стъалыты хуымæтæджы æмбырдгонд нæу стъалытæй кæй кæм фæнды уым не 'рбынат кодта, фæлæ йын йæ кар æмæ йæ физикон уавæртæм гæсгæ кæм æмбæлы, уым зæгъæм, æрыгон стъалытæ Æрфæны фæдæн сты йæ астæумæ хæстæгдæр зæронддæр стъалытæ та æрбынат кодтой кæрæттæм æввахсдæр афтæмæй æрвон тыгъдады арæзтæн ис бæлвырд æгъдау æмæ фæтк.

(Сиукъаты Н.)

1) Текст хъуыдыйæдтыл адих кæн æмæ йæ афтæмæй рафысс.

2) Цавæр у хъуыдыйæдты бастдзинад тексты?

а) цæгон

æ) параллелон

б) цæгон æмæ параллелон

3) Цавæр у текст йæ хуызмæ гæсгæ?

а) таурæгъон

æ) æрфыстон

б) тæрхон

4) «Æрфæны фæд» уырыссагау хонынц

а) «Большая медведица»

æ) «Полярная звезда»

б) «Млечный путь»

5) Дзырдтæ «*фæлæ», «та»* сты

а) иугæнæг бæттæгтæ

æ) ныхмæвæрды бæттæгтæ

б) дихон бæттæгтæ

11. Æмбисонды хъуыды чысыл сочинени– тæрхоны хуызы райхал:

«Рæстдзинад кæмæн цæф у, кæмæн – цæсты рухс».

**Дзуæппытæ**

1.Уызы*н*, уыг*æ*рдæр, уыг*æ*с, уыл*æ*н, уырн*ы*н, уырд*ы*г, уырд*ы*гмæ.

2. б) дзырдты растдзурынад

3.Уыдисн – стыр æнгуылдзæй гыццыл æнгуылдзы онг;

Уылынг – стыр æнгуылдзæй амонæн æнгуылдзы онг.

4. Тынг хæларæй чи цард, æмæ æнæнхъæлæджы чи фæхыл, ахæм адæймæгтæй.

5. æ) фынджы уæлхъус кæстæриуæг чи фæкæны, уый

6. æ) разæфтуан, фæсæфтуан, кæрон

7. 1) Фыссын – фыссæг, фыстæг, фыссинаг, фыссæн

2) зарын – зарæг, заринаг, зарæн

3) дарын – дарæг, даринаг, дарæн

8. а) Асхойын – æнцон, барæвдауын – зын. (Æмб.) (инфинитив)

æ) Хуыцау, мах – де уазæг! (Н.к.) (номивæг)

б) Алчи зыдгæнæджы бирæгъ фæхоны. (Къ.) (номивæг)

в) Хæрзгæнæг хорз никуы ссардта. (Æмб.) (миногми)

9. Дзырдтæн сæ бынат ивд æрцыд, æмæ систы æндæр хъуыдыйады уæнгтæ.

10. 1) Æрфæны фæд стъалыты хуымæтæджы æмбырдгонд нæу. Стъалытæй кæй кæм фæнды, уым не ’рбынат кодта, фæлæ йын йæ кар æмæ йæ физикон уавæртæм гæсгæ кæм æмбæлы, уым. Зæгъæм, æрыгон стъалытæ Æрфæны фæдæн сты йæ астæумæ хæстæгдæр, зæронддæр стъалытæ та æрбынат кодтой кæрæттæм æввахсдæр. Афтæмæй æрвон тыгъдады арæзтæн ис бæлвырд æгъдау æмæ фæтк.

(Сиукъаты Н.)

1) а) цæгон

2) б) тæрхон

3) б) «Млечный путь»

4) æ) ныхмæвæрды бæттæгтæ.

**11-æм къласс**

1. Æмхуызон хъæлæсон мырты фæлхаткæнынад у

а) диссонанс

æ) ассонанс

б) аллитераци

в) абарст

2. Æмхуызон æмхъæлæсон мырты фæлхаткæнынад у

а) диссонанс

æ) ассонанс

б) аллитераци

в) абарст

3. Дзырдтæ *зыкъуыр* (фыдзыкъуыр) æмæ *къуызыр* (къуызыртæ) сæ нысаниуæгмæ гæсгæ сты хæстæг. Фæлæ хатгай ацы дзырдтæй иуæн иннæйы бæсты зæгъæн нæ вæййы.

Хæс: стъæлфыты бæсты дзырдтæ *зыкъуыр* æмæ *къуызыр,* кæм æмбæлы, уым раст бафысс.

1) …………. адæймаг

2) ………….. нартхор
3) ……………лæдзæг

4. Рæдыд хъуыды у

а) фыццаг ирон грамматикæйы автор у уæрæсейаг ахуыргонд Андрей Шегрен;

æ) ирон æвзаг хауы индоевропæйаг æвзæгты ирайнаг къордмæ;

б) фыццаг ирон мыхуыргонд чиныг йæ мидисмæ гæсгæ у зонадон уацты æмбырдгонд;

в) дзауаг, чысайнаг, туаллаг, уæллагкоймаг сты ирон диалекты ныхасыздæхтытæ.

5. *Æ*взæгты къордтæ цыппар мыггагыл адих кæн:

Индоевропейаг æвзæгтæ:
Финно-угойраг æвзæгтæ:
Тюркаг æвзæгтæ:
Кавказаг æвзæгтæ:

Тæтæйраг, испайнаг, немыцаг, венгриаг, литоваг, уырыссаг, грекъаг, азербайджайнаг, гуырдзиаг, финнаг, туркаг, ирайнаг, эстойнаг.

6. «Цæмæн-иу мæм бахудт
Хъуызгæ мидбылты?
Цæмæн мæ хъуыд агъуд, –
Ливорджын дæн, цы?» (Къоста)

Æмдзæвгæ арæзт у аивадон мадзал

а) синтаксисон параллелизмы бындурыл
æ) абарсты бындурыл
б) метафорæйы бындурыл
в) метонимийы бындурыл

7. Дзырдимæ фразеологизмтæ ныффысс
Æвзаг –

8. Кæд фæзæгъынц афтæ: «Йæхицæн удыбæстæ скодта»?

9. Сæйраг дзырды морфологион арæзтмæ гæсгæ дзырдбæстытæ *бæрзонд бæлас, хорз мыггаг, авд лæппуйы* сты

а) мивдисæгон
æ) номон
б) фæрсдзырдон
в) фæрсдзырдон æмæ номивæгон

10. Сæйрат цæмæй загъд æрцыд, уый бафысс.

а) Ресы хох – хæхтæй бæрзонддæр. (П.Х.)

æ) Сæрылхæцæг – сæрыл хаст. (Æмб.)

б) Иу – хуыцау! (Къ.)

в) «Уæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæнут!» – у нæ хистæрты сидт.

11.Хъуыдыйады мидæг хъуыдыйады уæнгтæ нæ вæййынц

а) номивджытæ
æ) бавæргæ дзырдтæ æмæ сидæнтæ
б) мивдисджытæ
в) иртæстгонд дзырдтæ

12. Хъуыдыйад *Изæры радиойæ дзурдзысты ног хабæрттæ* у

а) бæлвырдцæсгомон
æ) æбæлвырдцæсгомон
б) æнæцæсгомон
в) иумæйагцæсгомон

13. Киномæкæсджыты зæрдæмæ тынг фæцыд кинофильм «Фатимæ» бирæтæ йæм дыгай-æртыгæй хæттытæ бацыдысты.

Хъуыдыйады æвæрын хъæуы

а) къæдзыг
æ) стъæлф къæдзыгимæ
б) дыстъæлф
в) тире

14. Тексты (ныхасы) хуызтæй предметы миниуджытæ æмæ æууæлтыл ныхас фæцæуы

а) æрфысты
æ) таурæгъы
б) тæрхоны (тæрхæтты)
в) кæцыфæнды тексты дæр

15. Текст-тæрхоны тезис æмæ аргументтæ кæрæдзиуыл бæттæг хъуыдыйад (дзырдбаст) у

а) Цæмæн афтæ у? Мæнæ цæй тыххæй.
æ) Балхынцъ кæнæм нæ хъуыды.
б) Афтæмæй, ...
в) Цыбыр ныхасæй, ...

16. Текст-тæрхоны аргументтæ æмæ

хатдзæг кæрæдзиуыл бæттæг хъуыдыйад (дзырдбаст) у

а) Ӕрдзурæм нæ хъуыдыйы растдзинадыл.

æ) Хъуыды бафидаргæнæн ис ахæм дæнцæгтæй.

б) Цыбыр ныхасæй (дзырдæй),

в) Уый бацамонæн ис ….

17. Аивадон стилы ныффысс сочинени-миниатюрæ ахæм темæйыл: *«Чиныг мæ царды»*.

**Дзуæппытæ:**

1. æ) ассонанс
2. б) аллитераци
3. 1) фыдзыкъуыр адæймаг
2) къуызыртæ нартхор
3) къуызыртæ лæдзæг
4. б) фыццаг ирон мыхуыргонд чиныг йæ мидисмæ гæсгæ у зонадон уацты æмбырдгонд.
5. Индоевропейаг æвзæгтæ: испайнаг, немыцаг, литоваг, уырыссаг, грекъаг, ирайнаг.

Финно-угойраг æвзæгтæ: венгриаг, финнаг, эстойнаг.

Тюркаг æвзæгтæ: тæтæйраг, азербайджайнаг, туркаг.

Кавказаг æвзæгтæ: гуырдзиаг.

6. а) синтаксисон параллелизмы бындурыл.
7. Ӕвзаг – æвзаг бахæссын, цыргъ æвзаг, мæлгъ æвзаг, …
8. Исчи фæкæсынхъуаг адæймагæн (кæнæ цæрæгойæн) куы баххуыс кæны, кæнæ исты хорздзинад куы скæны, уæд.
9. æ) номон
10. а) Ресы хох – хæхтæй бæрзонддæр. (П.Х.) (дзырдбаст)
æ) Сæрылхæцæг – сæрыл хаст. (Ӕмб.) (миногми)
б) Иу – хуыцау! (Къ.) (нымæцон)
в) «Уæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæнут!» – у нæ хистæрты сидт. (хъуыдыйад)
11. æ) бавæргæ дзырдтæ æмæ сидæнтæ
12. æ) æбæлвырдцæсгомон
13. б) дыстъæлф
14. а) æрфысты
15. а) Цæмæн афтæ у? Мæнæ цæй тыххæй.
16. б) Цыбыр ныхасæй (дзырдæй).

# ДИДАКТИКОН ÆРМÆГ УРОКМÆ

**_Хозиты Эльвирæ,_**
_АКЗУ институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кабинеты сæргълæууæг_

## ТЕКСТТÆ ДИКТАНТТÆ ÆМÆ ИЗЛОЖЕНИТÆ ФЫССЫНÆН

### Алы бынатæн дæр хицау ис

**(Таурæгъ)**

Иу бæлццон изæрдалынгты хъæды къохмæ бахæццæ. Бæласы бын йæ уæлæфтау æрытыдта, йæ худ йæ нывæрзæн бакодта æмæ йæхи йæ бынатыл бафæдзæхста:

– О, бынаты бардуаг, табу дæхицæн, де уазæг мæ бакæн, дæ быны æрулæфыдтæн æмæ дыл мæхи фæдзæхсын.

Бæлццон рæдзæ-мæдзæ кæнын куы райдыдта, уæд йæ хъустæ цыдæр ныхæстæ ацахстой. Ныхъхъуыста къæрцхъусæй. Фаллаг бæлæстæй æрбайхъуыст:

– Ардæм рацу нæ ныхасмæ.

– Нæ! Уазæг мæм ис, йæхи мыл бафæдзæхста, æмæ йæ куыд ныууадзон,– дзуапп сын радта, цы бæласы бын æрхуыссыд, уый сæрæй цыдæр.

Лæг фыццаг фæтæрсæгау кодта, фæлæ дзы, бæласы сæрæй цы дзуапп фехъуыста, уый ныфс бауагъта, æмæ уайтагъд афынæй.

Афтæ алы бынатæн дæр ис хицау, æмæ дæхи йæ уазæг куы бакæнай, уæд дыл ауддзæн.

### Йе 'фхæрд нæ ныббарста

(ивгъуыд дуджы хабæрттæй)

Хур æрцæйныгуылд, афтæ цалдæр хохаг ироны бахæццæ сты Къуары донмæ æмæ æрбадтысты уæлбыл. Дзауы комæй ардæм фистæгæй дард фæндаг у. Уымæй дæр абоны тæвд хур бæстæ сыгъта, æмæ дзæбæх бафæлладысты.

Бæлццæттæ сæ фæндаг дарынц Гудзареты ирон хъæутæм хос кæрдынмæ. Ацафон сæхимæ хохы ницы уыйбæрц куыстаг ис, æмæ иучысыл хойраг сфæрæз кæнын стыр æхххуыс у хорхъуаг бинонтæн.

Уæлбылмæ дзæбæх зыны стыр гуырдзиаг хъæу æмæ æфсæнвæндаджы станцæ. Бæлццæттæн сæ фæндаг уыцы хъæуыл у. Сыстадысты, систой сæ цæвджытæ æмæ фæуырдыг кодтой уæлбылæй. Æрмæст дзы

иу бæлццон нæ атагъд кодта. Стæвдтæ конд уæйыг лæг лæууы йæ цæвæджы хъæды æнцой æмæ æнæдзургæйæ кæсы дæлæрдæм, доны галиу фарс бæлæсты ’хсæн цы гуырдзиаг хъæу æрныгъуылд, уымæ.

– Садзгæ дæ ныччынди, Цамел, цы ма лæууыс рагъыл? – сдзырдта йæм йе ’мбæлттæй иу.

– Сымах уал цæут, æз дæр уæ баййафдзынæн. Дæлæ мын уыцы хъæуы иу зонгæ ис, æмæ йæ абæрæг кæнон, – загъта Цамел æмæ йæ къухæй ацамыдта хъæуырдæм.

Бæлццæттæ иучысыл алæууыдысты, стæй араст сты сæ фæндагыл. Цамел уæлдай ныхæстæ нæ уарзта.

Цамел йæ цæвæг йе ’ккой баппæрста æмæ ныххызт дæлвæндаг, йæ ных сарæзта хъæумæ.

Мæнæ гъе, уыцы дзæгъæйлаг хуым. Хуым нæ, фæлæ æнæхъæн хъугом. Цъæх-цъæхид нартхор змæлы дымгæйы улæфтмæ, сыбар-сыбур кæны. Лæгбæрц фæцыдис хæрдмæ, дзæгъæл баззайа йæ хицауæй! Мæйы размæ ацы нартхор рувгæйæ Цамелæй дзæбæх хид рацыдис. Уæдæй ардæм йæ маст дуры хуызæнæй лæууы йæ гуыбыны, фынæй йæ нæ уадзы, æнцой йын нæ дætты. Ногæй та йæ цæстыл ауайынц, уыцы æдзæсгом æлдар æй æгады тард куыд фæкодта йæ кæртæй æмæ йын йæ мызд æххæстæй куыд нал бафыста, уыдæттæ.

– Фаг дын у фондз сомы, мæ хæдзар, – дзырдта уæд хуымы хицау.

Фидыд та туманыл уыдисты. Фæлæ гуырдзиаг æлдармæ хардзау каст иу лæгæн уый бæрц мызд бафидын.

Охх, куыд сыгъдис фырмæстæй Цамел! Дыууæ боны йæ астæу не сраст кодта, тагъддæр фæуон, зæгъгæ, æмæ туманимæ мæ хæдзар бацагурон. Ныр æй æгадæй æрвитынмæ хъавынц сæ дуарæй.

– Мæ куысты мызд мын хæрамæй цæмæн исыс, æлдар?

– Дæ мызд айстай æмæ ныр фесæф ардыгæй, цалынмæ дыл куыйтæ не суагътон! – хъæр кодта фысым.

Цы бакодтаид мæгуыр Цамел, цы йæ бон уыд? Куыд самадтаид тох æлдаримæ дард æцæгæлон хъæуы? Йæ къæпи йе ’ккой бавæрдта æмæ рараст ис. Иу хатт ма акаст фæстæмæ æмæ афтæ бакодта:

– Хуыцау алцы дæр уыны. Стæй æз дæр нырма нæ амардтæн.

Æмæ сабыр къахдзæфтæй рараст ис йæ хæдзармæ.

Уый иу мæйы размæ уыд. Ныр мæнæ лæууы уыцы дзæгъæйлаг хуымы цур. Лæууы æндзыгæй. Æппынфæстаг базмæлыд, фæйнæрдæм акаст æмæ чысыл фалдæр къутæрты арфмæ йæхи байста.

Хур раджы аныгуылд. Мæй стыр бурбурид тымбылæй дзæвгар стылдис арвмæ. Бæстæ æмырæй лæууы, ныхъхъус ис.

Цамел рахызт къутæртæй, бацыд нартхоры хуыммæ. Æфсирхъус нартхор лæууы æдзæмæй Цамелы раз. Йæ сыфтæ уæлдæфы сабыр улæфтмæ зына-нæзына базмæлынц, цыма цыдæр бæллæх банкъардтой æмæ кæрæдзийæн сусу-бусу кæнынц, кæрæдзийæн хъус-хъус кæнынц сæ тасы æнкъарæнтæ. Цыдæр æгъдауæй хаты уыцы тас Цамел йæхæдæг дæр. Хъæууон кусæг лæгæн зæхх æмæ фосимæ у йæ цард æмæ сын сæ рыст дæр æмæ сæ цин дæр зæрдæйæ хаты…

Цамелæн цыма йæ цæстытæ бауымæл сты. Тагъд-тагъд сæ асæрфта æмæ цæнгтæ дардыл айвæзта. Расæрфта цæвæг иу хатт… Дыккаг хатт… Æртыккаг…

Цæвæг уæззаугай дыууæрдæм кæны, цæгъды æфсирхъус нартхор. Æмæ афтæ зыны Цамелмæ, цыма æнахъом сывæллæтты цæгъды. Æмæ ноджы тындзы, тагъд кæны, цыма йын исчи йæ уæйыг цæнгтæ ацахсдзæн æмæ йæ баиргъæвдзæн.

Иу мæйы размæ дыууæ боны дæргъы цы хуым фæрывта Цамел, уый ныр йæ цæвæгæй адаста. Рацыд хуымы кæронмæ, йæ цæвæг æрсагъта зæххы, йæхæдæг дурыл æрбадтис æмæ йæ ныхы хид йæ армы чъилæй расæрфта.

Бады Цамел дурыл. Бады куыствæлладæй. Йæ цæст ахаста хуымыл. Йæ маст райста, фæлæ нæ цин кæны, тыппыр у йæ зæрдæ.

– Гъе уæууæй, гъе, Цамел! Дæ гуыбын кæрдзынæй куы никуы бафсæстис, уæд дæ цонг куыд нæ бахуыскъ, дæ цæст куыд нæ

бакуырм! Куыд дæ батардта дæ зæрдæ! – арф ныуулæфыд æмæ сæр нынкъуыста.

Сыстад уæззаугай. Бабаста йæ цæвæг цæвæгхъæдмæ, баккой йæ кодта æмæ араст фæстæмæ сæхимæ, хохмæ.

(Пиранты Микка, ж. «Мах дуг», 2007 аз, 5-æм номыр)

***Фиппаинæгтæ æмæ хæслæвæрдтæ:***

1. Сбæрæг кæнут тексты сæйраг хъуыды.
2. Ирон литературæйы, мастисыны кой кæм цæуы, ахæм уацмыстæй цавæртыл амбæлдыстут?
3. Цæуылнæ цин кæны Цамел, æлдарæй йæ маст кæй райста, ууыл?
4. Ахъуыды кæнут, раст бакодта Цамел?
5. Цамелы бынаты сымах та куыд бакодтаиккат?
6. Текстмæ гæсгæ ныффыссут сочинени ахæм темæйыл: «Кæмæндæр, дам, йæ бæхыл йæ бон нæ цыд, æмæ йæ саргъы надта».

## Гæлæутæ

Тасолты кæртæй æвиппайды райхъуысы бирæ адæмы хъæр-хъæлæба, стæй бæстæ агуыппæг вæййы, æмæ цъус фæстæдæр ныссæххæт кæны æнæхъола хъæрахст.

Уый уæртæ Тасол абондæргъы цæгъдæн кæны йе скъæты мыстыты, æмæ уырдыгæй хъуысы уыцы фæдисы хъæр. Сæрд фæцис, адæмæн ницы уыйбæрц кусинаг баззад, æмæ ардæм сæмбырд сты æрмæст æнахъом сывæллæттæ нæ, фæлæ усгур лæппутæ дæр.

Мидæгæй, скъæты, Тасолимæ иумæ архайынц цалдæр лæппуйы, йæ къухы кæмæн лæдзæг, кæмæн зæронд уисойы къуыдыр, кæмæн хъæдын фыййаг.

Тасол, йæ къухы бел, афтæмæй гуыбырæй рахызт скъæтæй, йæ астæу араст кодта, асæрфта йæ ныхы хид æмæ бадзырдта йæ фыртмæ:

– Лæппу, дон ма мын адар.

Зæрæдтæй йæм чидæр бадзырдта:

– Тасол, дæ мыстытæ æмбисонды хæрзхаст сты. Цыма сæм зилгæ чынди.

– Дæлдæр фæуæд се скæнæг! Исты фос та куы уаиккой, уæд сæ ме скъæтмæ чи уагъта, – æмæ фæстæмæ баздæхт скъæтмæ.

Æмæ ма мыстытæ дæр мыстыты хуызæн куы уаиккой. Раст гæдыйы йæстæ. Махмæ сæ уырыссаг мыстытæ хонынц. Дыгуры та сæ, æнхъæлдæн, гæлæутæй зонынц. Кæмдæрты, цыма, уырытæ дæр хуыйынц.

Ацы стыр мыстытæ нæ ауæрдынц карчы цъиутыл, фаджысæй сафынц фосы кæвдæс. Æгæр куы сбирæ вæййынц, уæд бабырсынц хæдзармæ дæр.

Уалынмæ дын фæйнæджыты бынæй расæррæтт ласта иу æнахуыр æнæкъуди мыст, æрзылдис скъæты къуымты, адæмы къæхты бынты æмæ фæстæмæ фæйнæджыты бын смидæг ис.

Тасол мæцъис атъыста фæйнæджы бын æмæ йыл схæцыд хæрдмæ. Фæйнæг фæркгай схаудис рыгкалгæ, æмæ йæ быны разынд мысты ахстон фондз æви æхсæз æнæхъуын сырхбын лæппынимæ. Нырма цæстæй дæр нæ кæсынц æмæ куырмæй, уæззаугай фæбырынц фæйнæрдæм. Лæппутæй сæ чидæр æрбамбырд кодта фыййагмæ æмæ сæ скъæты дуарæй рахста далæ кæртмæ. Тасолты зæронд уасæг дзы иуы йæ бырынкъ фæцавта æмæ йæ хъуыдатгæнгæ хæдзары фæстæ фаджысы рагъмæ аскъæфта. Иннæты дæлæсыхы скъуынинаг лæппу Сыми цъæхснаг уисæй иугай æрбамардта.

Хур раджы акъул, скъæты фæйнæджытæй ма æртæ баззад сæ бынаты. Тасол мæцъисæй схæцыд кæройнаг фæйнæгыл æмæ йæ срæмыгъта. Йæ бынæй рагæпп ласта æрдæбоны æнæкъуди мыст. Арадугъ-бадугъ кодта къæхты бын, стæй йæхи фехста кæрты ’рдæм.

Сыми фæцарæхст æмæ йæ уисойы къуыдырæй ныххафта. Мыст фæтæппæлæг, нал стæлфыд.

Сыми уайтагъд хæдзары сисы бынæй æрбадавта зæронд æнæбын къæрта æмæ йæ æрдæлгом кодта мыстыл. Æвæццæгæн ын къæрта рагацау бæрæг уыд, æвæццæгæн, развæлгъау конд уыд йæ æбуалгъ фæнд.

Сывæллæттæ амбырд сты къæртайы алыварс, кæсынц цымыдисæй. Стæй æмхуызон схор-хор кодтой:

– Тæлфы!.. Тæлфы!..

– Райгас и, райгас и!..

Мыст æцæгдæр æрчъицыдта. Æр-

фæлдæхт йæ гуыбыныл æмæ арабыр-бабыр кодта къæртайы къуымты. Йæ цæппузыры хуызæн сау цæстытæй фыдæх каст скодта хæрдмæ, лæппутæм, арвыцъæхмæ. Стæй слæууыд йæ фæстаг къæхтыл, раззæгтæй банцой кодта къæртайы фарсыл, уæлæмæ сивæзта йæхи, смудгæ арадав-бадав кодта йæ цыргъ бырынкъ æмæ та ногæй цалдæр зылды æркодта къæртайы къуымты. Хъæбатыр мыст уыд, мæгуырæг. Нæ тъизыдта фыртæссæй, фæлæ агуырдта ирвæзыны амал.

– Ничи йæм кæсы, тæрсгæ дæр нæ кæны!

Уæдмæ та Сыми æрбадугъ кодта фæстæмæ. Йæ къухы – фæтæгены авг. Фалæрдыгæй, лæгтæй кæцыдæр тызмæгæй æрбадзырдта:

– Уæртæ лæппу, цы кæныс фæтæгенæй? – уый, æвæццæгæн, бамбæрста Сымийы налат фæнд.

Фæлæ Сыми уæдмæ мыстыл фæтæген æркалдта, зынг ыл ацагъта æмæ къæрта йæ къахæй иуварс ныкъкъуырдта. Сывæллæттæ фæпырх сты, æмæ мыст йæхи аппæрста дæлæмæ – уыцырдæм развæндаг сæрибар уыд. Ныр, бецау, райхъуыст йæ фæдисы цъыс-цъыс. Зынгимæ хæцын хъæбатыр зæрдæ дæр нæ фæразы.

Лæгтæ алырдыгæй схыл кодтой. Æрдæбоны лæг загъдгæнгæ фæцис Сымимæ:

– Дæ цæстытæ дын бахæрæд, кæд куыд æрра дæ!..

Тасолы ус, йæ къухты æхсыры аг, æрлæууыд хæдзармæ бахизæны:

– Гъæ йæ тæригъæд дæ уа, йæ тæригъæд, æндæра кæдмæ цъиуты сайд уыдзынæ!..

Мыст, мæгуырæг, афтæ цырд згъоры, æмæ арты фæздæгджын пиллон йæ фæдыл ныддаргъ, йæ сæр та арты гуылфæны сау-сауидæй зыны… Сывæллæттæ йæ фæдыл тæхынц хъæрахстгæнгæ. Тасол дæр хъæлæбамæ рахызт æддæмæ æмæ уайдзæфгæнгæ кæсы уыцырдæм.

Сывæллæттæй чидæр тарстхуызæй цъæхахст кæны:

– Донмæ фæирвæзы, донмæ!

Сыми дыууæ гæппæн мысты раз февзæрдис. Мыст дæр æвиппайды цæхгæр фæзылдис рахизырдæм.

Тасол ныббогъ кодта:

– Зыгуымдон, Сыми, бындурзылд куыд фæдæ! – æмæ уæле ратæхы.

Фæлæ уæдмæ мыст цæхæркалгæ æхсидавæй фæтары ис зыгуымгонды æхгæд дуары бын.

Адæм цавддурау фесты.

Уысмы фæстæ зыгуымдоны бынæй уæззаугай слæст цъæх фæздæджы зылынмылын уаццаг…

Зыгуымдон йæ тæккæ цармæ тыхнад уыд хус хъæмп æмæ хосæй…

(Пиранты Микка, ж. «Мах дуг», 2007 аз, 5-æм номыр)

***Фиппаинæгтæ æмæ хæслæвæрдтæ:***

1. Сбæрæг кæнут тексты сæйраг хъуыды.
2. Ссарут, авторы ахаст бæрæг кæм у, уыцы бынæттæ.
3. Цæмæн хуыйны радзырд «Гæлæутæ»? Ахъуыды кæнут, цавæр сæргонд ма раттæн ис текстæн.
4. Текстмæ гæсгæ темæтæй иуыл ныффыссут сочинени: «Чи цы агуры, уый ссары», «Суанг мысты тæригъæды дæр цæуын нæ хъæуы».

***Гæззаты Татьянæ,***
*Æрхонкæйы 1-æм скъолайы ахуыргæнæг*

# ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ÆВЗАГÆЙ

## 7-ÆМ КЪЛАСЫ РАЦЫД ÆРМÆГ БАФИДАР КÆНЫНÆН

*1-аг хæс.* Текст бакæсут. Рафыссут мивдисджытæ, бацамонут сын сæ цæсгом, нымæц, афон, хуыз, здæхæн, цæугæ у æви æдзæугæ, уый. Ставддæрæй фыст дзырдтæ рафыссут; бацамонут, цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый. Дзырд *тугцъиртæ* дзырды хæйттæм гæсгæ равзарут, атасындзæг æй кæнут.

Къоста низ цæмæй ссардта

Æлдæртты куывды бадт фæци Къоста. Æнæуынон ын уыдисты *фæллойгæнæг* адæмы тугцъиртæ, фæлæ æгъдау сырдты *æхсæн* дæр ис. Йæ зæрдæйы ахаст сын тынг не 'вдыста. Мæнг цинтæ йыл кодтой уыдон дæр, *фæлæ* сæм уыд фыдвæнд: нуазæныл марг ныккодтой, афтæмæй *йæм* æй *балæвæрдтой.*

Къоста æппæтдæр зыдта æмæ нуазæн цыдæр æфсонæй нæ бакуымдта.

Фæлæ та йыл *æлдæрттæ* мæнгардæй рацыдысты. Зыдтой, Къоста æгъдауыл хæст кæй у, ирон царды фæтк æм бæрзонд æвæрд кæй у, æмæ нуазæн ног чындзы къухы фæсагътой. Уый йæ хъуамæ радтаид Къостамæ…

Æгъдау æрцахста Хетæджы-фырты: уырдыг сыстад, нуазæн райста, арфæ ракодта ног чындзæн. Стæй йе знæгтæн *комкоммæ* загъта:

– Ацы нуазæныл кæд марг конд ис, уæддæр æй æз райстон сылгоймаджы къухæй æмæ йæ нуазын, аргъ ын *кæнгæйæ.*

Уæдæй фæстæмæ Къоста йæ къахыл *нал* слæууыд.

(Ирон æмбисонды хабæрттæ)

*2-аг хæс.* Текст рафыссут, цухгонд дамгъæтæ раст æвæргæйæ. Сæргонд ын æрхъуыды кæнут. Нысангонд хъуыдыйæдты æрхæцæн нысæнттæ раст сæвæрут. Иу хъуыдыйад равзарут хъуыдыйады уæнгтæм æмæ ныхасы хæйттæм гæсгæ. Дзырдтæ ***фæхъазыди*** æмæ ***схъуынджын*** дзырды хæйттæм гæсгæ равзарут.

Сырд…онцъиу рауа…та лæ…пынтæ æмæ сæ схъомыл кодта. *Зымæг куыд…æр ны…лæу...ыди а…тæ карз схъызыди æд… æмæ акæсæн нал уыди æмæ сырд…онцъиу йæ лæ…пынты хол…агдонмæ бако…та.* Уым хосы сæр хуы…сыди гæды. Цъиуты куыд…æр ауы…та, а…тæ дзы иу ацахста æмæ йæ аскъæ…та. Мад бирæ фæхъæр ко…та, фæлæ йæм гæды хъусгæ дæр нæ бако…та, стæй йе' ннæ лæ…пынтимæ атахтысты æндæр ранмæ. *Гæды цъиуæй бирæ фæхъазыди йæ хъæбысы йæ бако…та æмæ æрфынæй.* Цъиу уый базонгæйæ уыциу гæп… аласта æмæ хуынчъы смидæг ис.

Гæдыйыл сайд æрцыди æмæ фырмæстæй йæхи схъуынджын ко…та, сфыдхъуын ко…та, йæ сæрыл балæ…уыди æмæ за…та: «Йе, ме 'дылы сæр, кæдмæ а… тæ æнæрхъуыды уыдзынæ? Лæ…пын цъиу кæй асай…та, уый ма мадæл цъиуы куыд æрцахсдзæн?»

Бирæ фæхоста йæ сæр. Куы йын фæры…ти, уæд æй йæ гуыбыныл сæвæр… та æмæ йæ йæ дзæмбытæй рæвды…та.

Уæдæй – абонмæ гæды йæ сæр йæ гуыбыныл сæвæры.

(Таурæгъ)

*3-аг хæс.* Рафыссут текст, абзацтæ кæрæдзи фæдыл раст равæрут, афтæмæй.

Цухгонд дамгъæтæ баххæст кæнут æмæ сын сæ растфыссынад бацамонут. Нысангонд дзырдты сæрмæ фæбæрæг кæнут, цавæр ныхасы хай у, уый. Дзырд *æуууæнкджындæр* морфологион æвзæрст ракæнут.

Зон…джын уына…фæ

Уæд ныхасы адæм *бауына…фæ кодтой* æмæ уыцы *ды…уæ* лæджы рæгъаугæстæ ско…той. Уæдæй *фæстæмæ* фосæй иу стур дæр *нал* фесæ…т.

Хъæуы мидæг бирæтæ дызæрдыг кодтой ды…уæ *давæг* лæгыл. *Фæлæ* сын цы сæ бон уыд. Давæджы куы нæ æрцахсай *давгæ,* уæд цы зæгъæн ис?

*Раджы* заманы иу хъæуы рæгъауæй стуртæ *чидæр* да…та. Хъæуы ныхас-иу бауына…фæ ко…та æмæ та – иу хуыздæр, *æу…æнкджындæр* лæгты рæгъаугæс ско…той. Фæлæ та-иу кæс, æмæ *стуртæ* цыдæр фесты.

* Хæдзары ныффыссут текстмæ æвваха изложени.

*4-æм хæс.* Бакæсут текст. Рафыссут миногонтæ æмæ сын сæ ныхмæ ныффыссут сæ бæрцбарæнтæ æмæ сæ хуыз. Нысангонд дзырдтæ хицæнæй рафыссут. Цавæр ныхасы хæйттæ сты? Тексты ссарут антонимтæ æмæ сæ рафыссут. Дзырд ***хъæбул*** фонетикон æвзæрст ракæнут. Ссарут хъуыдыйад сидæнимæ.

Мад

*Мад…* Уыимæ баст сты нæ цардры *рæсугъддæр* бонтæ, нæ зæрдæты æхсызгондæр мысинæгтæ. Кæд зæххыл æцæг амонд фенæн æмæ банкъарæн ис, уæд *æрмæстдæр* мады рухс цæсгом *уынгæйæ.* Мады фаг хорздзинæдтæ ацы зæххыл нæй, *фæлæ,* уый буц даргæйæ, *уымæн* ирон рæсугъд æгъдау дæтгæйæ, бамбарæн ис, цы у амонд. Тæхудиаг у уыцы кæстæр, йæ хистæрты буц дарын чи зоны æмæ афтæмæй адæмы *æхсæнмæ* рухс цæсгомæй чи цæуы.

Мах *стъалытæ* арвыл *агурæм,* фæлæ зæхх æмæ царды стъалытæ хорз кæстæртæ сты.

Мад – *царддæттæг.* Хæрзконд, хæрзконд, фæлмæнзæрдæ, уды рæсугъддзинад… Уыдон иууылдæр мады лæвæрттæ сты. Мад сæ куынæ радта, уæд уыцы хорздзинæдтæ тыгъд быдыры ссаргæ не сты. Мады уарзондзинадæй сæ удтæ хъæздыг кæмæн сты, уыдонæй рæсугъд у цард дæр.

Мад… Уый диссаг у, *æвæдза…* Уый йæ хъæбулы улæфт *дардмæ* хъусы. Йæ хъæбул та зæры-зæрондмæ куы фæцæра, уæддæр æй сывæллон хоны æмæ йын хур бон хуры тæвдæй тæрсы, къæвда бон – суазалæй.

Мады зæрдæ, сызгъæрин фестай!

*(Чеджемты Æ.)*

*Хæдзары ныффыссут сочинени ахæм темæйыл: *«Мад хъæбулæн йе стъалы, йæ хур у!»*

*5-æм хæс.* Рафыссут æмдзæвгæ. Цухгонд дамгъæтæ баххæст кæнут æмæ сын сæ растфыссынад бацамонут. Æмдзæвгæйы алы рæнхъ дæр равзарут ныхасы хæйттæм гæсгæ. Нысангонд дзырдтæ равзарут дзырды хæйттæм гæсгæ.

Цæмæ бæ…лы бæл…цон

Цæмæ бæ…лы мæйдар æхсæв бæл…цон? –<br>Ыскæсæны сæуæхсиды фæзындмæ.<br>Æ…уæнды уый – кæй йæм *баху…дзæн* бон,<br>Æмæ нæ дары мурмæ дæр йæ зынтæ.

Тæхуды ’мæ йæ адæмы æхсæн<br>Æнусмæ хорз ном чи скæны йæхицæн!<br>Фæлæ æрмæст бæ…лынæй нæй цæрæн,<br>*Æцæг…инадæй* никуыдæм ис лидзæн.

Ис алцæмæн дæр афон æмæ рад,<br>Цæуы нæ *фæ…тыл* хохаг донау рæстæг.<br>Зæ…ыл йæ цардæй чи аразы цард,<br>Æнусондзинад уымæн ис æрмæс…дæр.

*(Джыккайты Ш.)*

*6-æм хæс.* Æрхъуыды кæнут мивдисджытæ ахæм формæты:

– 1 – аг цæсгом, бирæон нымæц, ивгъуыд афон, цæугæ, бæллицаг здæхæны;

– 3 – аг цæсгом, ииуон нымæц, суинаг афон, æдзæугæ, æргомон здæхæны;

– 2 – аг цæсгом, бирæон нымæц, æдзæугæ, фæдзæхстон здæхæны;

– 3 – аг цæсгом, бирæон нымæц, цæугæ, бадзырдон здæхæны;

– 1 – аг цæсгом, ииуон нымæц, ивгъуыд афон, æдзæугæ, æргомон здæхæны.

Мивдисджытимæ æрхъуыды кæнут фæйнæ хъуыдыйады æмæ сæ ныффыссут.

*7-æм хæс.* Лæвæрд хъуыдыйæдтæй æмхæст текст куыд рауайа, афтæ сæ кæрæдзи фæдыл раст рафыссут. Цухгонд дамгъæтæ баххæст кæнут. Нысангонд дзырдты сæрмæ фæбæрæг кæнут, цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый. Дзырд *донфыцæны* дзырды хæйттæм гæсгæ равзарут. Иу мивдисæг морфологион æвзæрст ракæнут.

*Заргæ-зарын* æви…пайды бахауди мыдыбындз *хæлуарæджы* тыны. Бамбæх…т, *йæхæдæг* æнхъæлмæ кæсы. *Рухс* уæлдæфы, раст донфыцæны *сæрмæ,* фер…ты…та зынджы стъæлфæнау хæлуарæг. Ауа…та уый тын *иу* бæласы цонгæй иннæ бæласы цонгмæ, доны фа…лаг фарсмæ, *айтыгъта* дардыл йæ хыз. Йæ уæзæй хæлуарæджы тыны æндах фæцæуы *дæлæмæ* æнцадæнцад.

*(Гæдиаты Ц.)*

*8-æм хæс.* Текст хъуыдыйæдтыл адих кæнут, афтæмæй йæ рафыссут. Къæлæтты æвæрд мивдисджытæ раст формæты æвæрут. Хъуыдыйæдты фæстæ æвæрут стъæлфытæ. Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнут. Ссарут фæсæвæрдтæ æмæ сын сæ быны бахахх кæнут. Фæстаг хъуыдыйад равзарут ныхасы хæйттæм æмæ хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ. Дзырд *хуынкъ* фонетикон æвзæрст ракæнут. Дзырды хæйттæм гæсгæ равзарут дзырд *æхсæрсæттæджы.*

Рувасы хуынчъы сæрмæ бæласыл (цæрын) æхсæрсæттæг уый арæх (ратæх – батæх кæнын) бæласы къалиутыл (мæстæй марын) рувасы зæронд рувас – иу æм мæстыхуызæй (скæсын) иухатт рувас бæласы бын йæхи нæууыл (ауадзын) уалынмæ та йæ сæрмæ æхсæрсæттæджы цъæхснаг хъæр (райхъуысын) фæлæ рувас змæлгæ дæр (нæ фæкæнын) æхсæрсæттæг дæлдæр (æрлæсын) рувас (хуыссын) мардау æхсæрсæттæг (æргæпп кæнын) зæхмæ рувас уæддæр не (змæлын) æхсæрсæттæг ноджы фæныфсджындæр (æрбазгъорын) рувасы цурты рувас уыциу (сæррæт фæласын), æмæ æхсæрсæттæг йæ дзæмбыты (бахауын).

*(Адæмон сфæлдыстад)*

*9-æм хæс.* Æмдзæвгæ рафыссут. Сæвæрут цухгонд æрхæцæн нысæнттæ, сæ растæвæрд сын бацамонут. Фыццаг строфайы номдарты сæрмæ хауæнтæ фæбæрæг кæнут. Дыккаг строфа ныхасы хæйттæм гæсгæ равзарут. Дзырд *райгуырæн* равзарут дзырды хæйттæм гæсгæ. Ссарут хъуыдыйад сидæнимæ æмæ йæ бахахх кæнут.

Райгуырæн бæстæ

Нæ дæн хъæздыг сызгъæринæй æвзистæй,  
Мæ цин нæ вæййы ахæмтыл мæнæн.  
Хæссын мæ риуы, уарзоны хуызистау,  
Æдзух дæ сурæт Райгуырæн дæуæн.

Дæ цард – мæ цард дæ кад мæ кад у, зонын,  
Мæ зæрдæ рухс у алкæмдæр дæуæй,  
Æнæ дæу æз мæхи хæстон нæ хонын  
Æнæ дæу амонд адæймагæн нæй.

Кæсын дæ фæрцы фидæнмæ ныфсджынæй,  
Ды дæ мæнæн мæ худгæ бон мæ ис.  
Æрттив æнусмæ барджынæй цытджынæй,  
Дæуæй зынаргъдæр а зæххыл цы ис?!

*(Тохты И.)*

*10-æм хæс.* Æмбисæндтæ мивдисджытæй баххæст кæнут, афтæмæй сæ рафыссут. Бацамонут сын сæ хъуыды. Дыууæ æмбисонды дзы хъуыдыйады уæнгтæм æмæ ныхасы хæйттæм гæсгæ равзарут. Атасындзæг кæнут здæхгæ номивæг *кæрæдзи.*

1. Бæлас уидагыл… 2. Хорз æмгар зын сахат … 3. Бас кæй …, уый доныл дæр … 4. Хуры разæй дæр лæг йæ сыхаджы … 5. Са-

быр род дыууæ мады … 6. Адæм кæрæдзи ныфсæй … 7. Тагъд дон фурды … 8. Æнгом цуанонтæ саг… 9. Хорзы-иу йæхи цур …

*11-æм хæс.* Текст ратæлмац кæнут ирон æвзагмæ. Тæлмацгонд текстæй рафыссут фæйнæ 2-3 сæрмагонд æмæ æххусгæнæг ныхасы хайы. Иу цæугæ æмæ иу æдзæугæ мивдисæджы рафыссут, аифтындзæг сæ кæнут суинаг афоны æргомон здæхæны.

Старый воробей Чичи всю зиму жил в гнезде ласточек. Жил себе, поживал и ни о чем не беспокоился. А тут как раз зима кончилась, и пришла голубая весна. Стали возвращаться перелетные птицы в родные места, ласточки, зимовавшие долгую зиму в Африке, назад прилетели. Осмотрелись они – все вроде по-прежнему, ничего не изменилось, и, радостно щебеча, заспешили ласточки каждая в свое гнездо. И та ласточка, в гнезде которой поселился воробей Чичи, подлетела к своему родному домику, смотрит, а дверь на запоре: занял кто-то ее гнездо и не собирается пускать туда хозяев.

Стала ласточка стучать в дверь и требовать, чтобы ей открыли. А за дверью молчат, будто там и нет никого. Тут на шум собрались другие ласточки и, узнав в чем дело, тоже стали кричать, чтобы незваный гость немедленно оставил чужой дом.

(Г. Чеджемов)

*12-æм хæс.* Текст рафыссут. Ставддæрæй фыст дзырдты сæрмæ фæбæрæг кæнут, цавæр ныхасы хæйттæ сты, уый. Дзырд *æгъдау* фонетикон æвзæрст ракæнут. Атасындзæг кæнут дзырдбаст *дыууæ сыхаджы*. Ссарут тексты антонимтæ æмæ сæ хицæнæй рафыссут.

Хъæуы лæг

Сæ хъæумæ фæндагыл дыууæ сыхаджы баиу сты. Кæрæдзи афæрстытæ кæдтой, чи дзы *кæцæй* цæуы, уымæй. Кæстæр *цыд* зианæй, *æмæ* йæ хистæр хынцфарст акодта:

– Мард хæдзары зиан уыд, *æви* хъæуы?

– Уый та куыд æмбаргæ у? – бадис кодта кæстæр.

– *Хорз* лæг йæ зонд, йе' гъдау æмæ йæ хъуыддæгтæй вæййы хъæуы лæг, фыццаг ма ахæмты хуыдтой комы лæг *дæр*, ныр та æнæхъæн Ирыстоны лæгтæ дæр. Æмæ ахæм лæгты зианмæ æрцæуы хъæубæстæ, комбæстæ, кæнæ æппæт Ирыстонæй дæр. Хæдзары зиан та бавæрынц хæстæгхиуæттæ, сыхæгтæ.

– Бамбæрстон! Уæдæ æз кæй зианы уыдтæн, уый хъæуы лæг уыд,– дзуапп радта кæстæр.

*(Ирон æмбисонды хабæрттæ)*

*Тексты сæйраг хъуыдыйыл æрдзурут. Кæй зонут сымах та хъæуы кæнæ комы лæгтæй?

*13-æм хæс.* Текст рафыссут, къæлæттæ гом кæнгæйæ. Сæргонд ын æрхъуыды кæнут. Цухгонд дамгъæтæ баххæст кæнут. Фæрсдзырдты бын бахахх кæнут, сæ сæрмæ сын сæ хуыз фæбæрæг кæнут. Иу миногми ссарут æмæ йæ морфологион æвзæрст ракæнут. Нысангонд хъуыдыйад рафыссут, къæлæттæ гом кæнгæйæ. Тексты ссарут сидæнтæ.

Иу мæгуыр кусæг лæгæн уыди авд фырты. Сæ иуæй – иннæ æнæниз (дæр), уæнгджын (дæр), фæлæ æмхуызон зивæг… æнæгтæ. *Зæх…ыл сæм фынæй кæнынæй æхсызгон (дæр) ни (цы) каст, иунæг райсом (дæр) афоныл ни (куы) фестадысты, сæу…он хурыскаст нæ (федтой).* Фыд сæм бæргæ мæсты кæны, фæлæ сын цы хос сараза, уый нæ (зоны). Бирæ сагъæсты фæстæ сæм иу райсом дзуры:

– Лæ…утæ! Ди …аджы хабар! Дæлæ Зæрæмæджы къахырты сæумæцъы…кæй иу лæг æрбацæй (уади) æмæ боны сæрæн кæд с…ардта туман. Фестут-ма иу райсом сымах (дæр) раз (дæр)!

Фыр…тæ фыды ныхасмæ сæ хуы…æны змæлгæ (дæр) нæ (бакодтой). Сæ иу хуыс…æгхъуагау йæ ком аивæзта æмæ куыдфæндыйæ дзуры:

– Цæмæ нæ стын кæныс, нæ фыд? Уыцы туман кæмæй ахаудта, уый махæй раз (дæр) фестади.

*(Ирон æмбисонды хабæрттæ)*

*14-æм хæс.* Рафыссут æмбисæндтæ, къæлæтты ист дзырдтæ раст æвæргæйæ. Сæ хъуыды сын бамбарын кæнут. Æртæ æмбисонды дзы ныхасы хæйттæм гæсгæ равзарут. Дзырд ***зивæггæнаг*** дзырды хæйттæм гæсгæ равзарут, атасындзæг æй кæнут.

1. (Æ цæрæг) хæдзар хæлынбыттыртæн – ахстон. 2. (Æнæ зивæг) цæл ары, зивæггæнаг цæф ары. 3. (Æнæ хицау) хъæуы рувас – æлдар. 4. (Æм фæнд) адæмæн хох дæр нæ лæууы. 5. (Æ фæд) дæр куыдта æмæ (фыд фæд) дæр. 6.(Æнæ дон), (æнæ хур) цæрæн нæй. 7. (Æнæ аххосæй) фыййауы фосæй нæ хæссы бирæгъ. 8. (Фыд фæдæй) (æ фæд) – хуыздæр.

*15-æм хæс.* Æмдзæвгæ рафыссут. Номивджыты сæрмæ фæбæрæг кæнут, сæ нысаниуæгмæ гæсгæ цавæртæ сты, уый. Миногонты бын бахахх кæнут, сæ сæрмæ сын фæнысан кæнут, миниуæгæвдисæг у æви ахастæвдисæг, уый. Æххуысгæнæг ныхасы хæйтты сæрмæ фæбæрæг кæнут, цавæртæ сты, уый. Æмдзæвгæйы ссарут синонимтæ æмæ антонимтæ, хицæнæй сæ рафыссут.

Хуыцауы уазæг

Ирон лæджы сагъæс мын радта Хуыцау,
Цæй диссаджы лæвар дзы райстон:
Кæм ысты фыдæлты лæджыхъæд, æгъдау, –
Цы уыдзæн нæ хъысмæт, нæ райсом?!
Мæ дзыллæйы зæрдæ – мæ ирон æвзаг,
Кæйдæр мад нæ иумæ нæ бæтты.
Нæ удæй цы фесæфт – æфсарм æмæ уаг,
Уый агурæм арвы кæрæтты.
Ирон лæджы сагъæс мын радта Хуыцау;
Мæ хæлар – ызнæгтæ мæ фауынц.
Нæ фарнæй цы ахауд – лæджыхъæд, æгъдау, –
Цæссыгтæй мæ зæрдæмæ хауынц.
Куыдфæнды мæ раппæл, куыдфæнды мæ фау;
Ирыстонмæ фехъуыст мæ зарын.
Ирон лæджы сагъæс мын радта Хуыцау,
Ирон дзырды царды цин арын.
Ирон лæджы сагъæс – фыды фарн, æгъдау,
Нæй царды æндæр фæндаг махæн.
Дунескæнæг кадджын, о, Иунæг Хуыцау,
Ирыстоны де уазæг бакæн!

* Æмдзæвгæйы сæйраг хъуыдыйыл æрдзурут. Сахуыр æй кæнут зæрдывæрдæй. Хæдзары ныффыссут сочинени ахæм темæйыл: *«Ирыстон, дæуыл у мæ зарæг!»*

***Бибайты Мæдинæ,***
*Дзæуджыхъæуы 7-æм скъолайы ахуыргæнæг*

# АДАПТАЦИГОНД ТЕКСТТÆ

## (ирон æвзаг чи нæ зоны, уыцы скъоладзаутимæ кусынæн)

1-аг текст

В.И. Штейнгель

19-æм æнусы Владикавказы цард барон Владимир Иванович Штейнгель. Рацыдис немыцаг бинонтæй. Кодта стыр æхсæнадон куыст, барон Леонид Петрович Грозманимæ байгом кодтой агуыридуры завод. Ацы заводы уагътой диссаджы фидар дур. Нæ горæты рагон бæстыхæйттæ амад сты уыцы дурæй. Барон В.И. Штейнгелы æххуысæй Владикавказы байгом ис Трек, афтæ хуыдтой Хетæгкаты Къостайы номыл фæлладуадзæн парк. Уый уыдис Уæрæсейы рæсугъддæр парктæй иу.

2-аг текст

Евгений Вахтангов

Уырыссаг театримæ баст у номдзыд театралон режиссер Советон театры бындурæвæрæг Евгений Багратионович Вахтанговы ном.

Евгений Багратионович райгуырдис сомихаг бинонты хæдзары. Вахтанговтæ цардысты Къупецаг уынджы (ныртæккæ ацы уынг хæссы Байаты Чермены ном). Евгений каст фæцис нæлгоймæгты гимназ (ныртæккæйы 5-æм скъола). Хæрзæрыгонæй райдыдта архайын студентты аивадон къорды.

Е.Б. Вахтангов хæларæй цард зындгонд театралон архайджытæ К.С.Станиславский, В.И. Качалов, М.Н.Ермоловаимæ. Куыста Парижы, Швецийы, Германы, фæлæ йæм театрмæ уарзондзинад сæвзæрд Владикавказы театры кусгæйæ.

Режиссерæн ном скодта спектакль «Принцесса Турандот». Ацы спектакль абоны онг дæр цæуы ацы театры сценæйыл.

3-аг текст

Тæбæхсæуты Бало

Тæбæхсæуты Балойы ном зонынц канд Ирыстоны æмæ Уæрæсейы нæ, фæлæ дунейы бæстæты дæр.

Хуымæтæг æрыдойнаг лæппу йæ сабибонтæй фæстæмæ бæллыд театры сценæмæ. Йæ бæллиц сæххæст – Бало сси актер. Уый бирæ азты дæргъы æнтыстджынæй хъазыд ирон театры сценæйыл, сарæзта бирæ хъайтарты зæрдæмæдзæугæ сурæттæ.

Стыр кад æмæ ном скодта Балойæн Шекспиры драмæ «Отелло»-йы сæйраг персонажы роль. Ацы сурæт саразынил актер бирæ фæкуыста, бирæ йыл фæтухи кодта: куы агырдта хъæугæ хъæлæсыуаг, куы сæрыфæзылд, куы хъæугæ цæстæнгас. Æмæ йæ тухитæ дзæгъæлы нæ уыдысты. Англисаг туристтæ, нæ горæты уазæгуаты уæвгæйæ, федтой спектакль «Отелло» æмæ загътой: «Диссаг у, фæлæ Ирыстоны Шекспиры уацмыстæ сценæйыл йæ райгуырæн бæстæйæ хуыздæр æвæрынц!»

Советон Цæдисы хицауад стыр аргъ скодта нæ зындгонд æмзæххоны курдиатæн – лæвæрд ын æрцыд бирæ хæрзиуджытæ. Сæ кадджындæр – Советон Цæдисы Адæмон артисты ном.

**_Солтанты Джульетæ,_**
_АКЗУ институты ирон æвзаг_
_æмæ литературæйы_
_кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг_

# ÆМДЗÆВГÆЙЫ ТЕКСТЫ БЫНДУРЫЛ СОЧИНЕНИ ФЫССЫНЫ МЕТОДИКÆ

Литературæйы урокты поэтикон уацмысы текстыл ахадгæдæрæй бакусынæн методикæйы амонынц тексты бындурыл сочинени фыссын (сочинение-интерпретация стихотворения). Ацы куыст хорз æхххуыс у текст бæлвырддæр равзарынæн, скъоладзауы миддуне текстимæ баст æрмæджытæй хъæздыгдæр кæнынæн, авторы тыххæй фылдæр базонынæн.

Дæнцæгæн хæссæм Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Хæрзбон!..»-ы анализ.

ХÆРЗБОН!..

Ифтонг хызынæй, лæдзæгæй, æрчъитæй,
Скодтон уæрдæхæй дзыхъыннæуæг рон,
Ис ма цыдæртæ мæ кæрцы фæдджитæй...
Дард у мæ фæндаг... Зæгъын дын: хæрзбон!..

Рагæй мын «ацу» дæ цæстæнгас дзуры,
Рагæй дæ кодтон мæ уындæй тæрсын;
Зонын, дæ зæрдæ куыд ризы мæ цуры,
Хъусын ныр дæр ма йæ сусæг хъæрзын...

Гъеныр хæрзбон, мæ хур!.. Нал мæ уындзынæ,
Дардмæ дæ хæддзуйы мацæуыл дом!
Райсом мæ цæстæнгас ферох кæндзынæ,
Ферох кæндзынæ иннæбон мæ ном.

Чи зоны, искуы æрыфта дæ зæрдыл
Иунæджы сагъæс, мæгуыры бæллын,–
Чи зоны, искуы куы уайа дæ цæстыл –
Уазал æхсæвы фæндагыл мæлын,–

Ма-иу фæтæрс, мæ хур! Ахæм фыдфынтæ
Дардæй дын амонд хæсдзысты уæддæр,–
Исчи та исы йæхимæ дæ рынтæ,
Исчи дын хъары нывондæн йæ сæр...
Хонын æмбалæн нæ фыдбылыз мемæ:
Афтæ нæу – балцæн йæ фæстаг кæрон
Тагъддæр кæд ссарин мæ амондæн йемæ...
Мауал мыл хъыг кæ!.. Хæрзбон у, хæрзбон!..

Æмдзæвгæ аив бакæсыны фæстæ æрдзурын хъæуы ахæм фæрстытыл:

***I. Æмдзæвгæ ныффыссыны истори.***

1. Автор, йæ сæргонд, кæд фыст æрцыд, йæ фæзынды истори, цавæр бынат ахсы авторы сфæлдыстады, кæмæн фыст æрцыд.

Хетæгкаты Къостайы æмдзæвгæ «Хæрзбон!» фыст æрцыд 1891 азы. Æмдзæвгæйы Къоста «хæрзбон!» зæгъы йæ уарзон чызг Цæлыккаты Аннæйæн. 1891 азы Цæлыккаты бинонтæ цардысты Кочынаты хæдзары (ныртæккæ Цæголыфырты уынг, 27). Цæлыккаты Еленæ йæ мысинæгты фыста: «В один прекрасный день приходит отец и сообщает мне, что Коста очень просит уступить ему комнату, т.к. получил выгодный заказ от одного учреждения – нарисовать портрет Александра III во весь рост, и что в его каморке этого нельзя, и он теряет выгодный заказ и т.д… Освободили папину комнату, а отца перевели в столовую – это было в январе месяце… 3 февраля у нас был вечер – именины Анюты. Пригласили реалистов-родственников и потанцевали, и вот тут я уже стала замечать, что он интересуется Анютой… У папы был большой друг – В.Е.К., он был также и с Коста в хороших отношениях, и вот он посоветовал отказать в квартире… В одном из стихотворений он писал о своих переживаниях на новой квартире…»

Къоста йæхæдæг 1898 азы 6 декабры фыста Аннæмæ: «Вы помните, как политично выселил меня во Владикавказе из вашего дома один наш общий приятель. «Рагæй мын «ацу» дæ цæстæнгас дзуры» и т.д., – обращался я к Вам в своем прощальном «Хæрзбон», за день до ухода… «Один, опять один, без признака родного»,– с отчаянным рыданием вырвалось из груди моей, когда я, как сумасшедший, метался в своей новой квартире у Червичской. Затем я был выслан из Владикавказа».

Зындгонд куыд у, афтæмæй Къоста Дзæуджыхъæуæй йæ фыццаг хасты бынатмæ, Хъæрæсемæ, араст 1891азы, 9 июны.

Ацы цаутæй бæрæг у, æмдзæвгæ «Хæрзбон!..» фыст кæй æрцыд 1891 азы, 3 февралæй 9 июны онг, уый.

***II. Уацмысы фæлгонцты арæзт, йæ хъуыды.***

1.Темæ, идейæ.

Æмдзæвгæ «Хæрзбон!..»-ы темæ у уарзондзинад, бæлвырддæр та «усгур лæппуйы хъынцъым», йæ уарзондзинæй кæй хицæн кæны, уый фæдыл.

2. Уацмысы композици.

Æмдзæвгæ арæзт у 6 строфайæ.

3. Цавæр хъуыды дзы æвдыст цæуы? Цавæр æнкъарæнтæ æвзæрын кæны? Цавæр архайд дзы æвдыст цæуы? (кæд дзы ис, уæд)

Æмдзæвгæ фыст у лирикон геройы номæй. Зæрдæрыстæй фæстаг салам зæгъы йæ уарзон чызгæн. Дард балцы цæугæйæ йын фæдзæхсы: «*Дардмæ дæ хæддзуйы мацæуыл дом!»,* ницыуал æхххуыс дын уыдзынæн, куы дæ бахъæуон, уæддæр.

Æмдзæвгæ бакæсгæйæ, адæймаг тæригъæд кæны лирикон геройæн. «Хæрзбон!..» у Къостайæн йæхи уды сагъæстæ æвдисæг: поэт æй ныффыста, бирæ азты дæргъы кæй уарзта, уыцы уарзон чызг Цæлыккаты Аннæйæн.

Аннæйы бирæ кæй уарзта, ууыл дзуры, йæ портрет ын кæй сныв кодта, уый дæр.

4. Лирикон геройы (геройты) характеристикæ.

Бæрæг у, лирикон геройы уарзондзинад тынг тыхджын кæй уыд, бирæ рæсугъд фæндтæ йæм уыд. Ныр дæр ма йæ уарзондзинад нæма æрмынæг. Ууыл дзурынц мæнæ ацы рæнхъытæ:

*«Ма-иу фæтæрс, мæ хур! Ахæм фыдфынтæ*
*Дардæй дын амонд хæсдзысты уæддæр,–*
*Исчи та исы йæхимæ дæ рынтæ,*
*Исчи дын хъары нывондæн йæ сæр...»*

Йæхæдæг чызджы тыххæй тыхст уавæры ис, фæлæ йæм æвзæр зæрдæ нæ дары, йæ рынтæ дæр ын йæхимæ райсид, нывондæн ын йæ сæр дæр æрхæссид. Уый у æцæг уарзондзинад.

***III. Цавæр у æмдзæвгæ йæ жанрмæ гæсгæ (лирикон, сонет, балладæ æмæ а.д.).***

Æмдзæвгæ у лирикон; уарзондзинады лирикæ.

***IV. Уацмысы æвзаджы анализ.***

1. Абарстытæ, эпитеттæ, метафорæтæ, олицетворенитæ, æнгом дзырдбæстытæ, базырджын ныхæстæ æмæ а.д. Цæмæн сæ спайда кодта автор?

2. Уацмысы фонетикон арæзт (мыртæм æркæсын), цавæр у сæ нысаниуæг сæйраг хъуыды бамбарынæн, уый зæгъын.

3. Уацмысы лексикон арæзт: синонимтæ, антонимтæ, омонимтæ, архаизмтæ, неологизмтæ уацмысы. Сæ функционалон нысаниуæг тексты.

4. Цавæр синтаксисон æмæ морфологион аивгæнæн мадзæлттæй пайдагонд цæуы тексты? Цæмæн сæ пайда кæны автор?

Æмдзæвгæ фыст у хуымæтæг æвзагæй. Поэт ныхас кæны йæ уарзон чызгимæ.

Æмдзæвгæйы æвзагыл дзургæйæ, уæлдай ныхасы аккаг у йæ синтаксис: дзырдты рæнхъæвæрд (инверси), фарстон æмæ хъæрон хъуыдыйæдтæ, сидæнтæ, бавæргæ дзырдтæ, æмхуызон уæнгтæ.

Æмдзæвгæйы арæх æмбæлынц

бæлвырдцæсгомон иуварсыг хъуыдыйæдтæ, æмæ уый фæзынд æмдзæвгæйыл: нæй дзы уæлдай фæлхат.

Къоста иудадзыг «æз» кæй нæ дзуры, уый та ма йæ уæздандзинадыл дзурæг у. Стæй йын сæйрагдæр у зæрдæйы уавæр раргом кæнын æмæ пайда кæны дзырдтæй-мивдисджытæй: ***зонын, зæгъын, скодтон, хонын, ссарин.***

Къостайы уæздандзинад ма æвдыст цæуы ахæм рæнхъыты:

*«Нал мæ уындзынæ, ...»*

*«Дардмæ дæ хæддзуйы мацæуыл дом!»*

*«Райсом мæ цæстæнгас ферох кæндзынæ,*
*Ферох кæндзынæ иннæбон мæ ном».*

Ам кæд йæ уарзон чызджы азымджын кæны, уæддæр йæ ныхас сфæлмæн кæнынæн пайда кæны бæлвырдцæсгомон иуварсыг хъуыдыйæдтæй, 2-аг цæсгомы мивдисджытæй.

Бæлвырдцæсгомон иуварсыг хъуыдыйæдтæй Къоста спайда кодта хи уды æнкъарæнтæ равдисынæн.

Бæлвырдцæсгомон иуварсыг хъуыдыйад у æмдзæвгæйы сæргонд дæр.

***V. Куыд фыст у æмдзæвгæ? (ритм, бæрцбарæнтæ)***

***VI. Æмдзæвгæйы интонаци.***

***VI. Мæ ахаст уацмысмæ. Цавæр хъуыдытыл мæ æфтауы?***

*Фиппаинаг:* урочы æмдзæвгæ равзарæн ис дзургæйæ, баххæстгæнæн æй ис фысгæ куысты хуызы, раттæн æй ис хæдзармæ куыстæн дæр.

***Гугкаты-Томайты Зæлинæ,***
*АКЗУ институты ирон æвзаг æмæ литературæйы кафедрæйы методист*

# ТЕКСТТÆ ХÆСЛÆВÆРДТИМÆ

## (ИРОН ÆВЗАГ ЧИ НÆ ЗОНЫ, УЫЦЫ СКЪОЛАДЗАУТИМÆ КУСЫНÆН)

1. Байхъусут текстмæ. Фæрстытæн дзуæппытæ дæттынмæ уæхи бацæттæ кæнут.

Æнæнхъæлæджы амонд

Иу лæг кусын нæ уарзта, афтæмæй йæ фæндыд тагъд схъæздыг уæвын. Йæ зæрдæ дардта æнæнхъæлæджы амондыл. Иухатт иу морякæй фехъуыста, зæгъгæ, цавæрдæр сакъадахыл цæры иуцæстон адæм. Лæг ахъуыды кодта: «Мæнæ æнæнхъæлæджы амонд! Æз хъуамæ ацæуон уыцы сакъадахмæ æмæ дзы иуцæстон адæймаджы æрцахсон. Ам æй æхцайыл адæмæн æвдисдзынæн».

Æхсæвæй-бонæй хъуыды кодта лæг ацы хъуыддагыл æмæ тынгæй-тынгдæр йæ зæрдæмæ цыд.

Дард æмæ зын фæндæгтыл фæцæугæйæ, бахæццæ уыцы сакъадахмæ. Доны был ауыдта иуцæстон адæмы. Ахъуыды та кодта: «Ныртæккæ сæ иуы æрцахсдзынæн æмæ йæ мæ бæлæгъмæ баласдзынæн». Фæлæ уыцы адæм дæр ауыдтой æцæгæлон лæджы æмæ загътой: «Мæнæ цы æнæнхъæлæджы амонд ис. Мах хъуамæ æрцахсæм ацы дыууæцæстон адæймаджы æмæ дзы æхца бакусæм».

Æрцахстой лæджы æмæ йæ семæ акодтой.

(Япойнаг аргъау)

*Фæрстытæ беседæйæн:*

1) Цавæр бæллиц уыдис лæгмæ?

2) Чи йын радзырдта иуцæстон адæмы тыххæй?

3) Цы сфæд кодта лæг?

4) Цы ’рцыди, тагъд схъæздыг уæвын кæй фæндыд, уыцы лæгыл?

5) Цæуыл нæ ахуыр кæны текст?

2. Байхъусут текстмæ.Саразут ын пълан фæрстытæй æмæ йæ хи ныхæстæй дзурынмæ бацæттæ кæнут.

Музыкæ куыд фыссынц

Иу лæппу хорз цагъта пианинойыл. Иухатт æй йæ фыд акодта зындгонд композитор Моцæртмæ. Фæндыди йæ, цæмæй йын йæ фырты арæхстдзинадимæ базонгæ уыдаид.

Лæппу ацагъта. Композиторы зæрдæмæ тынг фæцыд лæппуйы арæхстдзинад æмæ дзы раппæлыд:

– Тынг дзæбæх цæгъдыс.

– Музыкæ фыссын мæ фæнды, – загъта йын лæппу, – фæлæ цæмæй райдайон, уый нæ зонын.

– Ды хъуамæ байрæзай, бирæ сахуыр кæнай.

– Æмæ дæхæдæг дыууадæсаздзыдæй фыссын куы райдыдтай музыкæ.

– Уымæй раст зæгъыс, фæлæ æз, цæмæй райдайон, уымæй никæй фарстон.

(Немыцаг æвзагæй тæлмацгонд)

3. Байхъусут текстмæ, сæргонд ын æрхъуыды кæнут.

Зындгонд англисаг фыссæг Бернард Шоу хуынд уыдис ног спектаклмæ. Спектаклы фæстæ режиссер бафарста фыссæджы:

«Цæмæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ комеди, драмæ æмæ трагеди?»

«Хорз лæг,– дзуапп радта Бернард Шоу,– комеди, драмæ æмæ трагедийы ’хсæн хицæндзинад кæй не ’мбарыс, уый мæнæн комеди у, спектакльмæ кæсджытæн – драмæ, дæуæн дæхицæн та – трагеди».

(Англисаг æвзагæй тæлмацгонд)

*Фæрстытæ беседæйæн:*

1) Чи уыдис Бернард Шоу?

2)Цавæр фарст радта режиссер фыссæгмæ?

3) Бернард Шоу режиссерæн цы дзуапп радта, уый уæ зæрдæмæ фæцыд?

4) Цæуыл нæ ахуыр кæны текст?

4. Байхъусут текстмæ.

Тутийы хабар

Иу мæгуыр лæгмæ уыди тути-цъиу. Цъиу дзурын зыдта æрмæст дыууæ дзырды: «æнæмæнг» æмæ «афтæ». Æндæр дзырдтæ нæ зыдта æмæ æхсæвæй-бонæй уыдон дзырдта. Цæмæйфæнды дæр æй бафæрс тутийы, йæ дзуапп кæддæриддæр уыдис: «Æнæмæнг, афтæ».

Иу бон лæг йæ тутийы ахаста базармæ уæй кæнынмæ. «Чи балхæндзæн тути 50 доллæрæй?», – хъæр кодта мæгуыр лæг. Ахæм аргъ фехъусгæйæ, иу лæг æрлæууыд æмæ дзуры цъиумæ: «Тути, 50 доллæры аргъ дæ, æцæг?»

«Æнæмæнг, афтæ»,-дзуапп радта цъиу.

Лæг бадис кодта. Балхæдта тутийы æмæ йæ ахаста йæ хæдзармæ.Цалдæр боны фæстæ лæг бамбæрта йæ рæдыд æмæ, къалатийы цур лæугæйæ, мæстыйæ загъта: «Цæй æдылы уыдтæн, дæу куы æлхæдтон, уæд! Цас æхца доны баппæрстон!»

«Æнæмæнг, афтæ! Æнæмæнг, афтæ!»– хъæр кодта цъиу.

Ацы хатт тути раст уыд.

(Англисаг æвзагæй тæлмацгонд)

*Фæрстытæ беседæйæн:*

1) Цавæр дыууæ дзырды зыдта тути-цъиу?

2) Цæмæн балхæдта лæг тутийы?

3) Цы загъта æлхæнæг, йæ рæдыд куы бамбæрста, уæд?

4) Цæуыл нæ ахуыр кæны текст?

5. Байхъусут текстмæ, сæргонд ын æрхъуыды кæнут.

Сымах, кæй зæгъын æй хъæуы, немыцаг дохтыр Роберт Кохы (1843-1910) кой фехъуыстаиккат. Кох кæддæриддæр цæттæ уыд мæгуыр рынчынтæн баххуыс кæнынмæ.

Иухатт Пруссийы къарол фæрынчын, æмæ æрбахуыдтой Кохы.

– Æз мæ зæрдæ дарын, – загъта йын къарол, рынчындоны цы рынчынтæ ис, уыдонæй мæм хуыздæр кæй кæсдзынæ, ууыл.

– Хатыр дæ курын, дæ бæрзондзинад,– дзуапп ын радта дохтыр,– фæлæ уымæн уæвæн нæй.

– Цæуылнæ?

– Уымæн æмæ æз мæ рынчынты къаролты хуызæн дзæбæх кæнын.

(Немыцаг æвзагæй тæлмацгонд)

*Фæрстытæ беседæйæн:*

1) Цæмæй зындгонд уыд дохтыр Роберт Кох?

2) Цавæр ныхас рауад Пруссийы къарол æмæ Кохы ’хсæн?

3) Уæ зæрдæмæ фæцыд Кохы дзуапп? Цæмæй?

4) Цавæр хъуыдытыл уæ бафтыдта текст?

*Джериаты Мæдинæ,*
*Беслæны 4-æм скъолайы ахуыргæнæг*

# ТЕКСТЫ ИУМÆЙАГ ÆВЗÆРСТ 5-ÆМ КЪЛАСЫ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКТЫ

## «Нарты Батрадз æмæ хъулонзачъе уæйыг»

Дыккаг бон раджы раскъæрдтой Нарт сæ фос æмæ семæ рахастой Батрадзæн лæвæрттæ: чи дзабыртæ, чи хызын, чи худ.

Батрадз аскъæрдта фос хизынмæ. Хизæнуатмæ схæццæ ис, фæлæ уæйыг нæ зыны. Батрадз сæгуыт амардта, йæ цармæй йын акодта мусонг, йæ фыдæй та физонджытæ. Хъулонзачъе уæйыг уыд балцы: хъуыддаг бамбæрста æмæ æрцæуы. Батрадзы размæ æрбахæццæ æмæ футтытæ кæны:

– Чи куыдз, чи хæрæг, ам мæ зæхмæ йæ ныфс чи æрбахаста?

– Куыдз дæр дæхæдæг æмæ хæрæг дæр, кæд дæ сæт цæуыл калыс? – дзуры йæм Батрадз.

Уæйыг бамбæрста, уый Батрадз кæй у, уый. Сабыргай æрбацыд йæ размæ æмæ йæ фæрсы:

– Лæппу, ды Нарты Батрадзы нæ зоныс?

– Зонын, бæгуыдæр.

Æмæ цавæр хъæзтытæ фæкæны?

– Мæнæ цавæр хъæзтытæ, – зæгъгæ, фæкодта Батрадз, æрбынæй кодта Уæйыджы, йæ сæр ын фæлыг кодта, михыл æй бакодта, бæрзонд æй systa æмæ йæ æрбахæссы Нартмæ.

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Бакæсут текст. Сбæрæг кæнут, цавæр интонацийæ пайда кæнæм ацы текст кæсгæйæ.

2. Текст хæйттыл адих кæнут. Цал хайыл æй адихгæнын ис? Цæмæ гæсгæ?

Алы хайæн дæр хицæн сæргонд æрхъуыды кæнут.

3. Зæгъут, Нарт Батрадзæн лæвæрттæ цæмæ скодтой.

4. Цæй фæдыл уыд Батрадзы балц?

5. Ссарут тексты, Батрадз æфхæрд кæй нæ хатыр кодта, уый æвдисæг хъуыдыйад.

6. Цæсгæмттæм гæсгæ бакæсут диалог. Æрдзурут диалоджы арæзты хицæндзинæдтыл.

7. Бамбарын кæнут дзырдты лексикон нысаниуæг: *хизæнуат, мусонг.*

8. Дзырдбæстытæ синонимтæй баивут: *футтытæ кæны, йæ ныфс æрбахаста, дæ сæт цæуыл калыс.*

9. Бамбарын кæнут дзырдты растфыссынад: *лæвæрттæ, хъуыддаг, æрбæхæццæ, футтытæ, лæппу, æрбахæссы, бамбæрста, хъæзтытæ.*

10. Рафыссут текстæй, архайд цы дзырдтæ æвдисынц, уыдон (мивдисджытæ). Бафæлварут ацы мивдисджытæй спайда кæнгæйæ уе 'мбалы тыххæй радзурын.

## «Фаззæттæ»

(аргъау)

Фысым сбадын кодта уазæджы, йæхædæг дæр йæ фарсмæ æрбадт.

Æмæ райдыдта дзурын:

– Нæ хъæуæн ис æлдар. Йæ фосæн, йæ хæзнатæн кæрон дæр нæй. Уымæй фыдлæгдæр нæдæр зонгæ кæнæм, нæдæр хъусгæ фæкодтам. Йæ зæрдæмæ цы чызг фæцæуы, уый йæхицæн ус скæны. Чызг ын куы нæ бакомы, уæд æй залиаг калмæн бахæрын кæны, нæ хохы сæрмæ цы залиаг калм бады, уымæн. Уый фæстæ адæмы афæдзæй–афæдзмæ нал быдырмæ фæуадзы, нал сын сæ фос фæуадзы хизынмæ.

Знон дæр та æлдар æрбарвыста иу

мæгуыр лæджы чызгмæ. Уый хуызæн рæсугъд, уый хуызæн арæхстджын, уый хуызæн кафаг бæстыл сылгоймаг нæма равзæрд. Зын сын у сæ бæстæйы рæсугъд, сæ бæстæйы фидауц æнамонд сæфтæй кæй сæфы, æмæ уый тыххæй сау дарынц, алчи йæ хæдзар сау сцагъта.

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Цавæр интонацийæ пайда кæнæм ацы текст кæсгæйæ? Цæмæн?
2. Цавæр уавæры бахаудтой хъæубæсты цæрджытæ? Чи у сæ бæллæхы аххосджын?
3. Куыд уæм кæсы, цавæр цæстæй кæсы аргъаугæнæг æлдармæ, стæй мæгуыр лæджы чызгмæ? Цæмæй бæрæг у ?
4. Чызг йæ хъысмæты ныхмæ кæй нæ тох кæны, уый цæуыл дзуры?
5. Куыд уæм кæсы, хъæубæсты цæрæг адæмы æхсæн цавæр ахастытæ ис? Цæмæй бæрæг у, хæларæй кæй цæрынц, уый?
6. Цавæр хæйттыл адихгæнæн ис текст?

Тексты алы хайæн дæр сæргонд æрхъуыды кæнут.

7. Рафыссут текстæй, аргъаугæнæг чызджы миниуджытæ цы дзырдтæй равдыста, уыдон.
8. Цавæр фарст домынц ацы дзырдтæ æмæ цы æвдисынц?
9. Дзырд «чызг» цавæр синонимтæй ивд цæуы аргъауы?
10. Цавæр нысаниуæг ис тексты эпитет «сау»-æн?
11. Баивут дзырдбаст синонимæй: *йæ хæзнатæн кæрон дæр нæй.*
12. Рафыссут, разæфтуанты фæрцы цы мивдисджытæ арæзт æрцыдысты, уыдон. Сбæрæг кæнут дзырдты разæфтуантæ. Бамбарын сын кæнут сæ растфыссынад.
13. Тексты æрмæгæй спайда кæнгæйæ, саразут синквейн дзырд *«чызг»*-имæ.

**Нигер. «Дыууæ зæрватыччы æмæ дыууæ сыхаджы аргъау»**

Фæлæ иу зæрватыкк кауыл
Бады: уазалы ныргъæвсти,
Ихæнæй, бецау, куы ризы.
Галиу базыр ма ысцæгъды,
Фæлæ рахиз базыр михыл
Баззади, кæс-ма, зæбулæй.
Асæрды йын æй йæ хъалæй
Иу фыдуаг лæппу ныссаста,
Æмæ нал у нал тæхынæн!

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Цавæр интонацийæ кæсæм текст? Цæмæн?
2.Цæмæн баззад кауыл бадгæ зæрватыкк?
3. Тексты архæйдтытæ куыд цæуынц, уый кæцы дзырдтæ æвдисынц? Рафыссут сæ кæрæдзи фæдыл.
4. Ссарут тексты, зæрватыччы уавæр чи ’вдисы, уыцы мивдисæг, синонимтæй йæ аивут.
5. Текстæн сæргонд æрхъуыды кæнут.
6. Тексты кæцы дзырдтæ æвдисынц, автор цъиумæ цы цæстæй кæсы, уый?
7. Дзырдтæм синонимтæ ссарут: *ихæнæй, ризы, сцæгъды.*
8. Фыццаг строфайы сбæрæг кæнут хъуыдыйады грамматикон бындур, бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд. Зæгъут, цæмæн спайда кодта автор æмхуызон уæнгтæй?
9. Дзырд *«зæрватыкк»*-имæ синквейн саразут.

**Дарчиты Дауыт. «Гæмæт»**

– Нал дæн нал, æна, сывæллон.
Фехъуыстай мæнæн мæ фæндон.
Хорздзинад куы уа мæ бон,
Уæд æнæ мæт æз куыд уон!..

Райсом æз цæуын сæударæй,
Кæфхъуындарæй, сау æлдарæй
Хъуамæ райсон æз мæ маст,
Ма-иу кæн дæ фыртæй хъаст.

Ды уыныс, æна, дæхæдæг, –
Ныр нæ тохы бон æрхæстæг.
Нæй мæнæн æдзæугæ, нæй,
Арвит мæ фæлтау рæвдзæй.

– Ныр æрфæндыд дæу хæцын…
Æз фæндараст дæу кæнын.
Мады дзырд дæ зæрдыл дар,
Ды дæ уд æмбæлттыл хъар.
Раздæхис мын кæд фæрнæй, –
Иугæйттæй уæлахиз нæй!

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Зæгъут, цавæр хъæлæсы уагæй йæ кæсæм æмæ цæмæн?

2. Тексты ныхасгæнджытæ чи сты?

3. Цавæр фæнд фæзынд лæппумæ? Цæуыл у йæ мæт? Цæуыл дзуры уый?

4. Кæцы рæнхъыты хъуыды æвдисы ацы æмбисонд: «Хорз адæмæй хæс дары»?

5. Цы фæдзæхсы мад йæ фыртæн балцы размæ?

6. Цавæр нысаниуæг ис мады ныхæстæн: «Иугæйттæй уæлахиз нæй»?

7. Цавæр номæй дзуры лирикон хъайтар йæ мадмæ? Ныффыссут, ныййарæгмæ ма цавæр нæмттæй фæдзурынц, уый.

8. Ссарут тексты эпитет, бамбарын ын кæнут йæ функционалон нысаниуæг.

9. Бамбарын кæнут дзырдты лексикон нысаниуæг: *сæударæй, кæфхъуындар, уд хъарын.*

10. Ссарут тексты иу растфыссынады æгъдауимæ баст дзырдтæ, бамбарын сын кæнут сæ растфыссынад.

11. Бамбарын кæнут дзырд *æдзæугæ*-йы морфемикон арæзт. Цавæр фонетикон ивддзинад æрцыд дзырды? Цæмæн?

12. Рахицæн кæнут хъуыдыйæдтæ сидæнтимæ. Бамбарын кæнут æрхæцæн нысæнтты æвæрд.

13. Дзырд «мад»-имæ синквейн саразут.

Тугъанты Батырбег. «Фыййау Баде»

Уалдзыгон изæры хуры ныгуылæнæй Бадейы зæрдæ тынг барухс ис. Йæ царды бонты йæм фыццаг хатт бахъардта æрдзы рæсугъддзинад. Баде æдзухдæр уыдта бæрзонд хæхтæ, хъæдтæ æмæ комвæзтæ, æмæ сæ йæ цæст бафсæсти. Фæлæ ныр æнæнхъæлæджы хохы цъупмæ нымдзаст и, уый рæсугъддзинадæй дисы бацыд, æмæ йæ сæры февзæрдысты, ныронг æм чи нæ уыд, ахæм ног хъуыдытæ.

Уымæ афтæ фæкаст, цыма Хъазыбеджы хох кæрæдзийыл рæдзæгъд амад къæдзæхтæй нæу, фæлæ у цардæгас уæйыг, йæ урс сæр бæрзонд сæрыстырæй æвзистау æрттывта. Æмæ цыма йæ дæлдæр иннæ хæхтæм хицауы цæстæй кæсы. Афтæ зындис, цыма уыдон гобитау æнæ исты дзургæйæ æнхъæлмæ кæсынц сæ хицауы бары ныхасмæ, цæмæй кæмдæр, æнæкæрон тыгъдады, адæймаг æнхъæл дæр кæм нæу, ахæм стыр хъуыддæгтæ кæнынмæ ныббырсой.

***Хæслæвæрдтæ текстмæ:***

1. Текст аив бакæсут. Цавæр ныв ауад уæ цæстытыл?

2. Сбæрæг кæнут тексты хуыз (æрфыстон, таурæгъон, тæрхон).

3. Цæуыл дис кæны Баде? Уæ дзуапп бафидар кæнут текстæй ист рæнхъытæй.

4. Цавæр ног хъуыды сæвзæрд Бадейы сæры? Цæмæ гæсгæ йæм æрцыд уыцы хъуыды? Рахицæн кæнут, уыцы хъуыды æвдыст кæм æрцыд, уыцы абзац.

5. Раттут сæргонд текстæн.

6. Цавæр аивадон фæрæзтæй пайда кæны автор тексты? Сбæрæг сæ кæнут.

7. Бамбарын кæнут дзырдбæстыты нысаниуæг: зæрдæ барухс, йæ цæст бафсæсти. Ссарут сæм синонимтæ. Сбæрæг кæнут синонимты нысаниуджыты хицæндзинæдтæ.

8. Рафыссут текстæй вазыгджын дзырдтæ. Бамбарын сын кæнут сæ растфыссынады æгъдæуттæ.

9. Текстæй рафыссут дзырдтæ дæргъвæтин æмхъæлæсонтимæ. Бамбарын сын кæнут сæ растфыссынад.

10. Тексты æрмæгæй пайда кæнгæйæ, саразут синквейн «Хъазыбеджы хох»-имæ.

***Битарты Светланæ,***
*Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы ахуыргæнæг*

# ХÆСЛÆВÆРДТÆ ИРОН ЛИТЕРАТУРÆЙЫ УРОКМÆ

1. Кадæг «Æфхæрдты Хæсанæ» ныффыста
а) Æрнигон Илас
æ) КъубалтыАлыксандр
б) Беджызаты Чермен

2. Кадæг фыст æрцыдис
а) 1897-æм азы
æ) 1901-æм азы
б) 1894-æм азы

3. Уырыссаг æвзагмæ йæ ратæлмац кодта
а) БайатыГаппо
æ) Хетæгкаты Къоста
б) БестаутыГеуæрги

4. Кадæг мыхуыр æрцыдис
а ) «Ирон газет»-ы
æ) «Терские ведомости»-йы
б) «Рæстдзинад»-ы

5. Фыссæг «Æфхæрдты Хæсанæ»-йы сюжет фехъуыста
а) Кадæггæнæг Сланты Гахайæ
æ) Кадæггæнæг Томайты Мысырбийæ
б) Кадæггæнæг Зыгъуытаты Бибойæ

6. Кадæг райдайы
а) авторы ныхасæй
æ) каддæггæнæджы ныхасæй
б) Госæмайы хъарæгæй

7. Æфхæрдты Солæманы амардта
а) Хъуыдайнат
æ) Саукуыдз
б) Къæбутдзæф

8. Госæма æд сывæллон алыгъдис тар хъæдмæ, уымæн æмæ
а) Хъуыдайнаты кардæй барæхуыста
æ) Мулдарты мыггаг æй нал уагътой хъæуы цæрын
б) йæ хæдзар басыгъд

9. Госæма йæ лæппуйæ домы, цæмæй
а) хæцæнгарз йæ къухмæ куыд никуыуал райса
æ) йæ фыды туг æмæ йæ мады ‘фхæрд райса
б) цуан мауал кæна

10. Арвы дуар куы фегом, уæд Хæсанæмæ æрдзырдта
а) Æфсати
æ) Уацилла
б) Уастырджи

11. Бардуаг загъта Хæсанæйæн:
а) «Дæ фыды марджытæ дæ хæдзар фехæлдтой»
æ) «Дæ хæдзар ссар, дæ мад дæ агуры»
б) «Дæ фыды марджытæн ныххатыр кæн»

12. Хæсанæ бардуагæй ракуырдта, Мулдарты æмæ йе ‘хсæн æрæппарын
а) стыр дур
æ) урс мигъы стыр къуыбар
б) арвæрттывд

13. Хæсанæ йæ фыды тугмæ амардта Мулдартæй
а) 5 адæймаджы
æ) 7 адæймаджы
б) 9 адæймаджы

14. Хæсанæ йæ туджджынты нæ агуырдта, уымæн æмæ
а) фыццаг хъуамæ йæ мады баныгæдтаид
æ) нæ уæндыдис
б) йæ мад æй нæ уагъта, тæрсгæ йын кодта

15. Кадæг фыст у
а) реализмы методæй
æ) романтизмы методæй
б) классицизмы методæй

*Гæбуты Неля,*
*Дзæуджыхъæуы 44-æм скъолайы ахуыргæнæг*

## ХÆСЛÆВÆРДТÆ ТРАДИЦИОН КУЛЬТУРÆЙЫ УРОКМÆ

1. Зæдтæ æмæ дауджытæ сты
а) зæххон адæм;
б) уæларвон цæрджытæ;
в) æбæрæгбæсты цæрджытæ.

2.Зæдтæ æмæ дауджытæ сты
а) Стыр Хуыцауы æмбæлттæ;
б) Стыр Хуыцауы æххуысгæнджытæ;
в) Стыр Хуыцауы æххуырстытæ.

3. Лæгты Дзуары æцæг ном у
а) Уацилла;
б)Уацамонгæ;
в) Уастырджи.

4. Зæдтæ æмæ дауджыты хистæр у
а) Уастырджи;
б) Æфсати;
в) Уацилла.

5. Уастырджи у
а) нæлгоймæгты бардуаг;
б) сылгоймæгты бардуаг;
в) сывæллæтты бардуаг.

6. Хъæддаг сырдты бардуаг у
а) Уацилла;
б) Æфсати;
в) Галæгон.

7. Чындзæхсæвы фæкувынц
а) Уастырджимæ;
б) Сафамæ;
в) Фæлвæрамæ.

8. Чызгæрвысты фæкувынц
а) Уастырджимæ;
б) Сафамæ;
в) Фæлвæрамæ.

9. Чи у цæугæдæтты бардуаг?
а) Барастыр;
б) Донбеттыр;
в) Галæгон.

10. Цал сты Мыкалгабыртæ?
а) авд авды;
б) аст асты;
в) сæдæ сæдæйы.

11. Хæцгæ низтæй хи бахизыны тыххæй фæкувынц
а) Сæрызæдмæ;
б) Алардымæ;
в) Бынатыхицаумæ.

12. Барастыр у мæрдты бæстæйы
а) дуаргæс;
б) паддзах;
в) фæндагамонæг.

13. Сылгоймаг-зæдтыл нымад сты:
а) Бынатыхицау, Галæгон, Аларды, Мады-Майрæм;
б) Бынатыхицау, Аминон, Галæгон, Аларды;
в) Аларды, Аминон, Галæгон, Мады-Майрæм.

14. Ацы зæдтæй табу кæнынц
а) Барастыр æмæ Донбеттырæн;
б) Аларды æмæ Барастырæн;
в) Аларды æмæ Бынатыхицауæн.

15. Ацы зæдтæй уæларвон зæд нæу
а) Бынатыхицау;
б) Барастыр;
в) Донбеттыр.

## ÆМБИСÆНДТÆ ÆВЗАДЖЫ ТЫХХÆЙ

– Зонджын уый у, йæ зонджын хъуыдытæ йæ арæхстджын æвзаг кæмæн кæрды.

– Кæрæдзийы хъуыдытæ æнæдзургæйæ кæй нæ зонæм, уый æрдзы рæдыд нæу, фæлæ æрдзы лæвар æмæ цардыл дисгæнæн нысан.

– Йæ мадæлон æвзагыл чи нæ дзуры, уый у, тар хъæды мæргъты 'хсæн йæхи ахстон кæмæн нæй, ахæм дзæгъæл цъиуы хуызæн.

– Ныхас царды хъæздыгдзинæдтæй иу у, æмæ дыл æй кæд бауæндыдысты, уæд æй хъахъхъæнын дæр фæраз.

– Æнæзонд ма хон дæхи, де 'взаг дæ хъуыдытæй уромын куы фæразай, уæд.

– Арæхстджын æвзаг арф хъуыды кæрды цыбырæй.

– Фæзæгъынц, «дзых зæрдæйы дуар у», фæлæ бирæ зæрдæтæ чи бамынæг кæны, уыцы дзыхæн та цы схонæн ис?

– Зонджын ныхас йæ зæгъæгæй фылдæр цæры.

– Æлгъыст ныхас дæр аххосджынмæ нæмыг раздахы.

– Зонджын ныхасæн йæ иу дамгъæ дæр фылдæр уæз ласы.

– Ныхас æдзух лæууы хъуыддаджы аууон. Ныхас рох кæны, хъуыддаг – баззайы.

– Æнæуулд ныхас йæ фехсæгæн æнцон у, фæлæ мæгуыр уый, кæуыл сæмбæла.

– Зонды разæй цы æвзаг фæвæййы, уый хъæддаг сырд у. Куы раирвæза, уæд йе 'рцахсын – бæллæх.

– Æнæуулд ныхас æнæдæндагыл дæр нæ фидауы.

– Æвзагæн зонджын сæр куы уа, уæд ныхас æууилдзæн комдзагæй бæстондæр.

– Де ’взаг дæ хъама куы уа, дæ мæсыг – дæ сæр, дæ бæркад – дæ къухтæ, уæд ма цæмæй мæгуыр дæ?

– Æнæуулд комдзагæй ахсæн риссы æрмæст, æнæуулд ныхасæй та хох нырриздзæн.

– Дзурæг йæхимæ хъусын куы нæ арæхса, уæд цæуыл дзуры, уый йæхæдæг дæр нæ фембары.

– Дзырддзæугæ лæгмæ дугъæттæ дæр тагъд фæкæнынц.

– Æвзаг йæ ныхасæн бæрц куы нæ зона, уæд йæ буар хус кæны.

– Рох дæ-иу макуы уæд: нæ дзыхы ныхас нæ зонды тæлмац кæй у.

– Ирон æвзаг зонын дæхи ирон схонынæн чысыл у.

– Мадæлон æвзаг мады ад кæны.

– Адæймаг цал æвзаджы зоны, уал лæджы у.

– Цæвиттоны ныхас – цæмæйдæриддæрæн æххуыс.

– Дзырд хъазинаг нæу.

– Алы ныхасæн дæр фæтк æмæ уавæр ис.

– Ныхас бæхыл бады.

– Дзырд халæг дæр у æмæ аразæг дæр.

– Ныхас мæрдтæй ыздахы.

– Мадæлон æвзаг мады ’хсыр у.

– Æвзаджы хъысмæт æппæт дзыллæты хъысмæт у.

– Ныхас уадæй тагъддæр у, топпæй – тыхджындæр.

– Æргом ныхасы къæм нæй.

– Адæймагæн йе сæфт дæр æмæ й' амонд дæр йе 'взагыл баст сты.

– Лæджы йе 'взаг сафгæ дæр кæны æмæ аразгæ дæр.

– Нæртон лæджы дзырд Хуыцаумæ хъуысы.

– Зонджын ныхас фат у, йæ фехсын та – 'рдын.

– Æвзагджын лæг фæринк у.

– Йæ ныхас – кардæй кæрдагдæр, топпы фатæй – растдæр.

– Джиппы уагъдау йæ ныхас.

– Дон æмæ ныхас аразгæ сты.

– Алы хъуыддаг æмæ алы ныхасæн дæр хъуамæ сæр уа.

– Ныхас йæ сæрæй чындæуы.

– Ныхас ныхасæн – æмпъузæн.

– Дзырдарæхст йæхиуыл къæм абадын нæ уадзы.

– Булæмæргъ фестад.

– Мæлгъæу – йе 'взаг.

– Зонды дуар дзых у.

– Дзыхы дуар – чиныг.

– Зæрдæйы дуар дзых у.

– Зæрдæ гуыдыр у, æвзаг – дæгъæл.

– Дзырд дзырды къахы.

– Дзырд кæддæриддæр дзырд сайы. (Къоста)

– Ныхас хъуырмæ куы ссæуа, уæд й' аныхъуырын тæригъæд у.

– Цы 'взаг тулы, уый æмбулы.

– Æвзаг куынæ змæла, уæд къуымых кæны

– Дзыхджын – бæхджын, æнæдзых – фистæг.

– Иухатты ныхас алы бон ма мыс.

– Дæс хатты цы ныхас зæгъай, уым кад нал и.

– Æдзæлгъæд ныхас æмæ куыдзы рæйдæй хъауджыдæр нæй.

– Æнæмбаргæ дзырд хъæлау у.

– Сæртæг ныхас зæрдæйæн рæхуыст у.

– Схæц-æрхæц дзурын куы байдайы!

– Иу ныхас цалынмæ скæны, уæдмæ афæдз рацæуы.

– Æнæдзых лæг – æнæдуар мæсыг.

– Хаттæй-хатт цыргъæвзагæй æгомыг фæхуыздæр вæййы.

– Тагъд ныхасæй уæзбын ныхас кадджындæр у.

– Дзураг лæгыл хуыз нæ хæцы.

– Мæнæн мæ зæгъинæгтæ нырма æвæрæны сты.

– Мæ дзых донæй йе дзаг у.

– Нæ дзыхæй куыд дзурæм, афтæ нæ зæрдæ куы уаид.

– Цымæ дзыхæй куыд дзуры, лæгæй дæр ахæм лæг у?

– Ныхæстæй цард н' арæзы.

– Ныхас хъуыддагæй аразгæ у.

– Зæгъын æнцон у, кæнын – зындæр.

– Дæ комы фарн бадæд!

– Уымæн й' амонд йæ дзыхы ис.

– Нартæн сæ дзырды курдиат уыди.

– Дзыхы хорзæх – Хуыцауы хорзæх.

– Дзырд нæмыгау у – куы аирвæза, уæд ын æрцахсæн нал и.

– Дзурын мæ бауадз – уæд та мæ дзыхæй сыгъзæринтæ хауы!

– Æвзаг алцыдæр лæхуры.

– Ныхасмæ галдзарм куы рахæссай, уæд дзы дыууæ 'рчъихоры дæр нал рацæуы.

– Чи хом зæгъы, чи – фых.

– Дзых ма дзы куы нæ уаид!

– Ды та алы дзырдмæ дæр гæппæввонгæй бадыс.

– Лæгæн йе 'взаг цы ракæна, уый – ничи.

– Ме 'взаг – ме знаг.

– Сæр дзыхмæ курæг цæуы, ма мæ фæнæмын кæ, зæгъгæ.

– Дзæгъæлдзых – хæрæджы къахæй над.

– Цæст цы уына, хъус цы хъуса, уыдон се 'ппæт дзуринаг не сты.

– Дзых æмæ гуыбыны йеддæмæ лæджы ничи фегад кæндзæн.

– Дæ ныхас баууил, æмæ йæ афтæмæй зæгъ.

– Æнæ дæ рады ма дзур.

– Цæмæй дæ нæ фарстæуа, уый ма дзур.

– Бирæдзураджы кад нæй.

– Бирæ дзурынæй бирæ кусын – хуыздæр.

– Дзургæ – къаддæр, фылдæр – хъусгæ.

– Дзыхыл хæцынæй хуыздæр ницы ис.

– Æвзаг æрмæст дзурынæн нæу, авзаг æгъдау у.

– Къухæй чи аирвæзы æмæ фæстæмæ раздахæн кæмæн нæй, ахæм æртæ хъуыддаджы сты:

1. Æвиппайды дзыхæй чи схауд, уыцы ныхас.

2. Кæй фехстай, уыцы фат.

3. Дзæгъæлы кæй арвыстай, уыцы цæрæнбон.

– Ныхас ног цармы хуызæн у, кæцырдæм ыл ахæцай, уыцырдæм аивæздзæн.

– Цыргъзонд ныхасæн йæ къуымых кæрон æдзухдæр арæзт у йæ зæгъæджы 'рдæм.

– Ныхас йæ зæгъæджы уындæй рæсугъд нæу, фæлæ йæ хъуыдыйæ.

– Ныхасы уæз уæд, уый йеддæмæ йæ æмбарæг уыдзæн.

– Хъуыды у дзырды ныййарæг.

– Уæз кæм нæй, уыцы дзырд азæлд у.

– Æрдзæй нын дыууæ къухы æмæ иу дзых уымæн ис, цæмæй кусгæ фылдæр кæнæм, дзургæ та – къаддæр.

– Йæхи 'взаг чи нæ зоны, уымæн йæхи адæмы 'хсæн зын у цæрын.

– Йæхи 'взаг чи нæ зоны, уый æххæст лæг схонæн нæй.

– Йæхи 'взаг чи нæ зоны, уымæй цавæр æгъдау агурыс?

– Йæхи 'взаг чи нæ зоны, уый йæ адæмыл

дæр æмæ йе 'гъдæуттыл дæр былысчъил кæны.

– Хаттæй-хатт цыргъæвзагæй æгомыг фæхуыздæр вæййы.

– Нæ дзыхæй куыд дзурæм, афтæ нæ зæрдæ куы уаид.

– Хъæмп хорз цæгъды, фæлæ дзы нæмыг нæ хауы.

– Мæрдты мæ дзых къæбутæй баст фæуæд. (Уайсадæг чындз, æнæдзургæ нал ис, зæгъгæ, уæд ацы ныхæсты фæстæ сдзуры).

– Фидисæй йæ мæстытæ уадзы.

– Быцентæ уыдысты кæрзмаст: фидисæй рынчын кодтой, уайдзæфæй – мæлгæ.

– Зæрдæ фæсæттынæн дæс цæфæй иу лæгъз ныхас хуыздæр у.

– Гæдыбыд ныхæстæй зæрдæ ма 'вæр.

– Нæртон лæгæн гæды зæгъæн нæ уыд – йæ болат сау æфсæйнаг кодта.

Научно-методический журнал

**ПРОСВЕТИТЕЛЬ**
2(2013)

Редактор А.Ф. Кудзоева
Технический редактор А.Ю.Цопанова
Компьютерная верстка Е.Н.Маслов
Оформление обложки Е.Н.Макарова

Подписано в печать 25.12.2013. Формат 60×84 1/8.
Усл. печ. лист 12,3. Гарнитура «Times».
Бумага офсетная. Печать цифровая.
Заказ №192. Тираж 700 экз.

Издательско-Полиграфический Комплекс «Литера»
Отпечатано ИП Цопановой А.Ю.
362000, г.Владикавказ, пер.Павловский, 3.